ҚАРАҚАЛПАҚ ТИЛ БИЛИМИ КАФЕДРАСЫ

Ҳәзирги қарақалпақ тили. Фонетика

Қарақалпақ филологиясы факультетиниң {Қрақалпақ тили ҳәм әдебияты} қәнигелиги ушын

Лекция тексти

Дүзген` **акад. А.Дәўлетов**

НӨКИС-2006

1 - лекция

Фонетиканың изертлеў обекти, басқа илимлер менен байланысы, тараўлары, методлары.

Фонетиканың изертлеў объекти.

Жәмийетте ең зәрүрли ҳәм оғада әҳмийетли хызметти - адамлар ортасында қарым-қатнас жасаў қуралы ўазыйпасын атқаратуғын тил сеслерден қуралады. Тилдиң өмир сүриўи, жасаўы сеслер арқалы болатуғынлығы, ойлаўымыздың тиккелей шынлыққа айланыўы тил арқалы, тил сеслери арқалы иске асатуғынлығы илимпазлар тәрепинен толық дәлийлленген еди. Тилдиң усы сеслик тәрепи ҳәм сеслерге байланыслы болған түрли қубылыслар тил билиминиң фонетика тараўында изертленеди. Тилдеги сеслердиң жасалыўын ҳәм еситилиўин, сеслердиң қурылысын, түрли сеслик нызамларды (сингармонизм, сеслердиң алмасыўы, қысқарыўы, түсип қалыўы ҳәм т.б.), тилдиң буўын қурылысын, пәт нормасын, интонациясын фонетика илими изертлейди. Сондай-ақ сөзлердиң дурыс айтылыўы ҳәм жазылыў қәделери де фонетикаға байланыслы мәселелер болып саналады.

Тилдеги барлық сеслер тутас бир системаны қурайды. Бул сестиң тутас тил системасына киретуғынлығы оның тилдеги басқа сеслерге қатнасында, қарама-қарсы қойылыўында, өз-ара салыстырылыўында анық көринеди. Тилдиң фонемалық қурылысын анықлаў, қанша даўыслы ҳәм даўыссызлардың өз алдына дара фонема хызметинде жумсалатуғынлығын, олардың сөз мәнисин ҳәм формасын айырыўға қатнасын анықлаў айрықша әҳмийетке ийе болады. Сөзде гейпара жағдайлардың себебинен айырым сеслердиң түсип қалыў ямаса алмасыў қубылыслары ушырасады. Сондай-ақ қоңсылас сеслердиң, буўынлардың өз-ара тәсирине байланыслы, пәтке ҳәм тағы басқа фонетикалық жағдайларға байланыслы сеслер белгили дәрежеде өзгерислерге ушырап, бир-бирине үйлесип келеди. Мине, бундай қубылыслардың барлығы фонетиканың бирден-бир тийкарғы изертлеў объекти болып табылады.

!лбетте, тил сеслери адамның сөйлеў ағзаларының тиккелей қатнасы арқалы жасалады. Сөйлеў ағзалары адамлардың биологиялық жақтан тиришилик етиў ушын керекли болған мүшелери хызметин атқарыў менен бирге олардың(адамлардың) жәмийеттеги ең әҳмийетли қатнас қуралы болған тилди, сөйлеўди пайда етиўши ағзалары болып та саналады. Тилдеги сеслер биринен соң бири избе-излик пенен айтылады, ал бир неше сести бир ўақытта теңинен айтыў мүмкин емес. Тилде айтылатуғын сеслер тәбияттағы толып атырған сеслердиң бир түри болып, олардың ҳәр қайсысы өзлерине тән акустикалық сыпатламасына ийе болады. Сөйлеў ағзалары ҳәм олардың сеслерди пайда етиўдеги хызмети, сеслердиң акустикалық тәрепи фонетикада изертленеди. Буўын, пәт, интонация тил сеслери менен тығыз байланыслы болады. Оларды билдиретуғын айрықша сеслер жоқ. Басқаша айтқанда буўын, пәт, интонация тилдиң материаллық тәрепи, физикалық формасы болған сеслерден бөлек турмайды. Керисинше, олар тил бирликлери болған сеслер менен бирликте, сеслер арқалы тутас сөзлерде ҳәм гәплерде көринеди. Сонлықтан тилдеги сеслер арқалы жүзеге шығатуғын бундай қубылыслар да фонетикада изертленеди.

Бизиң ҳәзирги жазыўымыз (кирилл, латын жазыўлары) сеслик жазыў болып, ҳәр бир сеслик тип - ҳәр бир фонема (гейде бирнеше фонемалар) қабыл етилген шәртли таңба менен белгиленеди. !липбедеги ҳәриплерден, барлық шәртли таңбалардан дурыс пайдаланып, сөзлерди ҳәмме бир қыйлы етип дурыс жазыў мәселелери көпшилик жағдайда фонетикаға байланыслы шешиледи. Сондай-ақ аўызша сөйлеў өз нормасына, өзгешелигине ийе болады. Аўызша сөйлеў мудамы жазыў менен сәйкес келе бермеўи мүмкин. Тилдиң аўызша ҳәм жазба тәреплери бир-бирине тығыз байланыслы болыў менен бирге олар айрмашылықларға да ийе болады. Тилдиң аўызша сөйлеў нормалары, жазыў қәделери тиккелей фонетикаға байланыслы дүзиледи. Тилдиң аўызша ҳәм жазба тәреплери фонетиканың тиккелей изертлеў объектине киреди.

Фонетиканың әҳмийети ҳәм тил билиминиң басқа тараўлары менен байланысы

Сөзлерди грамматикалық байланысқа түсирип, гәп қураў арқалы адам өз ой-пикирин билдиреди. Сөз ҳәм гәп мәни билдиретуғын тил бирликлери болады. Сес жеке турып семанstикалық мәни билдире алмайды, бирақ сөзлердиң өзи сеслерден қуралады. Сонлықтан сөз ҳәм гәп пенен сеслерди бир қатарға қойып, олардың үшеўин теңдей қатнастағы тил бирликлери деўге болмайды. Тил бирликлери ортасында сеслердиң тутқан орнын белгилеўде, әсиресе, проф. Л.Р. Зиндердиң мына пикири итибарға ылайық` {Тилде традициялық түсиник болған ҳәр қыйлы үш элемент бир-биринен айырылып турады` сеслер, грамматика ҳәм сөзлик деген пикир қайта қараўды талап қылады. Сеслик тәрепи бул тилдиң үшинши бир элементи емес, ал сөзлердиң ҳәм грамматикалық усыллардың жасаўының зәрүрли формасы. Сөзлик ҳәм грамматикалық қурылыс тилдиң мазмунын қураса, ал сеслик тәрепи тилдиң материаллық негизин, оның физикалық формасын қурайды десек болады. Солай етип сеслер сөзлердиң, грамматикалық формалардың, улыўма тилдиң өмир сүриўин тәмийин етиўши ең зәрүрли тил бирлиги болып саналады.

Фонетика әмелий жақтан да үлкен әҳмийетке ийе болады. Мектеплерде саўатлылыққа үйретиў - дурыс оқытыў, дурыс жаздырыў методикасының көп ғана мәселелери фонетикаға байланыслы шешиледи. Тилдиң аўызша ҳәм жазба тәреплериниң өз-ара байланысы менен айырмашылықларын есапқа алыў оқыўшыларды саўатлылыққа үйретиў үлкен әҳмийетке ийе болады.

Бурын жазыўы болмаған халықлардың әлипбеси менен жазыўын дөретиў, бурын жазыўы бар халықлардың жазыўын тағы да жетилистириў сыяқлы әмелий жақтан үлкен әҳмийетке ийе болған мәселелер фонетикаға тийкарлана отырып шешиледи. Тилдиң аўызеки сөйлеў қәделерин толық билгенде ғана көпшиликке арналған баянатларды, радио хабарларын дурыс оқыў мүмкин. !дебий тилдиң имла қәделерин белгилеў болса, фонетиканың әмелий жақтан баслы мәселелериниң бири болып есапланады.

Фонетика, лексикология, морфология, синтаксис ҳәзирги қарақалпақ тил билиминиң бөлек-бөлек тараўлары болып, олар бир-биринен үлкен өзиншелик өзгешеликлерине, кескин айырмашылықларына ийе болыў менен бир қатарда өз-ара тығыз байланыслы да болады. %йткени бул тараўлардың бәриниң де изертлейтуғын бирден-бир объекти - ҳәзирги жанлы қарақалпақ әдебий тили. Ҳәзирги қарақалпақ тил билиминиң жоқарыда көрсетилген ҳәр бир тараўы қарақалпақ тилиниң белгили бир тәрепин жан-жақлы терең изертлейди. Бул изертлеўде тутас тилдиң басқа тәреплери де нәзерден сыртта қалмаўы тийис.

Лексикология, морфология ҳәм синтаксисте тилдиң физикалық (сеслик) тәрепине айрықша итибар берилместен-ақ, оның мәни аңлатыўшылық тәрепи нәзерде тутылады~ бул тараўлардың изертлеў объекти тилдиң дара турғанда мәни билдиретуғын бирликлери - сөз, сөз дизбеги, гәплер болады. Фонетика бул тараўлар ортасында айрықша орын тутады. %йткени фонетиканың изертлеў объекти болған сес өз-өзинен семантикалық мәни билдирмейди. Ал сеслер сөзлерде жумсалып, сөзлердиң мәнисин ҳәм формасын өзгертиўге тиккелей қатнасады. Сонлықтан фонетика тилдиң социаллық тәрепи менен бир қатарда оның физикалық - акустикалық жағын да изертлейди.

Фонетика өз алдына илим сыпатында грамматикаға да, лексикологияға да қарама-қарсы қойылатуғын тилдиң айрықша тараўы екенлигине көпшилик илимпазлар өз ўақтында үлкен дыққат аўдарған еди. Соның менен бирге фонетика лексикология, морфология ҳәм синтаксис пенен тығыз байланыслы болады. Фонетиканың лексикология менен байланыслы екенлиги сонда - лексикологияның негизги изертлеў объекти болған сөзлер бир-биринен сеслер арқалы, сеслик өзгешеликлери арқалы айырылып турады. Тек тилдеги омоним сөзлер ғана сеслик өзгешеликлерисиз-ақ ҳәр түрли мәни билдиреди. Мысалы ` **тал**-атлық сөз мәнисинде, **тал**-фейил сөз мәнисинде` **ат**-атлық, **ат**-фейил мәнисинде ҳәм т.б. Сөзлердиң сеслерден қуралатуғынының өзи фонетика менен лексикологияның байланыслы екенлигин көрсетеди.

Фонетика морфология менен байланыслы болады. Сөзлерге ҳәр қыйлы морфологиялық формалар қосылыў арқалы сеслердиң өзгериўлери, алмасыўлары, түбирдиң соңғы

буўынының жуўан я жиңишкелигине қарай қосымталардың жуўан, жиңишке болып келиўи ҳәм тағы басқалар фонетика менен морфологияның тығыз байланыслы екенин көрсетеди` Мысалы` **китап-китабы, шанақ-шанағы, балалы-билимли, жеткер-атқар** ҳәм т.б.

Фонетика синтаксис пенен де байланыслы болады. Хабар, үндеў, сораў, буйрық сыяқлы гәплердиң ҳәр бир түри өзлерине тән болған интонациясына ийе болады. Олар айтылыўда интонациялық жақтан бир-биринен айрылып турады. Сондай-ақ бир түрли гәплердиң өзи ҳәр қыйлы жағдайларға, орталыққа байланыслы түрлише интонация менен айтылыўы мүмкин. Керекли сөзлерге тыңлаўшының дыққатын аўдарыў ушын пәт қойып, көтериңки айтыў, айырым гәп ағзаларынан кейин пауза ислеў, тутас гәптеги сөзлердиң мелодикалық жақтан қубылмалы (бәлент-пәс, созымлы-қысқа) болып айтылыўы - мине, булардың бәри ой-пикирдиң анық ҳәм түсиникли болыўын тәмийин етеди. Фразалық пәт, пауза, мелодика - интонацияның ажыралмас сыңарлары. Ал интонация болса, сеслик қубылыс болып саналады. Буннан фонетиканың синтаксис пенен байланыслы екени аңланады.

Фонетика лингвистикалық емес илимлер менен де байланыслы болады. Фонетика бәринен бурын акустика ҳәм физиология менен байланыслы. Фонетика сондай-ақ медицинаның айырым тараўлары менен де байланыслы болады.

Фонетиканың тараўлары

Фонетика тилдеги сеслерди ҳәм сеслерге байланыслы болған барлық қубылысларды ҳәр тәреплеме толық изертлейди. Сеслердиң сөйлеў ағзалары тәрепинен жасалыўы, оларды акустикалық сыпатламасы, сеслердиң ҳәр қыйлы тарийхый дәўирлерде өзгерислер менен раўажланып келиўи, ҳәзирги тилдеги жағдайы, бир семьялас ҳәм ҳәр қыйлы семьядағы тиллердиң сеслик жақтан жақын-алыслығы сыяқлы бир-бирине байланыслы болған, соның менен бирге ҳәр қайсысын өз алдына алып, терең изертлеўди талап ететуғын бул мәселелер фонетиканың ҳәр түрли тараўларында сөз етиледи. Фонетиканың өзи сол тараўлардың жыйнағынан турады.

Жеке тилдиң сеслик дүзилиси сол жеке тилдиң фонетикасында үйрениледи. Мәселен, қарақалпақ тилиниң сеслик дүзилиси қарақалпақ тилиниң фонетикасында, орыс, өзбек, қазақ тилиниң сеслик дүзилиси, сәйкес сол тиллердиң фонетикаларында изертленеди. Жеке тилдиң фонетикасы менен бирликте тил билиминде улыўма фонетика да болады. Улыўма фонетика дүнья тиллериниң сеслик дүзилисине байланыслы болған улыўмалық, ортақ мәселелерди изертлейди` адамның сөйлеў ағзаларының артикуляциялық[ə] мүмкиншиликлерин, сеслик қубылыслардың тәбиятын, сеслерди пайда етиўдиң улыўмалық жағдайын, сеслердиң өзгериўиниң ҳәм дизбеклесиўиниң улыўмалық нызамлылығын, сеслерди классификациялаўдың жолларын ҳәм т.б. мәселелерди изертлейди. Улыўма фонетика көпшилик дүнья тиллериниң материалларына сүйенеди. Сонлықтан улыўма фонетика жеке фонетика менен тығыз байланыслы болады. Жеке фонетика сеслик қубылысларды тилдиң раўажланыўының ҳәзирги қәлпиндеги жағдайында сыпатлаўы мүмкин. Сондай-ақ тил сеслериниң белгили дәўир даўамында раўажланыў, өзгериске ушыраў себеплерин ҳәм басқа туўысқан тиллер менен байланысын салыстырып изертлеў мүмкин. Сонлықтан жеке фонетиканың өзи тарийхый фонетика, салыстырма фонетика ҳәм сыпатлама фонетика сыяқлы тараўлардан турады.

Ҳәзирги қарақалпақ тилинде жумсалып жүрген сеслер айтылыўы жағынан да, атқаратуғын хызмети жағынан да, сеслик қурылысы жағынан да әйемги турысынан тап ҳәзирге шекем ҳеш өзгериссиз сол қәлпинде әўладтан-әўладқа өтип келген емес. Керисинше, тарийхый ўақытлар өтиў менен айырым сеслердиң түсип қалыў, айырым сеслердиң жаңадан пайда болыў қубылыслары нәтийжесинде тилдиң сеслик қурамы раўажланып келген. Тилдиң сеслик қурылысының ҳәр түрли тарийхый дәўирлерде раўажланып, өзгерислерге ушыраўын ҳәм ол өзгерислердиң себебин тарийхый фонетика изертлейди.

Бул тилдиң сеслик қубылыслары сол тилдеги жақын, туўысқан болған басқа тилдиң сеслик қубылыслары менен салыстырыла отырып үйренилсе, олар ортасындағы улыўма ҳәм айырмашылық белгилери анықланады. Бул айырым тилдиң бир семьяға киретуғын басқа

тиллерден өзгешелигин ҳәм усаслық тәреплерин ашыўда үлкен әҳмийетке ийе. Сондай-ақ өз-ара усамайтуғын ҳәр түрли семьяға киретуғын тиллердиң сеслик системасын салыстыра отырып, ол тиллердиң нызамлы айырмашылықларын көриў мүмкин. Тиллерди салыстыра отырып үйрениў, ана тилинен шет тилиниң өзгешеликлерин саналы түрде өзлестириў басқа тиллерди дурыс ҳәм тез үйрениўге себепши болады. Салыстырма фонетика-фонетиканың айрықша бир тилдиң сеслерин басқа тиллердиң сеслери менен салыстыра отырып изертлейтуғын тараўы. Салыстырма фонетика мудамы тарийхый фонетика менен тығыз байланыста болады.

Сыпатлама фонетика тилдиң раўажланыўының ҳәзирги өмир сүрип турған дәўириндеги сеслик қурылысын, ондағы фонемалар системасын, фонемалардың ишки өз ара байланысын анықлайды. Тилдиң фонемалық қурылысын анықлаўда фонемалардың тарийхый шығысы ҳәм раўажланыўы да есапқа алынады. Сыпатлама фонетикада сеслердиң өзгериў ҳәм раўажланыў тарийхы ҳәзирги тилдиң фонетикалық системасын анықлаўдың қосымша қуралы ретинде пайдаланылады. Бундай бағдардағы фонетикалық изертлеўди соңғы дәўирде фонологияə деп атайды.

Сыпатлама фонетика сеслердиң физиологиялық-артикуляциялық, физикалық-акустикалық ҳәм лингвистикалық тәреплерин изертлейди. Сеслердиң жасалыўында сөйлеў ағзаларының атқаратуғын хызмети (гейде бул физиологиялық фонетика деп те жүргизиледи), қандай сеслердиң еситиў ағзаларында қандай тәсир қалдыратуғынлығы (сеслердиң акустикалық тәрепи), сөзлердиң мәнисин ҳәм формасын айырыўда жеке сеслердиң қандай хызмет атқаратуғынлығы сыяқлы мәселелер усы сыпатлама фонетикада изертленеди. Булардың ишинде сеслердиң мәни ҳәм форма айырыўшылық хызмети, яғный қатнас жасаў қуралы ретинде жумсалатуғын тәрепи баслы әҳмийетке ийе болады. Сеслердиң усы семантикалық тәрепи фонетиканы жәмийетлик илим болған лингвистикаға киргизеди. Солай етип изертлеў жумысының мақсети ҳәм усылына қарай фонетика бир жағынан улыўма фонетика ҳәм жеке фонетика болып бөлинсе, екинши жағынан сыпатлама фонетика, тарийхый фонетика ҳәм салыстырма фонетика болып бөлинеди. Бул мийнетте ҳәзирги заман қарақалпақ әдебий тилиниң сыпатлама фонетикасы ҳаққында сөз етиледи.

Фонетиканың изертлеў усыллары.

Фонетика анаў ямаса мынаў сеслик қубылысқа фонологиялық көз-қарастан қарайтуғын болса, ол тил билиминиң лексикология, морфология ҳәм синтаксис тараўлары қолланатуғын усыллардан пайдаланады. Айтайық, фонемалардың сөзлерде түрли комбинацияларда жумсалыўы, фонетиканың лексикология ҳәм грамматика менен байланысы, фонетикалық қубылыслардың өз-ара байланысы ҳәм т.б. жөнинде сөз етилгенде жанлы тилдиң фактлерине тийкарланылады.

Фонетикада тийкарынан еки түрли усыл - объективлик ҳәм субъективлик усыллар болып, олар бир-бирин толықтырып отырады. !детте сеслик қубылыслардың сырларын еситиўимиз арқалы ҳәм сөйлеў ағзаларымыздың ҳәрекети арқалы билиўге тырысамыз. Булай етип бақлаў жүргизиў субъективлик усыл тийкарында болады.

!детте аўызеки сөйлеў барысында ушырасатуғын көп ғана сеслик қубылыслар сөйлеўши ҳәм тыңлаўшы тәрепинен елестирилмейди. Сөзлердеги сеслер бурыннан дәстүр бойынша қәлиплесип қалған көнлигиўлер тийкарында қабыл етиледи. Мысалы` **ат, бет, от, өт** сөзлериндеги **т** фонемасының төрт түрли екенлигин, балалар деген бир сөздиң өзиндеги биринши, ортаңғы ҳәм соңғы буўынлардағы а даўыслы фонемасының созымлылығы ҳәм акустикалық сыпаты жағынан үш түрли екенин сөйлеўши де, тыңлаўшы да итибарға алмайды. Бундай сеслик айырмашылықлар фонетикада үлкен әҳмийетке ийе. %йткени усындай ҳәр қыйлы сеслик айырмашылықлар кем-кем өткирлесип, келешекте жаңа фонема дөрелиўи мүмкин. {Сана саласына тиккелей еле өтпеген, физиологиялық ҳәм физикалық тараўда болып атырған айырым қубылыслар лингвист ушын оғада үлкен әҳмийетке ийе болыўы мүмкин. %йткени ол қубылыс келешек өзгерислердиң нышаны бола отырып, ўақыттың өтиўи менен тиллик ойлаўдың қарамағына өтиўи итимал}.

Тил сеслериниң тәбиятын толық билиў ушын субъективлик усыл еле жеткиликсиз. Объектив өмир сүриўши сеслик қубылыслар объективлик усыллар тийкарында изертлениўи зәрүр. Басқаша айтқанда, олар түрли экспериментлер жәрдеминде изертлениўи керек. Тил сеслерине қойылатуғын экспериментлер, әлбетте, экспериментальлық фонетикада изертленеди. Экспериментальлық фонетика тил билиминиң фонетикасының айрықша тарийхый фонетика, салыстырма фонетика, сыпатлама фонетика сыяқлы тараўы емес, ал сеслик қубылысларды ҳәр түрли әспаблар жәрдеминде изертлейтуғын усыл болып табылады.

Ҳәзирги дәўирде фонетикалық изертлеўлерде түрли аппаратлардың жәрдеминде ғана анаў ямаса мынаў сеслик қубылыслар жөнинде анық жуўмаққа келиў мүмкин. !сиресе сеслердиң айтылыўы ҳәм еситилиўи мәселелерин тексергенде эксперименталь усыл күтә зәрүрли болады. %йткени {...ҳәтте нәзик сеслерди еситиўге үйренген, шыныққан қулақтың өзи сол сеслерди сол қәлипте емес, ал жеке ойлаўы негизинде көнлигиўи бойынша қабыл етеди} деп жазған еди академик Л.В.Щерба.

Экспериментальлық фонетикада тийкарынан төрт түрли усыл қолланылады` графикалық усыл (кимограмма, осциллограмма сызықлары), сеслик усыл (пластинка, магнитафон пленкасы), соматикалық усыл (фото-рентген, палатограмма сүўретлери), спектрографиялық усыл (спектрограммалар).

2 - лекция

Тил сеслерин изертлеўдиң үш аспекти` артикуляциялық, акустикалық, лингвистикалық аспектлер.

Фонетиканың изертлеў аспектлери ҳаққында түсиник

Тил сеслерин үйрениў оғада қурамалы қубылыс. Сонлықтан сеслерди ҳәр түрли көз-қарастан изертлеў талап қылынады. Биринширден, ең алды менен тил сеслик тил болғанлықтан тәбияттағы толып атырған басқа сеслер сыяқлы тил сеслери де өзиниң физикалық тәбиятына ийе болады ҳәм ол физикада үйрениледи. Бул тил сеслериниң физикалық аспекти болады. Екиншиден, сөйлеў ҳәм қабыл етиў адам тәрепинен иске асырылатуғын қубылыс. Сөйлеў белгили дәрежеде адам организминиң атқаратуғын хызмети болғанлықтан ол анатомиялық-физиологиялық көз-қарастан қарап та изертленеди. :шиншиден, тил сеслериниң ең әҳмийетли жағы сонда, олардың жәрдеминде адам өз ой-пикирин баянлайды. Басқаша айтқанда, тил сеслери жәмийетте қатнас қуралы хызметин атқарады. Бул сеслердиң ең баслы тәрепи, социаллық (лингвистикалық) тәрепи болып табылады. Фонетика лингвистикалық илим сыпатында сеслердиң социаллық тәрепине көбирек итибар береди. Соның менен бирге фонетика анаў я мынаў сеслик қубылысты дурысырақ ҳәм тереңирек түсиндириў ушын физикалық, физиологиялық материаллардан да пайдаланады.

Сеслердиң физикалық ҳәм физиологиялық тәреплериниң изертлениўиниң өзи олардың (сеслердиң) лингвистикалық хызметин ҳәр тәреплеме тереңирек үйрениўге бағдарланады.

Фонетиканың акустикалық тәрепи. Тийкарғы акустикалық түсиниклер

Тәбияттағы сеслердиң улыўма теориясы физиканың акустика[1] бөлиминде изертленеди. Тил сеслери тәбияттағы толып атырған басқа сеслер сыяқлы ҳаўаны тербелтип, оны толқын тәризли ҳәрекетке келтириў нәтийжесинде жасалады. Сес өтетуғын орталық ҳаўа кеңислиги болады.

Тил сеслери даўыс шымылдығының дирилдеўи ҳәм ҳаўа ағымының сөйлеў ағзалары дийўалларына тәсир етиўи нәтийжесинде пайда болады.

Сеслерге акустикалық жақтан сыпатлама бериўде сес ырғағы, сес күши, сес тембри, сеслердиң созымлылығы менен бирликте резонанслық қубылыслар көзде тутылады. Сес ырғағы белгили ўақыт бирлигиндеги пайда етилген дирилдиниң муғдарына байланыслы болады. ?ақыт бирлиги ретинде секунд өлшеми жумсалады. Дирилдиниң муғдары қаншелли көбейсе, сес ырғағы соншелли күшейеди, керисинше, дирилдиниң муғдары қаншелли азайса, сес ырғағы пәсейеди. Сес ырғағын пайда етиўши тербелис жийилиги тербелиўши дененің массасына кери пропорционал, ал дененің тығызлығына (мәселен, тардың тартылыў дәрежеси) туўра пропорционал болады. Басқаша айтқанда, дененің турқы қаншелли үлкен болса ҳәм тығызлығы босаң болса, белгили ўақыт бирлигиндеги пайда болатуғын тербелис жийилигиниң муғдары аз болып, сес пәсең шығады. Керисинше, дененің турқы қаншелли киши болса ямаса тығызлығы қатты болса, белгили ўақыт бирлигинде пайда болатуғын тербелис жийилигиниң муғдары көп болса, сес бәлент шығады.

Ерлердиң даўыс шымылдығы ҳаяллардың даўыс шымылдығына қарағанда қалыңырақ ҳәм узынлаў, яғный турқы үлкенирек. Сонлықтан да ерлердиң даўысы пәс (жуўан) ҳаяллардың даўысы бәлент (жиңишке) болады.

Сес ырғағы герц пенен өлшенеди. Секундына бир толық тербелис бир герц (гц) болады. Егер де сес пайда етиўши дене бир секундта е00 рет жийиликте тербелсе (дирилдесе), онда е00 гц жийиликтеги сес пайда етиледи. Адамның қулағы шама менен qу гц тен w0 мың гц аралығындағы жийиликтеги сеслерди еситиў уқыбына ийе болады. qу гц еситилиўдиң ең

[1] **Акустика** - гректи4 **акустикос** - {еситили7} деген с5зинен алын2ан.

төменги шегарасы, ал жоқарғы шегарасы адамның жас өзгешелигине қарай w0 мың гц тен төменлеўи мүмкин. qу гц тен төменги жийиликте пайда етилген сес (мәселен, жер силкиниўде жер қыртысларының тербелиси) инфра сес, ал w0 мың гц тен жоқарғы жийиликтеги сес ультра сес деп аталады. Инфра ҳәм ультра сеслерди адам қабыл етиў уқыбына ийе емес.

Сеслер тон (даўыс) ҳәм шаўқымнан жасалады. Избе-изли тәкирарланған тербелис нәтийжесинде пайда болған сес тон (даўыс), ал избе-изли тәкирарланбаған тербелис нәтийжесинде пайда болған сес шаўқым деп аталады. Даўыслы сеслер тоннан, ал даўыссыз сеслер тийкарынан шаўқымнан ибарат болады.

Сес күши ҳаўа толқынының пәтине байланыслы болады. Сес күшиниң энергиясы ҳаўа толқынының бағытына перпендикуляр түсирилип, q секундтағы qсм^{w} майданша менен өлшенеди. Басқаша айтқанда, сес күши тербелистиң амплитудасынан ғәрезли болады` тербелис толқынының амплитудасы қаншелли көбейсе, сес күши де соншелли күшейеди, керисинше, тербелис толқынының амплитудасының азайыўы менен сес күши де пәсейеди. Сес күши менен сестиң қатты ҳәм әстен айтылыўы арасындағы байланысты түсинип алыў зәрүр. !детте сес күши қаншелли жоқары болса, сес қатты айтылады деп саналады. Сестиң қатты я әстен айтылыўының сес күшинен ғәрезлилиги сес ырғағы менен де байланыслы болады. %йткени бирдей күшке ийе болған, бирақ ҳәр түрли ырғақ пенен айтылатуғын сеслер қатты я әстен айтылыўы жағынан ҳәр түрли болып қабыл етиледи.

Сес күшин өлшейтуғын бирлик децибел (дб) болады. Сестиң қатты я әстен айтылыўы сес күшине байланыслы өлшенеди. Еситиўдиң төменги шегарасы 0 дб десек, жоқарғы шегарасы qе дб болады.

Сес тембри сес тербелисиниң түрлери менен байланыслы болады. Сес толқынын пайда ететуғын тербелис қурамалы қубылыс болады. Мәселен, музыкалық әсбаптың тарын алсақ, толық тербелиў менен бирге тардың жартысы, үштен бири, төрттен бири ҳәм т.б. бөлеклери де тербеледи. Усындай қурамалы тербелис нәтийжесинде сес пайда етиледи. Сес пайда етиўши дененің толық тербелисинен сестиң тийкарғы тоны пайда болады, ал оның бөлеклериниң тербелисинен обертон (қосымша тон) жасалады. Қосымша тон тийкарғы тонға қарағанда жоқары болады. Мысалы, тардың тийкарғы тоны q00 гц тербелисте болса, оның жартысы w00 гц қосымша тонды, үштен бири е00 гц қосымша тонды ҳәм т.б. береди. Тийкарғы тон ең күшлиси болып, толық сестиң сапасын белгилейди. Ал қосымша тон болса, сеске белгили дәрежеде қосымша түр береди. Тийкарғы тонның күши менен ондағы қосымша тонлардың өз-ара сәйкеслесип, үйлесиўинен сестиң гармоникалық қурылысы - тембри келип шығады.

Тембр түсиниги тийкарынан даўыслы сеслер менен байланыслы болады. Мысалы, **а, ы, и** ҳәм т.б. сеслерди ҳәр қайсысының өзине тән тембрине ийе болғанлығы себепли оларды ажыратамыз.

Белгили бир сести айтқан ўақытта сөйлеў ағзаларының ҳәрекети нәтийжесинде тамақтан жоқарыда жайласқан бослықлар - жутқыншақ бослығы, аўыз бослығы өзлериниң көлемин ҳәм формасын өзгертип, сол сеске тийисли болған түрге ийе болады. Солай етип ол бослықлар резонатор хызметин атқарады. Мурын бослығы өзиниң көлемин ҳәм формасын өзгерте алмайды. Себеби мурын бослығында оның формасын өзгерте алғандай ҳәрекетке келиўши сөйлеў ағзалары жоқ. Сонлықтан мурын бослығы тек мурынлық сеслерди айтқанда ғана резонатор хызметин атқарады. Солай етип адамның сөйлеў ағзалары болған аўыз, мурын, жутқыншақ бослықлары қурамалы резонаторлық системаны пайда етеди. Тамақтағы даўыс шымылдығында пайда болған қурамалы тон тамақтан жоқарыда жайласқан жутқыншақ, аўыз, мурын бослықларының резонансы (жаңғырығы) нәтийжесинде өзиниң әўелги түрин өзгертеди. Айтылыўға тийисли сес сол бослықлардан өзине тән болған қосымша сеслик түр алады. Резонатор жәрдеминде қосымша тонлардың айырымлары күшейиўи, ал биреўлери пәсеңлеўи мүмкин. Жийиликтиң күшейген бөлеги, яғный сес

энергиясының жыйналған бөлеги форманта[1] деп аталады. Сестиң формантлық қурылысы оның спектринде[2] анықланады. Спектр арқалы сестиң ең әҳмийетли сыпатламасы бериледи.

Сеслердиң тербелис жийилигин бөлип-бөлип алып, спектральлық анализ жасаў электроакустикалық ҳәм электронлық техниканың өсиўи менен раўажлана баслады. Сеслердиң формантлық дүзилисин жазып алатуғын аппарат спектрограф деп, ал жазылып алынған материал спектрограмма деп аталады. Спектрограммада ҳәр сес өзине тән болған формантларының жайласыў орнына, формасына ийе болады.

Сести айтыў ушын белгили ўақыт бирлиги кетеди. Сестиң созымлылығы (длительность) тербелистиң саны менен созылыў ўақтына байланыслы болады. Бираз тиллерде, мәселен, түркмен, қырғыз, якут тиллеринде бир сестиң созымлы ҳәм қысқа айтылыўы мәни айырыўшылық, яғный фонемалық хызмет атқарады. Ал қарақалпақ тилинде белгили бир сестиң созымлы ҳәм қысқа айтылыўы семантикалық мәни билдириў ушын жумсалмайды, тек фонетикалық жағдайға байланыслы ол бирде созымлы, бирде қысқарақ айтылыўы мүмкин.

Фонетиканың физиологиялық тәрепи.
Сөйлеў ағзалары.

Фонетиканың анатомиялық - физиологиялық тәрепи дегеннен сөйлеў ағзаларының қурылысы ҳәм олардың хызмети түсиниледи. Тилдеги сеслер жөнинде айтқанымызда алды менен ол сеслердиң артикуляциялық сыпатламасын билиўимиз зәрүр. Артикуляциясы жағынан ҳәр қыйлы болғаны ушын сеслер ҳәр түрли акустикалық сыпатламаға ийе болады. Нәтийжеде биз ҳәр қыйлы сеслерди еситемиз. Солай етип сеслик айырмашылықлар артикуляциялық айырмашылықлардан келип шығады. Тил сеслерин ҳәм олардың айтылыўын дурыс түсиниў ушын сөйлеў ағзаларының атқаратуғын хызметин, олардың адам организминде қалай жайласқанлығын, ҳәрекетке келиў мүмкиншилигин билиўимиз тийис. Тил, ерин ҳәм кишкене тил жайласқан тамақ ҳәм өкпе сөйлеў ағзалары болып есапланады.

%кпе адамның тиришилиги ушын оғада зәрүрли болған дем алыў ҳәм қанды кислород пенен тәмийинлеп турыў сыяқлы жүдә әҳмийетли физиологиялық хызметти атқарады. Сондай-ақ өкпе тил сеслерин айтыў ушын зәрүрли болған ҳаўа ағымын пайда етип, ҳаўа жүретуғын {каналдың} бойында жайласқан сөйлеў ағзалары менен бирликте сеслерди дөретиў усаған оғада әҳмийетли ўазыйпаны да атқарады. Тиришиликтиң әдеттеги дем алыў мапазында ҳаўаны ишке тартыў ҳәм сыртқа шығарыў бир қәлипте теңдей ўақыт ишинде мурын арқалы иске асады. Ал сөйлеген ўақытта ҳаўаны ишке тартыў әдеўир тезлеседи де, сыртқа шығарыў ақырын болады ҳәм әдеттеги дем алыў (физиологиялық дем алыў) ўақтындағы ҳаўаны сыртқа шығарыўға салыстырғанда иштен бир неше мәртебе көбирек ҳаўа шығарыў мүмкин. Физиологиялық дем алыў менен сөйлеў ўақтындағы дем алыўдың тағы бир өзгешелиги - сөйлеўде мурынлық сеслерден басқа сеслердиң бәрин айтқан ўақытта ҳаўа ағымы аўыздан шығады да, физиологиялық дем алыўда әдетте ҳаўа мурыннан шығады ҳәм мурын арқалы ҳаўа ишке тартылады.

%кпе еки жағынан еки қолқа арқалы жоқарысында жайласқан кегирдек пенен тутасқан болады. (q-сүўрет). %кпеден шыққан ҳаўа ағымы кегирдек арқалы кегирдектиң жоқарысында жайласқан тамақ арқалы өтеди. Тамақ кегирдектиң жоқарысындағы жайласқан оның кеңейген бөлими болады (w-сүўрет). Тамақ жүзик тәризли, қалқан тәризли ҳәм еки шөмиш тәризли шемиршеклерден қуралады. Ол шемиршеклер мускуллар менен тутасып турады. Аўқатлық заттың дем алатуғын жаққа (тамаққа) қарай кетип қалмай, өңешке кетиўи ушын жутыныў ўақтында тамақтың жоқарысында алмурт тәризли жумсақ шемиршек тамақ жолын жаўып турады. Нәтийжеде аўқатлық зат дем алыў мүшесине қарай емес, ал өңешке қарай кетеди.

---

[1] **Форманта** - латынша **форманс, формантис** - {пайда ети7ши}, {д5рети7ши} с5зинен жасал2ан.

[2] **Спектр** - грекше **спектрум** - {к5ринету2ын} деген с5зден жасал2ан.

Шөмиш тәризли еки шемиршек жүдә ҳәрекетшең болады. Олар бир-бирине жақынласыўы ҳәм қашықласыўы арқалы даўыс шымылдығының формасын өзгертеди. Даўыс шымылдығы шөмиш тәризли ҳәм қалқан тәризли шемиршеклердиң аралығында жайласқан майысқақ жийеклерине ийе болған саңлақ болып, оған бекитилген мускуллардың тәсири менен ҳәрекетке келеди (е-сүўрет). Даўыс шымылдығы сес пайда етиўде оғада үлкен әҳмийетке ийе болады. Даўыс шымылдығының жоқарысында жалған даўыс шымылдығы орналасқан. Жалған даўыс шымылдығы толықлаў ҳәм үлкенирек болады. Даўыс шымылдығы зақымланғанда ямаса аўырғанда жалған даўыс шымылдығы арқалы да сөйлеўге болады. Бирақ даўыс қырылдақ ҳәм пәс шығады.

Шөмиш тәризли шемиршеклердиң ҳәрекети нәтийжесинде даўыс шымылдығы өзиниң формасын өзгертеди дедик. Мәселен, даўыс шымылдығының үш түрли жағдайын анық айырыўға болады. Биринши́ден, даўыс шымылдығының мускуллары босаңсып, ол кең ашылған болыўы мүмкин. Бундай жағдайда өкпеден шыққан ҳаўа ағымы ҳеш қандай иркинишке ушырамайды. Даўыс шымылдығы физиологиялық дем алыў ўақтында ҳәм үнсиз сеслерди айтқанда усы қәлипте турады. Екиншиден, даўыс шымылдығының ишки дийўаллары жақынласып ҳәм керилип (тартылып) турыўы мүмкин. Бул жағдайда даўыс шымылдығы оғада кишкене саңлақты пайда етеди ямаса жабылып турады, дерлик.

Солай етип ҳаўа ағымы өз жолында тосқынлыққа ушырайды. Ҳаўа басымы нәтийжесинде даўыс шымылдығы азлап ашылып, белгили көлемдеги ҳаўа шығады. Даўыс шымылдығы қатты тартылып турғанлықтан тағы да оның дийўаллары жақынласып, саңлақты киширейтеди. Кейин ҳаўа ағымының басымы менен және ашылып, белгили дәрежедеги ҳаўаны шығарады да, қайтып жақынласады. Бундай ҳәрекет оғада үлкен тезлик пенен избе-изли түрде қайталанып отырады. Бул даўыс шымылдығының жоқарысындағы бослықларда ҳаўаның тербелисин пайда етип, нәтийжеде даўыс келип шығады. Даўыс шымылдығының бундай ҳәрекетинен даўыс қатнасатуғын сеслер болған даўыссыз сеслер, үнли даўыссызлар, сонорлар жасалады. :шиншиден, даўыс шымылдығы босаңсып, бирақ ол кишкене саңлақ пайда етиўи мүмкин. Бул жағдайда ҳаўа ағымы қыйынлық пенен, күш пенен өтип, даўыс шымылдығының дийўалын дирилдетиў нәтийжесинде шаўқымға тән болған дирилдини пайда етеди. Сөйтип даўыс шымылдығының бундай жағдайында адам сыбырлап сөйлеўи мүмкин.

Ерлер менен ҳаяллардың даўыс айырмашылығы олардың даўыс шымылдықларының өзгешелигине байланыслы болады. Қозғалыссыз турған ўақытта ерлердиң даўыс шымылдығының узынлығы орташа q,t см, ал ҳаяллардың даўыс шымылдығының узынлығы q,w см болады. Даўыс шымылдығы үлкен болған сайын даўыс пәс (жуўан даўыс), ал киши болған сайын бәлент (жиңишке даўыс) болады. Сонлықтан ерлер жуўан (ири) даўыслы, ҳаяллар жиңишке (майда) даўыслы болып келеди. Сондай-ақ даўыстың бундай өзгешелиги даўыс шымылдығы мускулларының тартылып, керилип турыў дәрежесине де байланыслы болады. !деттеги сөйлеў ўақтында ерлердиң даўыс шымылдығының дирилдиси секундына it реттен w00 ге шекемги аралықта (it-w00 гц), ҳаяллардың даўыс шымылдығының тербелиси болса qy0 реттен er0 қа дейинги аралықта (qy0-er0 гц) болады. Адамның даўыс шымылдығы шама менен r0 гц тен qu00 гц аралығындағы тербелисти пайда етиў мүмкиншилигине ийе.

%кпеден шығып киятырған ҳаўа ағымы тамақтан кейин оның жоқарысында жайласқан жутқыншақ бослығына келеди. Жутқыншақ диаметри е см шамасындағы жумсақ дийўалына ийе болған бослық болып, ол жаңғырық хызметин атқарады. Жутқыншақ жоқарысындағы еки саңлақ арқалы мурын бослығы менен, ортасындағы саңлақ арқалы аўыз бослығы менен ҳәм төменде жайласқан саңлақ арқалы тамақ пенен тутасқан болады.

Тилдеги сеслердиң жасалыўында тек бир сөйлеў ағзасы ғана қатнасып қоймайды, ал көпшилик сөйлеў ағзаларының хызмети нәтийжесинде белгили бир сес пайда етиледи. Ҳәр түрли сеслердиң жасалыўында, сеслик өзгешеликлердиң пайда етилиўинде аўыз бослығында жайласқан сөйлеў ағзаларының хызмети айрықша (r-сүўрет). Жоқарыда сеслер аўыз, мурын, жутқыншақ бослықларының резонатор (жаңғырық) хызметин атқарыўы нәтийжесинде өзинше өзгешелигине ийе болады деген едик. Тилдеги сеслер айрықша жаңғырық хызметин

атқарыўшы аўыз бослығының ҳәр түрли формаға ениўи арқалы өзлерине тән болған сеслик түрине ийе болады. Айтылажақ сестиң сыпатына байланыслы аўыз бослығының көлемин ҳәм формасын өзгертип туратуғын ҳәрекетшең сөйлеў ағзалары тил, жумсақ таңлай менен қоса кишкене тил, еринлер болады. Олардың ҳәрекети нәтийжесинде ҳаўа ағымына тосқынлық жасалып, даўыссыз сеслерге тән болған шаўқым пайда етилиўи ямаса аўыз бослығының көлемин ҳәм формасын өзгертиў арқалы анаў я мынаў даўыслы сеске тән болған тембр пайда етилиўи мүмкин.

Аўыз бослығында жайласқан сөйлеў ағзаларының ишинде тил ең ҳәрекетшең хызмет атқарады. Тил шәртли түрде тил ушы, тил арқасы ҳәм тил түби болып бөлинеди. Тил арқасының өзи тил алды, тил ортасы, тил арты болып бөлинеди. !лбетте физиологиялық жақтан бир тутас тилди булай етип бөлиў сеслерди топарларға бөлиўге қолайлы болғаны ушын фонетикада шәртли түрде қабыл етилген. Тутас тилдиң ямаса оның бөлиминиң алға, кейинге, жоқарыға, төменге қарай түрли ҳәрекет етиўи арқалы аўыз қуўыслығы ҳәр түрли формаға келеди. Сеслердиң бир-биринен айырмашылығы тилдиң ҳәр қыйлы ҳәрекети менен тығыз байланыслы.

Жаңғырық хызметин атқарыўшы аўыз бослығының алдыңғы шегарасы еринлер ямаса алдыңғы тислер болады. Еринлер, әсиресе төменги ерин, көбирек қозғалысқа келип, ол ҳәрекетшең хызмет атқарады. Гейпара даўыссыз сеслер төменги еринниң жоқарғы еринге толық тийиўи менен (**б, п**) я жақынласыўы менен (**ў**), төменги еринниң жоқарғы тислерге жақынласыўы менен (**в,ф**) өкпеден шығып киятырған ҳаўа ағымына кедерги жасаўы арқалы айтылады. Даўыслыларды айтқанда еринлер алға умтылып, дөңгелек саңлақ пайда етеди (бул жағдайда еринлик даўыслылар айтылады), ямаса еринлер әпиўайы ашылған қәлпинде бийтәреп турады (бундай жағдайда езиўлик даўыслылар айтылады). Жоқарғы ҳәм төменги тислер аўыз бослығының ҳәрекетке келмейтуғын алдыңғы шегарасы болып хызмет етеди. Тилдиң алдыңғы бөлиминиң, еринниң тислерге тийиўи ямаса жақынласыўы арқалы даўыссыз сеслерге тән болған шаўқым пайда етиледи. Тислердиң түби бекип турған дөңислик альвеола[1] деп аталады.

Таңлай жаңғырық хызметин атқарыўшы аўыз бослығының жоқарғы шегарасы болып хызмет етиў менен бирге ол аўыз ҳәм мурын бослықлары ортасындағы шегара болып та есапланады. Таңлай қатты таңлай ҳәм жумсақ таңлайдан турады. Қатты таңлайды алдыңғы таңлай, жумсақ таңлайды артқы таңлай деп те атайды. Артқы, яғный жумсақ таңлайдың даўамы кишкене тил болады. Жумсақ таңлай кишкене тил менен қоса төмен түсирилиўи арқалы аўыз жолы жабылады да, ҳаўа ағымы мурын жолы арқалы өтеди. !деттеги дем алыў ўақтында ҳәм мурынлық сеслерди айтқанда жумсақ таңлай төмен түсирилген ҳалда болады. Жумсақ таңлай мускулларының тартылып, жоқары көтерилиўи арқалы мурын жолы жабылып турады. Бундай жағдайда барлық аўызлық сеслер айтылады. Мурын бослығы мурынлық сеслерди айтқанда оларға қосымша түр береди. Жумсақ таңлай түсиңки ҳалда турып, мурын жолын ашыў арқалы ҳаўа ағымы мурын бослығына келеди. Мурынлық сеслерди (**м, н, ң**) айтқанда музыкалық тонға ҳәм аўыз бослығында пайда болған шаўқымға қосымша жаңғырық хызметин атқарыўшы мурын бослығы айрықша сеслик түр қосады.

Тил сеслерин пайда етиўде сөйлеў ағзаларының ҳәммеси бирдей хызмет атқара бермейтуғынлығын жоқарыдағы айтылғанлардан көриўге болады. Сеслердиң жасалыўында сөйлеў ағзалары ҳәрекетшең сөйлеў ағзалары ҳәм ҳәрекетшең емес сөйлеў ағзалары болып екиге бөлинеди. Ҳәрекетшең сөйлеў ағзалары белгили бир сести пайда етиў ушын ҳәрекетке келип, зәрүрли формаға ийе болады. Олар сеслердиң жасалыўында ең тийкарғы орынды тутады. Сеслерди айтыўда ҳәрекетшең емес сөйлеў ағзаларының да белгили бир дәрежеде әҳмийети болады. Ҳәрекетшең емес сөйлеў ағзалары ҳәрекет етпейди. Ҳәрекетшең емес сөйлеў ағзаларына ҳәрекетшең сөйлеў ағзалары жақынласыўы, тийиўи ямаса олардың алыслаўы мүмкин. Ҳәрекетшең сөйлеў ағзалары - даўыс шымылдығы, тил, ерин, кишкене тил менен қоса жумсақ таңлай~ ҳәрекетшең емес сөйлеў ағзалары - тислер, қатты таңлай.

---

[1] **Альвеола** - латынша **алвеолус** - {на7аша, ойпат} деген м1ни билдиреди.

Сеслердиң өзиншелик өзгешелигин, басқаларынан айырмашылығын көрсеткенде сеслерди бир-бирине қарама-қарсы қойғанда, топарларға бөлгенде олардың жасалыўы тийкарға алынады. Сеслердиң жасалыўы (артикуляциясы) сөйлеў ағзаларының тиккелей хызмети болады.

Фонетиканың лингвистикалық тәрепи.
Фонема ҳаққында түсиник

Фонетиканың социаллық илим болған лингвистиканың бир тараўы екенлигиниң баслы себеби - тилдиң жәмийетлик қубылыс болыўында. Тилдиң мәни аңлататуғын бирликлери болған сөзлер, гәплер сеслерден қуралады. Тил сеслериниң қарым-қатнас қуралы ўазыйпасын атқарыўға қатнасы олардың ең баслы хызмети болып табылады. Сеслер артикуляциялық-акустикалық жақтан сөз етилгенде де олардың (сеслердиң) лингвистикалық хызметин ҳәр тәреплеме анықлаў көзде тутылады. Фонетиканың лингвистикалық тәрепи изертленгенде сеслердиң атқаратуғын хызмети сөз етиледи.

Фонетика илиминиң тарийхында биринши болып академик Л.В.Щерба фонеманың }мәни айырыўшылық} қәсийетин атап көрсеткен еди. Фонетикада фонеманың }мәни айырыўшылық} қәсийети улыўма қабыл етилген анықламаға айналып, бул теория Л.Р.Зиндер тәрепинен раўажландырылды` }Сөздиң мәниси оның фонемалық қурылысынан ғәрезли емес~ буған омонимлик ҳәм полисемиялық қубылыслар гүўа бола алады. Мысалы` }стол} ҳәм }стул} ҳәр түрли даўыслыларға ийе болғаны ушын емес, ал олар ҳәр қыйлы түсиникти билдиргени ушын ҳәр түрли сөзлер болып тур. Соның менен бирге биз }стол} сөзин }стул} сөзинен ҳеш контекстсиз-ақ айырып таныйтуғын себебимиз биринши сөздеги даўыслы-о, екиншисинде-у. Буннан фонеманың }сөзлерди айырыўшылық} хызметин көриўге болады}. Солай етип сөзлер бир-биринен алды менен мәниси бойынша ҳәм оннан соң фонемалық қурылысы бойынша айырылады. Қарақалпақ тилиндеги тас, тес, тыс, тис, тус, түс, тос, төс сөзлери бәринен бурын ҳәр қыйлы түсиниклерди билдиргени ушын ҳәр түрли сөзлер болып тур. Сондай-ақ булардың айырмашылықлары ол сөзлерде ҳәр түрли даўыслылардың айрықша фонема болыўына байланыслы. !лбетте, бул қубылыслар (сөздиң мәниси ҳәм оның фонемалық қурылысы) бир-бири менен тығыз байланыслы болады.

Жоқарыдағы мысалларда даўыслы фонемалар сөзлерди, олардың мәнилерин айырып турса, атам, атаң сөзлериниң түбири бир (ата) болып, м ҳәм ң даўыссызлары сөзлерди түрлендирип, ҳәр түрли форма жасап тур. Сеслердиң бундай хызмет атқарыўы олардың фонемалық хызмети болады. Солай етип фонема сөзлердиң мәнилерин ҳәм формаларын айырыўшылық қәсийетке ийе болады.

Ҳәр бир фонема тилдеги басқа барлық фонемалардан айырылып турады, соның менен бирге ол сол тилдеги басқа барлық фонемаларға қарама-қарсы қойылады. Ҳәр бир фонема тийкарғы ҳәм тийкарғы емес белгилердиң жыйнағынан турады. Бул айтылғанларға дәлил ретинде д даўыссыз фонемасын мысалға алайық. Қарақалпақ тилинде д фонемасы-үнли, тил алды, жабысыңқы, мурынлық емес (аўызлық). Бул айтылған белгилер д фонемасының тийкарғы белгилери болады. %йткени қарақалпақ тилинде үнсиз т, тил арты г, жуўысыңқы з, мурынлық н фонемалары болып, олардың ҳәр бир д фонемасынан сәйкес белгилери бойынша айырылып турады. Олар былайынша өз ара қарама-қарсы қойылады` т-үнсиз фонема, себеби д-үнли~ г-тил арты фонемасы, себеби д-тил алды фонемасы~ з-жуўысыңқы, себеби д-жабысыңқы~ н-мурынлық фонема, себеби д-аўызлық (мурынлық емес) фонема болады. Демек, фонема сыпатында т сесиниң үнсиз фонема, г сесиниң тил арты, з сесиниң жуўысыңқы, н сесиниң мурынлық фонема болып саналыўы оларға қарама-қарсы қойылатуғын д фонемасының үнли, тил алды, жабысыңқы, аўызлық (мурынлық емес) екенлиги менен байланыслы болады. Ал усы д фонемасының жуўан (қатты) ҳәм еринлик емеслиги оның тийкарғы белгиси - фонемалық белги бола алмайды. Себеби қарақалпақ тилинде оған қарама-қарсы қойылатуғын жиңишке (жумсақ) $д^{q}$ ҳәм еринлик $д^{0}$ сеслери өз

алдына жеке-жеке фонема сыпатында жумсалмайды.[1] Д сесиниң жуўан я жиңишке, еринлик я езиўлик болып айтылыўы фонетикалық жағдайға байланыслы болады. Жиңишке даўыслы сеслер менен қоңсылас болып келсе, қарақалпақ тилиндеги басқа даўыссыз сеслер сыяқлы д сеси де жиңишке болып (д^{q}изим^{q}, д^{q}еп^{q}, д^{q}ән^{q} ҳәм т.б.)~ жуўан даўыслылар менен келсе, жуўан болып (дала, ыдыс ҳәм т.б.) жуўан ҳәм еринлик даўыслылар менен келсе, жуўан ҳәм еринлик болып (д^{0}ос^{0}, д^{0}ур^{0}ыс^{0} т.б.), жиңишке ҳәм еринлик даўыслылар менен келсе, жиңишке ҳәм еринлик болып (д^{q0}ү^{q}р^{q0}, д^{q0}ү^{q}н^{q0}я, д^{q0}ө^{q}н^{q0} т.б.) айтыла береди. Фонетикалық жағдайлардан ғәрезли ҳалда пайда болған бул сеслик өзгешеликлер фонеманың тийкарғы емес белгиси, оның фонетикалық белгилери болып саналады.

Тилдеги фонемалардың өз ара қарама-қарсы қойылыўы олар ортасында байланыс жоқ деген түсиникти аңлатпайды. Керисинше, булай етип фонемаларды қарама-қарсы қойыў арқалы олардың тилде бир системаны қурайтуғынлығын, байланысын, жақынлық жақларын көриўге болады. Мәселен, т-д, с-з, п-б, ш-ж т.б. сыяқлы жубайлас даўыссызлар тек бир белгиси менен, яғный даўыстың қатнасы бойынша (үнсиз-үнли) айрылып турса, олар басқа барлық белгилери жағынан бирдей` т-д жубайлас фонемаларына ортақ белги - булардың екеўи де жабысыңқы, тил алды, аўызлық (мурынлық емес)~ с-з жубайласлары - жуўысыңқы, тил алды, бир тосқынлықлы~ п-б жубайласлары - жабысыңқы, еринлик, аўызлық ҳәм т.б. Олардың айырмашылық белгилери жубайласлардың биринширери - үнсиз фонемалар, ал екиншилери - үнли фонемалар. Демек келтирилген жубайлас сеслердиң биринширериниң ҳәммесине ортақ белги-олардың бәри үнсиз, ал олардың екиншилери үнли фонемалар болып табылады.

Фонема түсиниги өзиниң ең дәслепки пайда болыўында сес түсинигине қарама-қарсы қойылыўдан келип шыққан. Фонема деген түсиник пенен сес түсиниги мудамы сәйкес келе бермейди. Фонема мудамы бир сестен турмастан, гейде айтылыўы жағынан жақын болған еки, ҳәтте үш сестен де қуралыўы мүмкин. Гейпара тиллерде ушырасатуғын дифтонг, трифтонглар буған мысал бола алады. Керисинше, еки фонема бир пүтин сеске усас болып айтылыўы да мүмкин. Мысалы, ашшы, атты усаған сөзлерде еки ш ҳәм еки т бир созымлы сес сыяқлы болып айтылған менен олардың ҳәр қайсысы бир қыйлы еки фонеманың дизбеклери деп түсиниледи.

Соның менен бирге фонема ҳәм сес пүткиллей басқа-басқа нәрселер емес, керисинше олар өз ара тығыз байланыслы түсиниклер. Сонлықтан фонетикада фонема түсинигиниң орнына гейде сес сөзи де қолланыла береди. Фонема тилде сеслер арқалы өмир сүреди. Тилдеги сеслер анаў я мынаў фонеманың жасаў формасы болады. Фонема деп артикуляциялық ҳәм акустикалық жақтан өзиншелик өзгешелигине ийе болған, тағы да майда бөлеклерге бөлиўге болмайтуғын, сөзлерди ажыратыў мақсетинде жумсалатуғын сеслик бирликлерге айтылады.

Тилде сеслер оғада көп түрли. Мәселен, ҳаяллар ҳәм ерлердиң даўыс өзгешелиги, ҳәр бир адамның жеке физиологиялық айрықшалығына байланыслы даўыс өзгешелиги, ҳәтте бир адамның түрли жағдайларға байланыслы ҳәр түрли даўыс өзгешелиги - булардың бәри артикуляциялық, акустикалық жақтан сеслердиң шексиз көп түрлилигин пайда етеди. Бирақ бундай сеслик айырмашылықлар ҳеш қандай тиллик әҳмийетке ийе болмайды, яғный қатнас қуралы хызметин атқармайды. Белгили бир мәниге ийе болған сөз айтылса, ол ким тәрепинен ҳәм қалай айтылыўына қарамастан сол тилди билетуғын адам тәрепинен түсиниледи. Ҳәр түрли даўыс өзгешеликлери елестирилмейди. Бул өзгешеликлер фонетика ушын ҳеш қандай әҳмийетке ийе емес.

Фонема ҳәр түрли фонетикалық жағдайларда ушырасады. Түрли фонетикалық жағдайлар фонеманың айтылыўына тәсир етип, белгили дәрежеде оған қосымша түр береди.

---

[1] (д^{q})-жи4ишке (жумса3) дегенди а4латату2ын белги~
(д^{o})-еринлик дегенди а4латату2ын белги.

Усыннан фонеманың реңклери[1] келип шығады. Мәселен, жоқарыда айтылғанындай д фонемасының бирде жиңишке, бирде жуўан, бирде жуўан ҳәм еринлик, бирде жиңишке ҳәм еринлик ҳалда айтылыўынан оның реңклери пайда болады. Қарақалпақ тилинде д даўыссызы өз алдына фонема деп танылатуғын болса, белгили сөзлердеги (дала, $д^{q}ә^{q}н^{q}$, $д^{0}ос^{0}$, $д^{q0}ө^{q}н^{q0}$ т.б.) д, $д^{q}$, $д^{q0}$ сеслери д фонемасының тилдеги реңклери, сөзлерде жумсалатуғын ўәкиллери болып саналады. Сонлықтан да академик Л.В.Щерба фонеманы сеслик тип деп атайды. Солай етип фонема тилде өзлериниң реңклери арқалы өмир сүреди. Бул жағынан фонеманың реңклери менен тилдеги сеслер ҳаққында түсиниклер бирдей болып есапланады.

Ҳәр түрли фонетикалық жағдайларға байланыслы пайда болған реңклер фонеманың миннетли реңклери делинеди. Соның менен бирге тилдиң диалектлик өзгешеликлерине байланыслы бир фонема бирдей фонетикалық жағдайда болыўына қарамастан белгили дәрежеде ҳәр қыйлы болып айтылыўы мүмкин. Мәселен, жол-джол, жақсы-джақсы сөзлериндеги ж ҳәм дж сеслери. Бундай болып тилде бир фонеманың (мәселен, ж фонемасының) ҳәр түрли реңклерине ийе болыўы фонеманың миннетли емес (факультатив) реңклери делинеди.

Фонеманың миннетли реңки фонетика ушын оғада әҳмийетли. Фонетикалық себеплерге байланыслы бул реңклер комбинаторлық ҳәм позициялық реңклер болып бөлинеди. Комбинаторлық реңклер қоңсылас фонемалардың бир-бирине тийгизген тәсиринен пайда болады. Қарақалпақ тилинде жуўан даўыслыларға қоңсылас болып келген даўыссыз сеслер жуўан, жиңишке даўыслыларға қоңсылас болып келгенде сол даўыссыз сеслер жиңишке болыўы (тас сөзинде т ҳәм с фонемаларының жуўан тис, тес сөзлеринде олардың жиңишке болыўы), еринлик даўыслыларға қоңсылас болып келгенде даўыссыздың еринлик түр алыўы (мәселен, $т^{q0}ү^{q}с^{q0}$ сөзинде $т^{q0}$ ҳәм $с^{q0}$ фонемаларының жиңишке ҳәм еринлик түрде айтылыўы) фонеманың комбинаторлық реңклерин пайда етеди. Сөздиң басында, ортасында, ақырында келиўине байланыслы, буўынның сыпатына, пәтке байланыслы бир фонеманың белгили дәрежеде түрлише айтылыўынан фонеманың позициялық реңклери дөреледи.

3 - лекция

Даўыслы ҳәм даўыссыз фонемалар олардың айырмасы.

Даўыслы фонемалар ҳаққында түсиник.

Барлық тиллерде (соның ишинде қарақалпақ тилинде де) сеслерди даўыслылар ҳәм даўыссызлар деп бөлиў ертеден баслап-ақ дәстүрге айланған. Булай етип бөлиўде сеслердиң тилдеги хызмети, олардың артикуляциясы ҳәм акустикалық сыпатламасы есапқа алынады. Сеслерди даўыслы ҳәм даўыссыз деп бөлиўде ең алды менен олардың буўын қурай алыў ямаса буўын қурай алмаў қәсийетине қаралады. Буўын қурай алатуғын сеслер даўыслы сеслер, буўын қурай алмайтуғын сеслер даўыссыз сеслер болады. Даўыслылар ҳәм даўыссызлар артикуляциялық жақтан да өзгешеликке ийе болады. Артикуляциялық жақтан даўыслылардың даўыссызлардан баслы айырмашылығы мыналардан ибарат` биринши́ден, даўыслыларды айтқанда өкпеден шыққан ҳаўа ағымы сөйлеў ағзалары тәрепинен тосқынлыққа ушырамайды. Ал даўыссызларды айтқанда ҳаўа ағымы сөйлеў ағзаларының бир жеринде тосқынлыққа ушырайды. Бул тосқынлық ҳәр түрли формада жасалыўы мүмкин` ҳәрекетшең сөйлеў ағзасы ҳәрекетсиз сөйлеў ағзасына тийиўи ҳәм жақынласыўы арқалы жасалады. Екиншиден, даўыслыларды айтқанда өкпеден шыққан ҳаўа ағымының пәти күшсиз, өлпең болса, даўыссызларды айтқанда ҳаўа ағымы күшли болады. Даўыссызлардың

---

[1] **}Ре4к}** атамасы бурын2ы }оттенок}, }аллофон} орнына 3абыл еттик. !дебиятларда }оттенок}, }аллофон} 81м }вариант} терминлери синоним м1нисинде де жумсалады. Соны4 менен бирге Щерба фонологиялы3 мектебинде }оттенок} термини, Москва фонологиялы3 мектебини4 71киллерини4 мийнетлеринде }вариант} термини 3олланылады.

айтылыўында ҳаўа ағымының күшли болыўы олардың жасалыўындағы сөйлеў ағзалары пайда еткен тосқынлықты жеңиў зәрүрлигинен болса керек. Нәтийжеде анаў я мынаў даўыссыз сеске тән болған шаўқым пайда етиледи. :шиншиден, даўыслыларды айтқанда тутас барлық сөйлеў ағзаларына күш түсип, олардың мускуллары тартылып, керилип турады ҳәм көбирек күш жумсалады. Ал даўыссызларды айтқанда сөйлеў ағзаларының бир жеринде тосқынлық пайда етилип, тек сол тосқынлық пайда болған орындағы сөйлеў ағзасына ғана күш түсип, мускуллары тартылып турады да, басқа сөйлеў ағзаларына күш түспей мускуллары әпиўайы, босаң қәлпинде болады ҳәм аз күш жумсалады.

Жоқарыда айтылған даўыслылардың ҳәм даўыссызлардың өзлерине тән болған артикуляциялық өзгешеликлери олардың акустикалық жақтан да ҳәр түрлилигин келтирип шығарады. Даўыссызларға шаўқым, ал даўыслыларға даўыс (музыкалы тон) тән болады. Акустикалық белгилерине қарай сеслерди даўыслылар ҳәм даўыссызлар деп бөлиў бираз қыйын. Даўыссызлардың өзлери акустикалық жақтан биргелки емес. Даўыссыз сеслер қатарына киретуғын сонорлар[1] (сонант деп те айтылады) даўыстың қатнасы жағынан даўыссызлардан гөре даўыслыларға жақынырақ. Оларды айтқанда шаўқымға қарағанда музыкалы тон, даўыс басымырақ қатнасады, бирақ даўыслыларға қарағанда сес күши пәсирек болады. Сондай-ақ үнли даўыссызларды айтқанда да шаўқым менен бирликте даўыс қатнасады. Ал үнсиз даўыссызлар тек шаўқымнан жасалады. Сонлықтан акустикалық жақтан сеслерди даўыслылар ҳәм даўыссызлар деп анық топарларға бөлиў қыйын.

Жуўмақлап айтқанда тилдеги сеслерди даўыслыларға ҳәм даўыссызларға бөлгенде ең алды менен буўын қурай алыў ямаса буўын қурай алмаў қәсийетине қараймыз. Сондай-ақ сеслердиң бул ҳәр бир топары улыўмалық артикуляциялық ҳәм акустикалық белгилерине де ийе болады.

Даўыслылардың фонемалық қурамы

Қарақалпақ тилиниң фонемалық қурамын анықлаў мәселеси айырым қурамалы сеслердиң дифтонглардың бир фонемадан туратуғынлығын ямаса еки фонемадан туратуғынлығын анықлаў мәселеси менен тиккелей байланыслы. Басқаша айтқанда, қарақалпақ тилиниң фонемалық қурамын анықлаўда ҳәзирге шекем әдебиятларда таласлы болып жүрген [й] ҳәм [ў] ярым даўыслыларының даўыслы фонемалар менен бир буўынның қурамында ушырасыўынан жасалатуғын дифтонглардың бир пүтин фонема деп саналыўы керек пе ямаса олардың ҳәр бири еки фонеманың дизбеги ме деген мәселениң қалай шешилиўи менен тығыз байланыслы болады. Егер дифтонглар айырықша фонема болса, онда тилдеги басқа фонемаларға (соның ишинде монофтонгларға да) қарама-қарсы қойылады. Тилдеги монофтонгларға айрықша фонема ретинде дифтонглар қосылса, өз гезегинде даўыслылардың фонемалық қурамы артады. Егер дифтонглар еки фонеманың дизбеги деп қаралса, олардың қурамындағы даўыслы сыңары әдеттеги монофтонг деп қаралады да, ал тутас дифтонг айрықша фонема (монофонема) болмағанлықтан, ол тилдеги басқа фонемаларға қарама-қарсы қойыла алмайды.

Ҳәзирги қарақалпақ тилинде айрықша фонема ретинде жумсалатуғын фонологиялық дифтонглар ушыраспайды. Бул тилде дифтонглар жөнинде сөз болғанда тек фонетикалық дифтонглар ғана көзде тутылады. Атап айтқанда, артикуляциялық ҳәм акустикалық жақтан даўыслыларға ең жақын болған [й] , [ў] сонантлары (ярым даўыслылары) даўыслылар менен дизбеклесе отырып, фонетикалық дифтонгларды (жалған дифтонгларды) пайда етеди. Бурынырақта биз аталған бул сонантлардың қатнасыўы менен дөретилген дифтонглардың фонологиялық жақтан ҳәр қайсысының еки фонемадан туратуғынлығын дәлиллеўге ҳәрекет еткен едик.

Ярым даўыслылар болған [й] ҳәм [ў] сеслери ҳәмме даўыслылар менен дизбеклесип келе отырып ашық ямаса туйық дифтонгларды пайда ете береди. !детте бул сеслер айрықша фонема ретинде өзлери қатара бир буўын қурамында келген ашық даўыслылардан

[1] .Сонор, сонант с5зи сонорус - }шыз3ыш} деген м1ни билдиретуғын латын с5зи

ажыралып, пайда етип турған дифтонглардың қурамынан ап-аңсат бөлек ленеди. Солай етип олардың айрықша фонема болыўына ҳеш гүман туўмайды. Мәселен, [ай], [аў], [йа], [ўаз], [ўәж], [йар], [таў], [тай], [саў] сыяқлы сөзлерде ашық даўыслылар менен келгенде [й] ҳәм [ў] даўыссызларының айрықша фонема екенин, солай етип ол дифтонглардың даўыслы менен сонант [й] фонемаларының ямаса даўыслы менен сонант [ў] фонемаларының дизбегинен туратуғынына ҳеш қандай гүман туўмайды ҳәм буны айрықша дәлиллеп отырыў зәрүр емес. Ал [й] ҳәм [ў] сонорларының қысық ямаса орта көтериңки даўыслылар менен келиўинде, солай етип [ыў], [иў], [уў], [үў] туйық дифтонгларын, [йе], [ўо], [ўө] ашық дифтонгларын пайда етиўде дәлилеўди талап ететуғын шатаслы мәселе бар еди. Олардың ҳәр бири еки фонемадан тура ма ямаса еки сестен қуралған бир фонема ма? Мине, усы мәселе айрықша түсиндириўди талап ететуғын еди. Даўыслы фонемалардың муғдары усы мәселениң қалай шешилиўине тиккелей байланыслы. Егер олар еки сестен қуралған айрықша дифтонг-фонемалар деп есапланса, онда қарақалпақ тилиндеги фонемалардың саны тоғыздан көбейеди. Ал олардың ҳәр бири даўыслы фонема менен сонант даўыссыз фонемалардың дизбеги деп есапланса, онда қарақалпақ тилиндеги даўыслылардың саны тоғыз фонемадан ибарат болады. Сонлықтан да [ый], [ий], [уў], [үў] туйық дифтонгларының ҳәм [йе], [ўо], [ўө] ашық дифтонгларының фонологиялық қурамын анықлаў мәселеси менен қарақалпақ тили даўыслыларының фонемалық қурамын анықлаў өз-ара байланыслы ҳәм биргеликте шешилиўи тийисли мәселе болып табылады.

Даўыслылардың фонемалық қурамы жөнинде пикирлердиң ҳәр түрли болыўының өзи де усы дифтонглардың фонемалық қурамының ҳәр түрли болып шешилиўине байланыслы. Мәселен, көпшилик әдебиятларда қарақалпақ тилиндеги тоғыз даўыслы фонема бар (а, ә, о, ө, у, үў, ы, и, е) деп есапланса, ал Ж.Аралбаев он бир даўыслы фонема бар деп есаплайды. Ол тоғыз даўыслы-монофтонгтың үстине еки даўыслы дифтонгты айрықша фонемалар ретинде қосады ҳәм ҳәзирги қарақалпақ тилиниң имласы бойынша ый, ий таңбалары арқалы аңлатылып жүрген дифтонгларды жуўан, жиңишке реңклердеги [и] монофонемасы деп, ал уў, үў таңбалары менен аңлатылып жүрген дифтонгларды жуўан, жиңишке реңклердеги [у] монофонемасы деп есаплайды. Солай етип, Ж.Аралбаевтың қарақалпақ тилиниң даўыслыларының фонемалық қурамы жөниндеги бул жуўмағы академик И.Кеңесбаев тәрепинен айтылған қазақ тилиниң даўыслыларының фонемалық қурамы тоғыз монофтонг ҳәм еки дифтонг фонемалардан ибарат болады деген пикири менен сәйкес келеди. Бирақ ҳәзирги қазақ тилиниң даўыслыларының фонемалық қурамы жөнинде де пикирлер бирдей емес. И.Кеңесбаевтың пикиринше қазақ тилинде он бир даўыслы фонема болса (а, ә, е, о, ө, и, ы, у, үў, и, у) , А.Джунисбековтың дәслепки пикиринше тоғыз (а, ә, е, о, ө, ы, и, у, үў) , ал соңғы пикири бойынша алты (а, ә, ы, у, и, үў) даўыслы фонема бар. Булардың ишинде Д.Джунисбековтың қазақ тилинде тоғыз даўыслы фонема бар деген дәслепки пикирине қосылыўына болады. Ал қазақ тилиндеги [иў], [уў] дифтонгларын айрықша фонема деп есаплайтуғын И.Кеңесбаевтың пикирине де, сондай-ақ қазақ тилинде сөзлердиң барлық позициясында да е, о, о´ айрықша фонема емес, ал еки фонемадан ибарат дифтонглар` е дифтонги [й] менен [и], [о] дифтонги [ў] менен [у], ө дифтонги [ў] менен [үў] фонемаларының дизбегинен турады~ солай етип қазақ тилинде ҳәммеси болып алты монофтонг ҳәм үш дифтонг бар деген А.Джунисбековтың соңғы пикирине де қосылыў қыйын. Қазақ тилинде ушырасатуғын [бел]-[бил], [бол]-[бул], [көл]-[күл] жубайлас сөзлериндеги даўыслылардың қарама-қарсы қойылыўының өзи-ақ, бизиңше, е, о, ө даўыслыларының айрықша фонема (монофтонг) екенинен дәрек береди.

Қарақалпақ тилиндеги дифтонглардың ҳәр бириниң, соның ишинде туйық дифтонглар болған [ый], [ий], [уў], [үў] ҳәм сөздиң ең басында жумсалатуғын ашық дифтонглар болған [йе], [ўо], [ўө] фонологиялық жақтан еки фонеманың дизбегинен туратуғынлығын өзимиздиң кандидатлық диссертациямызда эксперименталь мағлыўматлар тийкарында ҳәр тәреплеме дәлиллеген едик. Сонлықтан қайталамаў мақсетинде биз дифтонглардың ҳәр қайсысының не себептен еки фонеманың дизбегинен туратуғынлығын түсиндирип отырмадық.

Солай етип қарақалпақ тилиндеги дифтонглардың фонологиялық жақтан айрықша бирлик болмайтуғынлығы даўыслылардың фонемалық қурамын анықлаўда қатаң есапқа алынды.

Ҳәзирги қарақалпақ әдебий тилинде тоғыз даўыслы сес айрықша фонема ретинде жумсалады. Олар - а[а], ы[ы], ә[ә], и[и], е[е], о[о], ө[ө], у[у], ү[ү]. Даўыслы фонемалардың түрли фонетикалық жағдайларда жумсалыўы жағынан қарақалпақ тилиндеги сингармонизмге сәйкес қатаң шекленеди. Олар тилдиң тик ҳәм жазық жағдайлары бойынша, еринниң қатнасы бойынша айрықша фонема сыпатында өз-ара қарама-қарсы қойылады.

Түркий тиллерде, соның ишинде қарақалпақ тилинде де, бир буўынлы сөзлерде ҳәм көп буўынлы сөзлердиң биринши буўынларында барлық даўыслы фонемалар шекленбестен жумсалады. Ал көп буўынлы сөзлердиң екинши ҳәм соңғы буўынларында даўыслы фонемалар жумсалыўы бойынша шекленген болады. Даўыслылар сингармонизмине муўапық соңғы буўынларда қандай даўыслының келиўи алдыңғы буўындағы даўыслының сыпатынан ғәрезли болады. Сондай-ақ айырым даўыслылар қарақалпақ тилинде соңғы буўынларда пүткиллей жумсалмаўы да мүмкин. Мәселен, қарақалпақ тилинде [о], [ә], даўыслылар жумсалыўы жағынан әдеўир шекленген. Даўыслы [о] фонемасы бир буўынлы сөзлерден ямаса көп буўынлы сөзлердиң биринши буўынынан басқа жағдайда пүткиллей жумсалмайды. Ал ә фонемасы сийрек жағдайда, онда да тийкарынан араб, парсы тиллеринен аўысқан сөзлерде ушырасады. Биз даўыслылардың жумсалыў жийилигин изертлеў нәтийжесинде усындай жуўмаққа келдик. Даўыслы фонемалардың арасында [о] ҳәм [ә] қосымталарда пүткиллей ушыраспайды. Бул жағдай [ә], [о] сеслериниң қарақалпақ тилинде фонема ретинде соңғы дәўирде қәлиплескенинен дәрек береди.

Түркий тиллерде бир буўынлы сөзлер ямаса көп буўынлы сөзлердиң биринши буўынлары даўыслы фонемалардың жумсалыўы ушын айрықша қолайлы фонетикалық жағдай болып табылады. Бул жағдай даўыслылардың фонемалық қәсийетин анықлаўда есапқа алыныўы тийис.

Қарақалпақ тилинде даўыслы фонемалар үш түрли белгилери бойынша айырылып турады. Тилдиң жазық (горизонталь) жағдайы бойынша тил алды, тил ортасы ҳәм тил арты, тилдиң тик (вертикаль) жағдайы бойынша ашық ҳәм қысық, еринниң қатнасы бойынша еринлик ҳәим езиўлик екенлиги бойынша айырылып турады ҳәм усы белгилери менен өз ара қарама-қарсы қойылады. Даўыслы [е] фонемасы айырым әдебиятларда айтылғанындай ашық ямаса орта көтериңки[1] фонема емес, ал, бизиңше, қарақалпақ тилиндеги [ы], [и], [у], [ү] фонемалары сыяқлы қысық фонемалар қатарына жатады. Бирден-бир тил алды даўыслысы болған езиўлик [е] фонемасы тилдиң жазық жағдайы бойынша тил ортасы езиўлик [и], [ә] фонемаларына да, тил арты езиўлик [ы], [а] фонемаларына да қарама-қарсы қойылады. Бундай тилдиң жазық жағдайы бойынша үш басқышлы фонологиялық жақтан қарама-қарсы қойылыўы фонетикалық (артикуляциялық ҳәм акустикалық) мағлыўматлар менен толық тастыйықланады. Алынған эксперименталь мағлыўматларға сүйене отырып, тилдиң жазық жағдайы бойынша даўыслыларды тил алды, тил ортасы ҳәм тил арты деп бөлиўге болады. Фонологиялық жақтан [е], [и], [ы] сеслери фонема сыпатында бир-биринен тек тилдиң жазық жағдайы бойынша (тил алды, тил ортасы, тил арты) айрылып турады ҳәм усы белгилери бойынша олар қарама-қарсы қойылады. Ал басқа белгилери бойынша олардың ҳәммеси теңдей` тилдиң тик жағдайы бойынша олардың үшеўи де - қысық, еринниң қатнасы бойынша - езиўлик.

Бир буўынлы сөзлерде ҳәм көп буўынлы сөзлердиң биринши буўынларында даўыссыз фонемалардың аралығында барлық даўыслы фонемалар ушырасады ҳәм тилдиң тик жағдайы бойынша дара фонема ретинде өз-ара қарама-қарсы қойылады. Мысалы` тилдиң тик жағдайы бойынша [а]-[ы], [о]-[ы], [ө]-[ү], [ә]-[и] ҳәм [е] даўыслы фонемалары [тас]-[тыс], [тос]-[тус], [төс]-[түс], [кәр]-[кир]-[кер] жубайлас сөзлеринде қарақалпақ тилиндеги тоғыз даўыслы фонема алдындағы ҳәм соңындағы фонемалардан ғәрезсиз ҳалда қарама-қарсы қойылады.

[1] .Убайдуллаев К. №араз алпаз тили бойынша та4ламалы мийнетлер. Н5кис, qouy, uo -б.

Олардағы даўыслылардың орын алмасыўы менен даўыссызлар өзгериске ушырамайды. Сингармонизмге муўапық даўыслылар тилдиң жазық жағдайы еринниң қатнасы бойынша жалғыз өзлери емес, ал қоңсылас даўыссызлары менен бирликте буўын түринде қарама-қарсы қойылады. Мысалы, тилдиң жазық жағдайы бойынша [а]-[ә], [о]-[ө], [у]-[ү], [ы]-[и]-[е] даўыслы фонемалары [тан]-[тән], [тос]-[төс], [тус]-[түс], [тыс]-[тис]-[тес] жубайлас сөзлеринде қатаң түрде буўын қурылысындағы даўыссызлары менен бирликте тутас буўын түринде қарама-қарсы қойылатуғынын ескермеўге болмайды. Усы дәўирге шекемги жумысларда бул сыяқлы жубайлас сөзлерден тек даўыслыларды бөлип алыў, оларды қарама-қарсы қойып келиўимиздиң өзи жасалма болған. Себеби [тыс]-[тис] жубайлас сөзлериндеги [ы] хәм [и] даўыслылары жуўан-жиңишке болып қарама-қарсы қойылыўы менен бирге жуўан буўынлы алдығы сөздеги т, с даўыссызларының жуўан екенин, жиңишке буўынлы соңғы сөздеги сәйкес т', с' даўыссызларының жиңишке екенин, сонлықтан да тек даўыслылар ғана емес, ал қоңсылас даўыссызлар да бирликте қарама-қарсы қойылатуғынын ескермеўге болмайды. Солай етип усы дәўирге шекем буўынның сыпатына қарамастан даўыслыны бөлип алып, тилдиң тик хәм жазық жағдайлары бойынша, еринниң қатнасы бойынша қарама-қарсы қоя отырып, олардың фонемалық қәсийетлерин көрсетип келген болсақ, енди бул усылды қайта қарап шығыўға туўра келеди. Жеке фонема түринде даўыслылар тек тилдиң тик жағдайы бойынша ғана қарама-қарсы қойылады. Мысалы, [сан]-[сән], [тос]-[төс], [тус]-[түс], [тыс]-[тис] жубайлас сөзлеринде даўыслылар жуўан-жиңишкелиги бойынша айрылып турыўы (қарама-қарсы қойылыўы) менен бирге даўыслының алдындағы хәм соңындағы даўыссызлары да [с]-[с'], [н]-[н'], [т]-[т'], [с°]-[с'°], [т]-[т'] түринде айрылып турады. Даўыслылар ортасында [е] фонемасы бирден-бир тил алды фонемасы бола отырып, ол тил ортасы [и] фонемасына да, тил арты [ы] фонемасына да қарама-қарсы қойылады. Мысалы, [тес]-[тис], [тес]-[тыс]. Алдыңғы жубайлас сөзлер тек даўыслылары арқалы айрылып турса, соңғы жубайлас сөзлер даўыслы менен бирге даўыссызлары да жиңишке (т' с'°) жуўан (т, с) түринде айрылып турады. Көринип турғанындай-ақ [а]-[ә], [о]-[ө], [у]-[ү], [ы-и] түринде тил арты даўыслы фонемалары тил ортасы даўыслылары менен жубайласады. Бул көринисти бирден-бир тил алды даўыслысы болып саналатуғын [е] фонемасы бузады. %йткени [е] фонемасының бир өзи тил алды даўыслы фонемасы бола отырып, тил ортасы хәм тил арты даўыслыларынан айрылып турады хәм олар қарама-қарсы қойылады.

Фонологиялық жақтан даўыслылар ашық хәм қысық болып еки топарға бөлинеди. Фонетикалық белгилерине тийкарланып, фонологиялық жақтан [о], [ө] даўыслыларын орта көтериңки деп есаплаўға болмайды. Себеби қарақалпақ тилинде [о], [ө] фонемаларына қарама-қарсы қойылатуғын олардан да ашығырақ болған еринлик фонемалар ушыраспайды. Басқаша айтқанда қарақалпақ тилинде жақтың ашылыў дәрежеси жағынан а хәм ә езиўлик даўыслыларына тең келетуғын олардан да (о, ө ден басқа) ашығырақ еринлик даўыслылар жоқ. Даўыслы [о] хәм [ө] фонемалары қысық [у] хәм [ү] даўыслыларынан өзлериниң ашық екенлиги менен айрылып турады. Демек, [о], [у] хәм [ө], [ү] жубайлас даўыслыларының ашық хәм қысықлық белгилери сөзлердиң мәнисин айырыў ушын, яғный фонологиялық хызмет атқарыў мақсетинде жумсалады. Басқа фонологиялық белгилери бойынша [о], [у] хәм [ө], [ү] бирдей` [о], [у] - жуўан, [ө], [ү] - жиңишке фонемалар. Фонологиялық жақтан [а]-[ы], [ә]-[и] фонемалары ашық хәм қысықлығы жағынан қалай өз-ара қарама-қарсы қойылса, [о], [у] хәм [ө], [ү] фонемалары да дәл солай өз ара қарама-қарсы қойылады.

Еринниң қатнасы бойынша даўыслылар фонетикалық жақтан да фонологиялық жақтан да еринлик хәм езиўлик болып өз ара қарама-қарсы қойылады. (q-кесте).

Даўыслылар фонема сыпатында мәни айырыўшы белгилери арқалы жуўан-жиңишке, ашық-қысық, еринлик-езиўлик болып бир-бирине қарама-қарсы қойылады. Жуўан, яғный тил арты даўыслылары болып саналатуғын [а], [ы], [о], [у] фонемалары жиңишке, яғный тил ортасы [ә], [ө], [ү], [и] фонемаларына қарама-қарсы қойылыўы менен бирге бул фонемалар тил алды [е] фонемасына да қарама-қарсы қойылады. Солай теип тил алды [е] хәм тил ортасы [ә], [и], [ү], [ө] фонемалары бир топарды - жиңишке фонемалар топарын қураған менен олардың тил алды хәм тил ортасы болыўы да мәни айрыўшылық хызмет атқарады.

Мәселен, [ким]-[кем] сөзлериндеги [и] хәм [е] еки түрли фонема болып саналады` е-тил алды, [и]-тил ортасы фонемалары болып, ал басқа фонологиялық белгилери жағынан олар айрылмайды` олардың екеўи де - қысық~ олардың екеўи де - еринлик.

q-кесте

Тилдиң жазық жағдайына қарай	Жиңишке	Жуўан

Тилдиң жазық жағдайына қарай	Езиўлик		Еринлик	Езиўлик	Еринлик
	Тил алды	Тил ортасы			
қысық	Е	И	ү	ы	у
Ашық	-	ә	ө	а	о

Даўыслылардың фонемалық системасы

Фонемалық қурамды анықлаўда көрсетилгениндей-ақ қарақалпақ тилинде даўыслылардың саны тоғыз бирликтен ибарат болып, олардың хәммеси монофтонглар екенин көрдик. Түркий тиллердеги дәстүрий сегиз даўыслығы қосымша соңғы дәўирлерде араб, парсы тиллеринен сөзлердиң келип кириўи менен аўысқан жиңишке, ашық, езиўлик даўыслы [а] менен қарақалпақ тилиниң фонемалық қурамы толықтырылған. Даўыслы фонемалардың хәммеси даўыссызлардың ортасында бир буўынлы сөзлерде хәм көп буўынлы сөзлердиң биринши буўынында (түбир морфемада) ушырасады. Сонлықтан да бул фонетикалық жағдайда барлық даўыслы фонемалардың мәни айырыўшы белгилери толық жүзеге шығады. Аталған фонетикалық жағдайда (түбир морфемада) даўыслы фонемалар ушырасыўы жағынан шекленбегенликтен олар тилдиң тик жағдайы бойынша ашық-қысық болып, айырықша фонема ретинде, тилдиң жазық жағдайы бойынша жуўан-жиңишке болып, еринниң қатнасы бойынша езиўлик-еринлик болып фонема хызметинде тутас буўын қарама-қарсы қойылады. Ал соңғы буўынларда (көмекши морфемада) даўыслылар жумсалыўы жағынан шекленеди.

Даўыслылардың фонологиялық қәсийетин анықлаўда олардың қайсы буўында келиўи, басқаша айтқанда олардың түбир ямаса көмекши морфемада келиўи үлкен әҳмийетке ийе болады. Н.А.Баскаковтың дәлиллеп киятырғанындай-ақ түркий тиллерде сөздиң архитектоникасы оның түбир морфемасының үш сестен (даўыссыз-даўыслы-даўыссыз) қуралған бир буўынлы болыўы менен сыпатланады. Ал буўынның тек даўыслыдан ямаса даўыслы-даўыссыздан, даўыссыз-даўыслыдан турыўы қарақалпақ тилинде түрли фонеткалық жағдайлардың себебинен әдеттеги ҳалынан шетлеўди аңлатады. Сонлықтан болса керек, жоқарыда айтылғанында-ақ, көпшилик түркий тиллериндеги сыяқлы қарақалпақ тилинде де даўыслылардың хәммеси усы аталған фонетикалық жағдайда (даўыссыз-даўыслы-даўыссыз түриндеги биринши буўынды) толық жумсалады хәм олардың барлық фонемалық қәсийетлери жүзеге шығады. Соңғы буўынларда (көмекши морфемада) даўыслылар ушырасыўы жағынан шекленеди хәм соңғы буўынлардағы сеслер биринши буўыннан ғәрезли болады.

Солай етип қарақалпақ тилиниң фонемалық дүзилиси бәринен де бурын сингармонизмге байланыслы болып, түбир морфеманың да, көмекши морфеманың да фонологиялық дүзилисин сингармонизмсиз анықлаў мүмкин болмайды. %йткени буўын қурылысында да, буўынлар аралығында да сингармонизм таңлай үнлеслиги хәм ерин үнлеслиги түринде хәрекетте болады. Буўын қурылысында даўыслы менен даўыссыз, ал буўынлар аралығында тутас буўын менен буўын жуўан, жиңишке хәм еринлик, езиўлик түринде сингармонизмди жүзеге шығарады. Усының тийкарында пүткил қарақалпақ тилиниң фонетикалық-фонологиялық дүзилиси сыпатланады.[1]

[1] Бул 8а33ында сингармонизмге арнал2ан темаларда айырыз3ша с53 етиледи.

Ҳәзирги қарақалпақ тилинде түбир морфема менен көмекши морфемада даўыслы фонемалардың ушырасыўы да (дистрибуциясы) сондай-ақ даўыслылардың мәни айырыўшы белгилериниң жүзеге шығыўы да, улыўма түбир ҳәм көмекши морфемалардың фонологиялық дүзилиси де бирдей емес. Түбир морфемада [aᵊ] [oʳ] даўыслылары ушырасыўы жағынан шекленеди. Түбир морфемада барлық даўыслылар ушырасатуғын болғанлықтан олардың ҳәммеси де мәни айырыўшы белгилери бойынша өз-ара қарама-қарсы қойылады. Ал көмекши морфемаларда айырым даўыслылар ушыраспағанлықтан, солай етип оппозиция (жубайласлық) пайда ете алмағанлықтан оларда жумсалған даўыслылардың айырым мәни айырыўшы белгилери жүзеге шықпайды. Бул түбир морфема менен көмекши морфеманың фонологиялық системасы ортасында айырмашылықты көрсетеди. !детте түбир морфемада даўыслылардың фонологиялық системасы өзиниң толық көринисин табады ҳәм даўыслылардың барлық мәни айырыўшы белгилери жүзеге шығады.

Түбир морфемада фонемалар тилдиң жағдайы бойынша ашық-қысық болып бирден-бир сегментлик бирлик болған дара фонема ретинде қарама-қарсы қойылады. Ал тилдиң жазық жағдайы бойынша жуўан (тил арты) - (жиңишке, тил ортасы ҳәм тил алды) болып, еринниң қатнасы бойынша езиўлик-еринлик болып жеке даўыслы фонема түринде емес, ал қурамындағы даўыссызлары менен қоса тутас буўын түринде қарама-қарсы қойылады. Солай етип фонемалардың үш түрли мәни айырыўшы белгилеринен тек биреўи (ашық-қысықлық белгиси) олардың сегментлик бирлик болатуғынлығын тастыйықлап турады.

q. Тилдиң тик жағдайы бойынша` [а]-[ы], [о]-[у], [о']-[у'], [а']-[и]-[е], Мысалы` [тас]-[тыс], [т°ос°]-[т°ус°], [т'°о'с'°]-[т'°у'с'°], [к'ар']-[к'ир']-[к'е'р'].

w. Тилдиң жазық жағдайы бойынша`[а]-[aᵊ], [о]-[oᵊ], [у]-[уᵊ], [ы]-[и]-[е]. Мысалы` [сан]-[с'а'н'], [т°ос°]-[т'°о'с'°], [т°ус°]-[т'°у'с'°], [тыс]-[т'ис'],[т'ес'].

е. Еринниң қатнасы бойынша` [а]-[о], [а']-[о'], [ы]-[у], [и],[е]- [у']. Мысалы` [тас]-[т°ос°], [сан']-[с'°а'н'°], [тыс]-[т'°ус°],[тыс]-[т'°ус°]-[т'ис']-[тᵊеᵊс]-[т'°у'с'°].

Биринши топардағы жубайлас сөзлердиң жазылыўынан көринип турғанындай-ақ буўынның қурамындағы даўыссызлар өзгерисииз ҳалда тилдиң тик жағдайы бойынша ашық-қысық болып тек даўыслылыадың орын алмасыўы арқалы (а-ы, о-у, о'-у', а'-и ҳәм е) созлердиң мәниси өзгерип тур. Ал екинши ҳәм үшинши топардағы жубайлас сөзлердиң жазылыўынан көринип турғанындай-ақ оларда тек даўыслы фонемалар орын алмасып ғана қоймастан, соның менен бирге алдындағы ҳәм соңындағы даўыссызлары да жуўан-жиңишке, езиўлик-еринлик түринде орын алмасқан. Солай етип олардағы жалғыз даўыслы фонема емес, тутас буўын (сөз) орын алмасады ҳәм тек даўыслылар ғана емес, ал буўын (сөз) пүтини менен жуўан-жиңишке, езиўлик-еинлик болып өз-ара қарама-қарсы қойылады.

Даўыслы фонемаларға тән мәни айырыўшы белгилер болған жуўан-жиңишке, езиўлик-еринлик, ашық-қысық сыяқлы белгилери барлық лингвистикалық бирликлерде (сөз, морфема, фонемаларда) жүзеге шығып, қарама-қарсы қойыла бермейди. Олардың ҳәр қайсысының қарама-қарсы қойылатуғын бектилген (шекленген) бирликлери болады` жуўуан-жиңишке болып тутас сөзлер болып, езиўлик-еринлик болып түбир морфемалар, ашық-қысық болып тек даўыслы фонемалар қарама-қарсы қойылады.

Қурамында буўынның қанша болыўына қарамастан тутас сөз жуўан-жиңишке болып қарама-қарсы қойылады. Мысалы` [қыйды]-[кийди], [түрдү]-[турду], [болду]-[бөлдү],[сан]-[саң], [тарақлар]-[тереклер],[тор]-[төр] ҳәм т.б. Езиўлик-еринлик болып тек түбир морфемалар қарама-қарсы қойылады. Мысалы` [тыс]°-[тус]', [тис]°-[түс], [тас]°-[тос]',[тес]'°-[төс]', [кән]-[көн] ҳәм т.б. Ашық-қысық болып тек даўыслы фонеманың өзлери қарама-қарсы қойылады. Мысалы` [тас]-[тис]', [тос]- '[тус]',[төс]'-[түс], [кәр]-[кир]- [кер].

Транскрипцияда көринип турғанындай-ақ жиңишке буўынлы тутас сөзге тек бир жиңишкеликти аңлатыўшы белгини (') қойыў арқалы тутас сөздиң жиңишке екенлигин, солай етип жуўан буўынлы сөзге қарама-қарсы қойылатуғынлығын билдириўге болады~ еринлик буўынлы түбир морфемаға еринликти аңлатыўшы тек бир белгини (°) қойыў арқалы тутас түбир морфеманың еринлик екенлигин, солай етип езиўлик буўынлы морфемаға қарама-қарсы қойылатуғынлығын билдириўге болады. Ал ашық-қысық болып тек

даўыслылардың алдындағы ҳәм соңындағы даўыссызлар бирдей болғанлықтан қойылатуғын қосымша белгилер де бирдей болып тур.

Түркий тиллерде сингармонизмге муўапық өнимли қосымталардың көпшилиги еки ҳәм оннан да көп вариантларда жумсалады. Мәселен, қарақалпақ тилинде атлықтың көплик жалғаўы [лар], [лер], [ло'р] түринде [балалар], [кисилер], [гүллөр] сыяқлы сөзлерде үш түрли вариантта жумсалады. Усы дәўирге шекем қарақалпақ тил билиминде атлықтың көплик жалғаўы даўыслылар сингармонизмине муўапық жуўан (лар), жиңишке (лер) түринде жумсалады деген пикир менен шекленип, оның екинши буўында жумсалатуғын жиңишке еринлик көринисине итибар берилмеди. Қарақалпақ тилинде атлықтың көплик жалғаўы даўыслылар сингармонизмине муўапық үш вариантта ушырасыў менен бирге даўыссызлар сингармонизмине байланыслы да вариантларына ийе болады.

Фейилдиң өткен мәҳәлин аңлатыўшы көмекши морфема даўыслылар сингармонизмине муўапық төрт вариантта жумсалады` [ды], [ди], [ду], [ду']. Мысалы` [алды], [келди], [күлдү], [бүрдү]. Көринип турғанындай-ақ бир морфеманың өзи төрт түрли вариантына ийе болып, жуўан езиўлик буўыннан кейин жуўан езиўлик сыңары [ды], жиңишке езиўлик буўыннан кейин жиңишке езиўлик буўыннан кейин жуўан жиңишке езиўлик сыңары [ди], [ду], жиңишке еринлик буўыннан кейин жиңишке еринлик сыңары [дү] жалғанып тур.

Жоқарыда айтқанымыздай көмекши морфемалар тек даўыслылар сингармонизмине байланыслы өзлериниң вариантларына ийе болып қоймастан, соның менен бирге даўыссызлар сингармонизмине байланыслы олардың вариантлары тағы да көбейеди. Мәселен, фейилдиң өткен мәҳәли даўыслылар сингармонизмине байланыслы [ды], [ди], [ду], [ди] түринде төрт түрли вариантына ийе болса, ал даўыссызлар сингармонизмине байланыслы оларға [ты], [ти], [ту], [тү] вариантлары қосылады. Басқаша айтқанда, даўыслылар сингармонизмине байланыслы бир қосымтаның өзи ды/ты, ди/ти, ду/ту, дү/тү түриндеги төрт жуп вариантына ийе болады` ды/ты жуўан езиўлик, ди/ти жиңишке езиўлик, ду/ту - жуўан еринлик, дү/тү - жиңишке еринлик. Ал даўыссызлар сингармонизмине байланыслы ды/ти/ду/дү/ты/ти/ту/тү түриндеги үнли ҳәм үнсиз даўыссызлардан басланатуғын еки вариантына ийе болады. Тағы да бир мысал` егер даўыслылар сингармонизмине байланыслы ийелик сеплиги қурамында [ы], [и], [у], [ү] даўыслылары жумсалатуғын төрт түрли вариантына ийе болатуғын болса, ал даўыссызлар сингармонизмине байланыслы ол қосымтаның вариантлары тағы да үш есеге көбейеди. Даўыслылар сингармонизмине байланыслы пайда болатуғын қурамында [ы], [и], [у], [у'] даўыслылары бар төрт варианттың ҳәр бири даўыссызлар сингармонизмине байланыслы үнсиз [т], үнли [д], сонор [н] даўыссызларынан басланатуғын тағы да үш вариантта жумсалады. Солай етип бир ийелик сеплигиниң жалғаўы даўыслылар ҳәм даўыссызлар сингармонизмине байланыслы он еки вариантта жумсалады` [тың], [тиң], [туң], [туң], [түң], [дың], [диң], [дуң], [дүң],[ның], [ниң], [нуң], [нүң].

Сингармонизмге муўапық бундай көп вариантлы қосымталардың қурамындағы даўыслылар да, даўыссызлар да орын алмасқан менен түбирдеги сыяқлы сөзлердиң мәнисин өзгертпейди.

Жоқарыда келтирилген ийелик сеплигиниң жалғаўындағы [ы], [и], [у], [ү] ҳәм даўыссыз [т], [д], [н] атлықтың көплик жалғаўындағы даўыслы [а], [е], [о'] ҳәм даўыссыз [л], [д], [т] сеслери сол қосымталардың вариантын дөретиўге қатнасады. Мәселен, [лар], [лер], [лөр] көплик жалғаўының саны үшеў болғаны менен олар тек бир грамматикалық мәнисти - көплик мәнисин аңлатады~ сондай-ақ [дың], [диң], [тың], [тиң], [ның], [ниң], [нуң], [дуң], [туң], [нүң], [дүң], [түң] ийелик сеплиги жалғаўының саны он еки болғаны менен бул да тек бир грамматикалық мәнисти - ийелик сеплиги мәнисин билдиреди. Солай етип олардың қурамындағы сеслердиң алмасыўы менен мәни өзгерип кетпейди. Мине, бул сингармониялық тиллердиң баслы өзгешелиги болып табылады. Түбирде ҳәм қосымтада, бир буўынлы сөзлерде ҳәм көп буўынлы сөзлердиң соңғы буўынларында сеслердиң фонемалық қәсийетлери менен хызмети бирдей емес. Көмекши морфеманың вариантын дөретиўге қатнасыўшы фонема өзиниң алдындағы ҳәм соңындағы басқа қоңсылас фонемалар менен

ажыралмас бирликте ҳәм байланыста түбир морфеманың сеслик дүзилисине сәйкеслесе отырып орын алмасады. Мәселен, көплик жалғаўының вариантларын дөретиўге қатнасатуғын фонемалар даўыслы [а], [е], [ө] десек, олар алдындағы ҳәм соңындағы [л] ҳәм [р] даўыссызлары жиңишке [е] даўыслысы менен келгенде тек жиңишке [е] даўыслысы менен келгенде тек жиңишке [л] ҳәм [р'] даўыссызлары, жиңишке еринлик [ө] даўыслысы менен келгенде тек жиңишке, еринлик [лº], [рº] даўыссызлары ғана келеди. Солай етип көмекши морфемада даўыслы сес өзиниң фонемалық хызмети болған мәни айрыўшылық қәсийетин жоғалтқандай көринеди. Шынында ол жерде ҳәр түрли даўыслылар болған [а], [е], [ө] фонемаларының алмасыўы деп түсинилиўи керек. Ал [басла]-[баслы], [исле]-[исли] жубайлас сөзлериндеги көмекши морфемалар бир-биринен тек даўыслылар арқалы айрылып тур. Ол сөзлердиң көмекши морфемаларындағы [а], [е] ҳәм т.б. даўыслыларының айрықша фонема екенине гүман жоқ. Солай етип көмекши морфемада даўыслы [а], [е] ҳәм басқа да даўыслылар өзлериниң фонемалық хызмети болған мәни айырыўшылық қәсийетин толық сақлап тур. Сонлықтан да көмекши морфеманың көп вариантлы болыўын сингармониялық тиллердиң өзиншелик өзгешелиги дей отырып, олардың қурылысындағы сеслик өзгерислерди, атап айтқанда, көмекши морфеманың басындағы даўыссыздың, сондай-ақ ондағы даўыслылардың алмасыўы қарақалпақ тилиниң қәлиплескен дәстүрли сеслер алмасыўы[1] деп қараўымыз керек. Солай етип даўыслы сеслердиң екинши ҳәм оннан кейинги буўынлардағы, даўыссызлардың көмекши морфеманың басындағы көп вариантлылығы қарақалпақ тилиниң дәстүрли сеслик алмасыўының көриниси болып табылады.

Қарақалпақ тилиндеги көмекши морфемалардың қурамындағы даўыслы фонемалар да, даўыссыз фонемалар да өз ара орын алмасыўына даўыслылар сингармонизмине муўапық атлықтың көплик жалғаўларының үш вариантта келиўи, яғный олардағы [а], [е], [ө] даўыслыларын алдындағы ҳәм кейиндеги [л], [р] даўыссыз сеслериниң түрин өзгерте отырып жумсалыўы мысал бола алады. Сондай-ақ тартым жалғаўының төрт вариантта келиўин де мысал ретинде көрсетиў мүмкин` [тысы], [тиси], [тусу], [ту'су'] сөзлеринде [ы], [и], [у], [ү] даўыслыларының алмасыўы сингармонизмге сәйкес келеди. Келтирилген мысаллардан көринип турғанындай-ақ көмекши морфемаларда [а], [е], [ө], [ы], [и], [у], [ү] даўыслылары ушырасады. Ал [ә], [ө] даўыслылары ушыраспайды. Себеби ол фонемалар көмекши морфемаларда жумсалыўы жағынан шекленген~

б) Көмекши морфемада даўыссыз фонемалардың өз-ара орын алмасыўына мысал ретинде даўыссызлар сингармонизмине муўапық ийелик сеплигиниң басындағы [т], [д], [н] фонемаларының алмасыўын көрсетиўге болады. Ол даўыссызлар [аттың], [талдың], [баланың] түриндеги сөзлерде өзлери жалғанатуғын түбирдиң ақырындағы сеслерге байланыслы алмасады. Басқа мысал` [р], [м], [д] даўыссызлары болымсыз фейил қосымтасының басында [айтпа], [алма], [жазба] түриндеги сөзлерде алмасады. Сондай-ақ [к/к] ҳәм [ғ/г] даўыссызлары да барыс сеплигиниң басында [атқа], [қарға], [бетке], [жерге] түриндеги сөзлерде алмасады. Оны былай көрсетиўге болады` қ-к ямаса ғ-г.

Биз жоқарыда көмекши морфемаларда даўыслы ҳәм даўыссызлардың алмасыў қубылысын сөз еткен болсақ, соның менен бирге түбир морфеманың қурылысында да сеслердиң алмасатуғынлығын көрсетиўге болады. Даўыссызлар сингармонизмине сәйкес түбир морфеманың ақырындағы сеслер алмасады. Мысалы` [китап], [китабы], [тарақ]-[тараг'ы], [жик]-[жиги]. Сондай-ақ сеслик нызамлардан бийғәрез ҳалда түбирдиң ақырындағы сеслердиң алмасыўы ушырасады. Мысалы` [қап], [қаў], [жап], [таў]~ [сеп], [сеў] ҳәм т.б. Ол жубайлас сөзлердиң мәнилери бирдей болып, екеўи де тилде теңдей жумсалады.

4 - лекция

Дифтонглар.

[1] Сеслердиц алмасы7ы к5плеген тиллерде ушырасады 81м оны лингвистикада алтернация ямаса дивергенция деген терминлер менен де атайды.

Айырым даўыслылар қандай фонетикалық жағдайда келиўине қарамастан артикуляциялық жақтан еки сестен қуралыўы мүмкин. Бир даўыслыдан басланып, екинши даўыслыға питкен қурамалы сеслер бир буўынның қурамында келиўинен ҳақыйқат дифтонг жасалады. Қарақалпақ тилинде бундай дифтонглар ушыраспайды. Қарақалпақ тилинде тек жалған дифтонглар болып, олардың ҳәр бири еки фонемадан қуралады. Ярым даўыслылар болған ў, й сонорлары даўыслы фонемалардың алдында ҳәм соңында дизбеклесип келип, ашық ҳәм туйық фонетикалық дифтонгларды пайда етеди. Й ҳәм ў сеслери шынында да даўыссыз фонемалар болып, артикуляциялық жақтан даўыслыларға оғада жақын болғанлықтан олар ярым даўыслылар деп те айтылады. Бундай буўын қурай алмайтуғын бөлекке ийе болған дифтонглар жалған дифтонглар делинеди. Буўын қурай алмайтуғын й, ў бөлеклериниң дифтонгтың алдында я соңында турыўына қарай олар ашық ҳәм туйық дифтонглар болып екиге бөлинеди. Ашық дифтонглар` йе, йа, йә, йо, йө, йү, йу, йи, йы, ўо, ўө, ўа, ўә, ўү. Мысалы, йек, йақ, йош, йаки, кийик, тайын, түйе, сыйыр, ўоз, ўөз, ўәж, аўыр. Туйық дифтонглар` ый, ий, ай, әй, ей, ой, өй, уй, үй, үў, уў, аў, еў. Мысалы, тый, тий, ай, әй, гейде, той, сөйт, үй, уйқы, гүў, жеў ҳәм т.б. Келтирилген бул мысаллардағы түйе, сыйыр, уйқы, гүў сөзлериндеги езиўлик ы, и, е даўыслылары сингармонизмге муўапық сәйкес еринлик даўыслылар болған у, ү, ө сеслерине айланып, ол сөзлер түйө, үйү, уйу, тәўүр, аўур, уйқу түринде айтылады. Сондай-ақ жоқарыда келтирилген мысаллардағы йек, йеки, ўоз, ўөз, сөзлери имла қәделери тийкарында ек, еки, оз, өз түринде жазылады. Бул сөзлердеги е, ө ҳәриплери йе, ўо, ўө дифтонгларын аңлатыў ушын жумсалған.

Дифтонглардың көпшилигиниң еки фонемадан туратуғынына ҳеш қандай гүман жоқ. Сонлықтан олардың бәрине таллаў жасаў зәрүр емес. Дифтонглардың ишинде ый, ий, уў, үў туйық дифтонгларының ҳәм йе, ўо, ўө ашық дифтонгларының ҳәр қайсысы еки фонемадан тура ма ямаса олар еки сестен қуралған бир фонема ма? Бул мәселени шешиў қарақалпақ тилинде қыйын ҳәм таласлы мәселе болып табылады. Сонлықтан буларға өз алдына тоқтап өтиў зәрүр.

Айырым туйық дифтонглардың фонемалық қурамы

Ҳәзирги қарақалпақ тилинде ый, ий, уў, үў дифтонгларының ҳәр қайсысы еки фонеманың дизбеги деп саналады ҳәм олар ҳәзирги имлада есапқа алынған. Бул теориялық ҳәм әмелий жақтан оғада дурыс шешим болып табылады. Дифтонглар ушырасатуғын сөзлер жуў, буў, суў, кий, қый, сый ҳәм т.б. түринде жазылып, дифтонглардың қурылысындағы сеслердиң ҳәр қайсысы өзлериниң шәртли таңбалары менен белгиленеди.

Аталған дифтонглардың ҳәр қайсысы бир пүтин фонема емес, ал олардың ҳәр бири еки фонеманың дизбегинен туратуғынлығын толық дәлиллейтуғын мағлыўматлар келтиремиз.

Биринширден, бул дифтонглардың жуўан-жиңишкелиги, анығырақ айтқанда, олардың даўыслы сыңарының жуўан ямаса жиңишкелиги сөзлердиң мәнисин айырып турады. Мысалы` жый-жий, тый-тий, туў-түў ҳәм т.б. Бул жубайлас сөзлердеги даўыслылардың орын алмасыўы менен сөзлердиң мәниси өзгерип тур. Сондай-ақ дифтонглардың екинши (даўыссыз) сыңарының басқа даўыссыз бенен орын алмасыўы арқалы да сөздиң мәниси өзгерип, жаңа сөз пайда болады. Мысалы` жый-жыл, жый-жик, тый-тын, туў-тур ҳәм т.б. Фонология илиминде улыўма қабыл етилген қәделер бойынша дифтонглар бир пүтин фонема болып саналыўы ушын бундай болмаўы керек. Солай етип, бул дифтонглардың сыңарлары биригип, ажыралмас бир пүтин фонема бола алмай, алдындағы даўыслылары ы, и, у, ү ҳәм соңындағы й, ў даўыссызлары өз алдына дара-дара фонемалар болып саналады.

Екиншиден, ый, ий, уў, үў дифтонгларының сыңарлары арасынан буўынның шегарасы өтеди. Мәселен, бул дифтонгларға тамамланған сөздиң соңын даўыслыдан басланған қосымта қосылса, соңғы сыңары (й, ў) келеси буўынның қурамына өтеди. %йткени қарақалпақ тилинде екинши ҳәм оннан кейинги буўынлар даўыслыдан басланбайды. Мысалы` кий-ки+йим, тый-ты+йым, суў-су+ўым ҳәм т.б. Түбирге тийисли болыўына қарамастан й, ў келеси буўынға өтип тур.

:шиншиден, сөз болып отырған дифтонглардың созымлылығы монофтонглар болған ы, и, у, ү даўыссызларына қарағанда шама менен еки есе созымлырақ. Сондай-ақ ый, ий, уў, үў дифтонгларының созымлылығы еки фонемадан туратуғынына гүман жоқ деп саналатуғын им, ил, ул ҳәм т.б. сыяқлы сеслер дизбегиниң созымлылығы менен орташа алғанда теңдей келеди. Бул мағлыўматқа тийкарлана отырып көрсетилген дифтонгларды созымлылығы бойынша еки фонеманың дизбегинен турады деў керек. %йткени }егер де созымлылығы жағынан сол тилдеги басқа фонемалардың созымлылығынан асып кетпесе ғана сеслер топарын бир фонеманың жумсалыўы деп есаплаў керек}. Ал қарақалпақ тилинде болса, дифтонглардың созымлылығы да дара фонемалардан еки есе созымлырақ ҳәм еки фонеманың созымлылығының қосындысы менен бара-бар келеди. Бундай жуўмақ шығарыў ушын тый, тий, туў сыяқлы ҳәм сым, тил, тул сыяқлы сөзлер осциллографта жазылып, алынған осциллограммадан сөзлердиң соңғы (ый, ий, уў ҳәм ым, ил, ул) сеслер дизбеги миллисекунд пенен өлшенип, олар салыстырылды.

Төртиншиден, көпшилик түркий тиллерде сондай-ақ қарақалпақ тилинде де, сөздиң ақыры даўыслыға питсе, оған қосымтаның даўыссыздан басланған варианты, ал сөз даўыссызға тамамланса, оған қосымтаның даўыслыдан басланған варианты қосылатуғын жағдайлар көплеп ушырасады. Мысалы, атам, иним, бөлем, дизим ҳәм атым, тилим, күним, қолым сөзлерин салыстырыңыз~ ый, ий, уў, үў дифтонгларына тамамланған сөзлерге басқа да ақыры даўыссыз фонемаларға тамамланған сөзлердегидей қосымтаның даўыслыдан басланған сыңары қосылады. Мысалы, сыйым, тыйым, кийим, суўым, журуўым ҳәм т.б. Бул мысаллар аталған дифтонглардың бир пүтин фонемалар емес, ал соңғы сыңарларының даўыссыз фонемалар екенин көрсетеди.

Жоқарыда көрсетилген семантикалық, морфологиялық ҳәм фонетикалық мағлыўматлардың ҳәммеси ый, ий, уў, үў дифтонгларының фонетикалық дифтонглар болатуғынлығын, ал олардың ҳәр бириниң фонологиялық жақтан сөзсиз еки фонеманың дизбегинен қуралатуғынлығын толық дәлиллейди.

Айырым ашық дифтонглардың фонемалық қурамы

Қарақалпақ тилиниң сеслик дүзилисин изертлеўге арналған мийнетлерде авторлар түпкиликли сөзлердиң басында жумсалғанда даўыслы е, о, ө фонемалары мудамы дифтонг түринде айтылады, яғный е фонемасы бул жағдайда й сеси менен, о ҳәм ө фонемалары ў сеси менен дизбеклесип келеди деп көрсетеди. Ҳақыйқатында да, фонетикалық көз-қарастан, яғный артикуляциялық жақтан сөздиң басында е, о, ө ҳәриплери менен жазылып жүрген даўыслылар шынында йе, ўо, ўө дифтонглары болып олардың ҳәр бири еки сестиң дизбеги түринде айтылады. Сөздиң ортасында ҳәм ақырында нийет, жийек, бийе, тийе усаған сөзлерде де йе айтылады ҳәм усылай жазылады. Сөздиң ортасында ўө болып айтылғаны менен жазыўда ўе болып жазылады. Мысалы` сүўөн, жүўөн-айтылыўы~ сүўен, жүўен-жазылыўы. Ал ўо сөздиң тек биринши буўынында ғана гезлесип, ол бир ҳәрип пенен - о менен белгиленеди. Соңғы буўынларда о фонемасы тек орыс тилинен кирген сөзлерде ушырасады.

Сөздиң басында йе, ўо, ўө дифтонгларын эксперименталь методлар менен изертлеп қарағанда, олардың ҳәр бири й ҳәм е, ў ҳәм о, ў ҳәм ө сыяқлы толық еки сестиң дизбегинен туратуғынлығы анықланды.

Биринши́ден, аудиториялық тәжирийбе нәтийжесинде сөздиң ортасында жумсалатуғын, еки фонемадан турған йе ҳәм ўо дизбеклери тыңлаўшылар тәрепинен сөздиң басында жумсалатуғын йе, ўе дифтонглары сыяқлы болып қабыл етиледи. Бул тәжирийбе былай исленди` магнитафон лентасына нийет, жийен, сүўөн сыяқлы сөзлерден арнаўлы аппарат (сепаратор) арқалы екинши буўынлары (йет, йек, ўөн) бөлинип алынып, тағы да магнитафонға жазылады. Соңғы жазып алынған буўынлар тыңлаўшылар тәрепинен қарақалпақ тилиндеги қәдимги мәни билдиретуғын ет, ек, өн сөзлери түринде қабыл етиледи.

Екиншиден, ўо ҳәм ўө дифтонгларынан басланған сөзлерди айтыў ўақтында еринлерди киноға түсирип, кино сүўретлерге серлеп қарағанда, дәслеп еринлер бир-бирине жақынласып, ў сесин айтқандағыдай формаға енип, оннан кейин о ҳәм ө сеслерине тән болған қәлпине келеди. Солай етип, дәслеп ў анық айтылады да кейин о ҳөм ө даўам етиледи.

:шиншиден, осциллограф аппаратында түсирилген сүўретлердеги сызықларға қарап, сөздиң басындағы йе, ўо, ўө дифтонгларының ҳәр бир толық еки сестен туратуғынлығын көриўге болады. Осциллограмма материалларына тийкарланып, бул дифтонглардың созымлылығы еки фонемадан туратуғынына гуман туўмайтуғын ле, ме, ло, мо, лө, мө ҳәм т.б. сыяқлы сеслер дизбеклериниң созымлылығы менен теңдей екени, йе, ўо, ўө дифтонгларының созымлылығы сәйкес е, о, ө монофтонгларының созымлылығынан еки есе узынырақ екени байқалады. Бул дифтонглардың созымлылығының сөздиң басындағы йа, ўа ҳәм ўә дифтонгларының созымлылығы менен барабар келетуғынлығы йек-йар, йеки-йәке, ўоз-ўаз, ўөкин-ўәкил сыяқлы сөзлердеги дәслепки еки сестиң созымлылығын салыстырыў арқалы анықланды.

Төртиншиден, спектограмма материалларына қарағанда да дифтонглардан сонор ҳәм даўыслы сеслерди аңғарыўға болады. Спектограммада йе, ўо, ўө дифтонгларының даўыслы сыңарлары анық формантларына ийе болса, алдыңғы сыңарының форманты анық емес, еки сыңардың тийкарғы тонлары бир-бири менен тутасып турады.

Жоқарыда көрсетилген эксперименталь материаллар, сондай-ақ сөйлеў ағзаларымыздың ҳәрекетин бақлаў арқалы сөздиң басындағы йе, ўо, ўө дифтонгларының ҳәр бири толық еки сестен й ҳәм е, ў ҳәм о, ў ҳәм ө сеслеринен туратуғынлығын көриўге болады. Бирақ та оларды еки фонема деп таныў ушын жоқарыдағы фонетикалық мағлыўматлар еле де жеткиликсиз. Бул мәселени дурыс шешиў ушын тилдиң фонемалық системасын терең таллап көриў керек. Тилдиң фонемалық системасын тийкарланыў керек екенлиги проф. Л.Р.Зиндер тәрепинен былай ескертиледи` }... дифтонг дара-дара еки фонеманың дизбегинен қурала ма ямаса фонетикалық жақтан қоспалы болған бир фонема ма? Бул сораўға сол тилдиң тутас фонемалық системасын изертлеў арқалы ғана анық жуўап бериў мүмкин}. Жоқарыдағы фонетикалық (ариткуляциялық) фактлер менен бирликте қарақалпақ тилиниң сеслик системасына фонемалық таллаў жасағанымызда да барлық дифтонглардың еки фонеманың дизбегинен туратуғынлығын анықлаўға болады.

Гейпара түркий тиллерде сөздиң басында жасалатуғын йе дифтонгының еки фонемадан туратуғынлығын дәлиллеў қыйын емес. Мәселен, өзбек әдебий тилинде е монофтонги ҳәм йе дифтонгы сөздиң басында жумсалады. Солай етип сөздиң басында йе ҳәм е өз-ара қарама-қарсы қойылады. Мысалы` йер-ер. Бул сыяқлы қубылыс орыс тилинде де байқалады. Орыс тилинде сөздиң басында е монофтонги жумсалып, ол э ҳәриби менен белгиленеди. Мысалы` ел, есть, поел, съел, в семье. Солай етип сөздиң басында йе монофтонги менен бир қатарда е монофтонги де жумсалады. !дебий тилде бирдей фонетикалық жағдайда (мыс` сөздиң басында) бир фонеманың еки түрли реңки жумсалмайды, ал бир қыйлы реңки жумсалады. Орыс тилинде е ҳәм э өз алдына басқа-басқа фонемалар деп саналмайды. Ал олар бир фонеманың (е фонемасының) реңклери деп есапланады. Сонлықтан э ҳәм е түринде ҳәр қыйлы болып жазылыўына қарап, оларды ҳәр түрли фонемалар деп есаплаўға болмайды.

Солай етип, сөздиң басында дифтонг емес, }таза} е даўыслы фонемасы ушырасатуғын тиллерде (мыс` өзбек ҳәм орыс) усындай фонетикалық жағдайда (сөздиң басында) жумсалған йе дифтонгиниң еки фонемадан туратуғынлығын дәлиллеў қыйын емес.

Қарақалпақ тилинде фонетикалық жағдайға байланыслы, яғный сөздиң басында келиўине байланыслы е даўыслысы мудамы у сеси менен, ал о ҳәм ө даўыслылары мудамы у сеси менен айтылғанлықтан йе сөздиң басында жумсалатуғын е даўыслы фонемасының реңки, ал ўо, ўө сәйкес о ҳәм ө фонемаларының сөз басында жумсалатуғын реңклери деп түсинилип келинди. %йткени фонеманың анаў, я мынаў реңки тек белгили бир фонетикалық жағдайда ғана ушырасады, ал басқа фонетикалық жағдайда сол фонеманың басқа реңки жумсалады деген көз-қарас тийкарында йе, ўо, ўө дифтонглары еки фонеманың дизбеги

емес, ал сәйкес е, о, ө фонемаларының сөздиң басында жумсалатуғын позициялық реңклери деп есапланылды. Бирақ бундай шешимге жоқарыда келтирилген фонетикалық фактлер менен бирге төмендеги фонологиялық фактлер де қарсы келеди.

Биринши диен, қарақалпақ тилинде й ҳәм ў сеслери айрықша фонема сыпатында қолланылады. Олар сөздиң басында а, ә даўыслыларының алдында фонема хызметинде жумсалады. Йҳәм ў сонорларының өз алдына дара фонема екенин дәлиллеў қыйын емес. Бул сонорлар басқа даўыссызларға төмендегише қарама-қарсы қойылады`

а) сөздиң басында йар-тар-ар, йәки-пәки, ўаз-баз-аз, ўәкил-шәкирт т.б. Даўыслы а фонемасының алдындағы сестиң түсип қалыўы менен жаңа сөзлер (ар, аз) пайда болады. Ал а фонемасының алдындағы й,ў сеслериниң түсирилиўи менен жаңа сөз пайда болмайды. %йткени қарақалпақ тилинде әки, әкил деген сөзлер жоқ. Олар тек мәни билдирмейтуғын сеслер дизбеги. Сол сыяқлы йер-тер, пор-тор, ўөр-төр т.б. дегенде биринши сеслериниң орын алмасыўы арқалы бул жубайлас сөзлерди бир-биринен ажыратамыз. Даўыслы е фонемасының алдындағы й сесиниң, о ҳәм ө фонемасының алдындағы ў сесиниң түсирилиўи менен тазадан сөз жасалмайды. Жоқарыдағыдай әкил ҳәм әки тилде сөзлер сыпатында жумсалмағаны сыяқлы түпкиликли сөзлерде алдындағы й ҳәм ў сыңарларысыз е, о,ө фонемалары жумсалмайды, яғный ер, ор, өр болып айтылмайды, ал мудамы йер, ўор, ўор түринде айтылады~

б) сөздиң ортасында - таяқ - тарақ, куўат - курат, сүўен-сүрен ҳәм т.б. Бул мысаллардан көрингениндей й ҳәм ў сеслериниң орнына басқа даўыссыз сеслер жумсалыў менен сөздиң мәниси өзгерип басқа сөз жасалып тур.

Сонор й ҳәм даўыслы е сеслериниң аралығынан морфологиялық шегара өтеди, яғный е морфема хызметин атқарады. Мысалы` тийе, кийе сыяқлы сөзлерде йе дифтонгының соңғы сыңары болған е даўыслысы ҳал фейилдиң суффикси болып, ол морфема хызметин атқарып тур. Солай етип, й ҳәм ў сонорлары өз алдына дара фонема болып, олар сөздиң ортасында, ақырында ҳәм басында да жумсалады. Сөздиң басында е, о, ө даўыслылары айрықша қәсийетке ийе болады, яғный олар жоқарыда айтылғанынлай-ақ түпкиликли сөзлерде тек даўыссызлардан соң ғана, соның ишинде й, ў даўыссызларынан да соң жумсалады.

Сөздиң басында тек йе, ўо, ўө дифтонглары ғана емес, соның менен бирге еки фонемадан туратуғынына гүмансыз болған йа, йә, ўа, ўә сыяқлы дифтонглардың да жумсалатуғынлығы жоқарыдағы мысаллар менен көрсетилди. Йа, йә, ўа, ўә дифтонгларының ҳәр бири сөздиң басында еки фонеманың дизбеги сыпатында жумсалатуғын болғанлықтан, тап сондай фонетикалық жағдайда (сөздиң басында) келген йе, ўо, ўө дифтонгларын да еки фонеманың дизбегинен қуралған деп есаплаўға тийислимиз. Себеби, {...белгили бир тилдиң қәделери бойынша айырым фонемалар топары дәл сондай фонетикалық жағдайда ушыраспайтуғын болса ғана ондай сеслер топары бир фонема деп есапланыўы керек}[1]. Қарақалпақ тилинде болса, йа, йә, ўа, ўә сыяқлы сеслер дизбеги (дифтонглары) сөздиң басында ушырасады ҳәм олардың ҳәр бири еки фонема деп есапланады. Сонлықтан аналогия бойынша сөздиң басында жумсалатуғын йе, ўо, ўө дифтонглары да еки фонемадан туратуғын сөзлердиң дизбеги деп саналыўы керек.

Екиншиден, қарақалпақ тилинде орыс тилинен ҳәм орыс тили арқалы басқа тиллерден кирген сөзлердиң басында дифтонг емес, {таза} е, о фонемалары (монофтонглар) жумсалады. Мысалы` электр, энергия, экскурсия, есер, эстон, опера, област, орден, ордер, очерк, ода т.б. Қарақалпақ тилинде е фонемасының йе реңки сөздиң басында, е реңки сөздиң ортасында ҳәм ақырында жумсалады` солай етип йе ҳәм е бир фонеманың (е фонемасының) реңки болады деп есапланып келген болса, орыс тилинен электр, область т.б. сыяқлы сөзлердиң келип кириўи менен бул түсиник өзгереди. Қарақалпақ әдебий тилинде ол сөзлер

[1] Н.С.Трубецкой. Основы фонологий. М.,qoyo.yy-б.

йелектр, ўобласт түринде айтылмайды. Енди сөздиң басында йе, ўө дифтонглары менен бирликте е, о монофтонглары да жумсалады. Демек, е ҳәм о фонемаларының дифтонг болып айтылыўының себеби фонетикалық жағдайға (сөздиң басында келиўине) байланыслы деп есаплаўға болмай қалады. Солай етип, е, о фонемалары сөздиң басында йе, ўо дифтонгларына қарама-қарсы қойылады. Мысалы` имла қәделери тийкарында электр-елек, есер-есер, естон-естен, опера-опира, орден-ордин, ордер-ордир т.б. болып жазылатуғын бул сөзлер фонемалық жақтан електр-йелек, есер-йесер, естон-йестен, опера-ўопира, орден-ўордиң, ордер-ўордир болады ҳәм бул жубайлас сөзлерде е-йе, о-ўо өз-ара қарама-қарсы қойылады. Сөздиң басында жумсалатуғын йе, ўо дифтонглары бир пүтин фонемалар (монофонема) деп саналып келген болса, енди орыс тилинен кирген сөзлердиң себебинен оларды (йе,ўо) еки фонема (бифонема) деп есаплаўға тийкар пайда болады.

Тилдиң фонемалық қурылысын анықлаўда, улыўма тилдиң фонемалық системасына анализ жасағанымызда сол тилдиң сөзлик қурамына киретуғын барлық сөзлер, соның ишинде сырттан кирген сөзлер де есапқа алыныў керек` {Шеттен кирген сөзлерди қабыл етиўши, тилде сәйкес фонемалық қарама-қарсы қойыўға тийкар болса, айтылыў өзгешелигине ийе болған шеттен кирген сеслик қубылыслар айрықша роль ойнайды}.

Жоқарыда келтирилген тиллик фактлерге тийкарлана отырып, сөздиң басында жумсалатуғын йе дифтонги й ҳәм е фонемаларының, ўо, ўө дифтонглары ў ҳәм о, ў ҳәм ө фонемаларының дизбегинен турады деген жуўмаққа келемиз.

5 - лекция

Даўыслылардың артикуляциялық ҳәм акустикалық сыпатламасы.

%кпеден шыққан ҳаўа ағымы даўыс шымылдығында даўысты пайда ете отырып, жаңғырық хызметин атқаратуғын жутқыншақ, аўыз ҳәм мурын бослықларында белгили бир даўыслы сести айтыўға зәрүрли болған сеслик түрге енетуғынлығы белгили. Қайсы бослықлардың жаңғырық хызметин атқарыўға қатнасыўы даўыслының сыпатына байланыслы болады. Қарақалпақ тилинде мурынлық ҳәм көмекей даўыслылар ушыраспағанлықтан даўыслылардың жасалыўында тек аўыз бослығы ғана жаңғырық хызметин атқара отырып, олардың сеслик өзгешелигин тәмийинлейди.

Аўыз бослығын түрли формаға ҳәм көлемге ендиретуғын ҳәрекетшең ағзалар тил, еринлер ҳәм жумсақ таңлай менен қоса кишкене тил болып табылады. Қарақалпақ тилинде мурынлық даўыслылар ушыраспағанлықтан барлық даўыслы сеслерди айтқанда жумсақ таңлай көтериңки ҳалда болып, мурын жолын жаўып турады. Ал тил менен еринлер аўыз бослығының көлемин өзгертиўге тиккелей қатнасады.

Сонлықтан жаңғырық хызметин атқарыўшы аўыз бослығының формасы ҳәм көлеми ҳәрекетшең сөйлеў ағзалары болған тил, еринлер ҳәм жумсақ таңлайдың жағдайына байланыслы екени тәбийғый қубылыс. !сиресе, ҳәр түрли бағытта ҳәрекет етип, түрли формаға ене алатуғын, соның нәтийжесинде аўыз бослығының көлемин ҳәр түрге ендиретуғын ең ҳәрекетшең сөйлеў ағзасы тил болып саналады. Сонлықтан даўыслы фонемаларға ең алды менен тилдиң жағдайына қарай фонетикалық сыпатлама бериледи. Бунда тилдиң жазық ҳәм тик жағдайлары айрықша әҳмийетке ийе болады. Тилдиң алға ямаса артқа жылжыўы менен, яғный тилдиң жазық жағдайы менен даўыслылардың артикуляциясы тиккелей байланыслы. Тилдиң ортаңғы бөлими таңлайдың ортасына ямаса алдыңғы бөлимине (қатты таңлайға) қарай көтерилип, тилдиң түби жутқыншақтың дийўалынан алысласа, тилдиң ушы алға жылжыйды ҳәм алдыңғы тислерге тиреледи. Керисинше, тилдиң артқы бөлими жумсақ таңлайға қарай көтерилип, тилдиң түби жутқыншақтың дийўалына қарай жақынласа, соған сәйкес тил ушының кейин бәсиўи тәбийий жағдай. Тилдиң түби менен жутқыншақтың дийўалы ортасындағы аралық даўыслы сеслердиң тил алды ямаса тил арты екенлигине байланыслы болады. Тил алды даўыслыларының жасалыўында тилдиң толық тулғасы алға жылжыйды ҳәм тилдиң түби менен жутқыншақ дийўалының ортасында аралық кеңейеди. Керисинше тил арты даўыслы сеслерин айтқанда бул аралық тарылады. Солай етип, даўыслыларды айтқанда тилдиң тутас тулғасы` ушы, түби, ортасы тәбийий түрде үйлесип турады. %йткени анатомиялық жақтан тил бөлинбейтуғын бир пүтин мүше болып, оны тил ушы, тил алды, тил ортасы, тил арты, тил түби деп бөлиўдиң өзи фонетика илиминде шәртли түрде қабыл етилген.

Тилдиң таңлайға қарай көтерилиў дәрежеси менен, яғный тилдиң тик жағдайы менен даўыслылардың артикуляциясы тығыз байланыслы болады. Тилдиң белгили дәрежеде көтерилиўи менен жаңғырық хызметин атқарыўшы аўыз бослығы екиге бөлинип турады. Тил жақ пенен қоса жоқары көтерилген сайын аўыз бослығы көлеминиң киширейиўи, керисинше төмен түскен сайын аўыз бослығы көлеминиң үлкейиўи тәбийий жағдай. Аўыз бослығындағы бундай өзгерислер сеслик өзгерислерди пайда етеди. Тилдиң алға ямаса артқа жылжыўы даўыслылардың жасалыўында қандай хызмет атқарса, тилдиң жоқары көтерилиўи менен төмен түсиўи де тап сондай хызмет атқарады. Еринлер де аўыз бослығының көлемин өзгертиўге қатнаса отырып, еринлик ҳәм езиўлик даўыслылардың айырмашылығын тәмийинлейди. Еринлик даўыслыларды айтқанда жаңғырық хызметин атқарыўшы аўыз бослығының алдыңғы шегарасын еринлер атқарады. Ал езиўлик даўыслыларды айтқанда болса, аўыз бослығының алдыңғы шегарасын алдыңғы тислер атқарады. Солай етип еринниң қатнасы менен аўыз бослығының көлеми өзгереди ҳәм бул өз гезегинде даўыслылардың айырмашылығын тәмийнлейди.

Артикуляциялық жақтан даўыслылардың өзгешелиги жаңғырық хызметин атқарыўшы аўыз бослығының, ондағы ҳәрекетшең сөйлеў ағзаларының хызметине тиккелей байланыслы болғанлықтан ҳәр бир даўыслыға артикуляциялық сыпатлама бериўде бул жағдай басшылыққа алынады.

Жаңғырық хызметин атқарыўшы аўыз бослығы даўыс шымылдығында пайда етилген сестиң (даўыстың) сәйкес көмекши тонларын күшейте отырып, ямаса пәсеңлете отырып, айтылып атырған даўыслыға тән болған сеслик өзгешеликти дөретеди. Даўыслы сестиң тембри менен оның формантлық дүзилиси көмекши тонлардың муғдары менен сапасына

тиккелей байланыслы болады. Акустикалық жақтан даўыслылар өзлериниң формантлық қурылысына ийе болып, ҳәр бир даўыслы сес басқа даўыслылардан формантларының жийилиги арқалы айрылады. Даўыслылардың формантлық қурылысы жаңғырық хызметин атқаратуғын аўыз бослығының формасы ҳәм көлемине тиккелей байланыслы болады. Даўыслылардың сапасы жаңғырық хызметин атқарыўшы бослықлардың, әсиресе аўыз бослығының формасы ҳәм көлмине байланыслы екени белгили бир даўыслыны таныў ушын жеткиликли болған жийликлер топары оның формантлары болатуғынлығы алымлар тәрепинен айрықша атап өтилген еди.

Ҳәр бир даўыслы сести айтқанда сөйлеў ағзаларының белгили бир жағдайда болыўы ҳәм соған сәйкес даўыслы сес белгили бир формантлық қурылысқа ийе болыўы шәрт. Даўыслы сестиң спектринде бир неше формантлар болады. !сиресе төрт формант анық көринеди. Бирақ қарақалпақ тилиниң даўыслы фонемаларының акустикалық сыпатламасын бериўде төменнен баслап биринши ҳәм екинши формантлардың (**ФI, ФII**) жийилик шкаласында жайласыўына ғана айрықша итибар бериледи. %йткени даўыслылардың акустикалық сыпатламасын бериўге усы еки форманттың бир-бирине сәйкеслесип, жийилик шкаласында орналасқанын анықлаўдың өзи жеткиликли. Ал үшинши, төртинши формантлар (**ФIII, ФIV**) тийкарынан сөйлеўшиниң өзиншелик өзгешелигине байланыслы болады. Басқаша айтқанда, еки адам тәрепинен айтылған [а] белгили дәрежеде еки түрли сес болады. Бирақ ол еки түрлилик ҳеш қандай лингвистикалық әҳмийетке ийе болмайды. Бул ҳәр түрли адам тәрепинен айтылған ҳәр түрли [а] сесиниң лингвистикалық жақтан барабарлығы **ФI, ФII** арқалы, сөйлеўшилердиң өзиншелик өзгешеликлери оннан жоқары формантлар **ФIII, ФIV** арқалы аңланатуғынлығы тил сеслериниң акустикалық қәсийетлерин изертлеўге арналған мийнетлерде дәлилленген.

ФI тилдиң тик жағдайына, яғный тилдиң таңлайға қарай көтерилиў дәрежесине байланыслы болса, **ФII** тилдиң жазық жағдайына байланыслы болады. Басқаша айтқанда, даўыслы сес қаншелли жоқары көтериңки (қысық) болса, **ФI** соншелли төмен жийиликке ийе болады, ал ол қаншелли түсиңки (ашық) болса, **ФI** соншелли жоқары жийиликке ийе болады. Сондай-ақ даўыслы сес қаншелли тил алды болса, **ФII** соншелли жоқары жийиликке ийе болады. Ал ол қаншелли тил арты болса, **ФII** соншелли төмен жийиликке ийе болады. Сондай-ақ даўыслының еринлик болыўы да **ФII** ниң жийилигин төменлетеди.

Даўыслы фонемаларға сыпатлама бериўде биз жоқарыда айтылған улыўмалық артикуляциялық ҳәм акустикалық анықламаларды басшылыққа алдық. Сондай-ақ қәтеликке жол қоймаў мақсетинде, исенимлирек болыўы ушын үш диктордың рентгенограмма сүўретлерин толық пайдаландық.

Даўыслы [е] фонемасының сыпатламасы

Даўыслы е [е] - тил алды, қысық, езиўлик фонема. Артикуляциялық жақтан тилдиң алдыңғы бөлими таңлайдың алдыңғы бөлимине (қатты таңлайға) қарай көтерилиўи, тилдиң артқы бөлими түсиңки ҳалда болыўы, тил ушының төменги тислердиң түбине тирелиўи ҳәм тилдиң түби жутқыншақтың дийўалынан әдеўир қашықласыўы арқалы жасалады (у-сүўрет). Төменги жақ аз дәрежеде түсиңки жағдайда, еринлер ашылған бийтәреп ҳалында турып, жаңғырық хызметин атқарыўшы аўыз бослығының алдыңғы шегарасы тислер болады. Тилдиң тутас тулғасының алға жылысыўы арқалы бос орынды өз денеси менен бәнтлеп, аўыз бослығының алдыңғы бөлиминде киши, ал артқы бөлиминде узынша ҳәм кең көлемди пайда етеди. Рентгенограммадан алынған бул мағлыўматлар палатограмма арқалы тастыйықланады. Тилдиң ортадан алдырақ бөлиминиң көтерилиўи себепли оның еки шети биринши киши азыў тислерден баслап кейин қарай тийип, палатограммада тилдиң еки шетиниң қалдырған изи анық көринеди.

Сөйлеў ағзаларын жай бақлаўымыз ҳәм эксперименталь мағлыўматлар тилдиң жағдайы бойынша қарақалпақ тилинде даўыслы [е] фонемасының басқа даўыслыларға салыстырғанда тил алдырақ екенин тастыйықлаў менен бирге тилдиң тик жағдай бойынша, яғный тилдиң көтериңкилик дәрежеси бойынша қысық [ы],[и],[у],[ү] даўыслылары сыяқлы көтериңки

(қысық) екенин көрсетеди. Қарақалпақ тилинде орыс тилиндегидей (мәселен, орыс тилиндеги и ямаса у сыяқлы) ҳақыйқат қысық даўыслы фонемалар жоқ. Қысық ямаса жоқары көтериңки даўыслы дегенде қарақалпақ тилиндеги басқа даўыслыларға салыстырмалы түрде ғана айта аламыз. Қарақалпақ тилиниң артикуляциялық базасын анықлай отырып, Н.А.Баскаков мынадай пикир билдирген еди` {Қарақалпақ тилиниң барлық сеслери жақтың көтерилиў дәрежеси бойынша жоқары ҳәм орта көтериңкиликтен гөре көбирек түсиңкилик пенен айтылады, яғный тилге байланыслы артикуляциялық база бир қанша кейин жылысыңқы болса, ал қатарға (тилдиң жазық жағдайына А.Д.) - тил алды ҳәм тил арты екенлигине байланыслы, сондай-ақ көтериңкилигине (тилдиң тик жағдайына - А.Д.) - көтериңки ҳәм түсиңки екенлигине байланыслы болған айырмашылықларын сақлай отырып, тилдиң тик жағдайы бойынша бир қанша түсиңки болады}.

Бул анықлама бәринен бурын қарақалпақ тилиндеги даўыслы фонемаларға тийисли болады. Ал ол даўыссызлар ушын сәйкес келмейди. Қарақалпақ тилинде [е] даўыслы фонемасынан басқа барлық даўыслылар, соның ишинде усы дәўирге шекем тил алды деп есапланып жүрген [и],[ү],[ә],[ө] даўыслылары да, тилдиң жазық жағдайы бойынша тилдиң азлы-көпли кейин жылжыўы арқалы жасалады. Ал тилдиң тик жағдайы бойынша барлық даўыслыларға, соның ишинде усы дәўирге шекем қысық даўыслылар деп есапланып жүрген [и],[ү],[ы],[у] даўыслыларына да тилдиң түсиңкилик жағдайы тән болады.

Акустикалық жақтан [е] фонемасының екинши форманты басқа барлық даўыслылардың екинши формантына салыстырғанда жоқары жийликке ийе болады (qi00-w0o0гц.). Бул жағдай [е] фонемасының ең тил алды даўыслы болыўынан дерек береди. Биринши формантының жийлиги басқа қысық даўыслылардың биринши формантлары сыяқлы төмен жийликке ийе болады (wy0-ti0гц). Бул [е] фонемасының қысық даўыслы екенин көрсетеди (w-кесте ҳәм qq-сүўретке қараңыз).

Даўыслы [и] фонемасының сыпатламасы.

Даўыслы [и] - тил ортасы, қысық, езиўлик фонема. Артикуляциялық жақтан усы дәўирге шекем тилдиң жазық жағдайы бойынша тил алды деп саналып жүрген [и] фонемасы, шынында тил ортасы даўыслысы екени анықланды. Тилдиң ортаңғы бөлими таңлайдың ортасына, анығырақ айтқанда, қатты таңлай менен жумсақ таңлайдың шегарасына қарай көтерилиўи, тилдиң артқы бөлими түсиңки жағдайда болыўы, тил ушының алдырақ жылысыўы, тил түбиниң жутқыншақ дийўалынан қашықласыўы арқалы жасалады. Төменги жақ аз дәрежеде түсиңки, еринлер ашылған бийтәреп ҳалында турып, жаңғырық хызметин атқарыўшы аўыз бослығының алдыңғы шегарасын тислер қурайды. Солай етип тилдиң тутас тулғасының аўыз бослығының ортасына топланыўы арқалы бос орынды өз денеси менен бәнтлей отырып, оны (аўыз бослығын) тең бөлип, бирдей көлемдеги еки кеңликти пайда етеди. Бул ренгтенограмма мағлыўматлары, палатограмма арқалы да тастыйықланады. Тилдиң ортаңғы бөлиминиң таңлайдың ортасына көтерилиўинен тилдиң еки ернеги биринши киши азыў тислерден баслап тийип, ол қалдырған излер палатограммада анық көринеди. Палатограммада қалдырған излер [е] сесин айтқандағыдан енсизирек.Бул айырмашылық [и] сесиниң [е] сесине қарағанда тилдиң артырақ жылжыўы арқалы жасалыўынан болса керек.

Акустикалық жақтан [и] фонемасы тек [е] фонемасынан сәл төменирек жийликтеги екинши формантына ийе (qyr0-qoe0). Ал ол басқа даўыслы фонемаларға қарағанда жоқарғы жийликте. Бундай жоқары жийликте болыўына тилдиң жазық жағдайы (алға жылысыңқы тил ортасы даўыслысы екенлиги) себепши болыў менен бирге оның езиўлик екенлиги де азлап себепкер. %йткени тилдиң жазық ҳәм тик жағдайы бойынша бирдей болыўына қарамастан [ү] фонемасының екинши формантына қарағанда [и] фонемасының екинши фонемасының жоқарырақ жийликте болыўы тек соңғы даўыслыны айтқанда еринниң қатнаспаўы менен ғана түсиндирилиўи мүмкин. Даўыслы [ү] еринлик болғаны ушын оның екинши форманты төменлеген. Себеби тилдиң жазық жағдайынан соңғы екинши формантқа

тәсир ететуғын артикуляциялық жағдай еринниң қатнасы болып табылады. Буған w-кестедеги [и]-[ү], [ә]-[ө], [ы]-[и], [а]-[о] езиўлик - еринлик жубайлас даўыслыларының екинши формантлары ҳаққындағы мағлыўматты салыстыра отырып толық исенемиз. Бул жубайлас даўыслылардың алдыңғылары (езиўликлери) жоқарырақ жийликтеги екинши формантларына ийе. Даўыслы [и] фонемасының биринши форманты төмен жийликте болып (wt0-tu0 гц.), бул жағынан оның басқа қысық даўыслылардан айырмашылығы болмайды.

Даўыслы [ә] фонемасының сыпатламасы

Даўыслы [ә] - тил ортасы, ашық, езиўлик фонема. Артикуляциялық жақтан бул даўыслының тил алды емес, ал тил ортасы фонемасы екенин рентгенограмма ҳәм палатограмма мағлыўматлары толық тастыйықлайды. Тилдиң ортаңғы бөлими таңлайдың ортасына сәл көтерилип, дөңисликти пайда етеди~ тилдиң алдыңғы ҳәм артқы бөлими түсиңки, еринлер ашық, төменги жақ түсиңки ҳалда жасалады. Еринлер ашық жағдайда болғанлықтан аўыз бослығының алдыңғы шегарасы хызметин алдыңғы тислер атқарады. Ашық даўыслыларды, соның ишинде [ә] даўыслысын айтқанда төменги жақтың түсиңки ҳалда болыўы, ал қысық даўыслыларды айтқанда көтериңки жағдайда турыўы тәбийғый жағдай. Солай болса да даўыслыларға керекли сеслик түрди пайда етиўде төменги жақтың қаншелли дәрежеде түсиңки я көтериңкилиги емес, ал тилдиң таңлайға қарай көтериңкилик ямаса түсиңкилик жағдайы әҳмийетлирек болады. Мәселен, жақтың ашылыў дәрежесин өзгертпей-ақ ашық [ә] ҳәм қысық [и] даўыслыларын айтыў мүмкин. Бирақ [ә] сесин айтқанда тилдиң түсиңки, ал [и] сесин айтқанда тилдиң көтериңки болыўы шәрт. Сонлықтан да даўыслыларға сыпатлама бериўде ҳәм оларды классификациялаўда жақтың ашылыўына емес, ал тилдиң көтерилиў дәрежесине итибар беремиз. Рентгенограмма мағлыўматлары [ә] даўыслысын айтқанда тилдиң көтериңки болатуғынын көрсетеди.

Акустикалық жақтан, биринширден, [ә] фонемасы өз-ара жақын жийликтеги биринши ҳәм екинши формантларына ийе болады. (ФI-t00-ou0 гц., Ф II-qei0-qir0 гц). Екишиден, формантлардың төменги ҳәм жоқарғы шегарасы көбирек айырмашылыққа ийе (ФI-диң төменги шегарасы t00 гц. болса, жоқары шегарасы ou0 гц. ФII-ниң төменги шегарасы qei0 гц. болса, жоқары шегарасы qir0 гц.). Бул ашық даўыслылардың ҳәммесине тән акустикалық жағдай. Екинши формантының жийлиги бойынша [е] ҳәм [и] даўыслыларынан соңғы үшинши орынды тутады. Даўыслылардың ашық болыўы биринши форманттың жийлигин жоқарылататуғынын есапқа алсақ, [ә] фонемасының [а] даўыслысы менен бирге ең ашық даўыслылар екенине исенемиз. Себеби булардан да жоқарырақ жийликтеги ФI ҳеш даўыслыда жоқ.

Даўыслы [ү] фонемасының сыпатламасы

Даўыслы [ү] - тил ортасы, қысық, еринлик фонема. Артикуляциялық жақтан [и] фонемасы сыяқлы тилдиң ортаңғы бөлими таңлайдың ортасына қарай көтерилиўи, тилдиң артқы ҳәм алдыңғы бөлимлериниң түсиңки, тил түбиниң жутқыншақ дийўалынан қашықласыўы, солай етип тутас тилдиң аўыз бослығының дәл ортасына топлана отырып, оны теңдей екиге бөлип турыўы арқалы жасалады. Төменги жақ аз дәрежеде түсиңки, езиўлик [и] фонемасынан айырмасы еринлер алға үйрилиў нәтийжесинде дөңгелек саңлақ пайда етилип, аўыз бослығының алдыңғы шегарасын еринлер қурайды. Тилдиң алдыңғы ҳәм артқы бөлимлери түсиңки жағдайында тил ортасы көтерилгенликтен оның ернеклериниң екинши киши азыў тислерден баслап тийип қалдырған изи палатограммада анық көринеди.

Акустикалық жақтан [ү] фонемасының екинши форманты тилдиң жазық жағдайы бойынша бирдей болыўына қарамастан [и] даўыслысына қарағанда төменирек жийликке ийе (qe00-qtt0гц).Бул [ү] фонемасының еринлик, ал [и] фонемасының езиўлик екени менен тиккелей байланыслы. Солай етип даўыслының екинши формантына тилдиң жазық жағдайы тәсир етиўи менен бирге аз болса да, еринниң қатнасы да тәсир етеди. Анығырағы, даўыслының еринлик болыўы оның екинши формантын төменлетеди. Даўыслы [ү] фонемасы

биринши формантының жийлиги бойынша (wy0-tt0 гц) басқа қысық даўыслылардан ҳеш айырмасы жоқ .

Даўыслы [ө] фонемасының сыпатламасы

Даўыслы [ө] - тил ортасы, орта көтериңки, еринлик фонема. Артикуляциялық жақтан [ү] фонемасы сыяқлы тилдиң ортаңғы бөлиминиң таңлайдың ортасына (жумсақ таңлайдың алдыңғы бөлимине) қарай көтерилиўи, тилдиң артқы ҳәм алдыңғы бөлимлериниң түсиңки, тил түбиниң жутқыншақ дийўалынан қашықласыўы, солай етип тутас тилдиң аўыз бослығының ортасына топлана отырып, оны екиге бөлиў арқалы жасалады. Бирақ [ү] сесин айтқанда тил менен жақ көтериңки, ал [ө] сесин айтқанда түсиңки жағдайда болады. Сондай-ақ рентгенограммадан [ө] сесиниң артқа жылжыңқыраған тил ортасы даўыслысы екенин аңлаў қыйын емес. Еринлик даўыслы болғанлықтан еринлер алға үйрилип, дөңгелек саңлақ пайда етиледи, нәтийжеде аўыз бослығының алдыңғы шегарасы тислер емес, ал еринлер болады. Тил ортасы даўыслылары болған [и] менен [ә], [ү] менен [ө] фонемаларын өз ара салыстырып қарасақ, [и] сесине қарағанда [ә] әдеўир түсиңки екенин, ал [ү] сесине қарағанда [ө] шамалы түсиңки екенин көремиз (i,o-сүўретлер).Тилдиң тик жағдайы бойынша [ү] ҳәм [и] сеслерине салыстырғанда қысық, ал [ү] ҳәм [и] сеслерине салыстырғанда ашық фонема. Сонлықтан да буны орта көтериңки фонема деп атаймыз. Акустикалық жақтан [ө] даўыслысы еринлик, оның үстине еринлик [ү] сесине қарағанда да ашық фонема болғанлықтан тил ортасы даўыслы фонемалардың ишинде ең төмен жийиликтеги екинши формантына ийе болады (qwo0-qtq0 гц). Биринши формантының жийлиги бойынша орташа орынды ийелейди (ew0-t00 uw)` ашық даўыслылардан төмен, қысық даўыслылардан жоқары жийиликте болады.

Даўыслы [а] фонемасының сыпатламасы.

Даўыслы [а] - тил арты, ашық, езиўлик фонема. Артикуляциялық жақтан тил арты даўыслыларының ҳәммесине ортақ жағдай - тутас тилдиң тулғасының кейин шегиниўи ҳәм тил артының белгили дәрежеде артқы (жумсақ) таңлайдың тусына көтерилиўи арқалы жасалады. Тутас тилдиң бундай жағдайында тил ушының кейин шегиниўи ҳәм тил түбиниң жутқыншақ дийўалына жақынласыўы тәбийғый нәрсе. Тилдиң усындай қәлипте болыўы аўыз бослығының алдыңғы бөлиминде үлкенирек, ал артқы бөлиминде киширек көлемдеги кеңликти пайда етеди. Берилген бул сыпатлама толығы менен [а] даўыслысының жасалыўына туўра келеди. Тил тутасы менен кейин шегинип, тил түбиниң жутқыншақ дийўалына жақынласыўы, тил артының көтерилиўи, тилдиң алдыңғы бөлиминиң түсиңки ҳалда болыўы, жақтың кең ашылыўы арқалы [а] фонемасы жасалады. Еринлер ашық жағдайында болып, аўыз бослығының алдыңғы шегарасы хызметин алдыңғы тислер атқарады. Бул фонема ең ашық ҳәм тил арты болғанлықтан, күтилгениндей-ақ, палатограммада ҳеш из қалдырмайды. Рентген сүўретинен көринип турғанындай-ақ тутас тил аўыз бослығының артқы бөлимине топланып, оның алдыңғы бөлиминде кең көлемди пайда еткен.

Акустикалық жақтан [ә] сыяқлы биринши ҳәм екинши формантлардың аралығы өз ара жақын болыўы менен бирге (tu0-q000 гц ҳәм qqe0-qeo0 гц) ҳәр бир форманттың төменги ҳәм жоқарғы шегарасы көбирек айырмашылыққа ийе (ФI диң төменги шегарасы tu0 гц болса, жоқарғы шегарасы q000 гц~ ФII ниң төменги шегарасы qqe0 гц болса, жоқарғы шегарасы qeo0 гц). Бул жағдай оның ашық даўыслы фонема екени менен тиккелей байланыслы. Екинши формантының жийлиги бойынша еринниң қатнасы ҳәм тилдиң жазық жағдайы жағынан өзи менен бирдей болған [ы] фонемасынан азғана айырмашылыққа ийе~ ал тилдиң жазық жағдайы жағынан өзи менен бирдей болса да, еринниң қатнасы жағынан айырылып турғанлықтан еринлик [у] ҳәм [о] фонемаларынан көбирек айырмашылыққа ийе Биринши формантларының жийлиги бойынша езиўлик, тил арты болыўына қарамастан [ы] менен [а]

үлкен айырмашылыққа ийе (tu0-q000 гц. ҳәм wt0-yy0 гц). Себеби олар тилдиң тик жағдайы бойынша айрылып турады` [ы]- қысық, [а]-ашық фонемалар.

Даўыслылар	ФI	ФII
е[е]	wy0-ti0	qi00-w0o0
И[и]	wt0-tu0	qyr0-qoe0
ә[ә]	t00-ou0	qei0-qir0
ү[ү]	wy0-tt0	qe00-qtt0
ө[ө]	ew0-t00	qwo0-qtq0
ы[ы]	wt0-yy0	qqy0-qrr0
а[а]	tu0-q000	qqe0-qeo0
у[у]	wu0-ty0	ie0-q0o0
о[о]	ey0-ue0	i00-qqq0

Даўыслы [ы] фонемасының сыпатламасы

Даўыслы [ы] - тил арты, қысық, езиўлик фонема.

Көпшилик адамлардың артикуляциясында тил арты даўыслы фонемасы ретинде тилдиң артқы бөлиминиң көтерилиўи, тил ушының түсиңки, тил түбиниң жутқыншақ дийўалына жақынласыўы, солай етип аўыздың алдыңғы бөлиминде көбирек көлем пайда етилиўи арқалы жасалады. (qe-сүўрет а,б). Ал айырым адамлардың артикуляциясында аралас даўыслы фонемасы сыпатында тилдиң артқы бөлими менен бирге тилдиң ушы ҳәм алдыңғы бөлими таңлайға қарай көтерилип, солай етип тилдиң үсти жазық жағдайға енип, узынша көлемди пайда етеди. Даўыслы [ы] сесин айтқанда еринлер ашық ҳәм бийтәреп ҳалда турып, жаңғырық хызметин атқарыўшы аўыз бослығының алдыңғы шегарасы тислер болады. Акустикалық жақтан [ы] фонемасының екинши форманты а фонемасы сыяқлы төмен жийликке ийе. Тек еринлик тил арты фонемаларына салыстырғанда ғана [ы] даўыслысы жоқарырақ жийликте болады. Биринши форманты жағынан ол қысық даўыслыларға да, орта көтериңки даўыслыларға жақынласады. Бул жағдай [ы] фонемасының қысық даўыслылар қатарына жатқан менен де, артикуляциялық жақтан олардың қандай да айырмашылыққа ийе екенин аңлатады.

Даўыслы [у] фонемасының сыпатламасы

Даўыслы [у]- тил арты, қысық, еринлик фонема.

Артикуляциялық жақтан [у] фонемасы тилдиң толық тулғасы кейин шегингенликтен тил түбиниң жутқыншақ дийўалына жақынласыўы, тил артының жумсақ таңлайға қарай көтерилиўи, тил ушының да кейин шегинип, тутас тилдиң аўыз бослығының артқы бөлиминде шар тәризли түрге ениўи, солай етип аўыз бослығының алдыңғы бөлиминде кең, ал артқы бөлиминде тар көлемди пайда етиўи арқалы жасалады. Еринлик даўыслы болғанлықтан еринлер алға үйрилиўи арқалы бир-бирине жақынласып, дөңгелек саңлақты пайда ете отырып, аўыз бослығының алдыңғы шегарасы хызметин атқарады~ артқы бөлими көтерилгенликтен тилдиң ернеклери кейинги азыў тистиң тусына тийип, палатограммада ол анық көринеди. Акустикалық жақтан [у] фонемасының екинши форманты [о] даўыслысы сыяқлы ең төмен жийликке ийе. Бул жағдай [у] фонемасының терең тил арты ҳәм еринлик екенлигинен дәрек береди. Биринши форманты бойынша басқа қысық даўыслылардан айтарлықтай айырмашылыққа ийе емес.

Даўыслы [о] фонемасының сыпатламасы

Даўыслы [о] - тил арты, орта көтериңки, еринлик фонема.

Артикуляциялық жақтан [у] фонемасы сыяқлы тилдиң артқы бөлиминиң жумсақ таңлайға көтерилиўи, тил ушының тилдиң толық тулғасы менен бирге кейин шегиниўи, тил түбиниң жутқыншақтың дийўалына жақынласыўы, солай етип тутас тил аўыз бослығының

ең түпкирине топланып шар тәризли түрге ениўи арқалы жасалады. (qr-сүўрет). Даўыслы [у] фонемасына қарағанда тил түсиңки, ал [а] фонемасына салыстырғанда көтериңки жағдайда болады. Сонлықтан да [о] тилдиң тик жағдайы бойынша орта көтериңки. Еринлик фонема болғанлықтан оны айтқанда еринлер жақынласып, дөңгелек саңлақ пайда етиледи, аўыз бослығының алдыңғы шегарасы хызметин алдыңғы тислер емес, ал еринлер атқарады. Тилдиң артқы бөлими көтерилгенликтен соңғы азыў тисте ҳәм оннан кейиниректе кишкене из қалдырылады. Акустикалық жақтан [о] фонемасының екинши форманты ең төмен жийликке ийе (i00-qqq0 гц). Себеби бул даўыслы терең тил арты ҳәм еринлик фонема. Биринши форманты ашық даўыслыларға қарағанда төменирек, қысық даўыслыларға қарағанда жоқарырақ жийликте болады (ey0-ue0 гц). Солай етип, бул фонеманың да артикуляциялық сыпатламасы менен акустикалық мағлыўматлар толық сәйкес келеди.

Даўыслы фонемаларға берилген артикуляциялық сыпатламаны жуўмақластырып олардың жасалыўында тил ҳәм еринлердиң жағдайын салыстырыў мақсетинде рентгенограммаларды бирлестирдик. !лбетте, буған бир доктордың мағлыўматларынан ғана пайдаландық. Тоғыз даўыслының рентгенограммаларының ҳәммесин бир сүўретте жайластырыў мүмкин болмағанлықтан тил алды ҳәм тил ортасы даўыслыларының рентгенограммаларын бир сүўретте, тил арты даўыслыларының рентгенограммаларын бир сүўретте берилди. Бунда даўыслылардың жасалыўындағы тилдиң тик жағдайы менен жазық жағдайын ҳәр тәреплеме салыстырып көриўге имканият болатуғынлығы есапқа алынды. Сондай-ақ даўыслылардың биринши ҳәм екинши формантларының жийлиги ҳаққындағы мағлыўматлар диаграммада берилди. Диаграммадан көринип турғанындай-ақ, ашық даўыслылар (а, ә) төменде, қысық даўыслылар (е, и, у, ү) жоқарыда, ал тил арты (ҳәм еринлик) даўыслылар (о,у) оң жақта, тил алды (ҳәм езиўлик) даўыслысы (е) шеп жақта жайласқан. Бул көринис алынған артикуляциялық мағлыўматларды (рентген ҳәм палатограф мағлыўматларын) толық тастыйықлайды.

Жуўмақлап айтқанда, даўыслы фонемалардың артикуляциялық сыпатламасы менен олардың акустикалық сыпатламасы толық сәйкес келетуғынын көремиз. Тилдиң жазық жағдайы бойынша тил алды [е] фонемасы ең жоқарғы екинши формантына ийе, тил арты фонемалары, әсиресе еринлик тил арты фонемалары болған [о], [у] даўыслылары ең төмен жийликтеги екинши формантына ийе. Тил ортасы даўыслыларының екинши форманты тил алды ҳәм тил арты даўыслыларына салыстырғанда орташа жийликке ийе. Сондай-ақ тил ортасы даўыслыларының арасында еринлик [ө], [ү] даўыслыларының екинши форманты төменирек жийликте болады.

Солай етип тилдиң жазық жағдайы даўыслылардың екинши формантына көбирек тәсир етиўи менен бирге, олардың еринлик ҳәм езиўлик болыўы да екинши формантқа азлап тәсир ететуғынын көремиз. Даўыслылардың тил арты болыўы екинши формантты төменлетиўши қәсийетке ийе болса, олардың еринлик болыўы да екинши формантты төменлететуғын w-кестедеги санлар тастыйықлайды. Ашық ҳәм қысық даўыслылардың екинши формантларын салыстыра отырып, даўыслылардың тил арты, еринлик болыўы менен бирге оның ашық болыўы да екинши формантты төменлетиўши қәсийетке ийе екенин көремиз. w-кестедеги [о] ҳәм [у], [а] ҳәм [ы], [ө] ҳәм [ү], [ә] ҳәм [и] фонемаларының екинши формантларының жийлигин салыстыра отырып, тилдиң жазық жағдайы менен бирге оның тик жағдайы да аз да болса екинши формантқа тәсир ететуғынын аңлаймыз.

Даўыслылардың классификациясы

Артикуляциялық ҳәм акустикалық таллаўлар тийкарында тилдиң жағдайы бойынша қарақалпақ тили даўыслыларын төмендегидей топарларға бөлиўге болады. Артикуляциялық мағлыўматлар тийкарында [е] фонемасын ҳақыйқат тил алды даўыслысы десек болады. Бул пикир акустикалық мағлыўматлар менен де толық тастыйықланады` [е] даўыслысын айтқанда спектрдиң жоқарғы бөлиминдеги жийилик күшейеди ҳәм екинши форманты басқа қәлеген даўыслының екинши формантынан жоқары жийиликте болады. Екинши топарды [и] [ә] [ү] [ө] даўыслылары қурайды. Бул даўыслылардың артикуляциясын қарақалпақ тилиниң

басқа даўыслылары менен салыстыра отырып, олар тил ортасы даўыслылары болады деген шешимге келдик. Акустикалық жақтан тил алды, тил ортасы ҳәм тил арты даўыслыларының екинши формантларын өз-ара салыстырғанымызда тил ортасы даўыслыларының екинши формантлары (орташа qr00-qu00 гц) тил алды даўыслысының екинши формантынан (орташа qi00-w0o0 гц) төмен, тил арты даўыслыларының екинши формантларынан (орташа oi0-qwy0 гц) жоқары жийиликте екенин көремиз. Демек тил ортасы даўыслыларының екинши формантлары тил алды ҳәм тил арты даўыслыларының екинши формантларына қарағанда орташа жийиликте болады. Бул акустикалық мағлыўмат [и] [ә] [ү] [ө] даўыслыларының тил ортасы екенин тастыйықлайды. :шинши топарды тил арты даўыслылары - [а], [о], [у], [ы] қурайды. Артикуляциялық жақтан тил арты ҳәм аралас вариантларына ийе болған [ы] даўыслысы екинши формантының жийилиги бойынша тил арты даўыслыларының қатарына қосылады. Булардың ҳәммесиниң екинши формантлары, әсиресе, еринлик [о] ҳәм [у] фонемаларының екинши формантлары, ең төмен жийиликке ийе болады.

Тилдиң тик жағдайы бойынша даўыслыларды рентгенограмма, палатограмма мағлыўматлары тийкарында артикуляциялық жақтан ашық, қысық, орта көтериңки деп бөлиўдиң дурыс екенин акустикалық (спектографиялық) мағлыўматлар да тастыйықлайды. Даўыслылардың биринши формантларын салыстыра отырып, қысық даўыслылар болған [е], [и], [у], [ү], [ы] фонемаларының биринши формантларының жоқары жийликте (орташа wti-tii гц), ашық даўыслылар болған [а], [ә] фонемаларының биринши формантларының жоқары жийиликте (орташа tet-q0w0 гц), орта көтериңки даўыслылар болған [о], [ө] даўыслыларының биринши формантлары ашық ҳәм қысық даўыслыларға салыстырғанда орташа жийиликте (орташа er0-yot гц) екенин көремиз.

Еринлик даўыслылардың екинши формантларын жубайлас езиўлик даўыслылардың екинши форманты менен салыстыра отырып, еринлик даўыслылар төмен жийиликтеги екинши формантына ийе екенин көремиз. Мәселен, жиңишке еринлик даўыслылар болған [ү], [ө] фонемаларының екинши формантлары сәйкес жиңишке езиўлик даўыслылар болған [ә], [и] фонемаларының екинши формантларынан төмен жийиликте, жуўан еринлик даўыслылар болған [у] менен [о] фонемаларының екинши формантлары сәйкес жуўан езиўлик даўыслылар болған [а], [ы] фонемаларының екинши формантларынан төмен жийликте болады.

Қарақалпақ тилинде [ә]-[а], [ө]-[о], [и]-[ы], [ү]-[у], [е]-[и] ҳәм [ы] жубайлас фонемалары тилдиң тек жазық жағдайы бойынша бир-биринен айрылады.

Тилдиң тик жағдайы бойынша бул жубайлас даўыслылар, я ашық, я қысық, я орта көтериңки, еринниң қатнасы бойынша я еринлик, я езиўлик болады. Жаңғырық хызметин атқарыўшы аўыз бослығының қысылған бөлиминиң тамақтан еринлерге қарай жылжыўы екинши форманттың жоқарылаўына ҳәм аз дәрежеде биринши форманттың төменлеўине себепши болады. Спектограммаларда жоқарыдағы жубайлас даўыссызлардың соңғыларының ([а], [о], [у], [ы] фонемаларының) биринши ҳәм екинши формантлары бир-бирине жақын жайласады, ал алдыңғыларының ([ә], [ө], [ү], [и], [е] фонемалының) биринши ҳәм екинши формантлары бир-биринен қашық жайласады. Бул жуўан ҳәм жиңишке даўыслылардың акустикалық жақтан өзгешелигин аңлатады.

Жаңғырық хызметин атқарыўшы аўыз бослығының формасы ҳәм көлемин өзгертиўге тиккелей қатнасатуғын ҳәрекетшең сөйлеў ағзалары болған тил ҳәм еринлердиң жағдайына қарап даўыслы фонемалар классификацияланады. Бунда тилдиң алға ямаса артқа жылжыўы, жоқары көтерилиў дәрежеси ҳәм еринниң қатнасы есапқа алынады.

Берилген артикуляциялық ҳәм акустикалық сыпатламалар тийкарында қарақалпақ тилиниң даўыслыларын фонетикалық жақтан тилдиң жазық жағдайы бойынша тил алды [е], тил ортасы [и], [ә], [ү], [ө], тил арты [а], [о], [у] ҳәм аралас [ы] (ол тил арты реңкине де ийе) деп~ тилдиң тик жағдайы бойынша ашық [а], [ә], қысық [и], [е], [ү], [у], [ы] ҳәм орта көтериңки [о], [ө] деп~ еринниң қатнасы бойынша еринлик [о], [ө], [у], [ү] ҳәм езиўлик [а], [ә], [ы], [и], [е] деп бөлиўге болады.

Тилдиң жазық жағдайы жағынан тил алды, тил ортасы ҳәм тил арты болыўы менен даўыслылар фонетикалық сыпатламасы ҳәм фонологиялық белгилери бойынша сәйкес келеди. Ал тилдиң тик жағдайы бойынша фонетикалық жақтан ашық, қысық, орта көтериңки болса, фонологиялық жақтан тек ашық ҳәм қысық болады. Тилдиң тик жағдайы бойынша фонетикалық жақтан ашық, қысық, орта көтериңки деп үш топарға бөлгенде еринниң қатнасыўы ямаса қатнаспаўына қарамастан, тилдиң көтерилиў дәрежеси ғана есапқа алынады. Даўыслы [о], [ө] фонемалары сәйкес [а], [ә] сеслерине қарағанда тилдиң көтериңки жағдайында, ал [у], [ү] сеслерине қарағанда тилдиң түсиңки жағдайында айтылады. Сонлықтан тилдиң көтерилиў дәрежеси бойынша бир жағынан езиўлик [а], [ә] даўыслыларына, екинши жағынан еринлик [ү], [у] даўыслыларына салыстырғанда еринлик [о], [ө] даўыслылары орта көтериңки болады.

Артикуляциялық ҳәм акустикалық сыпатламалардың жуўмағы ретинде дүзилген даўыслы сеслердиң фонетикалық кестеси менен олардың биринши ҳәм екинши формантларының жийилиги тийкарында дүзилген диаграмманы салыстырып қарасақ, олар ортасындағы нызамлы сәйкесликти аңлаймыз. Диаграмманың ҳәм кестениң ең төменинде ашық даўыслылар, ал оң тәрепинде тил арты, сол тәрепинде тил алды ҳәм тил ортасы даўыслылары жайласқан. Мине, бул артикуляциялық ҳәм акустикалық мағлыўматлардың өз ара сәйкес келиўи болып табылады.

у - лекция

Даўыссыз сеслердиң жасалыўы. Фонемалық қурамы

Түркий тиллерге араб, парсы тиллеринен көплеген сөзлердиң кирип келиўине шекемги дәўирди, яғный ислам дининиң таралыўына шекемги дәўирди даўыссызлар системасының ең дәслепки басқышы деп алсақ, ол дәўирде Н.А.Баскаковтың көрсетиўи бойынша он төрт даўыссыз фонема - [м], [п], [ў], [н], [л], [р], [т], [к], [с], [з], [ш], [ж], [й], [ң] болған. Ал [б], [д], [г], [х], [қ], [ғ] сеслери айрықша фонема емес, олар айырым фонемалардың реңки хызметин атқарған. Бул пикир қарақалпақ тилиниң даўыссыз фонемалар системасының раўажланыўына да тиккелей қатнаслы.

Даўыссыз фонемалардың тарийхый раўажланып, қәлиплесиўиниң келеси басқышы ислам дининиң таралыўы ҳәм араб, парсы тиллеринен көплеп сөзлердиң кириўи менен байланыслы болған. Бул дәўирде жоқарыда көрсетилген он төрт фонемаға қосымша [б], [д] [х], [г] сеслери фонеманың реңки қәлпинен енди өз алдына айрықша фонема болып қосылған. Ал, [ф], [х] даўыссыз фонемалары болса, тиккелей араб, парсы тиллеринен кирген сөзлер менен бирге өткен. Солай етип, бул басқышта даўыссызлардың фонемалық қурамы w0 фонемадан ибарат болған.

Даўыссызлардың раўажланыўының соңғы басқышы Қарақалпақстанда кеңес ҳүкиметиниң дүзилиў дәўирине туўра келеди. Бул басқыш орыс ҳәм интернациональлық сөзлердиң қарақалпақ тилине көплеп кирип келиўи менен сыпатланады. Орыс тилинен ҳәм орыс тили арқалы басқа тиллерден сөзлердиң өтиўи менен қарақалпақ тилиниң даўыссызлар қурамына в [в], ц [с], ч [с^{ч}] фонемалары қосылған.

Солай етип, ҳәзирги қарақалпақ әдебий тилиниң даўыссызларының қурамы ҳәммеси болып жигирма үш фонемадан турады. Олардан тек орыс тилинен кирген сөзлерде ғана жумсалатуғын үш даўыссызды (в, с, с) ҳәм араб, парсы тиллеринен аўысқан сөзлерде жумсалатуғын еки даўыссызды (ф, х) алып тасласақ, тек он сегиз даўыссыз қалады` [б], [п] [м], [ў] [с], [з] [ш], [ж] [т], [д] [н], [л] [р], [й] [к/қ] [г/ғ], [ң] [х]. Булардың ишинде де жуўысыңқы үнсиз, кишкене тиллик [х] даўыссызының фонемалық қәсийети басқа даўыссызларға қарағанда гүмилжи екенин атап көрсетиў керек. Жабысыңқы даўыссыз [к/қ] фонемасының [қ] реңки интервокаль жағдайда мудамы жуўысыңқы [х] сеси менен алмасады. Солай етип интервокаль жағдайда [қ], [х] сеслери бир фонеманың еки түрли реңклери ўазыйпасын атқарады. Мысалы` [саха], [тохал], [тахым] ҳәм т.б. Буннан тысқары сөздиң басында да жабысыңқы [қ] менен [х] жуўысыңқы сеслериниң фонема ретинде қарама-қарсы

қойылыўы турақлы емес. Аўызеки сөйлеў тилинде олардың бири орнына екинши жумсалыўы мүмкин. Бирақ буның менен сөздиң мәниси өзгермейди. Мысалы` [қор]-[хор], [қал]-[хал] ҳәм т.б. Бул жерде әдебий нормадан шетлеўшилик сезилгени менен улыўма мазмун өзгермейди. Ал [қан]-[хан], [қор]-[хор], [қабар]-[хабар] ҳәм т.б. жубайлас сөзлерин айырып турған [қ] ҳәм [х] даўыссызлары болып табылады**.**

Солай етип қарақалпақ тилиндеги жуўысыңқы [х] даўыссыз сеси бирде (интервокаль жағдайда) жабысыңқы [к/қ] фонемасының [қ] реңки менен орын алмасып, бир-бири менен басқа-басқа фонемалар ретинде емес, ал бир фонеманың реңклери сыяқлы қарым-қатнаста болады, бирде (сөз басында) айрықша фонема ретинде хызмет атқарады. Мәселен, [хабар] - атлық мәнисинде, [қабар] - фейил мәнисинде жумсалған сөзлер бир-биринен тек [қ] ҳәм [х] сеслери арқалы айрылып тур. Бул жерде [қ] ҳәм [х] басқа-басқа фонемалардың реңклери ўазыйпасында келген.

Қарақалпақ тилиндеги даўыссыз фонемалар ортасында [к], [қ], [г], [ғ] сеслерин ҳәзирги күнге шекем өз алдына айрықша фонемалар деп есаплап ҳәм олардың ҳәр бирин айрықша таңбалар менен таңбалап келген болсақ, енди бул көз-қарасты қайта қарап шығыўға туўра келеди. Биз бурыныракта бул даўыссызлардың фонемалық қәсийети жөнинде былай деген едик` }Даўыссызлардың фонемалық қәсийети жөнинде сөз болғанда тил арты к ҳәм г сеслери қишкене тиллик қ ҳәм ғ сеслерине фонема ретинде қарама-қарсы қойыла ма, ямаса к, қ сеслери к фонемасының, ғ, г сеслери г фонемасының комбинаторлық оттеноклары ма деген сораў қойылады. Бундай сораўдың туўатуғының себеби көпшилик сөзлерде к, г сеслери жиңишке даўыслылар менен, ал қ, ғ сеслери жуўан даўыслылар менен қоңсылас болып жумсалады. Усыған тийкарлана отырып к, г фонемалары ҳәр түрли фонетикалық жағдайға байланыслы, яғный олар жуўан даўыслылар менен келсе, сәйкес жуўан (қ, ғ), оттеноклары арқалы, ал жиңишке даўыслылар менен келсе, жиңишке (к, г) оттеноклары арқалы сөзлерде жумсалады деўге болар еди. Бирақ қ ҳәм ғ сеслери жуўан даўыслылар менен қоңсылас жағдайда жумсалыўы менен бирге олар к, г сеслери сыяқлы жиңишке ә даўыслы фонемасының алдында да жумсалады. Мысалы` *қәде, қәдир, қәте, қәпес, қәдем, қәрели, қәсте, ғәлле, ғәлет, ғәззел* т.б. Сондай-ақ қарақалпақ тилинде актив қолланылып жүрген көп ғана сырттан кирген сөзлерде к, г сеслери жуўан даўыслылар менен де жумсалады. Мысалы` *Кавказ, канал, камал, казарма, газон, галстук* т.б. Демек, қ, ғ ҳәм к, г сеслериниң жумсалыўы фонетикалық жағдайға, қоңсылас даўыслылардың жуўан-жиңишкелигине ғана байланыслы емес, ал тилдиң дәстүрине байланыслы. Сонлықтан қ, ғ сеслери жуўан даўыслы фонемалар менен жумсалатуғын к ҳәм г сеслериниң оттеноклары емес, ал олар к, г даўыссыз фонемалары сыяқлы өз алдына дара-дара фонемалар деп саналыўы керек}.[1] Бирақ бул пикирди тексерип көриў ушын жүргизген соңғы дәўирдеги қосымша бақлаўларымыз жоқарыда айтылған пикирди тастыйықламады.

Керисинше, [қ] менен [к] сеслериниң екеўи бирден бир үнсиз даўыссыз фонеманың жуўан ҳәм жиңишке реңклери, ал [г] менен [ғ] сеслериниң екеўи де бирден бир үнли даўыссыз фонеманың жуўан ҳәм жиңишке реңклери деген жуўмақ шығарыўға себепши болды. Олар артикуляциялық жақтан ҳәр түрли сеслер түринде айтылған менен, яғный [к] менен [ғ] -кишкене тиллик, [к] менен [г] -тил арты болғаны менен ҳәм жазыўда басқа-басқа таңбалар менен таңбаланғаны менен оларды төрт түрли фонема (к, қ, г, ғ) деп санаўға болмайтуғынына, ал тил арты-кишкене тиллик, үнсиз, жабысыңқы даўыссыз [к/к] фонемасының жуўан (к) ҳәм жиңишке (к) реңклери екенине, сондай-ақ бирден-бир тил арты - кишкене тиллик, үнли, жабысыңқы даўыссыз ғ/г даўыссыз фонемасының жуўан (ғ) ҳәм жиңишке (г) реңклери екенине бизде толық исеним пайда болды.

Ҳәзирги орфографиялық қәделер бойынша қәде, қәте, ғәлле, тәғдир түриндеги сөзлерде соңғы жиңишке буўынның тәсири нәтийжесинде алдыңғы буўында [к] ҳәм [ғ] даўыссызлары менен қоңсылас болып келген даўыслы сестиң жиңишке [ә] түринде айтылыўы тәмийнленеди деген түсиникке сүйене отырып, жазыўда ә түринде жазылып жүр. Шынында

[1] .Бердимуратов Е. Д17летов А. *1зирги зараз3алпаз тили. Н5кис, qouo, ue-бет.

бул жерде қоңсылас буўынның кейинли тәсирине қарағанда, яғный соңғы жиңишке буўынның алдыңғы буўынды жиңишкертиўши тәсирине салыстырғанда, қоңсылас сестиң илгерили тәсири, яғный [қ] ҳәм [ғ] жуўан даўыссызларының соңындағы даўыслыны жуўанлатыўшы тәсири күшли болса керек. Бир буўынның қурылысында [қ] ҳәм [ғ] даўыссыз сеслери менен қоңсылас болып келген ҳәм усы дәўирге шекем жиңишке даўыслы фонема деп жүрген [ә] сеси ҳақыйқатында [а] жуўан фонемасы сыяқлы акусикалық сыпатламаға ийе екенин мына эксперименталь мағлыўматлар толық тастыйықлады.

Биринши буўындағы даўыслының биринши ҳәм екинши формантлары (ФI, ФII) ҳаққында мағлыўмат `

сөзлер	ФI	ФII
қәде	t00-o00	q000-qr00
қәте	t00-o00	q000-qr00
қәдир	t00-o00	qq00-qr00
қәпес	t00-ot0	qq00-qr00
қәдем	t00-ot0	qw00-qt00
қәрели	t00-ot0	qw00-qt00
қәсте	t00-o00	q000-qe00
ғәлле	t00-ot0	q000-qe00
тәғдир	t00-ot0	q000-qwt0
орташа	t00-owt	q0ut-qeit

Даўыслы фонемалардың биринши форманты (ФI) тилдиң тик жағдайына, яғный тилдиң таңлайға қарай көтерилиўи дәрежесине тиккелей байланыслы болады. Даўыслы сес қаншелли көтериңки (қысық) болса, ФI соншелли төмен жийликте болады. Ал даўыслы сес қаншелли түсиниңки (ашық) болса, ФI соншелли жоқары жийликте болады. ФII тилдиң жазық жағдайына, басқаша айтқанда тилдиң алға ямаса артқа қарай жылжыў дәрежесине, байланыслы болады. Даўыслы сес қаншелли тил алдырақ болған сайын, ФII соншелли жоқары жийликте болады~ ал ол қаншелли тил артырақ болған сайын ФII соншелли төмен жийиликте болады.

Биз қарақалпақ тилиндеги даўыслы фонемалардың формантлық қурылысы ҳаққындағы мағлыўматлар менен салыстырып қарасақ, жоқарыдағы сөзлердиң биринши буўынларындағы даўыслының екинши форманты жуўан [а] даўыслы фонемасының екинши формантына жақын келетуғынын көремиз. Даўыслы [а] фонемасының екинши форманты qqe0-qeo0 гц, [ә] даўыслысының екинши форманты qei0-qtr0 гц^{w}, ал келтирилген мысаллардың биринши буўынындағы даўыслының екинши форманты q0ut-qeit гц жийликте болады. Солай етип, [қ] ҳәм [ғ] даўыссызлары менен қоңсылас ҳалда бир буўынның қурылысында келген даўыслыны биз жиңишке [ә] фонемасы деп жүрген болсақ, буны акустикалық мағлыўматлар тастыйықламайды. Керисинше, ол фонетикалық жағдайда жумсалған жуўан [а] фонемасы болып табылады. Сондай-ақ, артикуляциялық жақтан да жуўан [қ] ҳәм [ғ] даўыссызлары менен қоңсылас жағдайда бир буўынның қурамында жиңишке даўыслының айтылыўы мүмкин емес. Буған қарақалпақ тилиндеги даўыссызлар сингармонизми жол бермейди. %йткени даўыссызлар сингармонизми бойынша қарақалпақ тилинде барлық даўыссызлардың жуўан реңклери жуўан (тил арты) даўыслылар, ал жиңишке реңклери жиңишке (тил ортасы, тил алды) даўыслылар менен келеди. Солай етип, қоңсылас буўынлардың жуўан я жиңишкелигинен ғәрезсиз ҳалда [қ] ҳәм [ғ] даўыссызлары менен тек жуўан даўыслылар ғана бир буўынның қурылысында келе алады. Ал жиңишке даўыслылар ондай фонетикалық жағдайда ушыраспайды.

Сондай-ақ, [k] ҳәм [г] жиңишке даўыссызлары менен жуўан даўыслылардың бир буўын қурылысында қоңсылас келиўи де тәбийғый жағдай емес. Биз [канал], [кәмал], [гараж] түриндеги сөзлерди алып, олардағы жиңишке [k], [г] даўыссызлары менен қоңсылас келген даўыслының формантлық қурылысын салыстырып қарасақ, усы ўақытқа шекем жуўан [а] деп жүрген даўыслының ҳақыйқатында жиңишке [ә] сыяқлы акустикалық сыпатламаға ийе екенин көрдик. Буны төмендеги эксперименталь мағлыўматлар тастыйықлады.

Биринши буўындағы даўыслының формантлық қурылысы ҳаққында мағлыўмат`[1]

сөзлер	ФI	ФII
канал	tt0-q000	qr00-qi00
камал	tt0-o00	qr00-qi00
Кавказ	tt0-o00	qet0-qi00
казарма	tt0-o00	qet0-qi00
газон	y00-q000	qe00-qu00
гараж	y00-q000	qr00-qu00
галстук	tt0-o00	qet0-qu00
газета	tt0-o00	qr00-qo00
орташа	ty0-or0	qeut-quut

Биз бул санларды қарақалпақ тилиниң даўыслы фонемаларының формантлық қурылысы ҳаққындағы мағлыўматлар менен салыстырып қарасақ, келтирилген сөзлердиң биринши буўынындағы даўыслының екинши форманты (екинши формант даўыслының жуўан я жиңишкелигине тиккелей қатнаслы болады) жиңишке [ә] даўыслы фонемасының екинши формантына жақын келетуғынын көремиз. Жоқарыда айтылғанындай-ақ [ә] даўыслысы фонемасының екинши форманты qei0-qir0 гц жийликте, [а] даўыслы qqe0-qeo0 гц жийликте, ал келтирилген мысаллардың биринши буўынындағы даўыслының екинши форманты qeut-quut гц жийликте болады. Бул үш түрли санларды салыстыра отырып, жоқарыда келтирилген сөзлердиң биринши буўынындағы даўыслының акустикалық жақтан жуўан [а] фонемасына емес, ал жиңишке [ә] фонемасына жақын екенине исеним пайда болады. Солай етип, [k] ҳәм [g] даўыссызлары менен қоңсылас ҳалда бир буўынның қурамында келген даўыслыны жуўан [а] фонемасы деп жүрген болсақ, буны акустикалық мағлыўматлар тастыйықламайды. Керисинше, ол жерде келген жиңишке даўыслы [ә] фонемасы болып саналады. Сондай-ақ, артикуляциялық жақтан да жиңишке [k] ҳәм [g] даўыссызлары менен қоңсылас жағдайда бир буўынның қурылысында жуўан даўыслының айтылыўы мүмкин емес. Буған қарақалпақ тилиндеги даўыссызлар сингармонизми жол бермейди. Солай етип, қоңсылас буўынлардың жуўан я жиңишкелигинен ғәрезсиз ҳалда жиңишке [k] ҳәм [g] даўыссызлары менен тек жиңишке даўыслылар ғана бир буўынның қурамында келе алады. Ал жуўан даўыслылар ондай фонетикалық жағдайда ушыраспайды.

Қарақалпақ тилиндеги усы күнге шекем [ғ] ҳәм [г], сондай-ақ [қ] ҳәм [k] сеслериниң ҳәр бири басқа-басқа фонемалар ретинде танылып келген болса, енди жоқарыда айтылған мағлыўматларға сүйене отырып, [қ] жуўан даўыслылар менен бир буўында, [k] жиңишке даўыслылар менен бир буўында жумсалатуғын бир пүтин [к/k] үнсиз даўыссыз фонемасының жуўан және жиңишке реңклери деп саналыўы керек. Ал [ғ] ҳәм [г] сеслери де тап сондай қатнастағы, яғный [ғ] жуўан даўыслылар менен бир буўынның қурамында [г] жиңишке даўыслылар менен бир буўынның қурамында жумсалатуғын бир пүтин үнли [ғ/г] даўыссыз фонемасының жуўан және жиңишке реңклери деп саналыўы керек. Солай етип, [қ] менен[ғ] тек жуўан даўыслылар менен, [к] менен [г] тек жиңишке даўыслылар менен жумсалатуғын реңклер болғанлықтан бул жағдай жазыўда да қатаң есапқа алыныўы керек.

Ҳәзирги қарақалпақ тилинде [й], [ў] даўыссызларының фонемалық қәсийетлерине айырықша тоқтаў талап етиледи. Себеби олар, биринширден, айтылыўы жағынан сөздиң ҳәм буўынның басында және ақырында еки түрли болады. Екиншиден, даўыслыларға ең жақын

[1] Бул ма2лы7матлар тутасы менен авторды4 (А.Д17летов, *1зирги 3ара3алпа3 1дебий тилини4 сеслик д6зилиси. Н5кис, qoot, iw-iu б.б) монографиялы3 мийнетинен алынды.

даўыссыз сес ретинде булар даўыслы фонемалар менен бир буўында келип, ашық ҳәм туйық дифтонгларды пайда етиўге қатнасады. :шиншиден, сөзлердиң түрли орынларында жумсалыўы (дистрибуциясы) жағынан олар бирдей емес. Соның менен бирге [й] сонанты сөздиң басында жумсалыўы жағынан ең жақын туўысқан тиллер болған түркий тиллердиң қыпшақ-ноғай бөлимшесине киретуғын қазақ, ноғай ҳәм қарақалпақ тиллеринде бирдей емес. Бул сес ноғай тилинде сөздиң басында жийи жумсалады. Ал қарақалпақ тилинде сийрек жағдайда [я], [яр], [яқшы], [йәки], [як], [йүсүп] усаған сөзлерде ушырасады. Ал ҳәзирги қазақ тилинде [й] сонанты сөздиң басында пүткиллей жумсалмайды.

Орыс әлипбеси тийкарындағы қарақалпақ жазыўында сөздиң басында й ҳәриби тек йош, йод сыяқлы бир-еки сөзде ғана ушырасып, қалған орынларда [й] сеси [а] ҳәм [ә] ашық даўыслылары менен келгенде сол даўыслы сеслер менен бирликте я ҳәриби менен таңбаланатуғын еди. [Е] сеси менен келгенде [й] сонанты биргеликте [е] таңбасы менен таңбаланады. Сондай-ақ [о] сеси менен келгенде де [й] сеси сол даўыслы менен қосылып, бир таңба менен, яғный ё таңбасы менен аңлатылады. Ал әўелги ҳәм соңғы әлипбелерде уе сеслер дизбеги е ҳәриби менен аңлатыла береди.

Ҳәзирги ҳәм бурынғы қарақалпақ тилиниң имла қәделери бойынша ў [ў] ҳәриби тек ашық, а, ә [ә] даўыслыларының алдында ғана келеди. Мәселен, ўаз [ўаз], ўақыт [ўақыт], ўәде [ўәде], ўәкил [ўәкил], т.б. Ал еринлик даўыслы болған о, ө [ө] фонемаларының алдында ў [ў] сеси анық еситилген менен айырықша таңба менен таңбаланбайды. Сөздиң басында келген сол о, ө ҳәриплериниң ҳәр бири сәйкес еринлик даўыссыз [ў] ҳәм еринлик даўыслы [о], еринлик даўыссыз [ў’] ҳәм еринлик даўыслы [ө] сеслериниң дизбегин аңлатып отырады.

Жоқарыда айтқанымыздай-ақ сонант [й]ҳәм [ў] айырықша фонема ретинде қарақалпақ тилинде сөздиң барлық жағдайларында жумсалады. Оны тастыйықдаў ушын мына бир мағлыўматты келтириўдиң өзи-ақ жеткиликли` [й] ҳәм [ў] аффикслик морфема хызметин атқара алады. Мәселен, [й] сонанты менен [е] даўыслысы арасынан, [ў] сонанты менен [ө] даўыслысы арасынан морфеманың шегарасы өтеди. Мәселен, [тийе], [кеўө], сөзлеринде [йе], [ўө] дифтонгларының ортасынан морфеманың шегарасы өтип тур.

Сондай-ақ [й], [ў] даўыссызлары сөздиң басында ашық [а] ҳәм [ә] даўыслы фонемаларының алдында жумсалады. Бул даўыслылардың алдыңғы [й], [ў] сонантлары [а] даўыслысының алдында түсирилип қалдырылса, онда жаңа сөз пайда етиледи. Мәселен, [йар]- [ар], [ўаз]- [аз]. Ал [ә] даўыслысының алдында түсирилип қалдырылса, мәни аңлатпайтуғын әпиўайы бир сеслер дизбегине айланады. Мәселен, салыстырың` [йәки]- [әки], [ўәж]- [әж]. Булардың соңғылары мәни аңлатпайды.

Солай етип [й], [ў] сеслериниң сөздиң ақырында ҳәм ортасында ғана емес, сондай-ақ сөздиң басында да айырықша фонемалар ретинде жумсалатуғынын көремиз.

Сөздиң ең басында тек ғана [йе], [ўо], [ўө] дифтонглары ушырасып қоймайды. Соның менен бирге оларға усаған [йа], [йә], [ўа], [ўә] дифтонглары да жумсалады ҳәм ол дифтонглардың ҳәр бири сөзсиз еки фонеманың дизбеги болып саналады. Олай болса, тап сондай фонетикалық жағдайда жумсалатуғын [йе], [ўо], [ўө] дифтонглары да еки фонеманың дизбегинен турады деп саналыўы керек. Басқаша айтқанда даўыссыз [й], [ў] сеслери даўыслы [а] ҳәм [ә]сеслериниң алдында сөзсиз айырықша фонемалар деп танылса, онда аналогия бойынша олар басқа даўыслылардың алдында келгенде (мәселен, даўыслы [е], [о], [ө] фонемаларының алдында келгенде де) айырықша фонемалар деп танылыўы талап етиледи.

Ҳәзирги қазақ тилиниң мағлыўматлары тийкарында бундай жуўмақ шығарыўға болмайды. Себеби ҳәзирги қазақ тилинде даўыссыз [й] ҳәм [ў] фонемалары сөздиң басында жумсалыўы жағынан шекленген. Ал сөз басындағы [йе], [ўо], [ўө] дифтонглары болса, қарақалпақ тилине салыстырғанда қазақ тилинде жүдә елеспесиз аңлатылады. Сонлықтан да қазақ тилиндеги сөз басындағы бундай сеслик көринисти {дифтонгоидлар} деп атаўға болады. Ал сөз басындағы дифтонгоидларды сөз ортасындағы ҳәм сөз ақырындағы сәйкес монофтонглардың реңлери деў мүмкин. Сонда ҳәзирги қазақ тилиндеги сөз басындағы аталған дифтонгоидлардың ҳәр қайсысын бир фонема (монофонема) деп, ал қарақалпақ тилиндеги сәйкес дифтонглардың ҳәр қайсысын еки фонема (бифонема) деп атаўға болады.

Қарақалпақ тилинде даўыслы [е] фонемасы сөздиң басында мудамы даўыссыз [й] сеси менен жумсалғанлықтан, сөздиң басындағы [йе] дифтонгин сөз ортасында ҳәм ақырында жумсалатуғын [е] монофтонгының реңки деп қараў керек болар еди. Сондай-ақ мудамы даўыслы [о] ҳәм [ө] фонемалары сөздиң басында даўыссыз [ў] сеси менен жумсалмағанлықтан, сөздиң басындағы [ўо] ҳәм [ўө] дифтонгларын сөз ортасында ҳәм ақырында жумсалмайтуғын сәйкес [о] ҳәм [ө] монофтонгларының реңклери деп қараў керек болар еди. Жақын ўақытқа шекем қарақалпақ тилинде тап солай болып та келди. Ҳәзир де бундай пикир пүткиллей жоғалған жоқ. Теориялық жақтан бундай надурыс жуўмақ шығарыўға қарақалпақ тилиниң ҳәзирги жазыўы да жәрдем берди. %йткени сөздиң басындағы дифтонг та, сөздиң ортасындағы ҳәм ақырындағы сәйкес монофтонг та бирдей таңба менен белгиленип киятыр. Солай етип сөздиң басындағы [йе] дифтонги де ҳәм сөздиң ортасы менен ақырындағы [е] монофтонги де е ҳәриби менен, сөздиң басындағы [ўо] дифтонги де ҳәм сөздиң ортасындағы [о] монофтонги де о ҳәриби менен, сөздиң басындағы [ўө] дифтонги де ҳәм сөздиң ортасы менен ақырындағы [ө] монофтонги де ө ҳәриби менен белгиленип киятыр.

Академик Л.В. Щербаның орыс тилиндеги даўыссыз [й] фонемасының еки түрли реңки жөниндеги айтқан пикири[э] қарақалпақ тилиндеги даўыссыз [й] ҳәм [ў] фонемаларының реңклерине де ҳақыйқат сәйкес келеди. Орыс тилиндеги сыяқлы қарақалпақ тилинде де буўынның ҳәм сөздиң ақырында даўыссыз [й] фонемасының даўыслыға жақын болған реңки жумсалады. Мысалы` [ай], [майда], [сайла] ҳәм т.б. Сөздиң ҳәм буўынның басында нағыз даўыссыз реңки болған [й] жумсалады. Мысалы` [йар], [йа], [сайа], [таяқ] ҳәм т.б. Бул фонеманың буўын қурамайтуғын даўыслы реңкин айтқанда тосқынлық аз дәрежеде, даўыс басым ҳалда болады. Ал даўыссыз реңкин айтқанда тосқынлық күшли, шаўқым басым ҳалда қатнасады. Тап усындай еки түрли реңклерге даўыссыз [ў] фонемасы да ийе болады. Бул мәселеде даўыссыз [й] ҳәм [ў] фонемаларының жағдайлары теңдей.

Солай етип даўыссыз [й] ҳәм [ў] фонемаларының ҳәр бири буўын қурылысындағы даўыслы фонеманың алдында ҳәм ақырында келиўи менен артикуляциялық ҳәм акустикалық жақтан үлкен айырмашылыққа ийе болатуғынын көрдик. Бирақ соған қарамастан буўынның басындағы [й] менен буўынның ақырындағы [й] сесин, сондай-ақ буўынның басындағы [ў] менен буўынның ақырындағы [ў] сесин басқа-басқа фонемалар ретинде қабыл етиўге болмайды. Себеби олар бири орнына бири ҳеш алмастырылып жумсалмайды. Бул жағдай олардың өз-ара фонемалық емес, ал реңкилик қарым-қатнасын көрсетеди. Себеби олардың артикуляциялық ҳәм акустикалық жақтан ҳәр қыйлы болыўы тиккелей фонетикалық жағдайға байланыслы болып отыр` [айақ], [тайақ], [аўа], [саўап], [яр], [ўаз] сыяқлы сөзлерде буўынның басында [й] ҳәм [ў] сеслери ҳақыйқат даўыссыз ретинде айтылады~ [ай], [аў], [майда], [таўла] сыяқлы сөзлерде буўынның ақырында [й] ҳәм [ў] сеслери буўын жасай алмайтуғын даўыслы (ярым даўыслы) ретинде айтылады. Демек, олардың ҳәр қыйлылығы, яғный сөздиң ҳәм буўынның басында [й] менен [ў] ның даўыссызға жақын, ал сөздиң ҳәм буўынның ақырында даўыслыға жақын айтылыўы тиккелей фонетикалық жағдайға байланыслы болып отыр. Бундай болып тек фонетикалық жағдайдың себебинен пайда болатуғын сеслик өзгешеликлер бир фонеманың реңклери деп танылыўы керек екенлиги улыўма фонология илиминде қабыл етилген анықлама болып табылады. Ҳәр түрли сеслерди ҳәр түрли фонемалар ретинде қабыл етиў ушын олардың артикуляциялық ҳәм акустикалық жақтан ҳәр қыйлы болыўы еле жеткиликсиз. Соның менен бирге дәл бирдей фонетикалық жағдайда ол сеслер бири орнына бири алмастырылып жумсала алыўы да талап етиледи. Сонда ғана жеке сес ҳақыйқат сөзлердиң мәнисин өзгертиўге қатнасатуғын айырықша фонологиялық бирлик (фонема) бола алады. Ал даўыссыз [й] ҳәм [ў] фонемаларының сөздиң ҳәм буўынның басындағы ҳәм ақырындағы көринислеринде бундай қәсийет жоқ.

Даўыссызлардың артикуляциялық ҳәм акустикалық сыпатламасы

Тил сеслери сөйлеў ағзаларының ҳәрекети арқалы жасалатуғынлығы мәлим. Сеслердиң жасалыўында ҳәрекетшең сөйлеў ағзаларының хызмети айрықша әҳмийетке ийе. Сонлықтан даўыссыз фонемалардың жасалыўы жөнинде сөз болғанда сөйлеў ағзаларының қайсылары ҳәрекетке келеди, қандай қәлипте болады, даўыс қатнаса ма, жоқ па? деген сыяқлы мәселелер көзде тутылады. Сондай-ақ ҳәрекет етпейтуғын сөйлеў ағзалары да сеслердиң жасалыўы ушын белгили дәрежеде хызмет атқарады. Олар ҳәрекетшең сөйлеў ағзаларына тирениш болыў менен бирге жаңғырық хызметин атқаратуғын аўыз ҳәм мурын бослықларының дийўаллары ўазыйпасын атқарады.

Тил сеслериниң жасалыўы ушын ҳаўа ағымы ҳәм ўақыт бирлиги керек. ?ақыт бирлиги ҳәм ҳаўа ағымы менен бирге даўыссыз сеслердиң айтылыўында сөйлеў ағзаларының бир жеринде тосқынлықтың пайда етилиўи зәрүр. Солай етип артикуляциялық жақтан даўыссызларға улыўма нәрсе-оларды айтқанда өкпеден шыққан ҳаўа ағымы аўыз қуўыслығында тосқынлыққа ушырай отырып, даўыслылар ушын керекли болған шаўқымды пайда етеди. Даўыссызлардың жасалыўында бөлеклене ҳәрекет етип, тосқынлықты пайда етиўши бир ҳәрекетшең сөйлеў ағзасына ғана күш түсип, сол сөйлеў ағзасының хызмети айрықша болады. Дәл тосқынлық пайда етилген орын даўыссыз сестиң жасалыў орны болады. Мысалы, [т] ҳәм [с] даўыссызлары жасалыў орны жағынан тил алды фонемалары болып саналады. Себеби оларды айтқанда тилдиң алдыңғы бөлими менен альвеол ортасында тосқынлық пайда етилип тур. Даўыссыз [й] сесин айтқанда тилдиң ортаңғы бөлими менен таңлайдың ортаңғы бөлими арасында, [к] ҳәм [г] сеслерин айтқанда тилдиң артқы бөлими менен артқы (жумсақ) таңлай арасында тосқынлық пайда етиледи. Сонлықтан [й] сеси тил ортасы даўыссызы, ал [к], [г] сеслери тил арты даўыссызлары деп айтылады. Жасалыў орны жағынан [т], [с] даўыссыз сеслериниң тил алды, [й] сесиниң тил ортасы, [к], [г] сеслериниң тил арты деп аталыўында ҳәрекетшең сөйлеў ағзасы болған тилдиң қайсы бөлиминиң ҳәрекетке келип, тосқынлық пайда етиўи есапқа алынады. Сондай-ақ жасалыў орны жағынан [п], [б] сеслериниң еринлик, [қ], [ғ] сеслериниң кишкене тиллик ямаса увуляр[1], [х] сесиниң көмекей ямаса фарингаль[2] деп айтылыўында ҳәрекетшең сөйлеў ағзаларының хызмети есапқа алынады. Ҳәркетшең сөйлеў ағзасының ҳәрекетке келмейтуғын сөйлеў ағзасына жабысыў (тийиў) арқалы, жуўысыўы (жақынласыўы) арқалы, бирден жабысыўы ҳәм кейин ала ақырын жаздырылыўы арқалы ямаса ҳәрекетшең сөйлеў ағзасының (тил ушының) дирилдеўи арқалы тосқынлық пайда етилиўи мүмкин. Даўыссыз сеслердиң артикуляциясында тосқынлықтың бундай түрли усыл менен пайда етилиўи даўыссызлардың жасалыў усылы болады. Мысалы, жасалыў усылы жағынан [т], [к], [г] сеслери жабысыңқы, [с] [й] сеслери жуўысыңқы, [р] сеси дирилдеўик, ал [т] [щ] сеслерин айтқанда дәслеп жабысыў, изин ала жуўысыў пайда етилип, олар бирикпели ямаса аффрикат фонемалар деп аталады.

Даўыссыз сеслер даўыстың (даўыс шымылдығының) қатнасы жағынан ҳәм ҳаўа ағымының пәти жағынан биргелки болмайды. Сонорларды айтқанда даўыс қатнасады ҳәм ҳаўа ағымы күшсиз, өлпең болады. Ҳаўа ағымы ҳәлсиз болғанлықтан сонорлардың жасалыўында даўыс шаўқымнан басым еситиледи. :нли даўыссыз сеслерди айтқанда даўыс қатнасады ҳәм ҳаўа ағымы күшли болады. Ҳаўа ағымы пәтли болғанлықтан үнлилерди айтқанда сонорларға қарағанда шаўқым басым болып келеди. Ал үнсиз даўыссыз сеслерди айтқанда даўыс қатнаспайды, өкпеден шыққан ҳаўа ағымы жүдә күшли болып, үнсизлер тек шаўқымнан пайда болады.

Даўыссыз сеслердиң көпшилигиниң жасалыўында аўыз қуўыслығы резенатор хызметин атқарса, гейпара даўыссызларды айтқанда мурын қуўыслығы да резенатор хызметин атқарады. Қарақалпақ тилинде [м], [н], [ң] сеслери - мурынлық даўыссызлар. Бул сеслердиң үшеўи де мурынлық даўыссыз сеслер болғаны менен биринши еринлик, екинши тил алды, үшинши кишкене тиллик болып, жасалыў орны жағынан олар бир-

---

[1] **Увуляр**-латынша увула с5зинен келип шы2ып, }кишкене тил} деген м1ни а4латады.

[2] **Фарингаль**-латынша ф8арингес болып, }тама3} деген м1ни а4латады.

биринен айрылып турады. Сонлықтан мурынлық даўыссызларды айтқанда да аўыз қуўыслығының қай жеринде тосқынлық пайда етилиўи айрықша әҳмийетке ийе болады.

Даўыссыз фонемалардың жасалыўы орнын анықлаўда тийкарынан ҳәрекетшең сөйлеў ағзаларынының хызмети есапқа алынды ҳәм даўыссызлар жасалыў орны жағынан сол ағзалардың аты менен аталынды. Мәселен, еринлик, тил алды, тил ортасы ҳәм т.б. Солай етип даўыссыз фонемалардың ҳәр бирине артикуляциялық ҳәм акустикалық сыпатлама берилди.

Көпшилик түркий тиллердеги сыяқлы ҳәзирги қарақалпақ тилинде де даўыссыз фонемалардың жуўан ҳәм жиңишкелиги, еринлик ҳәм езиўлик екенлиги фонемалық хызмет атқармайды, яғный сөзлердиң мәнисин өзгертпейди. Керисинше, фонетикалық жағдайға байланыслы, яғный қурамындағы даўыслының сыпатына қарай ҳәр бир даўыссыз фонема қатаң түрде төрт түрли реңклерде жумсалады. Жуўан езиўлик даўыслылар менен бир буўында келгенде даўыссыз фонема жуўан езиўлик реңкинде, жиңишке езиўлик даўыслылар менен келгенде даўыссыз фонема өзиниң жиңишке езиўлик реңкинде жумсалады. Сингармонизмге муўапық бул қубылыс қатаң сақланады.

Ҳәр бир даўыссыз фонеманың тийкарғы артикуляциясы болыўы менен бирге сингармонизмге муўапық буўынның жағдайына қарай жуўан езиўлик, жиңишке езиўлик, жуўан еринлик, жиңишке еринлик болып айтылыўын тәмийинлеўши қосымша артикуляциясы да болады. Қосымша артикуляция арқалы даўыссыз фонемалардың фонетикалық реңклери пайда етиледи. Ал тилде фонеманың жасаўы тек оның реңклери арқалы иске асатуғынын есапқа алсақ, қосымша артикуляцияның да қаншелли дәрежеде әҳмийетли екенин түсиниўге болады. Мәселен, [т] фонемасының тил алды, жабысыңқы, үнсиз, аўызлық болыўын оның тийкарғы артикуляциясы десек, буўынның жағдайына қарай жуўан езиўлик, жиңишке езиўлик, жуўан еринлик, жиңишке еринлик болыўын тәмийинлеўши артикуляциясын бул фонеманың қосымша артикуляциясы деп есаплаймыз. Даўыссыз фонемалардың бундай қосымша артикуляциясы тил менен еринлердиң қосымша ҳәрекети арқалы әмелге асады. Даўыссыз фонемалардың жуўан реңкин айтқанда тилдиң артқы бөлими, ал жиңишке реңкин айтқанда тилдиң ортаңғы (ямаса алдыңғы) бөлими көтериңки ҳалда болыўы талап етиледи. Даўыссызлардың еринлик реңкин айтқанда еринлер жақынласып үйирилиўи, езиўлик реңкин айтқанда еринлер ашық ҳәм бийтәреп ҳалда болыўы талап қылынады. Буннан тысқары жуўан даўыссыз фонема я еринлик, я езиўлик түрде ғана жумсалады~ жиңишке даўыссыз да тап сондай, я еринлик, я езиўлик түрде ғана жумсала алады.

Солай етип ҳәзирги қарақалпақ тилинде даўыссыз фонемалардың жуўан езиўлик, жиңишке езиўлик, жуўан еринлик, жиңишке еринлик реңклерде жумсалыўы олардың сөйлеў ағымындағы тәбийғый ҳалындағы артикуляциялық ҳәм акустикалық өзгешеликлерин аңлататуғын болғанлықтан бул белгилер жөнинде ҳәр бир даўыссыз фонеманың тусында қысқаша сөз етиледи.

Еринлик даўыссыз фонемалардың сыпатламасы

Қарақалпақ тилинде еринлик даўыссызлар фонемалар [б], [п], [ў], [м], [в], [ф] болып, олардың соңғы екеўи тек сырттан кирген сөзлерде ғана жумсалады.

Даўыссыз [б], [п] - қос еринлик, жабысыңқы, аўызлық, шаўқымлы фонемалар~ [б] - үнли, [п] - үнсиз.

Артикуляциялық жақтан еки еринниң өз ара жабысыўы кейин бирден ажырасыўы нәтийжесинде пайда етилген жарылыў арқалы, сондай-ақ жумсақ таңлай көтериңки ҳалда болып, мурын жолының жабылыўы менен жасалады. Сонлықтан да бул даўыссызлар мурынлық емес, ал аўызлық фонемалар болады. (qi-сүўрет). Жуўан даўыслылар менен келгенде жуўан реңкин айтқанда тилдиң артқы бөлими, ал жиңишке даўыслылар менен келгендеги жиңишке реңкин айтқанда тилдиң ортаңғы бөлими көтериңки ҳалда болады~ еринлик даўыслылар менен келгендеги еринлик реңкин айтқанда еринлер алға үйирилиўи арқалы жасалады~ езиўлик даўыслылар менен келгендеги езиўлик реңкин айтқанда еринлер

әдеттеги ашық, бийтәреп қәлпинде болады. Солай етип ол даўыссыз фонемалардың ҳәр бири төрт түрли реңкте жумсалады` [б, б', б°, б'°], [п, п' п°, п'°. Сөздиң басында ҳәм ақырында (сөз ақырында тек [п] жумсалады) жабысыңқы реңки, ал еки даўыслының ортасында ҳәм жуўысыңқы даўыссызлар менен қоңсылас жағдайда жуўысыңқы реңклери жумсалады.

Мысалы` [бас], [пал], [тар] сөзлеринде-жабысыңқы реңклер~ [түфле], [ғүфш'ек], [тава], [афа] сөзлеринде жуўысыңқы реңклер. :нсиз [п] сеси сөздиң ақырында бирде жабысыўшы (имплозив), бирде жарылыўшы (эксплозив) реңклеринде айтылады. Мәселен, [тап], [сеп] түриндеги сөзлерден соң сөйлеў ағымы даўам етпей, аўыздың жабық ҳалында қалыўы арқалы жабысыўшы реңки айтылады. Ал сөйлеў ағымы даўам етилип, еринлердиң ендиги сести айтыўға бейимлесип ашылыўы арқалы оның жарылыўшы реңки айтылады.

Даўыссыз [б] үнли болғанлықтан шаўқым менен бирге даўыстың қатнасынан, ал [п] үнсиз болғанлықтан тек ғана шаўқымның қатнасынан жасалады.

Даўыссыз [ў]- қос еринлик, жуўысыңқы, сонор, аўызлық фонема.

Артикуляциялық жақтан еки еринниң алға қарай үйирилип, дөңгелек саңлақ пайда етилиўи нәтийжесинде ҳәм жумсақ таңлай жоқары көтерилип, мурын жолының жаўып турыўы арқалы жасалады. Ҳаўа ағымы аўыз арқалы өткенликтен ол аўызлық фонема болып табылады (qo-сүўрет). Еринниң жағдайы даўыслыларды айтқандағыға усайды. Басқа барлық даўыссызлар фонетикалық жағдайдың себебинен, яғный еринлик даўыслылар менен бир буўында келгени себепли еринлик реңклерине ийе болса, еринлик [ў] фонемасы мудамы тек ернлик реңклеринде ғана жуўан ҳәм жиңишке түринде жумсалады. Солай етип бул фонема мудамы я жуўан еринлик, я жиңишке еринлик реңклери арқалы көринеди де, ал басқа даўыссыз фонемалар сыяқлы оның жуўан езиўлик ҳәм жиңишке езиўлик реңклери болмайды. Басқа даўыссыз фонемалардан тағы бир айрықшалығы [ў] даўыссызы, сондай-ақ тил ортасы [й] даўыссызы да, сөздиң (ямаса буўынның) басында бир түрли, сөздиң (ямаса буўынның) ақырында басқа түрли реңклеринде жумсалады. Сөздиң (буўынның) басында жасалыў орнындағы сөйлеў ағзаларының тосқынлығы күшлирек болып, даўыссыз сеске тән артикуляцияға ийе болады. Ал сөздиң (буўынның) ақырында тосқынлық өлпең болып, даўыслыға тән артикуляцияға ийе болады. Салыстырың` [ўаз]- [таў]. [ке-ўил]- [кеў-ди]. Даўыстың ҳәм шаўқымның қатнасы жағынан [ў] фонемасы сонор даўыссыз болғанлықтан шаўқымға қарағанда даўыс басымырақ айтылады. Бул, оның, әсиресе, буўынның ямаса сөздиң ақырында жумсалатуғын реңкинде анық сезиледи.

Даўыссыз [м]-қос еринлик, жабысыңқы, сонор, мурынлық фонема.

Артикуляциялық жақтан еки еринниң бир-бирине жабысыўы ҳәм жумсақ таңлай түсиңки ҳалда болғанлықтан, мурын жолының ашылыўы нәтийжесинде өкпеден шыққан ҳаўа ағымының мурын бослығынан өтиўи арқалы жасалады. (w0-сүўрет). Сонлықтан да бул фонема мурынлық даўыссыз болып, қарақалпақ тилиндеги басқа мурынлық даўыссызларды айтқанындай аўыз бослығында [м] сесин айтқанда еринлердиң тусында, [н] сесин айтқанда тилдиң алдындағы бөлиминиң тусында, [ң] сесин айтқанда кишкене тил менен тилдиң артқы бөлиминиң тусында жабысыў пайда етилип турған пайытта мурын жолынан ҳаўа ағымы үзликсиз шығып та турады, солай етип мурын бослығы жаңғырық хызметин атқарады. Сонор [м] сеси сөздиң барлық жағдайында (басында, ортасында, ақырында) жабысыңқы болыў менен бирге, сөздиң ақырында жабысыўшы және жарылыўшы болып, еки түрли реңкте жумсалады. Бул фонеманың жабысыўшы реңки басымырақ. Мынадай сөзлер салыстырылады` [там], [жем] - бирде жабысыўшы, бирде жарылыўшы, [қамба], [қумбул], - жабысыўшы~ [қамты], [жамғыр] - бирде жарылыўшы, бирде жабысыўшы. Буўынның сыпатына қарай бул фонема [м, м',м°,м'°] реңклеринде жумсалады.

Даўыс ҳәм шаўқымның қатнасы жағынан [м] фонемасы сонор даўыссыз болғанлықтан шаўқымға қарағанда даўыс басымырақ қатнасады. !сиресе, еки даўыслының арасында акустикалық сыпатламасы жағынан ол даўыслыларға усап кетеди.

Даўыссыз [в], [ф] - еринлик-тислик, жуўысыңқы, шаўқымлы, аўызлық фонемалар` [в]- үнли, [ф]- үнсиз.

Артикуляциялық жақтан астыңғы еринлер менен үстиңги тислер арасындағы саңлақ қалдырылыўы арқалы ҳәм жумсақ таңлай көтериңки болып, мурын жолының жабылыўы менен жасалады. Бул даўыссызлар мурынлық емес, аўызлық болып табылады. Ал тилдиң жағдайы қурылысындағы даўыслы фонеманың жуўан, жиңишкелигине қарай өзгереди. Жуўан даўыслылар менен қоңсылас келип, жуўан реңкте айтылғанда тил түсиңки ҳалда, ал жиңишке даўыслылар менен қоңсылас келип, жиңишке реңкин айтқанда тил көтериңки ҳалда болады. Еринлик даўыслылар менен қоңсылас болып еринлик реңкин айтқанда еринлер жақынласып үйирилиўи арқалы жасалады, ал езиўлик даўыслылар менен келип, езиўлик реңкин айтқанда еринлер әдеттеги бийтәреп қәлпине жақын болады. Солай етип, олардың ҳәр қайсысы теориялық жақтан төрт түрли реңклерде жумсалыўы мүмкин болғаны менен әмелий жақтан қарақалпақ тилинде үнли [в] фонемасы жуўан езиўлик (вагон түриндеги сөзлерде), жиңишке езиўлик (в'ин°о түриндеги сөзлерде), жуўан еринлик (в° ол ° га түриндеги сөзлерде) даўыслылар менен үш түрли (в в' в °) реңклеринде ғана жумсалады. Ал үнсиз [ф] төрт түрли реңклерде жумсалыўы мүмкин. Жиңишке еринлик даўыслылар рус тилинен кирген сөзлерде жумсалмайтуғын болғанлықтан оның жиңишке еринлик реңки [в'°] жумсалмайды.

Даўыс ҳәм шаўқымның қатнасы жағынан [в] үнли даўыссыз болғанлықтан оны айтқанда шаўқым ҳәм даўыс тең қатнасады, ал [ф] үнсиз болғанлықтан шаўқым қатнасады.

Тил алды даўыссыз фонемаларының сыпатламасы

Қарақалпақ тилинде тил алды даўыссыз фонемалары [т], [д], [с], [з], [ш], [ж], [н], [л], [р], [с], [č] болып, олардың соңғы екеўи тек орыс тилинен кирген сөзлерде ғана жумсалады.

Даўыссыз [д], [т]- тил алды, жабысыңқы, аўызлық, шаўқымлы фонемалар` [д]-үнли, [т]-үнсиз.

Артикуляциялық жақтан тилдиң алдыңғы бөлиминиң, таңлайдың алдыңғы бөлимине жабысыўы, тил ушының үстиңги тислердиң түбине тирелиўи ҳәм жумсақ таңлай көтериңки ҳалда болып, мурын жолының жабылыўы менен жасалады. Тил ушының жағдайына қарай булар апикаль даўыссызлар болады. Бул даўыссызлар аўызлық сеслер қатарына жатады. Палатограммада тилдиң алдыңғы бөлиминиң алвеольға тийип, таға тәризли қалдырған изи анық көринеди. Буўынның сыпатына қарай бул даўыссызлар төрт түрли реңклерде жумсалады`[д, д', д° д'°], [т, т', т°т'°]

Сөздиң барлық жағдайларында булар жабысыңқы болады. Даўыслылардың алдында күшли жарылыў арқалы, ал даўыссызлардың алдында жарылыўсыз айтылады. Мысалы` [тас], [дар], [ата], [ада], [атқар], [жеткер], үнли [д] сеси сөздиң ақырында үнсизленеди. Мысалы' яд[ят], бәд [бәт]. Сондай-ақ [т] сеси сөздиң пүткиллей соңында факультатив түринде жабысыўшы (имплозив), бирде жарылыўшы (эксплозив) реңклеринде жумсалады.

Даўыс ҳәм шаўқымның қатнасы жағынан [д] үнли болғанлықтан шаўқым менен бирге даўыс қатнасады. !сиресе, даўыстың басымырақ қатнасы даўыслылар аралығында келген реңкинде анығырақ сезиледи. Даўыссыз [т] үнсиз жабысыңқы болғанлықтан тек шаўқымнан ибарат болады.

Даўыссыз [з], [с] - тил алды, жуўысыңқы, шаўқымлы, аўызлық фонемалар~ [з]-үнли, [с]-үнсиз.

Артикуляциялық жақтан тилдиң алдыңғы бөлиминиң, анығырағы оның еки қапталының, таңлайдың алдыңғы бөлими, үстиңги тислердиң түбине тийиўи, тил ушының алдыңғы тислер түбине тирелиўи ҳәм ортада дөңгелек наўаша тәризли саңлақ пайда етилиўи арқалы жасалады. Сондай-ақ жумсақ таңлай көтериңки ҳалда болып, мурын жолын жаўып турады. Сонлықтан да булар аўызлық сеслер қатарына жатады. Тил ушының төменги тислердиң түбине тирелгенликтен булар дорсаль даўыссызлар делинеди.. Басқа даўыссыз фонемалар сыяқлы булардың жуўан реңкин айтқанда тилдиң артқы бөлими, ал жиңишке реңкин айтқанда тилдиң ортаңғы бөлими көтериңки ҳалда болады~ еринлик реңкин айтқанда еринлер алға үйириледи, езиўлик реңкин айтқанда еринлер ашық ҳәм бийтәреп ҳалында

болады. Буўынның сыпатына қарай төрт түрли реңкте жумсалады` [з, з', з° з'°], [с, с', с° с'°]. Сөздиң барлық жағдайларында булар жуўысыңқы болады. Платограммадан тилдиң еки қапталы жабысып, ортадан қалған саңлақты анық көремиз.

Даўыс ҳәм шаўқымның қатнасы жағынан [з] үнли болғанлықтан шаўқым менен бирге даўыс қатнасады. Сөздиң басында ҳәм ортасында үнли, сонор даўыслылар алдында ҳәм даўыслылардың үнли түринде айтылады, ал үнсиз даўыссыздың алдында үнсизленеди. Мысалы` [заман], [азада], [аздан]~ [азса], [дузшы] ҳәм т.б. Даўыссыз [с] сөзлердиң барлық жағдайларында тек шаўқымнан жасалады.

Даўыссыз [ж], [ш] - тил алды, жуўысыңқы, аўызлық, шаўқымлы, еки тосқынлықлы, жалпақ саңлақлы фонемалар~ [ж]-үнли, [ш]-үнсиз. Олар еки түрли белгиси менен, яғный еки тосқынлықлы, жалпақ саңлақлы екени менен сәйкес бир тосқынлық дөңгелек саңлақлы [з], [с] сеслеринен айрылып турады.

Артикуляциялық жақтан тилдиң алдыңғы ҳәм артқы бөлиминиң жоқары көтерилип, еки жерден (ямаса узынша) тосқынлық пайда етиўи, тил ушының тил алды менен бирге қатты таңлайға қарай көтерилиўи арқалы жасалады. Солай етип бул еки тосқынлықлы даўыссызлардың биринши тосқынлығы тил ушы менен қоса тил алдының қатты таңлайдың тусына қарай көтерилип, ортада саңлақ қалдырылыўы арқалы, ал екинши тосқынлығы тилдиң ортаңғы бөлими таңлайдың ортаңғы бөлимине (қатты таңлай менен жумсақ таңлайдың шегарасына) қарай көтерилиўи менен жасалады.

Тил ушының қатты таңлайдың алдыңғы бөлимине көтерилиўи арқалы жасалғанлықтан бул сеслерди какуминаль даўыссызлар деп атаймыз. Тилдиң еки қапталы қапталдағы тислерге тийип ортасынан тилди бойлап узынша саңлақ қалдырылады. Саңлақтың көриниси [с], [з] сеслерин айтқандағыға қарағанда жалпақ ҳәм тосқынлық артырақта болатуғынын байқаймыз. Жумсақ таңлай жоқары көтерилип, мурын жолын жаўып турады. Сөздиң ортасында ҳәм ақырында булар жуўысыңқы болады. Ал басында бирикпели [дж] реңки ушырасады. Мысалы` [ажел], [таж], [джол] ҳәм т.б. Буўынның сыпатына қарай[ш, ш', ш°, ш'°], [ж, ж', ж°, ж'°] реңклеринде жумсалады.

Даўыс ҳәм шаўқымның қатнасы жағынан [ж] үнли болғанлықтан шаўқым менен бирге даўыс қатнасады. Даўыслылар аралығында ҳәм сонорлар менен қатара келгенде мудамы үнли түринде келеди, ал басқа жағдайларда үнсиз реңкинде жумсалыўы да мүмкин. Даўыссыз [ш] сөзлердиң барлық жағдайларында тек шаўқым арқалы жасалады.

Даўыссыз [л] - тил алды, жуўысыңқы (қаптал жуўысыңқы), аўызлық, сонор фонема. Артикуляциялық жақтан тил ушы менен бирге алдыңғы бөлими үстиңги тислердиң түбине (альвеолға) жабысыўы ҳәм тилдиң еки тәрепи түсиңки бола отырып, еки қапталдан саңлақ пайда етилиўи арқалы жасалады. Жумсақ таңлай көтерилип, мурын жолын жаўып турады. Солай етип өкпеден шығып киятырған ҳаўа ағымы ортадан емес, ал тилдиң еки қапталынан (айырым адамлардың сөйлеўинде бир қапталынан) шығады. Тилдиң ушы көтерилип, үстиңги тислер түбине тийип турғанлықтан бул апикаль даўыссызлар қатарына жатады.

Жуўысыңқы [с], [з], [ш], [ж] сеслерин айтқанда тилдиң еки тәрепи қапталдағы тислерге жабысып, саңлақ дәл ортада болса , [л] сесин айтқанда, керисинше, орта жабық болып, тилдиң еки тәрепи ашылып, саңлақ қапталдан пайда етиледи. Сонлықтан да [с], [з], [ш], [ж] орта жуўысыңқы болса, [л] қаптал жуўысыңқы даўыссызы болып саналады. Буўынның сыпатына қарай ол фонема [л, л', л°, л'°] реңклеринде жумсалады.

Даўыс ҳәм шаўқымның қатнасы жағынан [л] фонемасы сонор даўыссыз болғанлықтан шаўқымға қарағанда даўыс басымырақ қатнасады ҳәм ҳаўа ағымы өлпең болады. Бул әсиресе еки даўыслының аралығындағы реңкинде анық сезиледи.

Даўыссыз [н] - тил алды, жабысыңқы, мурынлық, сонор фонема.

Артикуляциялық жақтан тилдиң алдыңғы бөлиминиң таңлайдың алдыңғы бөлимине жабысыўы, тил ушының үстиңги тислердиң түбине тирелиўи ҳәм жумсақ таңлай түсиңки ҳалда болып, мурын жолының ашылыўы арқалы жасалады. Сонлықтан да бул фонема мурынлық даўыссыз болып табылады. Тил ушының жағдайына қарай - апикаль. (wy-сүўрет). Буўынның сыпатына қарай [н] фонемасы төрт түрли реңклерде жумсалады` [н, н', н°, н'°].

Даўыс ҳәм шаўқымның қатнасы жағынан [н] фонемасы сонор даўыссыз болғанлықтан шаўқымға қарағанда даўыс басымырақ қатнасады ҳәм ҳаўа ағымы өлпең болады. Бул әсиресе еки даўыслының арасында келгенде анығырақ сезиледи.

Даўыссыз [р] - тил алды, дирилдеўик, аўызлық, сонор фонема.

Артикуляциялық жақтан тилдиң ушы қатты таңлайдың тусында дирилди пайда етиўи арқалы жасалады. Тил ушы жоқары қарай азлап иймейеди, тил ортасы көтериңки жағдайда болады. Сонлықтан да тил ушы менен тил ортасының аралығында азлап ойыс пайда етиледи. Тил ушының жағдайына қарай какуминаль сес болады. Л.Р. Зиндердиң айтыўы бойынша бул түрдеги дирилдеўик сести айтқанда {дирилдиниң иске асыўы ушын сөйлеў ағзаларының толық жабысыўының зәрүрлиги жоқ ~ бул ушын олардың жақынласыўының өзи жеткиликли}.

Қарақалпақ тилиндеги [р] сесин айтқанда платограммада тил ушы толық из қалдырмайды. Бул сес жабысыңқы даўыссызға қарағанда жуўысыңқыға бираз жақынырақ. Тил ушының дирилдисиниң саны бирден үш-төртке шекем болыўы мүмкин. Сөздиң ортасында келгенде бир-екиден зыят дирилди болмайды. Ал сөздиң ақырында үш-төртке шекем дирилди пайда етилиўи мүмкин. Жумсақ таңлай көтерилип, мурын жолын жаўып турады. Буўынның сыпатына қарай ол [р, р', р°, р'°] түриндеги реңклеринде жумсалады.

Даўыс ҳәм шаўқымның қатнасы жағынан [р] фонемасы сонор даўыссыз болғанлықтан шаўқымға қарағанда даўыс басымырақ қатнасады ҳәм ҳаўа ағымы өлпең болады. Бул әсиресе еки даўыслының аралығында күшлирек сезиледи. Сөздиң (ҳәм буўынның) ақырында дирилди созылғанлықтан оның шаўқымлы реңки дөрейди. '°

Даўыссыз ц [с], ч [č] - тил алды, бирикпели, аўызлық, шаўқымлы~ [с] - бир тосқынлықлы, [**č**] - еки тосқынлықлы.

Артикуляциялық жақтан [с] сеси дәслеп [т] сесин айтқанындай тил ушының үстиңги тислердиң түбине тирелиўи, тил алдының таңлайдың алдыңғы бөлимине жабысыўы арқалы, кейин әстен жаздырылыўы нәтийжесинде [с] сесин айтқандағыдай қәлипте тил ушы менен бирликте тилдиң алдыңғы бөлими еки қапталдан тосқынлық жасап, дәл ортадан саңлақ қалдырыў арқалы жасалады. Жабысыў ҳәм жарылыў ажыралмас дәрежеде пайда етилгенликтен [с] сесин толық айтылған [т] ҳәм [с] сеслериниң дизбеги деп қараўға болмайды. Ал еки сыңары биригип, бир пүтин даўыссыз фонеманы пайда етеди. Солай етип [т] тәризли жабысыңқыдан басланып [с] тәризли бир тосқынлықлы жуўысыңқыға тамамланатуғын бирикпели даўыссыз сес жасалады. Даўыссыз ч [**č**] сесин дәслеп жумсақ [т^{ч}] сесин айтқандағыдай тил алдының қатты таңлайдың алдыңғы бөлимине жабысыўы ҳәм кейин әстен ажыралысып, жүдә қысқа [ш] сыяқлы бөлимин пайда етиў арқалы жасалады. Солай етип сөйлеў ағзалары [т] ҳәм [ш] сеслериниң дизбегин айтқандағы жағдайға усайды. Бирақ дәслепки [т] тәризли бөлеги айтылғаннан кейин жарылыў болмайды, ал [ш] тәризли сести даўам етиў менен тамамланады. Соңғы жуўысыңқы бөлеги еки тосқынлықлы болады.

Даўыссыз [**č**] сесиниң жасалыў орны [с] фонемасына қарағанда сәл артырақта. Бул [**с**] ҳәм [**č**] бирикпелериниң соңғы жуўысыңқы бөлеклериниң жасалыў өзгешеликлерине байланыслы болса керек~ [с] ҳәм [ш] сеслериниң артикуляциялық өзгешелиги қандай болса, [**с**] ҳәм [**č**] сеслериниң соңғы, жуўысыңқы бөлеклериниң артикуляциялық жақтан айырмашылығы да тап сондай. Тил ушының жағдайына қарай [**с**] - апикаль, [**č**]- какуминаль тил алды даўыссыз фонемасы деўге болады.

Даўыс ҳәм шаўқымның қатнасы жағынан булардың екеўи де үнсиз болғанлықтан даўыс қатнаспайды, мудамы шаўқым қатнасады, ҳаўа ағымы күшли болады.

Тил ортасы даўыссыз фонемасының сыпатламасы

Ҳәзирги қарақалпақ тилинде бирден-бир тил ортасы даўыссыз фонемасы [й] болып табылады. Сондай-ақ ол жуўысыңқы, сонор, аўызлық фонема болып саналады.

Артикуляциялық жақтан [й] сесин айтқанда тилдиң ортаңғы бөлими қатты таңлайдың тусына көтерилип, тилдиң еки қапталы азыў тислерге ҳәм олардың түплерине жабыса

отырып, ортадан узынша саңлақ қалдырылыўы арқалы жасалады. Тилдиң алдыңғы ҳәм артқы бөлимери түсиңки, ал тил ушы төменги тислерге тирелгенликтен, оны дорсаль фонема деўге болады. Дүңки көриниске енген тилдиң ортаңғы бөлими аўыз бослығын екиге бөлип турады.

Солай етип аўыздың алды бетинде киширек, артында үлкенирек бослықты пайда етеди. Еринлер ашық, бийтәреп ҳалда турып, жаңғырық хызметин атқарыўшы аўыз бослығының алдыңғы шегарасы алдыңғы тислер болады. Жумсақ таңлай көтерилип, мурын жолын жаўып турады. Даўыс ҳәм шаўқымның қатнасы жағынан [й] сонор болғанлықтан шаўқымға қарағанда даўыс басымырақ қатнасады. Бул фонеманың сөздиң (ҳәм буўынның) басындағы ҳәм ақырындағы еки реңки ортасында үлкен айырмашылық болып, ақырындағы реңки даўыстың басымырақ ҳәм ҳаўа ағымының өлпеңирек шығыўы менен жасалып, нағыз сонор фонемаға тән қәсийетке ийе болады. Ал сөздиң ҳәм буўынның басындағы реңки шаўқымның басымырақ болыўы арқалы жасалғанлықтан шаўқым басымырақ болады ҳәм ҳаўа ағымы күшлирек шығады.

Кишкене тиллик-тил арты даўыссыз фонемаларының сыпатламасы

Даўыссыз [ғ/г], [қ/к] - кишкене тиллик - тил арты, аўызлық шаўқымлы фонемалар~ [ғ/г] - үнли, [ғ] -реңки жуўысыңқы, [г] -реңки жабысыңқы~ [қ/к]- үнсиз, жабысыңқы.

Артикуляциялық жақтан [ғ/г] ҳәм [қ/к] даўыссыз фонемаларының реңклери жасалыў орынлары жағынан үлкен айырмашылыққа ийе` [ғ], [қ] -кишкене тиллик, [г], [к]- тил арты. Бул фонемалар сәйкес тил арты реңклери болған бул фонемалардың [г] ҳәм [к] сеслерин айтқанда тилдиң артқы бөлими жумсақ таңлайға жабысыўы тилдиң алдыңғы бөлиминиң түсиңки ҳалда болыўы, тил ушының шегиниўи, жумсақ таңлайдың артқы даўамы болған кишкене тилдиң көтерилип, мурын жолын жаўып турыўы арқалы жасалады. Ал аталған даўыссыз фонемалардың [ғ] ҳәм [қ] реңклери тилдиң көтериңки ҳалда турған артқы бөлимине кишкене тилдиң жақынласыўы (ғ реңкин айтқанда) ямаса жабысыўы (қ реңкин айтқанда), тилдиң алдыңғы бөлими түсиңки ҳалда болыўы, тил ушының тағы да шегине отырып алдыңғы тислерден қашықласыўы, кишкене тилдиң көтерилип, мурын жолын жаўып турыўы арқалы жасалады (ew-сүўрет). Буўынның сыпатына қарай [ғ/г], [қ/к] даўыссызларының ҳәр бири төрт түрли реңкте жумсалады~ [ғ, г, г'° , г°]~ [қ, к, к°, к°].

:нсиз [қ/к] даўыссыз фонемасы сөздиң ортасында, әдетте еки даўыслының арасында жуўысыңқы түринде гезлеседи. !сиресе оның кишкене тиллик реңки болған [қ] көбирек жуўысыңқыға айланады. Солай етип үнсиз кишкене тиллик [қ] өзиниң бул қәсийет бойынша үнли кишкене тиллик жубайы болған [ғ] сесине усайды. Сондай-ақ [қ/к] фонемасы сөздиң ақырында факультатив түрде бирде жабысыўшы, бирде жарылыўшы реңклеринде жумсалады.

Даўыс ҳәм шаўқымның қатнасы жағынан[ғ/г] фонемасы шаўқым ҳәм даўыстан ибарат болып, ҳаўа ағымы өлпең болыўы ҳәм даўыстың басымырақ қатнасы даўыслылардың арасында келгенде анығырақ сезиледи. Даўыссыз [қ/к] фонемасы үнсиз болғанлықтан ҳаўа ағымы пәтли болады ҳәм барлық фонетикалық жағдайларда да тек шаўқым қатнасады.

Кишкене тиллик даўыссыз фонемалардың сыпатламасы

Даўыссыз [х] - кишкене тиллик, жуўысыңқы, аўызлық, шаўқымлы фонема. Артикуляциялық жақтан бул фонемалар [ғ] даўыссызына усайды. Булардың айырмашылығы [х] - үнсиз, [ғ] - үнли. Тилдиң көтериңки қәлиптеги артқы бөлимине кишкене тилдиң артқы бөлими көтериңки ҳалда турып, мурын жолын жабыўы арқалы жасалады. Тилдиң алдыңғы бөлими түсиңки, ал тил ушы шегиниңки ҳалда болады. Буўынның сыпатына қарай [х] фонемасы еки түрли реңкте жумсалады` [х,х°]

Даўыс ҳәм шаўқымның қатнасы жағынан [х] үнсиз болғанлықтан ҳаўа ағымы күшли болып, ол тек шаўқымнан турады.

Даўыссыз [ң]- кишкене тиллик, мурынлық, жабысыңқы, сонор фонема.

Артикуляциялық жаққтан кишкене тил түсиңки ҳалда тилдиң артқы бөлимине тирелип, аўыз жолын жаўып, мурын жолы ашық қалады. Тилдиң алдыңғы бөлими түсиңки, тил ушы шегиниңки ҳалда болады. (ее-сүўрет). Солай етип, бул сести айтқанда аўыз бослығында тосқынлық жасалған менен ҳаўа ағымы жолынан иркинишсиз өтип турады. Бул фонема жабысыңқы даўыссызлардың ортасында бирден бир жабысыўшы сес болып табылады. Буўынның сыпатына қарай [ң] фонемасы төрт түрли реңклерде жумсалады` [ң, ң', ң°, ң'°]. Даўыс ҳәм шаўқымның қатнасы жағынан ҳаўа ағымы өлпең, даўыс шаўқымға қарағанда басым болады. Бул әсиресе даўыслылар арасында күшлирек сезиледи. Сөздиң ақырында ҳаўа ағымы күшлирек ҳәм шаўқым басымырақ болыўы мүмкин.

Көмекей даўыссыз фонемасының сыпатламасы

Даўыссыз [х] - көмекей (фарингаль), жуўысыңқы, аўызлық, шаўқымлы фонема.

Артикуляциялық жақтан [х] тутас тилдиң түсиңки жағдайында, тилдиң түби жутқыншақ дийўалларын жақынласыўы арқалы жасалады. Аўыз бослығының ең тарайып, шаўқым пайда етиўши орны тилдиң түби менен жутқыншақтың артқы дийўалларының аралығы болады (er-сүўрет). Буўынның сыпатына қарай [х] даўыссыз фонемасы төрт түрли реңклерде жумсалады` [х, х', х°, х'°].

Даўыс ҳәм шаўқымның қатнасы жағынан бул даўыссыздың айтылыўында даўыстың қатнасы жөнинде әдебиятларда еки түрли пикир бар` бириншиден, [х] сесин үнсиз даўыссыз деген~ екиншиден, ызыңлы (бизиң терминимиз бойынша-үнли) даўыссыз деген пикирлер ушырасады. Экспериментал мағлыўматлар тийкарында бул фонеманы үнсиз даўыссыз деп есаплаўға болады. Себеби сөздиң басында ҳәм ақырында үнсиз ал, сөздиң ортасында, әсиресе, еки даўыслының арасында үнли даўыссызға тән болған көринисти аңлаймыз. Сондай-ақ басқа үнсиз даўыссызларды айтқандағыдан ҳаўа ағымы пәтли шығады. Усы мағлыўматлар тийкарында, бизиңше, [х] сесин үнсиз даўыссыз фонемалар қатарына жатқарсақ, сондай-ақ ол фонема сөз ортасында үнли реңкине де ийе болады десек дурыс болады.

u - лекция

Даўыссызлардың классификациясы

Даўыссыз сеслерге берилген артикуляциялық ҳәм акустикалық сыпатламалар тийкарында қарақалпақ тилиниң даўыссыз фонемаларын бир неше топарларға бөлиўге болады.

%кпеден шығып киятырған ҳаўа ағымына тосқынлық жасаўы ушын ҳәрекетшең емес сөйлеў ағзасына жақынласыўшы ямаса жабысыўшы ағза ҳәрекетшең сөйлеў ағзасы болып табылады. Көпшилик тиллердеги сыяқлы даўыссыз фонемалардың жасалыў орнын ҳәрекетшең сөйлеў ағзаларының қатнасы менен белгилеўди ҳәм оларды жасалыў орны жағынан сол ҳәрекетшең сөйлеў ағзаларының аты менен атаўды (мәселен, тил алды, тил ортасы, тил арты ҳәм т.б.) мақул көрдик. Бул даўыссыз фонемалардың жасалыў орнын анығырақ билиўге жәрдемлеседи. Соның менен бирге даўыссызлардың жасалыў орнын белгилеўде басқаша пикирлер де ушырасады. Мәселен, Н.А.Баскаков даўыссыз фонемалардың жасалыў орнын ҳәрекет етпейтуғын сөйлеў ағзаларының аты менен атайды. К.Убайдуллаев ҳәрекетшең ҳәм ҳәрекет етпейтуғын сөйлеў ағзаларының аты менен атап, даўыссызлардың жасалыў орны жағынан қос еринлик, тислик, тил ушы, тил алды, тил ортасы, тил арты, көмекей фонемалары деп бөледи[1].

Жоқарғы еринге салыстырғанда төменги ерин ҳәрекетшең хызмет атқарады. Сонлықтан еринлик даўыссызларды айтқанда ҳәрекетшең сөйлеў ағзасы хызметин төменги ерин атқарады да, ол жоқарғы ерин ҳәм жоқарғы тислер ҳәрекет етпейтуғын (пассив) сөйлеў ағзасы болады. Төменги еринниң жоқары еринге жақынласыўы ямаса жабысыўы арқалы қос

[1] Убайдуллаев К. *1зирги заман 3раз3лпа3 тили. Н5кис, qoyt, rt-6

еринлик (билабиаль) даўыссызлар болған [ў], [п], [ьб], [ьм] фонемалары жасалады. Ал төменги еринниң жоқарғы тислерге жантасыўы арқалы еринлик-тислик (лабиоденталь) даўыссызлар болған [в], [ф] фонемалары жасалады. Солай етип төменги еринниң жоқарғы ерин менен жоқарғы тислердиң ортасында пайда еткен тосқынлығы нәтийжесинде еринлик даўыссызларға тән болған шаўқым дөреледи. %зиниң оғада ҳәрекетшеңлик уқыбы нәтийжесинде тил ҳәм оның әсиресе алдыңғы бөлими ҳәр түрли формаларға енип, сәйкес ҳәр қыйлы сеслерди пайда етеди.

Тил алды даўыссыз фонемаларының жасалыўында ҳәрекетшең сөйлеў ағзасы хызметин тил ушы менен бирликте тилдиң алдыңғы бөлими атқарады. Тил алды даўыссызлары [т], [д], [н], [л], [с], [з], [ш], [ж], [р], [с], [č] фонемалары болып, олар тидиң алдыңғы бөлими менен алдыңғы тислер ҳәм альвеол аралығында жасалады. Сондай-ақ тил алды даўыссызларының жасалыўында тил ушы я төменги тислерге тийиўи, я жоқарғы тислердиң түбине тийиўи, ямаса тил ушын оннан да жоқарыраққа, қатты таңлайға қарай көтерилиўи мүмкин. Тил ушының жағдайына қарап қарақалпақ тилиндеги [с], [з] сеслериниң дорсаль, [т], [д], [н], [л], [с] сеслериниң апикаль, [ш], [ж], [р], [č] сеслериниң какуминаль даўыссызлар екенин анықладық.

Усы жерде айтып өтетуғын тағы бир жағдай, тил алды даўыссызларынан [ш], [ж] сеслери ҳәм [с] бирикпели сесиниң екинши (с сыяқлы) сыңары еки тосқынлықлы болады. Солай етип [ш], [ж], [č] даўыссызлары еки тосқынлықлы екенлиги менен сәйкес [с], [з], [с] бир тосқынлықлы сеслеринен айрылып турады.

Тил ортасы [й] фонемасын айтқанда ҳәрекетшең сөйлеў ағзасы хызметин тилдиң ортаңғы бөлими атқарады.

Тил арты-кишкене тиллик даўыссызлар болған [қ/к/х] ҳәм [ғ/г] сеслери еки фонема дөгерегине жәмлеседи` [қ/к/х]-үнсиз, тил арты - кишкене тиллик фонемасы дөгерегине, [ғ/г] - үнли, тил арты кишкене тиллик фонемасы дөгерегине жәмлеседи. Булардың [к] ҳәм [г] реңклерин айтқанда тилдиң артқы бөлими, ал [қ], [х] ҳәм [ғ] реңклерин айтқанда кишкене тил ҳәрекетшең хызмет атқарады.

Сондай-ақ [ң] даўыссызын айтқанда кишкене тил, ал [ҳ] даўыссызын айтқанда тилдиң түби (көмекей) ҳәрекетшең сөйлеў ағзалары хызметин атқара отырып, жасалыў орны бойынша [ң] кишкене тиллик, [ҳ] көмекей даўыссыз фонемасы деп аталады.

Даўыссыз сеслердиң айтылыўында шаўқымның қатнасы олардың жасалыў орнына байланыслы екенлиги менен бирге жасалыў усылына да, яғный тосқынлықтың түрлерине де байланыслы болады. Ҳәрекетшең сөйлеў ағзалары ҳәрекет етпейтуғын сөйлеў ағзаларына тийиўи (жабысыўы) арқалы, жақынласыўы арқалы ямаса тил ушының дирилдеўи нәтийжесинде ҳаўа ағымына тосқынлық жасаўы мүмкин. Тосқынлықтың бундай түрлери даўыссыз сеслерге тән болған сәйкес шаўқымды пайда етеди. Жасалыў усылына қарай қарақалпақ тили даўыссызлары жабысыңқы, жуўысыңқы ҳәм дирилдеўик болып бөлинеди.

Ҳәрекетшең сөйлеў ағзалары болған астыңғы ерин, тил, кишкене тил өзлериниң тусындағы ҳәрекетшең емес сөйлеў ағзаларына толық жабысыўы арқалы өкпеден шыққан ҳаўа ағымының жолын беклеўи мүмкин. Жабысыў пайытында еле сес дөретилмейди. Тек мурынлық жабысыңқы даўыссызлар болған [м], [н], [ң] сеслерин айтқанда ғана мурын жолы ашық турғанлықтан ҳәрекетшең сөйлеў ағзаларының жабысыўы ўақтында да сес шығып турады. Аўызлық даўыслылардың айтылыўында шаўқым тосқынлықтың жаздырылыўы (ашылыўы) ўақтында пайда болады. Жабысыңқы даўыссызлардың жасалыўында жабысыў пайытынан соңғы тосқынлықтың ашылыўы еки түрли жағдайда иске асады. Биринши́ден, ҳәрекетшең сөйлеў ағзасы өзи нық тийип (жабысып) турған ҳәрекет етпейтуғын сөйлеў ағзасынан бирден ажырасыўы нәтийжесинде жарылыў пайда етип, жыйналып турған ҳаўа ағымы пәт пенен сыртқа шығады. Бундай жол менен жасалатуғын жабысыңқы даўыссызлар [п], [б], [м], [т], [д], [н], [г], [к/қ] сеслери. Ал [ң] даўыссызының өзгешелиги - оны айтқанда жарылыў пайда етилиўи шәрт емес. Сонлықтан басқа барлық жабысыңқы даўыссызлар жарылыўышы (эксплозив) болса, [ң] сеси жабысыўшы (имплозив) даўыссыз болады. Сөздиң ақырында барлық даўыссызлар да имплозов түринде айтыла бериўи мүмкин. Екиншиден,

ҳәрекетшең сөйлеў ағзасы өзи нық тийип (жабысып) турған ҳәрекет етпейтуғын ағзасынан бирден ажырасып кетпей, әстен ажырасыўы арқалы ортада саңлақ пайда етеди. Ол саңлақтан ҳаўа ағымы кем-кем шығады. Бундай жол менен жасалған даўыссызлар бирикпели (африкат) даўыссызлар болады. Олар орыс тилинен кирген сөзлерде жумсалатуғын [с], [č] сеслери болып табылады. Солай етип дәслепки жабысыў пайыты биргелки болған жабысыңқы даўыссызлар жаздырылыў пайыты бойынша жарылыўшы ҳәм бирикпели болып бөлинеди.

Ҳәрекетшең сөйлеў ағзалары толық жабыспай, жақынласыўы нәтийжесинде араларында саңлақ қалдырылып, ол саңлақтан ҳаўа ағымы өтиў арқалы пайда етилген шаўқымнан қарақалпақ тилиниң жуўысыңқы даўыссызлары жасалады. Ҳаўа ағымы аўыз бослығында толық жабылған тосқынлыққа ушырамай, пайда етилген саңлақтан үзликсиз шығып турады. Дөретилген саңлақтың дийўалларына ҳаўа ағымы сүйкелиўи нәтийжесинде жуўысыңқы даўыссызларға тән болған шаўқым жасалады. Бундай жуўысыңқы даўыссызлар қатарына [ў], [ф], [в], [с], [з], [л], [ш], [ж], [й], [х], [ғ], [ҳ] сеслери жатады. Бул жуўысыңқы даўыссызлар өзлериниң жасалыўында ҳәрекетшең ҳәм ҳәрекетсиз сөйлеў ағзалары ортасында пайда етилген саңлақтың формасына қарай дөңгелек саңлақлы ҳәм жалпақ саңлақлы болып бөлинеди. Жалпақ саңлақлы жуўысыңқы даўыссызларды айтқанда сөйлеў ағзалары ортасында кеңлеў жазық саңлақ пайда етиледи. Дөңгелек саңлақлы жуўысыңқы даўыссызларды айтқанда ҳәрекетшең сөйлеў ағзасы өзиниң барлық кеңлиги (ени) бойлап емес, ал дәл ортасында наўаша тәризли дөңгелек саңлақ дөретеди. Мәселен, [в], [ф], [й], [ғ], [ҳ] сеслери жалпақ саңлақлылар, [с], [з] сеслери дөңгелек саңлақлылар болады.

Жуўысыңқы даўыссызлардың көпшилиги аўыз бослығының дәл ортасынан саңлақ пайда етиў арқалы жасалады. Тек [л] сесин айтқанда ғана саңлақ қапталдан жасалады. Тил ушы ҳәм тил алды алдыңғы тислердиң түбине тирелип, ортаны жаўып турғанлықтан, ҳаўа ағымы тилдиң еки қапталынан өтеди. Сонлықтан [л] сеси қаптал жуўысыңқы даўыссыз болады.

Қарақалпақ тилинде [р] сеси бирден-бир дирилдеўик даўыссыз болып, ол ҳаўа ағымының қысымы нәтийжесинде тилдиң ушы дирилди сыяқлы тербелиске келип, ҳаўаны бөлип-бөлип шығарыўы арқалы жасалады.

Даўыссыз сеслердиң жасалыўында шаўқым менен даўыс қатнасатуғыны белгили. Бир топар даўыссызлар шаўқым ҳәм даўыстың теңдей қатнасында, үшинши топардағы даўыссыз сеслер шаўқымға қарағанда даўыстың басымырақ қатнасы нәтийжесинде жасалады. Даўыс ҳәм шаўқымның қатнасы бойынша даўыссыз сеслер шаўқымлылар ҳәм сонорлар болып бөлинеди. Сонор даўыссызлар [м], [н], [ң], [л], [р], [й], [ў] сеслери болып, оларды айтқанда шаўқымға қарағанда даўыс басымырақ шығады. Сонорларды айтқанда даўыстың басым болыўы ал, шаўқымлыларды айтқанда шаўқымның басым болыўы сөйлеў ағзалары тәрепинен жасалатуғын тосқынлықтың сыпатына байланыслы болса керек. Сонор даўыссызларды айтқанда тосқынлықты жеңип, аўыз ямаса мурын бослығынан ҳаўа ағымының зәрүрли сести пайда ете отырып, сыртқа шығыўы аңсатырақ, ал шаўқымлыларды айтқанда тосқынлық беккемирек болғанлықтан, күшлирек басымдағы ҳаўа ағымы талап етиледи. Солай етип сонорларды айтқанда ҳаўа ағымының өлпең болыўы, ал шаўқымлыларды айтқанда күшли болыўы алдыңғылардың }даўыслы}, соңғылардың }шаўқымлы} болыўын тәмийинлейди.

Сонор даўыссызлардың өзлери де аўызлық ҳәм мурынлық болып бөлинеди. Мурынлық сонорлар [м], [н], [ң] сеслери болып, оларды айтқанда тосқынлық аўызда жасалады да, мурын жолы ашық турып, жаңғырық хызметин мурын бослығы атқарады. Соның менен бирге жаңғырық ўазыйпасын атқарыў аўыз бослығының хызметин де бийкарлаўға болмайды. Себеби [м] сесиниң айтылыўында еринниң, [н] сесиниң айтылыўында тил алдының, [ң] сесиниң айтылыўында кишкене тилдиң тусында тосқынлықтың жасалыўы ол сеслердиң айырмашылығын пайда етеди. Солай етип аўыз бослығының ҳәр жеринде бундай тосқынлықлардың жасалыўы менен жаңғырық хызметин атқарыўшы аўыз бослығының хызмети өзгерип сәйкес мурынлық сеслерге тән болған сеслик өзгешеликлер дөреледи. Ал

[л], [р], [й], [ў] сеслери аўызлық сонорлар болып, олардың жасалыўында аўыз бослығы жаңғырық ўазыйпасын атқарады.

Шаўқымлы даўыссызлар үнли ҳәм үнсизлер болып бөлинеди. :нлилер - [б], [в], [д], [ж], [з], [ғ/г]~ :нсизлер - [п], [ф], [с], [ш], [к/к], [х], [ҳ], [с], [С]. Булардың ишинде тек даўыстың қатнасыўы ҳәм қатнаспаўы арқалы жубайласатуғын даўыссызлар` [б]-[п]- [д]-[т]-[в]-[ф]-[з]-[с]-[ж]-[ш], [ғ/г], [х/к].

Аўыз ҳәм мурын бослықларының жаңғырық ўазыйпасын атқарыўы, жағынан да даўыссызларды бөлиўге болады. Мурынлық даўыссызлар [м], [н], [ң] жасалыў орны жағынан өзлерине жақын даўыссызлар менен жубайласады` [м]-[б]-[п], [н]-[д]-[т], [ң]-[ғ]-[к/х].

Солай етип артикуляциялық ҳәм акустикалық мағлыўматлар тийкарында қарақалпақ тилиниң даўыссыз фонемалары жасалыў орны жағынан, жасалыў усылы жағынан, аўыз ҳәм мурын бослықларының жаңғырық хызметин атқарыўы бойынша жоқарыдағыдай топарларға бөлинеди. Буларды биз қарақалпақ тили даўыссыз фрнемаларының кестесин дүзиўде есапқа алдық.

і - лекция

Сеслердеги фонетикалық өзгерислер.

Тилдиң фонетикалық системасын, оның ишки сеслик нызамларын тереңирек билиў ушын сеслердиң сөзлердеги, сөз дизбегиндеги, сөйлеў ағымындағы түрли өзгерислери жөнинде улыўма түсиникке ийе болыў керек. Сөзлер өз ара байланыслы болған ҳәм бир-бирине тәсир етип туратуғын сеслер жыйнағынан турады. Қарақалпақ тилинде сөзлердиң қурылысында сингармонизм нызамы тийкарында орайлық орынды даўыслы сеслер тутады. Даўыссызлар даўыслы сеслердиң тәсири арқалы белгили дәрежеде өзгериске ушырап отырады. Усыннан даўыссыз сеслердиң түрли реңклери келип шығады. %з гезегинде даўыссыз сеслер де қоңсылас даўыссызларға тәсирин тийгизеди.

Сеслерди биринен соң бирин айтыў ушын сөйлеў ўақтында сөйлеў ағзалары тезлик пенен ҳәрекет етеди. Бир сести айта баслаған ўақытта екинши сести айтыўға сөйлеў ағзалары қолайласа баслайды. Бир сести айтып толық тамамламай-ақ екинши сестиң артикуляциясының қабатласыўынан қоңсылас сеслердиң өз ара тәсири келип шығады. Мысалға [тоң] сөзин алсақ, [т] сесиниң айтылыўы ўақтында-ақ [о] сесин айтыўға еринлер қәлиплесе баслағанлықтан, т° еринлик реңкте айтылады. [О] сеси толық айтылып болынбай-ақ, мурын жолының ашылып, [ң] сесин айтыўға сөйлеў ағзалары ыңғайласады. Сонлықтан [о] сесиниң соңғы бөлими мурынлық болып айтылады. !детте бул сеслик өзгерислер тыңлаўшылар тәрепинен ескерилмейди. Бирақ ўақыттың өтиўи менен бундай сеслик өзгерислер өткирлесип, жаңа фонеманың пайда болыўына себепши болыўы мүмкин.

Қоңсылас сеслердиң өз ара тәсиринен олардың комбинаторлық өзгерислери келип шығады. Сеслерде болатуғын ҳәр қыйлы комбинаторлық өзгерислер көпшилик тиллерге ортақ сыпатқа ийе болыўы мүмкин. Сондай-ақ ҳәр бир тилдиң, ямаса бир топар туўысқан тиллердиң өзине тән өзгешелигине байланыслы, сеслик өзгерислери болады. Қарақалпақ тилинде сөз ишинде, жумсалыў жағдайына қарай қайсы позицияда (сөздиң басында, ортасында, ақырында), қандай буўында, түбир я қосымтада, морфемалардың шегарасында жумсалыўына қарай, сөзлер аралығында жумсалыўына қарай ямаса интонациялық эмоциональ өзгешеликлерге байланыслы сеслер азлы-көпли өзгерислерге ушырап айтылады. Бундай фонетикалық жағдайдардан ғәрезли ҳалда пайда болған сеслик өзгерислер сеслердиң позициялық өзгерислери делинеди.

Сеслердеги айырым өзгерислер - сеслердиң алмасыўы, орын алмасыўы, фонетикалық жағдайлардан ғәрезсиз болыўы мүмкин. Мысалы` самал-шамал, салы-шалы, салғам-шалғам, ғарры-қарры, ғарға-қарға, жамғыр-жаңбыр, буйдай-бийдай, жигирма-жийирма, дигирман-дийирман сыяқлы сөзлерде с-ш, ғ-қ, ғ-ң, уў-иў сеслериниң алмасып айтылыўы, айланыў-айналыў, аўҳал-аҳўал, жапырақ-жарпақ, топырақ-торпақ, сөзлеринде айырым сеслердиң орын алмасыўы фонетикалық жағдайға байланыслы емес. Бул сыяқлы фонетикалық

себеплерсиз пайда болатуғын сеслик өзгерислер сеслердиң спонтаньлық өзгерислери делинеди.

Сөйлеў ағзаларында болатуғын усындай сеслерде түрли өзгерислердиң себебинен сингармонизм, метатеза, редукция, элизия ҳәм т.б. фонетикалық қубылыслары келип шығады. Солай етип бундай фонетикалық сеслердиң дара турғанында емес, ал олардың сөзде, сөз дизбегинде жумсалыўы менен жүзеге асады.

Сингармонизм - қарақалпақ тилиниң тийкарғы сеслик нызамы

Сөз қурылысындағы сеслерди жәмлестиретуғын ҳәм шөлкемлестиретуғын сондай-ақ сөзлерди таныўға ҳәм мәнилерин айырыўға хызмет ететуғын,солай етип сөздиң тутас тулғасын қәлиплестиретуғын түркий тиллердеги сөздиң өзеги сингармонизм болып табылады. Ол бир буўынлы сөзлерге де, көп буўынлы сөзлерге де тән болған фонетикалық қубылыс. Бурынғы қәлиплескен дәстүр бойынша сингармонизм дегенде еки ямаса көп буўынлы сөзлердеги даўыслылардың таңлай ҳәм ерин үнлеслигин, болмаса түбир менен қосымталардағы даўыслылардың үнлеслигин түсинетуғын болсақ, енди сөздиң неше буўынлы болыўына ямаса морфологиялық жақтан әпиўайы я қурамалы екенлигине қарамастан сингармонизм дегеннен буўын қурлысындағы ҳәм буўынлар аралығындағы барлық сеслердиң үнлеслигин түсиниўимиз керек. Сонда ғана тилдеги сингармонизмниң тәбияты менен атқаратуғын хызметине ҳәр тәреплеме дурыс баҳа бериўге болады.

Тийкарғы ҳәм баслы фонетикалық қубылыс болыў менен бирге сингармонизм грамматикаға да байланыслы. лингвистикалық универсаль кубылыс болып табылады. Буған гуўа ретинде түркий тиллердеги соның ишинде қарақалпақ тилиндеги көпшилик қосымталардың еки ямаса көп вариантлы болып келиўин, бәринен де бурын олардың жуўан ҳәм жиңишке варинатларда жумсалыўын көрсетиўге болады. Бул сингармонизмниң тек бир көриниси ғана болып табылады. Соның менен бирге сингармонизм бир буўынлы ямаса көп буўынлы сөзлерде де, түбир ямаса дөренди сезлерде де, сеслерди өз ара беккем жәмлестирип, биргеликли түрге ендирип отырады. Солай етип сингармонизм тутас сөзлердиң қурылысында болатуғын фонетикалық қубылыс. Ол пүтин сөздиң фонетикалық келбетин қурайтуғын барлық сеслердиң соның ишинде даўыслылардың да, даўыссызлардың да тембрлик жақтан биргелки болыўын тәмийин ететуғын суперсегментлик қубылыс болып табылады.

Түркий тиллердиң өзиншелик өзгешелигин көрсететуғын баслы ҳәм тийкарғы фонетикалық қубылыслардың бири болғанлықтан сингармонизмди бирде бир тюрколог илимпаздың ескермеўи ҳәм есапқа алмаўы мүмкин емес. Сонлықтан да сингармонизм қубылысы көп жыллардан берли илимпазлардың дыққатын аўдарып келди. Соған қарамастан усы дәўирге шекем бул мәселениң сөз етилиўинде лингвистикалық әдебиятларда ҳәр түрли көз қараслардың, хәттеки пүткиллей қарама-қарсы пикирлердиң бар екенлигин жоқарыда әдебиятларға шолыў жасаўда көрдик. Көпшилик жағдайда изертлеўшилер түркий тиллерде, соның ишинде қарақалпақ тилинде де сингармонизмниң тийкарғы фонетикалық қубылысларының бири екенин, тутас сөз я биргелки жуўан я биргелки жиңишке болып айтылатуғынлығын, түбирге қосылатуғын қосымталардың да сәйкес түрде үнлесип келетуғынын дизимге алыўдан аспады.

Қарақалпақ тилинде жумсалып жүрген {сингармонизм} ҳәм {ассимиляция}, сондай - ақ {даўыслылар үнлеслиги} ҳәм {даўыссызлар үнлеслиги} терминлерине аныклық киргизиў керек. Қарақалпақ тил билиминде даўыслылар үнлеслигин сингармонизм менен, ал даўыссызлар үнлеслигин ассимиляция менен алмастырып қолланып жүр. Шынында даўыслылар үнлеслиги де, даўыссызлар үнлеслиги де сондай ақ даўыслылар менен даўыссызлар ортасындағы үнлеслик те, қулласы, пүтин сөздиң қурлысындағы барлық сеслердиң өз-ара ийкемлесип келиўи сингармонизм деп саналыў керек. Сонда сингармонизм бир буўынлы ямаса көп буўынлы сөзлердиң қурлысындағы болатуғын ҳәмме үнлесликлерди

қамтыйды. Дәстүрли түсиник бойынша даўыслылар үнлеслиги шекленген фонетикалық жағдайларды өз ишине алады. Егер даўыслылар үнлеслиги еки ямаса оннан көп буўынлы сөзлердиң қурлысындағы даўыслылардың биргелки жуўан ямаса биргелки жиңишке, сондай-ақ биргелки еринлик ямаса биргелки езиўлик болып келиўин өз ишине қамтыйды десек, даўыссызлар үнлеслиги дегеннен әдетте түбир менен қосымтаның, қосымта менен қосымтаның шегаралас сеслери арасындағы үнлесликти түсинсек, булардан тысқары буўын қурылысындағы қатаң ҳәм турақлы түрде ушырасатуғын үнлеслик - даўыслы менен даўыссыздың ортасындағы үнлеслик жоқарыда айтылған үнлесликлердиң (даўыслылар үнлеслиги, даўыссызлар үнлеслиги) ҳеш қайсысына кирмей қалады. Буның үстине сөз дизбегиниң қурлысындағы жеке сөзлердиң шегарасындағы сеслер ортасында болатуғын үнлесликти қайсысының қатарына (даўыслылар үнлеслигине ме, даўыссызлар үнлеслигине ме) жатқаратуғынымыз да биймәлим болып қалады. Мине, бул жағдайлар қарақалпақ тилинде сеслер үнлеслиги түсинигин қайта қарап шығыўдың зәрүрлигин көрсетеди.

Солай етип, бизиңше, {сингармонизм} түсиниги кең мәниде улыўма сеслер үнлеслиги мәнисинде түсинилиўи керек. Даўыслылар сингармонизми дегеннен еки ямаса көп буўынлы түбир ҳәм дөренди сөзлердиң қурылысындағы даўыслы сеслердиң таңлай ҳәм ерин үнлеслигин түсинсек, ал даўыссызлар сингармонизми дегеннен буўын қурылысындағы ямаса буўын менен буўынның шегарасындағы даўыссыз бенен даўыслының, даўыссыз бенен даўыссыз сеслердиң ортасындағы үнлесликти түсинсек, қарақалпақ тилиндеги бул нызамлылықтың тәбиятына да туўры келер еди ҳәм оны түсиниў де жеңил болар еди. Солай етип дәстүр бойынша сингармонизм ҳәм ассимиляция деп бөлек-бөлек қаралып жүрген тийкарғы фонетикалық кубылысларды бирлестирип, бир пүтин нызамлылық ретинде - сингармонизм нызамы ямаса сингармонизмниң ҳәр түрли көринислери түринде қараў бул мәселени дурыс түсиниўге имканият береди. Себеби даўыслылар үнлеслиги де, даўыссызлар үнлеслиги де пүтин сөздиң ишинде қоңсылас сеслер ямаса қоңсылас буўынлар ортасындағы үнлеслик болғанлықтан оларды бөлек бөлек қараўға болмайды.

о - лекция

Буўын қурылысындағы сингармонизм.

Көпшилик тиллер сыяқлы қарақалпақ тилинде де сөзлердиң қурылысында даўыссыз бенен даўыслының, даўыслы менен даўыссыздың қатарласып келиўи сеслер дизбегиниң кең таралған түрлери болып табылады. Ал даўыссыз бенен даўыссыздың, әсиресе, даўыслы менен даўыслының қатар дизбеклесип келиўи қарақалпақ тили ушын тән фонетикалық жағдай емес. Орын тәртиби жағынан даўыслының алдында келген даўыссыз сес даўыслының соңында келген даўыссызға қарағанда да даўыслы сестиң ыңғайына көбирек бериледи ҳәм көбирек өзгериске ушырайтуғынлығы дүнья тиллериниң мысалында илимпазлар тәрепинен дәллилленген. Бул жағдай қарақалпақ тилинде дәл усындай екенин байқаймыз. Себеби көпшилик тиллер сыяқлы қарақалпақ тилинде де даўыслының алдында турған даўыссыз әдетте изиндеги даўыслы менен бирге бир буўында болады. Л.Р.Зиндердиң жазыўы бойынша даўыслыдан соң турған даўыссыз көбирек буўын шегарасында келе отырып, алдыңғы буўынның қурылысынан кейинги буўынға өтип келиў уқыбына ийе болады. {Оның үстине кем-кем пәт алып, күшейип баратырғандағы буўынның алдында келген даўыссыз сес кем-кем әззилеп, тамамланып баратырған соңында келген даўыссызға қарағанда көбирек турақлырақ өзгериске ушырайды ҳәм бул жағдай тилде көбирек ен жайған}.

Бундай қубылысты, яғный буўын қурылысындағы даўыслының өзиниң алдында келген даўыссызға тәсирин төмендеги фонетикалық себеплер арқалы түсиндириў мүмкин. Биринширден, жиңишке даўыслылар (ә, и, ө, ү, е) алдында келген даўыссызды жиңишкертеди (жумсартады). Жуўан даўыслылар (а, ы, о, у) алдындағы даўыссызды жуўанытады (қатайтады). Мысалы, жубайлас сөзлердеги даўыслының алдындағы даўыссызларды салыстырың` [сан]-[сән], [бол]-[бөл], [бул]-[бүл], [тыс]-[тис] ҳәм т.б. Екиншиден, еринлик даўыслылар (о, ө, у, ү) алдында келген еринлик емес даўыссызларды еринликлестиреди. Ал

бундай фонетикалық жағдайда келген еринлик даўыссызлардағы өзгеристи аңлаў қыйын. Себеби еринлик даўыссыз сес еринлик даўыслының алдында келгенде қоңсылас сестиң тәсиринен болатуғын фонетикалық өзгериске аз ушырайды, сонлықтан да өзиниң тәбийғый ҳалын көбирек сақлайды. Бундай фонетикалық жағдайда еринлик даўыссыз сеслер еринлик даўыслының ыңғайына қарай бирде жуўан, бирде жиңишке реңклеринде айтылады.

Даўыслының соңында келген даўыссызға болатуғын тәсири де даўыслы сестиң алдында келген даўыссыз сеске тийгизген тәсири тақилетте болады` жуўан даўыслының соңындағы даўыссыз жуўан, жиңишке даўыслының соңындағы даўыссыз жиңишке, еринлик даўыслының соңындағы даўыссызлар еринлик түрде айтылады.

Жоқарыда айтылғанлардан тек даўыслы сеслер ғана бир тәреплеме алдында ямаса соңында келген қоңсылас даўыссыз сеслерге тәсир етип, өзгертеди деген жуўмаққа келиў надурыс болар еди. Себеби сөйлеў ағымында (сөзде) қоңсылас сеслер, соның ишинде даўыслы менен даўыссыз сеслер, бир-биринен тәсир етеди, яғный даўыслы сестиң ыңғайына қарай даўыссыз сес өзгериске ушыраў менен бирге, даўыслы сес те қоңсылас даўыссыздың ыңғайына қарай бейимлеседи ҳәм өзгериске ушырайды. Демек, даўыслы сес даўыссызға тәсир етиўи менен бирге өзи де даўыссыздың ыңғайына бейимлеседи. Қоңсылас сеслердиң өз-ара тәсири сөйлеў ағзаларының избе-из ҳәрекетине, сөйлеў механизмине байланыслы болғанлықтан бул жағдай универсаль сыпатқа ийе ҳәм сонлықтан да, көпшилик дүнья тиллерине тән ортақ фонетикалық қубылыс болып табылады. Буўын ишиндеги сингармонизм даўыслы менен даўыссыз сеслердиң коартикуляциясының (қосақлана айтылыўының) көриниси ретинде көпшилик тиллерде, соның ишинде сингармониялық емес тиллерде де ушырасады. Бирақ бул қубылыс сингармониялық тиллердиң бир буўынлы сөзлеринде ямаса көп буўынлы сөзлериниң ҳәр бир буўынында беккем сақланатуғын турақлы қубылыс болса, сингармониялық емес тиллерде оның сақланыўы миннетли емес. Мәселен, қарақалпақ тилинде қатаң түрде жуўан даўыслылар менен даўыссызлардың тек жуўан реңки, жиңишке даўыслылар менен даўыссызлардың тек жиңишке реңки ғана келеди. Мысалы` [тас], [тыс], [тос], [тус] сөзлеринде [т], [с] фонемаларының жуўан реңки келеди. Ал [т'ис'], [т'ес'], [т'°өс'°], [т'°үс'°], [т'әс'ир'] сөзлеринде даўыссыз фонемаларының жиңишке реңки жумсалады. Бундай нызамлылық қарақалпақ тилиниң түпкиликли сөзлериниң ҳәммесинде қатаң түрде сақланатуғын турақлы фонетикалық қубылыс болып табылады.

Ал орыс тилинде ондай емес. Орыс тилинде жуўан даўыслылар менен даўыссыз фонемалардың жуўан реңклери келиў менен бирге олардың жиңишке реңклери де жумсала береди. Солай етип бирдей фонетикалық жағдайда даўыссыз фонемалардың жуўан реңки де,жиңишке реңки де келе береди. Мысалы, кон-кон сондай-ақ спет-с'пет сөзлеринде н,н' ҳәм с, с' даўыссыз фонемаларының бундай жуўан ҳәм жиңишке болып келиўи орыс тилинде фонемалардың реңклери емес, ал олардың ҳәр бири өз алдына айырықша фонема болып табылады. Себеби бундай фонетикалық жағдайда н менен н сөздиң ақырында, с менен с' сөздиң басында келиўине қарамастан ҳәр түрли (жуўан, жиңишке) болып айтылыўы бир фонеманың түрли реңклерин емес, ал ҳәр түрли (басқа-басқа) фонемалардың реңклерин пайда ететуғынлығы белгили.

Солай етип буўын қурылысындағы даўыссыз сеслердиң сингармонизм нызамына қатаң түрде бағыныўы сингармониялық тиллер қатарына жататуғын қарақалпақ тилинде мудамы ҳәм турақлы түрде сақланады, ал сингармониялық емес, акцентлик тил болған орыс тилинде ол сақланбайды.

Сигармонизмниң тийкарғы көринисиниң бир буўынлы сөзлерде ямаса көп буўынлы сөзлердиң ҳәр бир буўынының қурылысында сақланатуғынына ҳәм бул қатаң турақлылыққа ийе екенине айрықша дыққат аўдарыў керек. Қарақалпақ тилинде даўыслы фонемалардың айырықша төрт түрли тембри тутас буўын менен биргеликте сингармонизм көлеминде жүдә анық көзге түседи. Булар - жуўан езиўлик, жиңишке езиўилик, жуўан еринлик, жиңишке еринлик деген тембрлер. Даўыслылардың буўын көлеминдеги бул төрт түрли тембрде айтылыўы сол буўынларда келген даўыссызлардың да соларға сәйкес турақлы түрде мудамы

төрт түрли реңклерде айтылыўын тәмийинлейди. Мәселен, төрт тембрди мына төрт сөздиң мысалында анық көриўге болады` [тас], [т'ес'], [т°ос°], [т '°о' ' с '°].

Бул сөзлердиң қурылысындағы тек даўыслылар ғана емес, ал сөзлер тутасы менен (даўыслылар еки жағындағы даўыссызлары менен бирликте) бир-бирине жуўан-жиңишке (тас-тес, тос-ьтөс) еринлик-езиўлик (тос-тас, төс-ьтес), жуўан езиўлик-жиңишке еринлик (тас-ьтөс), жуўанеринлик-жиңишке езиўлик (тос-тес),түринде қарама-қарсы қойылады. Солай етип төрт тембрли сөздиң ҳәр бири қалған үшеўине қарама-қарсы қойылады. Оны былай етип көрсетиўге де болады`

[тас] — [т'ес'] - жуўан - жиңишке
[т°ос°] - езиўлик - еринлик
[т '°о'с'°] - жуўан езиўлик - жиңишке еринлик

[т'ес'] — [тас] - жиңишке - жуўан
[т'°о'с'°] - езиўлик - еринлик
[т°о'с°] - жиңишке езиўлик - жуўан еринлик

[т⁰ос⁰] — [т'°ө'с'°] - жуўан - жиңишке
[тас] - еринлик - езиўлик
[тес] - жуўан еринлик- жиңишке езиўлик

[т°оᵊс⁰] — [т°ос°] - жиңишке - жуўан
[т'°ес'°] - еринлик - езиўлик
[тас] - жиңишке езиўлик - жуўан еринлик

Биз бул мысалларда даўыслы сеслерди ғана қарама-қарсы қойып, тек соларды көзде тутып отырғанымыз жоқ. Ал тутас сөзлерди тембрлик өзгешеликлери бойынша қарама-қарсы қойып салыстырып отырмыз. Себеби тутас сөз (ямаса буўын) қурылысындағы даўыссызлары менен қоса биргеликте бир қыйлы тембрде айтыла отырып, өз ара қарама-қарсы қойылады. Ол сөзлер тутасы менен я жуўан езиўлик, я жиңишке езиўлик, я жуўан еринлик, я жиңишке еринлик болып айтылады. Бундай жағдай көп буўынлы сөзлердиң қурылысындағы ҳәр бир буўында толық қайталанып, даўыслы менен даўыссызлар тембрлик жақтан мудамы биргелкилигин сақлап отырады. Буннан қарақалпақ тилинде сөзлердеги буўынларды тағы да киши бөлеклерге (сеслерге) бөлиўге болмайды деген жуўмақ шығарыў керек емес. Керисинше, даўыссызлар турақлы түрде өзлериниң реңклерине ийе болыўы, ол реңклердиң қайсыларының қай жерде келетуғынының буўын сыпатынан мәлим болып турыўы буўын қурылысын дара бирликлерге (сеслерге) бөлиўди аңсатластырады.

Ашық, жуўан [а] даўыслысы менен қысық жуўан [ы] даўыслысы, ашық жиңишке [ә] даўыслысы менен қысық жиңишке [и], [е] даўыслылары, ашық еринлик [о] даўыслысы менен қысық еринлик [у] даўыслысы, ашық еринлик [ө] даўыслысы менен қысық еринлик [үʼ] даўыслысы мудамы бир қыйлы тембрде айтылып, бирдей сингармониялық хызмет атқарады. Солай етип, биринширден, [а] , [ы], (тас, тыс), екиншиден, [ә], [и], [е] (шәк, шик), үшиншиден, [о], [у] (т°ос°, т°ус°), төртиншиден, [ө], [үʼ] (т'°өс'°, т'°үс'°) өз алдына сингармониялық қатарды пайда ете отырып, олар қарақалпақ тилиндеги басқа барлық даўыссызларды буўын қурылысында өзлерине сәйкес төрт түрли реңкте өзгериске ушыратып отырады.

Даўыслылардың жуўан, жиңишке, еринлик, езиўлик белгилери өзлери менен турмай, буўын қурылысындағы қоңсылас даўыссызларға да өтеди ҳәм бул қубылыс беккем және турақлы болады. Ал даўыслылардың ашық қысықлық белгиси қарақалпақ тилинде сингармонизм ушын ҳеш қандай әҳмийетке ийе болмайды. Бирақ сингармонизмнен тысқары ол белгилери (ашық-қысық) сөзлердиң мәнисин айыратуғын белги ретинде фонологиялық хызметин атқарады. Мәселен, сингармонизм бойынша [тас] - [тыс], [п'а'с'] - [п'ис']-[п'ес'], [т°ос°]- [т°ус°], [т'°о'с'°]- [т'°үʼс'°] жубайлас сөзлериниң парқы болмағаны менен ол сөзлердиң

ҳәр түрли мәни билдириўи ҳәм қарама-қарсы қойылыўы тутас сөзден емес, ал олардың қурылысындағы даўыслы фонемаларынан болып тур. Бул жубайлас сөзлерде даўыссызлар өзгериссиз, ал тек даўыслылардың алмасыўы менен ғана мәни өзгерип тур. Мине, бул жағдай {түркий тиллерде ең киши фонологиялық бирлик буўын болады} деген пикирдиң шынлыққа туўры келмейтуғынын, буўыннан киши фонологиялық бирлик болып фонема хызмет атқаратуғынын мойынлаўға мәжбүрлейди.

Солай етип, бир жағынан буўын қурылысындағы даўыслы менен даўыссызлар сингармонизмниң себебинен өтлесип кеткенин, сонлықтан да олардың бул өзгешелигин фонетикалық жақтан баҳалаўда есапқа алыў керек болса, екинши жағынан тилдиң тик жағдайы бойынша даўыслылардың қарама-қарсы қойылыўы сингармонизмниң тәсирсиз-ақ иске асыўы буўын қурылысынан даўыслыларды бөлип ала бериўди тәмийинлейди. Соңғы бул жағдай сөзлерди буўыннан да майдарақ ең киши тиллик бирлик болған фонемаға бөлиўде үлкен әҳмийетке ийе болады.

Түркий тиллерге, соның ишинде қарақалпақ тилине де қатнаслы болған, улыўма тил билиминде қәлиплескен мынадай пикир бар` Сингармонизм бойынша буўынлар бир жақлама я даўыслысы даўыссызынан ғәрезли ҳалда, я даўыссызы даўыслысынан ғәрезли ҳалда дүзилмейди, ал пүткил буўынның сыпаты менен, яғный даўыслы ҳәм даўыссыз бөлеклерден туратуғын фонемалардың сыпаты менен анықланады. Бирақ бул теорияның дөгерегинде қарама-қарсылықлы пикирлер ушырасады. Мәселен, қарама-қарсылықлы пикрлер ушырасады. Мәселен, Н.А.Баскаковтың дәслепки мийнетинде {қарақалпақ тилинде буўын қурылысындағы даўыссызға тәсир етиўши ҳәм солай етип оларды (даўыссызларды) түрлендириўши орайлық орынды даўыслы сес тутады} десе, соңғы мийнетинде, керисинше, {түркий тиллерде сөздиң фонологиялық дүзилисин анықлаўда шешиўши хызметти даўыссыз сеслер атқарады, себеби бул тиллерде даўыссызлар тек буўынның сыпатына белгилеп ғана қоймастан, соның менен бирге тутас сөздиң де сыпатын белгилейди} деп жазады. Бизиңше, ҳәзирги қарақалпақ тилинде буўын қурылысында даўыслылардың жетекши ҳәм орайлық орынды тутататуғынлығына гүманланыўға болмайды. Себеби даўыслы фонемалар буўын қурылысында даўыссызларға қарағанда бир қанша артықмашылықларға ийе болады. Биринши́ден даўыслылар буўын қураўшы қәсийетке ийе болады, ал ондай қәсийет даўыссызларда жоқ. Екиншиден, буўынның қурылысындағы сыпатына қарай отырып даўыссызлар қатаң түрде өзгериске ушырап, сәйкес реңклерде жумсалады.

Қарақалпақ тилинде даўыслылардың ыңғайына байланыслы ҳәр бир даўыссыз фонема төрт түрли реңклерде жумсалады (жуўан езиўлик, жиңишке езиўлик, жуўан еринлик, жиңишке еринлик). :шиншиден, түбирдеги даўыслы сес қосымтадағы сеслердиң сыпатын белгилейди` түбирдеги даўыслы жуўан болса, қосымтадағы сеслер де жуўан болады, түбирдеги даўыслы жиңишке болса, қосымтадағы сеслер де жиңишке болады. Бул мағлыўматлардың ҳәммеси даўыслы фонемалар сөздеги даўыссызлардың сапасы менен сыпатын белгилейтуғынын көрсетеди.

Түркий тиллерде, соның ишинде қарақалпақ тилинде де сөздиң түбириндеги даўыслы сестиң қосымтадағы даўыслының сыпатын белгилеўин сингармонизм деп есаплаў, түсиниў илимде беккем орын алған. Қосымталардың көп ҳәм жиңишке вариантларда жумсалыўы оған тийкарғы себепши болған. Түбирдеги даўыслы сеске қосымтадағы даўыслының үнлесиўи сингармонизмниң тек бир көриниси болып табылады. Бул тюркология илиминде сингармонизм қубылысын түсиниўге керекли болған көп фактлердиң бири ғана болып хызмет атқарады. Сондай-ақ бул қубылыс универсаль сыпатқа ийе болмайды. Себеби түбир менен қосымтадан турмайтуғын сөзлердеги (бир буўынлы ҳәм көп буўынлы түбир сөлердеги) сингармонизмди түсиндириўге туўры келмейди. Оның үстине сөзлерди түбир ҳәм қосымталарға, сондай-ақ буўынларға бөлиў тилши қәнигелер тәрепинен әмелге асырылатуғын лингвистикалық анализлеўдиң бир жоллары болады. !детте әпиўайы сөйлеўши адам сөз қурылысының бөлеклерге (түбир ҳәм қосымтаға, буўынларға) бөлиниўине итибар бермейди. Бул оның психологиялық -лингвистикалық хызметине жатпайды. Мәселен, әпиўайы сөйлеўши адам ушын еки буўынлы сөз түбир ҳәм қосымтадан

тура ма ямаса тек түбирден ибарат па ? Буған ҳеш қандай дыққат бөлмейди. Сөйлеўши ушын [сына], [сана], [жаза], [дизе], [гүзө], [кесе] сыяқлы сөзлер түбир түринде атлық сөз шақабына жата ма ямаса түбир ҳәм қосымтадан туратуғын фейил сөз шақабына жата ма ? Оның ҳеш қандай парқы жоқ.

Омонимлик мәнидеги бир сөздиң (түбир ҳәм қосымтаға бөлиниўине ямаса бөлинбеўине қарамастан) сеслик қурылысы, сеслердиң избе-излиги жағынан ҳәм просодиялық көриниси бойынша дәл бирдей болғанлықтан олар артикуляциялық ҳәм акустикалық жақтан да бирдей болыўы тәбийғый жағдай. Жоқарыдағы сөзлердиң фейил мәнисинде түбир ҳәм қосымталарға бөлиниўи, ал атлық мәнисинде бөлинбей тек түбирден ибарат болыўы ямаса ол сөзлердиң ҳәммесиниң де еки буўыннан туратуғынлығы тек лингвистикалық таллаў арқалы ғана мәлим болады.

Сөздиң түбириндеги даўыслы сестиң қосымтадағы даўыслының сыпатын белгилеўин сингармонизм деп түсиниўдиң жеткиликсиз екенин жоқарыдағы мысаллар анық көрсетеди. Бул анықлама тек фейил мәнисиндеги сөзлерге (сын-а, сан-а...) ғана туўры келеди, ал дәл сондай сеслик қурылыстағы атлық сөзлерге (сына, сана) туўры келмейди.

Сингармонизм морфологиялық жақтан әпиўайы ямаса қурамалылығына (түбир ямаса дөренди сөз екенине) қарамастан сөзлердиң қурылысындағы сеслердиң ҳәммесиниң биргелкилигин тәмийин етеди. Мысалға [бала], [терек] сөзлерин алып, оларға сәйкес қосымталар қосып қарайық`

бала	терек
балалар	тереклер
балалары	тереклери
балаларын	тереклерин
балаларында	тереклеринде
балалараындағы	тереклериндеги
балаларындағыны	тереклериндегини

Бир жағынан, сөздиң түбири жуўан буўынлы болғанлықтан сәйкес қосымталардың жуўан вариантлары, ал түбири жиңишке болғанлықтан сәйкес қосымталардың да жиңишке вариантлары жалғанып турғанлығын лингвистикалық анализ тийкарында билемиз. Екинши жағынан, әдетте әпиўайы сөйлеўши адам келтирилген сөзлердиң морфологиялық қурылысына ҳеш қандай итибар берместен, олардың мәнили бөлеклерин (морфемаларын) бөлип-бөлип айтыўға тырыспастан, ол сөзлердиң ҳәр қайсысына өзинше айырықша бирлик (сөз) сыпатында қарайды. Айтылыўы жағынан бундай етип ҳәр бир сөздиң тембриниң биргелкилигин тәмийин етип турған просодиялық бирлик хызметин сингармонизм атқарады. Сингармонизм парадигматикалық қубылыс ретинде буўын санына, морфологиялық қурылысының әпиўайы ямаса қурамалылығына қарамастан, сөздиң барлық бөлеклерине (сеслерине, буўынларына, морфонемаларына ҳ.т.б.) бирден, бир ўақытта тәсир етеди ҳәм айтылыўы (тембри) жағынан биргелкиликке алып келеди. Соның менен бирге синтагмалық қубылыс ретинде сингармонизмниң сөз қурылысындағы буўын, морфемалардың избе-излигин сақлап турыўын тәмийинлеўи тәбийғый ҳалат болып табылады. Бул жағдай {түбирдиң даўыслылары қосымталардың даўыслыларының сыпатын белгилейди} деген жуўмақ шығарыў ушын тийкар болып хызмет етпеўи керек. %йткени сингармонизм тек қосымталарға ғана тәсир етип қоймастан, морфологиялық жақтан бөлинбейтуғын бир пүтин түбирлерге де, улыўма сөздиң барлық бөлеклерине тәсир ететуғын универсаль фонетикалық қубылыс болып табылады.

q0 - лекция

Даўыслылар сингармонизми

Еки ямаса оннан да көп буўынлы сөзлерде соңғы буўынлардағы даўыслылардың биринши буўындағы даўыслы сестен ғәрезли ҳалда келиўи даўыслылардың илгерили тәсириниң нәтийжеси болып табылады. Биринши буўындағы даўыслы сестиң соңғы буўынларындағы даўыслыларды жуўан-жиңишкелиги, еринлик-езиўлик болыўы жағынан өзине усатыўы, солай етип көп буўынлы сөзлердеги даўыслы сеслердиң өз ара үнлесип келиўи даўыслылар сингармонизминиң бир көриниси болады. А.М.Щербактың айтыўынша даўыслылар сингармонизми сөз мәнисин фонетикалық жол менен аңлатыў зәрүрлигинен келип шыққан. Сөз бенен сөздиң шегарасын белгилеўде, сөзди бир пүтин сеслик комплекс сыпатында сөз дизбегинен, гәптен ажыратып алыўда даўыслылар сингармонизми айрықша әҳмийетке ийе. Себеби

даўыслылар сингармонизми сөздиң ишинде болатуғын қубылыс. Мәселен, сөздиң биринши буўынында жуўан даўыслы келсе, соңғы барлық буўынларда да жуўан даўыслылар келеди. Ал сөздиң биринши буўынында жиңишке даўыслы келсе, соңғы буўынларда да жиңишке даўыслылар келеди. Бундай тәсир гәптеги қоңсылас екинши сөзге өтип кетпейди. Түркий тиллерде, соның ишинде қарақалпақ тилинде де, даўыслылар сингармонизми еки түрли көринисте иске асады` биринширден, буўын қурылысындағы даўыслылардың жуўан я жиңишкелиги жағынан үнлесип келиўи арқалы (таңлай үнлеслиги)~ екиншиден, буўын қурылысындағы даўыслылардың езиўлик я еринлик болып үнлесиўи арқалы (ерин үнлеслиги). Солай етип даўыслылар сингармонизми таңлай үнлеслиги ҳәм ерин үнлеслиги түринде жүзеге шығады. Бирақ таңлай үнлеслиги бир бөлек, ерин үнлеслиги бир бөлек бас-басына өмир сүрмейди. Керисинше, даўыслылар сингармонизмниң бул еки көриниси де бирликте, суперсегментлик қубылыс ретинде сөз қурылысындағы сеслер арқалы жүзеге шығады. Мысалы` [ағашлық], [тереклик], [к^{0}ул^{0}к^{0}ун^{0}], [ү^{q}р ^{q0}г^{q0}ү^{q}н^{q0}]. Бул сөзлерде даўыслылар биргелки жуўан ямаса, биргелки жиңишке болып келиўи менен бирликте тап сол сөзлердиң өзлериндеги даўыслылар биргелки езиўлик ҳәм биргелки еринлик болып келеди. Сонлықтан да таңлай үнлеслиги ҳәм ерин үнлеслиги ҳаққында айрықша сөз етилгенде баянлаўға қолайлы болыўы есапқа алынады. Ҳақыйқатында да даўыслылар сингармонизмине муўапық көп буўынлы сөзлердиң қурылысындағы буўынлар жуўан болып келиў менен бирге, сондай-ақ олар я биргелки езиўлик, я биргелки еринлик түрде ғана ушырасыўы керек~ жиңишке болыўы менен бирге, сондай-ақ олар я биргелки езиўлик, я биргелки еринлик түринде ғана жумсалыўы керек. Гейпара сөз дөретиўши қосымталар (суффикслер) түбир сөздиң жуўан я жиңишкелигине қарамастан, таңлай үнлеслиги бойынша үнлеспестен-ақ қосыла береди.Солай етип даўыслылар сингармонизмине сәйкес көп буўынлы сөзлердиң қурылысындағы буўынлар биргелки жуўан-езиўлик, биргелки жуўан-еринлик, биргелки жиңишке-езиўлик, биргелки жиңишке - еринлик түрде ушырасыўы керек.

Бул даўыслылар сингармонизми ушын ең идеал жағдай. Бундай болып сингармонизми ең раўажланған тиллердиң қатарына қырғыз тилин жатқарыў мүмкин.

Ҳәзирги қарақалпақ тилинде даўыслылар сингармонизминиң көринисин жоқарыдағыдай идеал жағдайда деп айтыўға болмайды. Себеби қарақалпақ тилинде көп буўынлы сөзлерде таңлай үнлеслиги толық сақланған менен ерин үнлеслиги толық сақланбайды. Мәселен, [ағаларымызға], [инилеримизге] түринде көп буўынлы түбир ҳәм дөренди сөзлерде даўыслылар биргелки жуўан я биргелки жиңишке түринде ушырасады. Даўыслылардың таңлай үнлеслиги түркий тиллерде ең кең ен жайған ҳәм турақлы фонетикалық қубылыс. А.М.Щербактың бақлаўынша қарайым, өзбек тиллеринен басқа барлық түркий тиллерде даўыслылардың таңлай үнлеслиги байқалады. Қарайым тилинде даўыслылардың таңлай үнлеслиги даўыссызлардың үнлеслиги менен алмасқан, ал өзбек тилинде болса, түркий емес тиллердиң тәсири нәтийжесинде таңлай үнлеслиги пүткиллей жоғалған. Қарақалпақ тилинде айырым сөзлерде даўыслылардың таңлай үнлеслигиниң бузылыў жағдайы ушырасады. Даўыслылардың таңлай үнлеслигиниң бузылыўы басқа да түркий тиллерде ушырасады. Мысалы, түркмен тилинде (диалектинде) [гәләдурын], [галдурин]- {киятырман}, [биләдур], [билдур] {биледи}, [бәрмайдур] {бермейди},[билмәдуран] {билмейди}, гагауз тилинде [алйәк] {алады}, [гәлйорум] {келемен} сөзлери, түрк тилинде [и], [ки], [йор], [даш], [гил], [истан] қосымталары~ қумық тилинде [лар], [ыбыз], [ығныз], [лық], [ли], [мақ] қосымталары~ чуваш тилинде [сәм], [и], [е] қосымталары даўыслылардың таңлай үнлеслигине бағынбайды. Уйғыр тилинде сеплик жалғаўлары (ни, нин, дин, тим), бетлик алмасығының қосымталары (мән, сән, миз, сиз), келбетликтиң қосымталары (дәк, сиз), атлықтың қосымтасы (си, сан), қатарлық санның (инси), жыйнақлаў санның (лән), келбетлик фейиллердиң (қиған), буйрық мейилдиң е-бетиниң (сун), өткен мәҳәлдиң көплик түриниң l- бетиниң (дук) қосымталары~ келбетлик дөретиўши қосымта дики дуз предикативлик көрсеткиши ҳәм т.б. сингармониялық вариантлары ийе емес. Сонлықтан олар түбир менен үнлесе бермейди деген сөз.

Жоқарыда аталған түркий тиллери сыяқлы ҳәзирги қарақалпақ әдебий тилинде де жумсалып жүрген барлық сөзлер таңлай үнлеслиги нызамына бағынып, биргелки жуўан я биргелки жиңишке болып келе бермейди, әдеўир сандағы сөзлерде жуўан ҳәм жиңишке буўынлар араласып келеди. Н.А. Баскаковтың изертлеўлери бойынша таңлай үнлеслигине бағынбайтуғын сөзлердиң көпшилиги түркий тиллерге басқа тиллерден кирип келген сөзлер ямаса еки (сийрек жағдайда үш) түбирден қуралған қоспа сөзлер болып табылады. Мысалы` *әдираспан, !денбай, әтештан, бийдай, Бердақ. Бегжан, гөрқаў, гүзар, Гүлзар, гуман, гүнжара, Гүлжан, гуўалық, елат, жигирма, Зульфия, илҳам, имканият, имтихан, инабат, инам, кейиснама, келсап, Кеңесбай, кербаз, кеспас, кисапыр, китап, қошырей, қудырет, мақсет, меҳрибан, нәренжан, пәтиўа, пәтия, перийзат, рахмет, тәбият, тәрбия, хызмет* усаған сөзлер шығысы жағынан араб, парсы тиллеринен кирген сөзлер ямаса еки түбирдиң биригиўинен жасалған қоспа сөзлер болып табылады. Сондай-ақ орыс тилинен ҳәм орыс тили арқалы басқа тиллерден кирген сөзлерде даўыслылардың таңлай үнлеслиги нызамына бағына бермейди. Мысалы` академик, анкета, аспирант, банкет, генерал, десант, Ереван, кресло, лента, опера, пролетариат, рента ҳ.т.б.

Жоқарыдағы сыяқлы таңлай үнлеслиги менен үнлеспеген жуўан-жиңишкели аралас буўынлы сөзлерге қосымталардың жуўан ямаса жиңишке вариантының қосылыўы ол сөзлердиң соңғы буўынының жуўан я жиңишкелигине байланыслы болады. Егер де сөздиң ақыры жуўан буўынлы болса, қосымтаның жуўан сыңары қосылады~ егер де сөздиң ақыры жиңишке буўынлы болса, қосымтаның жиңишке варианты қосылады. Мысалы` китаплар, бийдайлық, тәрбияшы, гүўалық, жигирмалап, итибарға, инсапсыз, инансаң, операға, аспиранты сыяқлы сөзлердиң түбирлериниң соңғы буўыны жуўан болғанлықтан, қосымталардың жуўан сыңарлары қосылып тур~ мақсетлер, қудиретли, хызметши, қоширейлик, муғаллимге, рахмети сыяқлы түбирлериниң соңғы буўыны жиңишке болғанлықтан, қосымталардың жиңишке сыңарлары жалғанып тур.

Гейпара сөз дөретиўши қосымталар (суффикслер) түбир сөздиң жуўан я жиңишкелигине қарамастан, таңлай үнлеслиги бойынша үнлеспестен-ақ қосыла береди. Мәселен, даўылпаз, жалахор, асхана, Қарақалпақстан, суўат, қарыздар сөзлеринде жуўан буўынлы қосымталар түбирге таңлай үнлеслигине муўапық жуўан буўынлы түбирлерге қосылып турса, жемхор, илимпаз, кәрхана, %збекстан, елат, белдар сөзлеринде жуўан буўынлы сол қосымталар жиңишке буўынлы түбирге қосылып, таңлай үнлеслиги нызамы бузылып тур. Сондай-ақ ақылгөй, талапкер, салыкеш, материализм, идеалист сөзлеринде жиңишке буўынлы қолсымталар жуўан түбирге қосылып тур. Солай етип айырым жағдайларда жиңишке буўынлы сөзлерге жуўан буўынлы қосымта, жуўан буўынлы сөзлерге жиңишке буўынлы қосымта қосылады. Себеби қарақалпақ тилинде [паз], [хор], [хана], [стан], [ат], [дар], усаған жуўан буўынлы суффикслердиң жиңишке вариантлары, [гөй], [кер], [кеш], [ист], [изм] сыяқлы жиңишке буўынлы суффикслердиң жуўан вариантлары жоқ. Қосымталардың бундай вариантсыз болып келиўи, солай етип даўыслылардың таңлай үнлеслигиниң сақланбаўы түркий тиллердиң өзлериниң түпкиликли қосымталары ушын тән жағдай емес. Даўыслылардың таңлай үнлеслигине сәйкес келмейтуғын жоқарыдағы вариантсыз қосымталардың келип шығыўына нәзер аўдарсақ, олардың да сингармонизми жоқ системаға жататуғын тиллерден аўысқан қосымталар екенин байқаў қыйын емес.

Ҳәзирги қарақалпақ тилинде көп буўынлы сөзлерде даўыслылар (анығырағы тутас буўынлар) таңлай үнлеслиги бойынша үнлесип келиў менен бирликте ерин үнлеслиги боынша да үнлеседи. Таңлай үнлеслигине қарақалпақ тилиндеги даўыслылар ҳәм буўын қурамындағы даўыссызлар толық қатнасып, ҳеш бир фонема оннан тысқарыда қалмайтуғын болса, ерин үнлеслигиниң тәсир етиў көлеми ондай емес. Биринши́ден, ерин үнлеслигиниң тәсирине барлық даўыссызлар ушырай бермейди. Ерин үнлеслигине берилетуғын даўыслылар тек қысық, езиўлик даўыслылар болған [ы], [и], [е] фонемалары болып табылады. Екиншиден, көп буўынлы сөзлерде ерин үнлеслиги менен үнлескен буўынлардың ҳәммесинде бастан аяғына шекем бул үнлесликтиң тәсир етиў күши менен таралыў өриси теңдей дәрежеде болмайды. Ерин үнлеслигиниң тәсири соңғы буўынларда кем-кем ҳәлсирейди ҳәм ол тәсир кейинги буўынларда пүткиллей жойылады. Мысалы, салыстырың` [күлкү]-[күлкүмиз]-[күлкүмизди], [булқун], [булқуны]-[булқунымыз]. Сонлықтан даўыслылар сингармонизминиң бул еки көринисин өз ара салыстыра отырып, таңлай үнлеслигин толық үнлеслик, ерин үнлеслигин жартылай үнлеслик деўге болады.

Даўыслылар сингармонизмине байланыслы терминлердиң жумсалыўына анықлық киргизиў талап етиледи. К.Убайдуллаев {сөзлердеги даўыслылардың бастан аяқ биргелки я гилең жуўан, ямаса гилең жиңишке болып (келиўине) айытылыўына сингармонизм[1] } дейди. Оның айтыўы бойынша` {Езиўлик даўыслылардан соң да, еринлик даўыслылардан соң да (орфографиялық норманы еске алғанда) езиўлик даўыслылары сөздиң кейинги буўынларында келе береди. Мысалы, халық, балық, қурылыс, өндирис, пахташылық, күтин, өтин, қора, үлкен, кишкене, күтә, гүллән, жүдә ҳәм т.б., езиўлик даўыслылардан ә сеси бәҳәр, мәҳәл, сәҳәр, гүллән, күтә. жүдә ҳәм т.б. усаған сөзлердиң ақырғы буўынларында келе береди, ал әдираспан, әдирә, !бдикәрим сыяқлы сөзлердиң үшинши буўынларында да даўыслы ә сеси гезлеседи}.[2] Бул айтылған пикирди қәте деп айтыўға болмайды. Бирақ бул жерде келтирген мысаллар айтылған пикирлерди толық тастыйықлай бермейди. Мәселен, {еринлик даўыслылардан соң да (имла қәдени еске алғанда) езиўлик даўыслылары сөздиң кейинги буўынларында келе береди} деген пикирден кейин оны мысаллар менен тастыйықлаў мақсетинде қурылыс, өндирис, күтин, өтин, үлкен деген сөзлерди келтириўи шынлыққа сәйкес келмейди. Қарақалпақ тилиниң имла қәделери тийкарында бул аталған сөзлердиң соңғы буўынларында езиўлик даўыслылар жазылғаны менен (бул жердеги шәртли түрде қабыл етилген жазыўға сүйениўдиң өзи надурыс) ҳақыйқат изертлеў объекти болып саналатуғын жанлы сөйлеў тилинде таңлай үнлеслиги тәсиринен тысқары, соның менен

[1] Убайдуллаев К. №ара3алпаз тили бойынша та4ламалы мийнетлер. qqr-б.

[2] Сонда, qqu-б.

бирге ерин үнлеслиги анық байқалады ҳәм *қурылыс, өндирис, күтин, өтин, үлкен* сөзлериниң екинши буўынында қысық езиўлик ы, и, е даўыслылары жазылғаны менен жанлы сөйлеў тилинде олар сәйкес еринлик даўыслылар болғаны [у], [ү], [ө] түринде айтылатуғынын байқаў қыйын емес.

К.Убайдуллаев даўыслылар үнлеслигин {езиў үнлеслиги (палатальлық аттаркция ямаса лингвальлық сингармонизм)} ҳәм {ерин үнлеслиги (лабиальлық аттракция ямаса лабиальлық сингармонизм)} деп бөлиўин де толық мақуллаў қыйын. Оның айтыўынша} ... биринши буўындағы даўыслының тәсирине қарай қалған буўынлардағы даўыслылардың гилең жуўан ямаса гилең жиңишке болып ҳәм дәслепки буўыннан басқа буўынларда еринлик даўыслылар келмей, езиўлик даўыслылар келиўи езиў үнлеслиги деп аталады} . Бул жерде шынында таңлай үнлеслиги менен ерин үнлеслиги шатастырылғанлығы көринип тур. Таңлай үнлеслиги мәисинде автор тәрепинен {езиў үнлеслиги} деген термин алынған. Бул терминниң усы жерде аңлатып турған мәниси пикирди тастыйықламай тур. {Езиў үнлеслиги} түсинигине {гилең жуўан ямаса гилең жиңишке} буўынлар, тағы да {еринлик даўыслылар емес, езиўлик даўыслылардың келиўи} {зорлап} бирлестирилген. Ҳақыйқатында гилең жуўан ямаса гилең жиңишке буўынлардың бир сөздиң қурылысында келиўи я езиўлик ҳалында ямаса еринлик ҳалында ғана болатуғынлығын (олар екеўиниң бирге жүретуғынлығын) естен шығарыўға болмайды. Жуўан буўын соның менен бирге я езиўлик, я еринлик болып келеди. Сондай-ақ жиңишке буўын да я езиўлик, я еринлик ҳалда ғана ушырасады. Ал бул қубылыстың турақлы ямаса өзгермели болыўы - пүткиллей басқа мәселе. Сонлықтан да даўыслылардың сингармонизмин езиў үнлеслиги және ерин үнлеслиги деп бөлиўди терминологиялық жақтан да, әмелий және теориялық жақтан да мақуллаўға болмайды. Таңлай үнлеслиги бойынша буўынлар бирде биргелки жуўан, бирде биргелки жиңишке болып келеди. Ал ерин үнлеслиги бойынша бундай биргелкилик (үнлеслик) қатаң сақланбағаны менен *қурылыс, өндирис, күтин, өтин, үлкен* усаған сөзлердиң екинши буўынларында езиўлик даўыслы ҳәриплер (ы, и, е) жазылғаны менен тәбийий сөйлеў тилинде шынында олардың еринлик даўыслылар (у,ү,ө) екенин, солай етип [қурылы°с], [ўондүри°с] [күтүн], [ўөтүн], [үлкөн] болып айтылатуғынын бийкарлаў қыйын.

Артикуляциялық жақтан таңлай үнлеслиги деп жүргенимиз шынында жиңишке даўыслыларды айтқанда тилдиң алға ҳәм артқа жуўан даўыслыларды айтқанда артқа жылжыў жағдайы менен, ерин үнлеслиги деп жүргенимиз еринлик даўыслыларды айтқанда еринниң алға үйрилиў ҳәм езиўлик даўыслыларды айтқанда артқа тартылыў жағдайы менен тиккелей байланыслы болады. Сонлықтан да артикуляциялық жақтан ҳәрекетшең сөйлеў ағзаларын басшылыққа алған ҳалда таңлай үнлеслигин тиллик (лингвальлық) үнлеслик, ерин үнлеслигин сол өзиниң қәлипинде ерин (лабиальлық) үнлеслиги деп алыў мүмкин еди. Бирақ қәлиплескен таңлай үнлеслиги терминин өзгерте бериўдиң зыянлы екенин есапқа алып, бул жумыста тиллик үнлесликти таңлай үнлеслиги қәлпинде қалдырыўды мақул көрдик. Сондай-ақ еринниң қатнасына қарай даўыслылардың еринлик, езиўлик болып бөлиниўи ҳәм тилдиң қатнасына қарай жуўан, жиңишке болып бөлиниўин еске ала отырып, оларды сингармонизм бойынша енди биргелки жуўан ҳәм биргелки жиңишке болып келиўин аңлатыў ушын {езиў үнлеслиги} терминин қолланыў ақылға мақул келмейди. Езиўлик даўыслылардың жубайы еринлик даўыслылар болатуғынын есапқа алсақ, езиўлик даўыслылардың өзлери де, сондай-ақ еринлик даўыслылар да өз ишинде тағы да жуўан, жиңишке болып бөлинетуғынын еске алсақ, {езиў үнлеслиги} термининиң лингвальлық сингармонизм мәнисинде қолланылыўының орынлы емеслигине исениўге болады.

Усы дәўирге шекем даўыслылардың ерин үнлеслиги дегенди тек бир тәреплеме биринши буўындағы еринлик даўыслылардың екинши буўындағы қысық даўыслылардың еринлик болып келиўин талап етиўи түсинилип келген болса, енди даўыслылардың лабиальлық сингармонизмин кеңирек көлемде түсиниў керек деп ойлаймыз. Биринши диен, даўыслылардың лабиальлық сингармонизми еки түрли көринисте болады` еринлик (қулун, күлкү, бөлөк) ҳәм езиўлик (бала, сәлем, келин)~ екиншиден, лабиальлық сингармонизм бир

буўынлы сөзлерде еринлик даўыслылар менен қоңсылас келген даўыссызлар ортасында мудамы ҳәм турақлы түрде көринеди.

Ҳәзирги қарақалпақ тилинде ашық даўыслылар болған [а], [ә] ерин үнлеслигинен тысқары қалады. Бул даўыслыларға лабильлық сингармонизм тәсир етпейди. Биринши буўында еринлик даўыслылар келиўине қарамастан екинши ҳәм оннан соңғы буўынларда ашық езиўлик [а], [ә] жумсала береди. Мысалы` [полат], [қулақ], [қурақ], [қуратан], [күтә] ҳәм т.б. Бирақ бундай жағдайларда да таңлай үнлеслиги қатаң сақланады` жуўан [а] тек алдыңғы буўында жуўан еринлик даўыслылар келген жағдайда, жиңишке [ә] тек алдыңғы буўында жиңишке еринлик даўыслы келген жағдайда ғана жумсалады. Бул тәртиптиң қатаң сақланыўы қарақалпақ тилинде даўылылар сингармонизминде лингвальлық сингармонизмниң жетекши орын тутатуғынын аңлатады.

Қарақалпақ тилинде даўыслылардың лабильлық сингармонизми дегеннен биринши буўындағы еринлик даўыслылардың екинши буўындағы қысық езиўлик даўыслыларды сәйкес еринлик даўыслыларға айландырыўы түсиниледи. Сол даўыслылардың өзлери ерин үнлеслиги бойынша үнлесип келиў менен бирликте таңлай үнлеслиги менен де үнлесип турады. %йткени еринлик даўыслылардың өзлери я жуўан, я жиңишке түрде ғана ушырасады. Ерин үнлеслигин аңлататуғын өз алдына сеслик бирликлер жоқ, ондай болыўы мүмкин де емес. Мысалы` [қ°ул°ун°], [к°у'л'°кү] сөзлеринде даўыслылар ерин үнлеслиги бойынша да, таңлай үнлеслиги бойынша да үнлесип тур~ [қулун]- жуўан буўынлы, [күлкү]- жиңишке буўынлы. Сондай-ақ бул еки сөзде буўынлар биргелки еринлик. Тап усындай пикирди [балық], [бала], [бәлент], [гилем] сөзлери жөнинде де айтыўға болады` [балық], [бала]-жуўан буўынлы, [бәлент], [гилем] - жиңишке буўынлы. Сондай-ақ бул сөзлердиң бәринде буўынлары-биргелки езиўлик болып келген. Соай етип таңлай үнлеслиги бойынша буўынлар жуўан ҳәм жиңишке болып келсе, ерин үнлеслигин бойынша еринлик ҳәм езиўлик болып келеди. Бул даўыслылар сингармонизминиң көринислери болып табылады.

Ҳәзирги қарақалпақ тилиндеги даўыслылар сингармонизмин аңлатыўшы кесте`

Соңғы буўынлардағы даўыслылар / Биринши буўын-дағы даўыслылар	А	ы	ә	и	е	сөзлер
А	+	+				бала, атыз
Ы	+	+				ылақ, ыдыс
О	+	+				қонақ, қонуқ
У	+	+				булақ, тухум
ә			+	+	+	сәҳәр, әдис, бәлент
И			+	+	+	ирәт,билим, тилек
Е			+	+	+	дүкән, желим, терек
ө			+	+	+	көлүк, төсөк
ү			+	+	+	жүдә, гүртүк

Даўыслылар сингармонизмин аңлататуғын кестеден көринип турғанындай-ақ биринши буўында жуўан еринлик даўыслылары болған [о] ямаса [у] фонемасы келсе, екинши буўындағы езиўлик [ы] даўыслысы еринлик [у] даўыслы фонемасына айланып айтылады~ биринши буўында жиңишке еринлик даўыслылары болған [ө] ямаса [ү] фонемасы келсе, екинши буўындағы езиўлик [и] ямаса [е] даўыслы сәйкес еринлик [у], [ө] фонемаларына айланады. Мысалы` [қосық], [ўорун], [қоқум], [тоқум], [тоғуз], [қулун], [жулун], [қудық], [ўөгүз], [гүдү], [үкү], [түтүн] [жүрөк], [ўозок], [шорөк], [бөрөк] усаған түбир сөзлердиң екинши буўынында, [ўотун], [қолумЪЪ], [жолум], [бөлүк], [бөлөк], [төгүн], [ўөнум], [сүргү] сыяқлы дөренди сөзлердеги қосымталарда аўызша сөйлеў тилинде еринлик даўыслылар айтылады. Бирақ олар жазыўда ҳәзирги имла қәделери тийкарында қосық, орын, қоқым, тоқым, тоғыз, қулын, жулын, қудық, көлик, өгиз, гүди, үки, түтин, жүрек, гүрек, өзек, шөрек, бөрек, отын, қолым, жолым, бөлек, болик, төгин, өним, күлки, сүрги түринде ерин үнлеслиги

сәўлеленбеген ҳалда екинши буўында езиўлик [ы], [и], [е] ҳәриплери арқалы жазылады. Ал үшинши буўындағы қысық езиўлик даўыслыларға ерин үнлеслигиниң тәсири пәсеңлейди. Салыстырың` [қулун]- [қулуны^0], [жулун]- [жулуны^{0,}] [жулқун]- [жулқуны^{0}п], [жүрөк]- [жүроги^0] ҳәм т.б. Бул сөзлерде екинши буўындағы еринлик даўыслылардың тәсири менен еринлик даўыслы фонемаға айланып айтылса, үшинши буўында қысық езиўлик даўыслылар турақсыз ҳалда бирде еринлик түс алып, бир {таза} езиўлик ҳалында айтылады. Ал төртинши ҳәм оннан соңғы буўынлардағы қысық езиўлик даўыслы фонемаларға ерин үнлеслигиниң тәсири биротала жойылады. Мысалы, салыстырың [қулун]- [қулун°]- [қулуны°мыз], [жулуны°]- [жулуны°мыз] ҳәм т.б.

Даўыслылардың сингармонизми менен олардың сөзлердеги түрли фонетикалық жағдайларында жумсалыў қубылысы тығыз байланыслы болады. Қарақалпақ тилинде даўыслы фонемалардың ҳәммеси бир буўынлы сөзлерде ҳәм көп буўынлы сөзлердиң биринши буўынында жумсала береди. Ал көп буўынлы сөзлердиң соңғы буўынларында даўыслы фонемалар шекленген ҳалда жумсалады. Соңғы буўынларда қандай даўыслы фонеманың жумсалыўы биринши буўындағы даўыслы фонеманың сыпатына байланыслы болады. Жоқарыда келтирилген мысаллардан ҳәм даўыслылар сингармонизмин аңлатыўшы кестеден көрингениндей-ақ биринши буўында жуўан даўыслы болса, екинши ҳәм оннан соңғы буўынларда да жуўан даўыслы келеди~ биринши буўында жиңишке даўыслы болса, соңғы буўынларда да жиңишке даўыслы болады~ биринши буўында еринлик даўыслы келсе, екинши буўындағы [ы], [и], [е] езиўлик даўыслы фонемалары сәйкес еринлик [у], [ү], [ө] даўыслы фонемаларына айланып айтылады (кестеде қосыў белгиси дөңгеликке алынған қатарлар). Ҳәзирги қарақалпақ тилиндеги [әткөншек], [әтешкүр], [әтшөк], [байғус], [дәстүр], [жадигөй], [желхом], [зәрүр], [кәмзол], [мақлық], [махул], [махмут], [кәтқуда], [йесерсоқ] усаған сырттан кирген ямаса қоспа сөзлерди есапқа алмағанда еринлик буўын езиўлик буўыннан кейин жумсалмайды. Солай етип түпкиликли сөзлердиң биринши буўынынан басқа, соңғы буўынларда еринлик даўыслылар жоқарыда айтылғанындай-ақ шекленген жағдайда ғана еринлик сингармонизми көлеминде жумсалады. Ал олардың ишинде еринлик [о] фонемасы биринши буўыннан басқа соңғы буўынларда пүткиллей жумсалмайды.

Еринлик даўыслылардың соңғы буўынларындағы шеклениўшилиги қос еринлик [ў] даўыссызының тәсири нәтийжесинде сапластырылады. Анығырақ айтқанда, қос еринлик [ў] даўыссызы өзи менен қоңсылас келген қысық езиўлик даўыслыларды сәйкес еринлик даўыслыларға айландырады` екинши ҳәм оннан соңғы буўынларда жумсалған еринлик даўыссыз [ў] фонемасы өзиниң алдында келген езиўлик [ы], [и] даўыслы фонемаларын сәйкес еринлик [у], [ү] фонемаларына айландырады. Мысалы` [алуў], [ўоқуў], [жүрүў], [билиў], [атқарыў], [жеткерүў]. Сондай-ақ соңғы буўынларда еринлик [ў] даўыссыз фонемасының соңында қысық езиўлик [ы], [и], [е] даўыслы фонемалары келгенде биринши буўындағы даўыслының еринлик ямаса езиўлик болыўына қарамастан сәйкес [у], [ү], [ө] еринлик даўыслыларына айланып айтылады. Мысалы` [жуўун], [жаўун], [жасаўул], [қосуўус], [даўур], [гүўүл], [сүгүўүр], [дәўөт], [сүўөн], [жүўөн] ҳәм т.б. Бул мысаллара биринши буўында еринлик даўыслылары келип, оның үстине соңғы буўындағы қоңсылас еринлик даўыссыздың тәсирине ушыраганлықтан [жуўын], [қосыўус], [гүўүл] сөзлеринде биринши буўынында езиўлик даўыслылар келген сөзлерге қарағанда ерин үнлеслигиниң тәсириниң күшлирек екени байқалады.

Қарақалпақ тилинде даўыслылардың ерин үнлеслиги жөнинде сөз еткенде С.Е.Маловтың бул ҳаққындағы айтқан пикрлерин еске алмаўға болмайды. Оның бақлаўынша түбирдеги еринлик даўыслылар қосымтадағы даўыслыларға сезилерли дәрежеде тәсир етеди. Бул жағынан қарақалпақ тили қазақ, ноғай тиллерине, сондай-ақ шамасы, алтай тилине де оғада усайды. С.Е.Маловтың айтыўынша` түбирдеги жуўан еринлик даўыслылар болған [у], [о] фонемалары қосымтадағы ашық даўыслыларды еринликлестирмейди` егер де түбирде жиңишке еринлик даўыслылар болған [ө], [ү] фонемалары келсе, қосымтадағы ашық даўыслыны еринликлестирмейди. Ал қосымтада қысық даўыслылар келсе, түбирдеги жуўан еринлик даўыслылар болған [о], [у] фонемалары да, жиңишке еринликлер болған [ө], [ү]

фонемалары да қосымтадағы даўыслыларды еринликлестиреди. Бул жерде С.Е. Маловтың {қосымтадағы ашық даўыслыларды түбирдеги [ө] ямаса [ү] еринликлестиреди} деген пикирин талқылаўға туўры келеди. Бизиң түсинигимизше, сондай-ақ түрли эксперименталь мағлыўматлардың тастыйықлаўлары бойынша, ҳәзирги қарақалпақ тилинде ашық езиўлик фонемалар тек екеў` [а] ҳәм [ә]. Ал С.Е.Малов тастыйықлап отырған [е] даўыслысын ашық фонема деўге барлық фонетикалық ҳәм фонологиялық мағлыўматлар қарсы келеди. Шынында [е] қысық даўыслы фонема. Бул фонеманың ҳәзирги қарақалпақ тилинде қысық, тил алды, езиўлик екени сөйлеў ағзаларын жай бақлаўымыз арқалы да, түрли эксперименталь изертлеўлер арқалы да толық тастыйықланды. Сонлықтан егер де [е] фонемасын ашық фонема демейтуғын болсақ, онда {қосымтадағы ашық даўыслыларды түбирдеги [ө] ямаса [ү] еркинликлестиреди} деген пикирди бийкарлаўға туўра келеди. Сонда ерин үнлеслиги менен үнлесетуғын тек қысық даўыслылар ғана болып шығады. Мысалы, [қулқун], [үргүн], [төркүн] сөзлериниң екинши буўынындағы қысық даўыслылар ҳәм ол тутас буўынлар қандай боып үнлессе, [бөргө], [жоргөк], [гүрөк], [жүрөк] сөзлериниң екинши буўынындағы даўыслы да тап сондай болып үнлеседи. Буның өзи де тағы бир мәртебе [е] фонемасының қысық даўыслы фонема фонема екенин аңлатады. Себеби қысық [й], [и] даўыслылары менен бирдей дәрежеде бундай өзгериске ушыраўы тосыннан болған жағдай емес. Ал бул [е] фонемасын қысық [й], [и] даўыслылары менен жақынластыратуғын белги болып есапланады.

qq - лекция

Даўыссызлар сингармонизми

Жумыстың бул бөлимшесинде дәстүрли түсиник бойынша ассимиляция қубылысы деп саналатуғын даўыссызлар сингармонизминиң морфология менен тығыз байланыслы болған көринисине дыққат аўдарамыз.

Сөйлеў ағымында жумсалған ўақытта сеслердиң өзгериске ушыраўына ҳәр қыйлы фонетикалық жағдайлар себепши болыўы сөзсиз. Фонетикалық жағдайлардың себебинен сөздеги айырым сеслердиң ҳәдден тыс иркиниш пенен кешиктирилип айтылыўы ямаса, керисинше, мөлшерли ўақтынан бурынырақ айтылыўы нәтийжесинде өз ара қоңсылас сеслер пүткиллей бирдей сеске я айырым белгилери бойынша сеске айланыўы мүмкин.

Усындай сөйлеў механизминиң тәсири нәтийжесинде болатуғын сеслик өзгерислер морфеманың шегарасындағы иргелес сеслер ортасында болатуғын қубылыс екенин ҳәм бул қубылыстың қарақалпақ тилинде әдеўир туақлылыққа екенин көремиз.

!детте морфеманың шегарасындағы қоңсылас сеслер өз ара толық түрде усасып, тап өзиндей сеске айланып кетиўи мүмкин, ямаса тек айырым белгилери бойынша ғана усасыў мүмкин. Усы жағына қарай қарақалпақ тил билиминде {толық ассимиляция} ҳәм {бир жақлы ассимляция} деген терминлер қолланылады. Морфемалардың шегарасындағы қоңсылас сеслердиң өз ара бирдей сеске айланып кетиўи толық ассимилияция, ал олардың тек айырым белигилериниң усасыўы бир жақлы ассимилияция болады. Мысалы, башшы, қошшы, ашса, усша, жазса, дизсе, сезсе түринде жазылатуғын сөзлер аўызеки сөйлеўде [башшы], [қошшы], [ашша], [ушша], [жасса], [сессе] түринде қатара келген даўыссыздың биреўи өзгериске ушырап, иргелес даўыссыздай сеске айланады. Анығырағы, бул мысалларда [ш] сеси өзиниң алдына келген я соңында келген [с] сесин толық өзиндей [ш] сесине айландырып тур~ сондай-ақ [с] сеси өзиниң алдында турған [з] сесин өзиндей сеске айландырады. Егер де бир сес алдында ямаса соңында қоңсылас болып келген екинши сести дәл өзиндей сеске айландырмастан, тек айырым белгилери бойынша ғана өзине усатса, бундай үнлеслик жартылай ассимиляция болады. Мәселен, [жазда], [қыста], [талға], [атқа], [сезди], [кести] сөзлеринде қатарласып келген түбир ҳәм қосымтаның шегарасындағы қоңсылас даўыссызлардың үнлесиўи жартылай үнлесликке мысал бола алады. Себеби ол сөзлердеги қосымталардың бирде үнлиден (да, ға, ди), бирде үнсизден (та, қа, ти) басланыўы алдында келген түбирдиң ақырындағы даўыссыз сестиң даўыс қатнасатуғын сес (үнли,

сонор, даўыслы) ямаса даўыс қатнаспайтуғын сес (үнсиз) екенлигине тиккелей байланыслы болады.

Даўыссызлардың толық үнлеслигине қарағанда олардың бир жақлы үнлеслиги көбирек ушырасады. Бундай үнлеслик қарақалпақ тилинде көбирек даўыстың қатнасы бойынша ушырасады. Ал сийреклеў жағдайда даўыссыз сеслер жасалыў орны бойынша да үнлесип келеди.

Даўыссызлар үнлеслиги тек дөренди сөзлердиң қурылысындағы морфемалардың шегарасында ғана болып қоймастан, ҳәзирги қарақалпақ тилинде түбир деп саналып жүрген сөзлердиң ортасында да ушырасады. Мысалы` [ешки], [ески], [қәсте], [кепшик], [тоқта] сөзлеринде еки үнсиз даўыссыз [жезде], [мезгил], [геўде], [ғарға], [домбық], [қумбыз], [қырғый] сыяқлы сөзлерде еки үнли ямаса сонор менен үнли даўыссызлар қатар келип, даўыстың қатнасы жағынан үнлесип тур. Бирақ бундай нызамлылық мудамы сақлана бермейди. !сиресе сонор даўыссызлар үнли даўыссызлар менен бирге үнсиз даўыссызлар менен де қатара келе береди. Мысалы` [йески], [келте], [қамшы], [гүртик], [артық], [қартан], [ықлас], [жыртық], [кеўсен], [таңсық], [балта], [алты], [арқан] ҳәм т.б. Солай етип сонор даўыссызлар даўыслыларға усап үнлилер менен де үнсиз даўыссызлар менен де жумсала береди.

Жумсалыў избе-излиги алдыңғы сестиң соңғы сеске ямаса соңғы сестиң алдыңғы сеске тәсир етип, өз ара үнлесип келиўине байланыслы морфемалардың шегарасындағы иргелес сеслер үнлеслиги еки түрли болады` илгерили тәсир ҳәм кейинли тәсир. Бир сөздиң қурылысында ямаса сөз бенен сөздиң шегарасында қоңсылас сеслердиң алдыңғысының соңғысын артикуляциялық жақтан өзине усатыўы ямаса дәл өзиндей сеске айландырыўы илгерили тәсир (прогрессив ассимиляция), керисинше, соңғы сестиң алдыңғы сести өзине усатыўы ямаса дәл өзиндей сеске айландырыўы кейинли тәсир (регрессив ассимиляция) болады.

Илгерили тәсирге ушырайтуғын сеслер морфеманың шегарасындағы сеслер болып, олар тийкарынан даўыстың қатнасы жағынан ҳәм жасалыў орны бойынша үнлесип келеди. Сөздиң ақыры үнсиз даўыссызға тамамланса, оған қосылатуғын қосымта үнсиз даўыссыздан басланады. Ал сөздиң ақыры даўыс қатнасыўы арқалы жасалатуғын сеслер болған үнли, сонор даўыслылардың бирине тамамланса, онда оннан үнли ямаса сонор даўыссыздан басланған қосымта қосылады. Бундай үнлесликке қарақалпақ тилиндеги сеплик ҳәм бетлик жалғаўларының көп вариантларда жумсалыўы айқын мысал бола алады.

Ийелик сеплигиниң жалғаўларынан [тың], [тиң] үнсиз даўыссыз сеслерге тамамланған сөзлерге, [дың], [диң] жалғаўлары үнлилерге ҳәм аўызлық сонорлар болған [й], [л], [ў], [р] сеслерине тамамланған сөзлерге [ның], [ниң] жалғаўлары даўыслыларға ҳәм мурынлық сонорлар болған [м], [н], [ң] сеслерине тамамланған сөзлерге жалғанады. Барыс сеплигиниң жалғаўларынан [қа], [ке] үнсиз даўыссызларға тамамланған сөзлерге, [ға], [ге] жалғаўлары басқа барлық даўыссызларға ҳәм даўыслыларға тамамланған сөзлерге, ал [а], [е] тартымның биринши ҳәм екинши бетиниң жалғаўлары жалғанған сөзлерге, [на], [не] тартымның үшинши бетиниң жалғаўы жалғанған сөзлерге қосылады. Табыс сеплигиниң жалғаўларынан [ты], [ти] ақыры үнсиз даўыссызларға тамамланған сөзлерге [ды], [ди] жалғаўлары үнли даўыссызларға ҳәм сонорларға тамамланған сөзлерге, [ны], [ни] даўыслыларға тамамланған сөзлерге, [н] тартымның үшинши бетиниң жалғаўы жалғанған сөзлерге қосылады. Шығыс сеплигиниң жалғаўларынан [тан], [тен] ақыры үнсиз даўыссызларға, [дан], [ден] даўыссызларға, үнлилерге ҳәм аўызлық сонорлар болған [й], [л], [ў], [р] сеслерине тамамланған сөзлерге, [нан], [нен] мурынлық сонорлар болған [м], [н], [ң] сеслерине тамамланған сөзлерге ҳәм тартым жалғаўы жалғанған сөзлерге қосылады. Орын сеплигиниң жалғаўынан [та], [те] ақыры үнсиз даўыссызларға тамамланған сөзлерге [да], [де] басқа барлық сеслерге тамамланған сөзлерге жалғана береди. Мысаллар`

А. ана, анам, анасы, шаң, жем, қан,
И. ананың, анамның, анасының, шаңның, жемниң, қанның,

Б. анаға, анама, анасына, шаңға, жемге, қанға,
Т. ананы, анамды, анасын, шаңды, жемди, қанды,
Ш. анадан, анамнан, анасынан, шаңнан, жемнен, қаннан,
О. анада, анамда, анасында, шаңда, жемде, қанда.

А. ат, тас, тай, тил, аў, қар,
И. аттың, тастың, тайдың, тилдиң, аўдың, қардың,
Б. атқа, тасқа, тайға, тилге, аўға, қарға,
Т. атты, тасты, тайды, тилди, аўды, қарды,
Ш. аттан, тастан, тайдан, тилден, аўдан, қардан,
О. атта, таста, тайда, тилде, аўда, қарда.

Атлық сөзлер бетленгенде сөздиң ақыры үнсиз даўыссызларға тамамланса, биринши ҳәм екинши бетте үнсизлерден басланатуғын [пан], [пен], [саң], [сең] жалғаўлары, үнлилерге тамамланса, биринши бетте үнли даўыссыздан басланатуғын [бан], [бен] жалғаўлары, сөзлердиң ақыры даўыслыға ямаса сонорларға тамамланса, биринши бетте сонордан басланатуғын [ман], [мен] жалғаўлары қосылып үнлесип келеди. Сөздиң ақыры үнлиге, сонорға ямаса даўыслыға тамамланса да, екинши бетте үнсизден басланған [саң], [сең] жалғаўлары жалғанып, олар өз ара үнлеспейди. Сондай-ақ [с], [ш] сеслеринен басланған басқа қосымталар да өзлериниң алдында келген сеслер менен даўыстың қатнасы бойынша үнлеспейди.

Мысалы`

I. б. көппен, азбан, саўман, шопанман, ермен, суўшыман~

II. б. көпсең, азсаң, саўсаң, шопансаң, ерсең, суўшысаң~

III. б. көп, аз, саў, шопан, ер, суўшы.

Фейил сөзлер бетлегенде сөздиң ақыры үнсиз даўыссызға тамамланса, үнсизден басланған [тым], [тим], [тың], [тиң], [ты], [ти] жалғаўлары жалғанады` үнли, сонор ҳәм даўыслыға тамамланған сөзге үнлиден басланған [дым], [дим], [дың], [диң], [ды], [ди] жалғаўлары жалғанады. Мысалы`

I. б. таптым, естим, жаздым, алдым, таңдым, басладым~

II. б. таптың, естиң, жаздың, алдың, таңдың, басладың~

III. б. тапты, ести, жазды, алды, таңды, баслады.

Көплеген сөз жасаўшы, сөз түрлендириўши суффикслер жалғанатуғын сөзиниң соңындағы сеси менен, сондай-ақ көмекши сөзлер дизбеклесип келетуғын сөзиниң соңындағы сеси менен ҳәм сөз дизбегиндеги сөзлердиң шегарасындағы қоңсылас сеслер өз ара бир-бири менен үнлесип келеди.

Сөздиң соңындағы сестиң оған қосылатуғын суффикстиң басындағы қоңсылас сести даўыстың қатнасы жағынан өзине усатып, үнлесип келиўине бир неше фактлер келтиремиз` [ма], [ме], [ба], [бе], [па], [пе] формалары атлық жасаўшы суффикс хызметинде жумсалғанда ямаса фейилдиң болымсыз түрин жасағанда, қосылатуғын сөзиниң соңғы сесине қарай бирде [ма], [ме], бирде [ба], [бе] ҳәм т.б. түринде жалғанады` [ма], [ме]-даўыслыларға ҳәм аўызлық сонорларға, [ба], [бе]-үнлилерге ҳәм мурынлық сонорларға, [па], [пе] үнсизлерге тамаланған сөзлерге қосылады. Мысалы` [салма], [сүзбе], [таңба], [ысытпа], [бирлеспе] сыяқлы сөзлер атлық ямаса фейил хызметинде жумсалғанда, аталған қосымталар қосылатуғын сөзиниң соңғы сесине бағынып үнлеседи~ [қы], [ки], [ғы], [ги]~ [қыш], [киш], [ғыш], [гиш] атлық ҳәм келбетлик жасаўшы суффикслер хызметинде жумсалғанда үнсиз сеслерге тамамланған сөзге үнсизден басланған [қы], [ки], [қыш], [киш],басқа сеслерге тамамланған сөзлерге үнлиден басланған [ғыш], [гиш], [ғы], [ги] формалары қосылады. Мысалы` [ашытқы], [түрткү], [керги], [гүзгү], [азаңғы], [алдыңғы], [артқы], [тергиш], [алғыш], [сезгиш], [санағыш] ҳәм т.б~ [мақ], [мек], [бақ], [бек], [пақ], [пек] атлық ҳәм ҳәрекет аты фейилин жасаўшы аффикслериниң [пақ], [пек] формасы үнсиз даўыссызларға тамамланған сөзлерге қосылады~ [бақ], [бек] үнлилерге ҳәм мурынлық сонорларға

тамамланған сөзлерге қосылады~ [мақ], [мек] аўызлық сонорлар ҳәм даўыслыларға тамамланған сөзлерге қосылады. Мысалы` [батпақ], [тоқпақ], [қақпақ], [дизбек], [куймақ], [сырмақ], [илмек], [қармақ], [айтпақ], [түртпек], [қазбақ], [сезбек], [тоңбақ], [көмпек], [сақланбақ], [жаймақ], [тапсырмақ], [алмақ], [ислемек], [жаўмақ] ҳәм т.б.~ [дай], [дей], [тай], [тей], [гыр], [гир], [қыр], [кир] сыяқлы келбетликтиң суффикслери де қосылатуғын сөзиниң соңғы сесине қарай, яғный соңғы сеси үнсиз болса үнсизден басланатуғын [тай], [тей], [қыр], [кир] ал басқа сеслер болса [дай], [дей], [ғыр], [гир] формалары қосылады. Мысалы` полаттай, местей, ушқыр, өткир, маладай, муздай, күндей, өзиндей, сезгир, кескир. алғыр, ушқыр т.б.

Жоқарыда келтирилген сөзлерде илгерили тәсир даўыстың қатнасы бойынша болса, соның менен бирге түбир менен қосымтаның шегарасында ямаса түбирдиң ортасында сеслер жасалыў орны бойынша да илгерили тәсирге ушырап үнлеседи. Буған төмендеги фактлер дәлийил бола алады` [са], [се] аффикслери [ш] сесине тамамланған сөзге қосылса, олар [ша], [ше] болып айтылады. Мысалы` [ашша], [ушша], [кешше]-айтылыўы~ ашса, ушса, қашса, кешсе - жазылыўы.

Еринлик [ў] даўыссызының тәсиринен оның соңында келген [ы], [и], [е] езиўлик даўыслылары сәйкес еринлик болып айтылады. Мысалы` [қаўун], [саўун], [тәўүр], [сәўүр], [дәўот], [геўөк] - айтылыўы~ қаўын, саўын, тәўир, сәўир, дәўлет, геўек-жазылыўы.

Жоқарыдағы мысалларда [с] сесиниң [ш] болып айтылыўы, [ы], [и], [е] сеслериниң [ў] еринлигиниң тәсиринен сәйкес [у], [ү], [о] болып айтылыўы жасалыў орны боыйнша үнлесиў болады. Даўыстың қатнасы бойынша [с], [ш] сеслериниң екеўи де үнсиз даўыссызлар, ал [ў], [ы], [и], [е] сеслериниң ҳәммесин айтқанда даўыс қатнасады.

Сондай-ақ [менен], [бенен], [пенен]~ [да], [де], [та], [те]~ [ма], [ме], [ба], [бе], [па], [пе] көмекши сөзлериниң дәслепки сесиниң ҳәр түрли болыўы даўыссызлар үнлеслигине байланыслы. :нсиз даўыссыз сеске тамамланған сөзге үнсизден басланатуғын варианты, ал қалған сеслерге тамамланған сөзлерге үнли ҳәм сонорлардан басланған вариантлары дизбеклеседи. Мысалы` *ат пенен, ат та, ат па, қыз бенен, қыз да, қыз ба, төри менен, төри де, төри ме, жер менен, жер де, жер ме, ай менен, ай да, ай ма* ҳәм т.б.

Сөз дизбегиниң компонентлериниң шегарасында турған сеслер өз ара үнлесип келеди. Анығырақ айтқанда, сөз дизбегиниң биринши сыңары үнли, сонор ямаса даўыслыға тамамланса, екинши сыңарының басында келген үнсиз [к/к] фонемасы сәйкес үнли [ғ/г] фонемасына айланып айтылады. Мысалы` алағашар (ала қашар), ақпағулақ (ақпа қулақ), тезгүнде (тез күнде), жерғабысыў (жер қабысыў), алағанат (ала қанат) ҳәм т.б. Бундай сөз дизбеклериндеги сөзлердиң әдеттеги сеслик қурылысы толық сақланып, бөлек жазылады.

Жоқарыда келтирилген мысаллардан көрингениндей илгерили тәсир даўыс шымылдығының қатнасына байланыслы болады. Даўыс шымылдығы қатнаспайтуғын сеслер (үнсизлер) үнсиз даўыссызлар менен, даўыс шымылдығының қатнасыўы арқалы жасалатуғын сеслер (даўыслы, сонор, үнли даўыссызлар) даўыслы, сонор ямаса үнли даўыссызлар менен тиркесип келип, олар өз ара үнлеседи. Сондай-ақ гейпара сеслер жасалыў орны бойынша да илгерили тәсирге ушырайды.

Сөздиң қурылысында ямаса сөз бенен сөздиң шегарасында қоңсылас сеслердиң соңғысының алдыңғысын артикуляциялық жақтан қандай да бир белгиси жағынан өзине усатыўын ямаса дәл өзиндей сеске айландырыўын кейинли тәсир деп атаймыз. Сеслердиң бундай кейинли тәсири регрессив ассимиляция деп те айтылады. Регрессивлик ассимиляция прогрессивлик ассимиляцияға салыстырғанда көпшилик түркий тиллерде, соның ишинде қарақалпақ тилинде де, қатаң турақлылыққа ийе емес ҳәм кемирек ушырасатуғынлығы белгили.

Соңғы сес алдыңғы сести даўыстың қатнасы жағынан (даўыс қатнасатуғын сес, даўыс қатнаспайтуғын сес), жасалыў орны жағынан өзине усатыўы мүмкин. Даўыстың қатнасы жағынан сеслердиң кейинли тәсирге ушыраўына төмендеги фактлерди келтиремиз.

:нсиз даўыссыз [к/к] фонемасына тамамланған сөзлерге даўыслыдан басланған қосымта қосылса, оның жуўан реңки болған [к] даўыслының ыңғайына көнип, үнли [ғ/г]

фонемасының жуўан [ғ] реңкине, үнсиз жиңишке реңки болған [к] үнли жиңишке [г] реңкине айналады. Мысалы` [жақ] - [жағы], [балық] - [балығы], [шөрок] - [шөрөгү], [жүрөк] - [жүрөгү], [шелек] - [шелеги], [ақ] - [ағыс], [жақ] - [жаға], [йек] - [йегиз] ҳәм т.б.

Бирақ [к/к] фонемасы сонор даўыссызлар менен бирге дизбеклескен ҳалда түбир сөздиң ақырында келсе, оған даўыслы сестен басланған қосымта қосылған менен жоқарыдағыдай болып, үнли [ғ/г] фонемасына айланбайды. Мысалы` [халық] - [халқы], [көрк] - [көрки], [бөрк] - [бөрки], [даңқ] - [даңқы], [сарқ] - [сарқыл], [гүңк] - [гүңкил], [қырқ] - [қырқыс] ҳәм т.б. Сондай-ақ [т], [с], [ш] үнсизлери де бул қәде тийкарында үнлилерге айланбайды. Мысалы` [ат]- [аты], [тас]- [тасы], [шаш]- [шашы] болып, олар өзгериссиз жумсалады. :нсиз [п] сесине тамамланған сөзге даўыслыдан басланған қосымта қосылса, [п] сеси үнли [б] сесине айланады, ал [п] сесине тамамланған сөзге [йп], [ип] суффикслери жалғанса, онда [п] сеси сонор [ў] сесине айланады. Мысалы` [қап] - [қабы], [сап] - [сабы], [жип] - [жиби], [сеп] - [себи], [жап] - [жабыс] ҳәм т.б. Бирақ [желпи], [гүрпүлди], [серпил] усаған сөзлерде [п] сеси даўыслы сестиң тәсири нәтийжесинде үнли [б] сесине айланбайды. Буйрық фейиллердиң ақырында келген [п] сеси сөйлеў тилинде [ў] менен алмасып та айтыла береди. Мысалы` [тап]-[таў], [сеп]-[сеў], [шап]- [шаў], [қап]- [қаў], [теп]- [теў]. !дебий тилдиң стильлик өзгешелигине қарай бул сөзлердиң бирде алдыңғылары, бирде соңғылары жумсалыўы мүмкин. Мәселен, *оқ жаўдырды (жаптырды емес), ат шаптырым (шаўдырым емес), тепкиле (теўкиле емес), ийт қапқан (гейде қаўған), қаўып (қапып емес), жаўын жаўды (гейде жапты) т.б.*

:нли [з] сесине тамамланған сөзге үнсиз [с] сесинен басланған қосымта қосылса, [з] үнли даўыссызы [с] ға айланып айтылады. Мысалы` [ассын], [жассын], [бессин], [қасса], [дүссүн], [дуссуз], [биссиз] т.б. Булар азсын, жазсын, т.б. түринде түбири толық сақланып жазылады.

Жоқарыдағы сеслердиң үнлеслиги сөз ишинде түбир менен қосымталардың арасында болса, онда үнлеслик сөз дизбегиндеги сөзлердиң шегаралас сеслери ортасында да болады. Мәселен, *ақ ат, көп ўақыт, көп ўақыт, көп нәрсе, көп адам, көп жер, көк жапырақ сыяқлы сөз* дизбеклери аўызша сөйлеўде *аг ат, көб ўақыт, көб нәрсе, көб адам, көб жер, көг жапырақ* болып, алдыңғы сөздиң ақырындағы үнсиз [к/к], [п] соңғы сөздиң басындағы сеслердиң тәсиринен сәйкес үнли [ғ/г], [б] фонемаларына айланып, орын алмасады. Ал шек ҳәм ара сөзлеринен қәлиплескен шегара сөзинде үнсиз к реңки үнли г реңки менен алмасады ҳәм солай жазылады. Бирақ *сарп етилди, гүрп етти, шарп етти, қырқ адам, бөрк алды, даңқ әкелди* сыяқлы сөз дизбеклеринде [к], [х], [п] сеслери үнлилерге айланып *сарб етилди, гүрб етти, қырг адам* т.б. түринде айтылмайды. *Көз сал, тез соқ, жүз сом* сыяқлы сөз дизбеклери көс сал, тес соқ, жүс сом түринде сөздиң басындағы үнсиз [с] сесиниң тәсири менен алдыңғы сөздиң ақырындағы үнли [з] сеси үнсиз [с] ға айланып айтылады. Жазыўда булар есапқа алынбайды.

Жасалыў орны жағынан сеслердиң кейинли тәсирге ушырап үнлесиўине төмендеги мысалларды келтириўге болады.

Тил алды [н] сесине тамамланған сөзге еринлик [б] сесинен басланған қосымта қосылса, [н] сеси еринлик [м] сесине айланып айтылады. Мысалы` [жанбас]- [жамбас], [жанбаў]- [жамбаў], [нанбай]- [намбай], [қанбады]- [қамбады], [тынба]- [тымба], [минбер]- [мимбер], [нанба]- [намба] ҳәм т.б. Жазыўда н сақланып жазылады. Ҳәзирги қарақалпақ тилинде түбир сөз деп саналатуғын [гүмбез], [сүмбил], [жумбақ] сыяқлы сөзлерде қатар келген еки еринлик даўыссыз (м, б) өз ара үнлеседи. Бул сыяқлы сөзлердеги [м] еринлик сесиниң жумсалыўы кейинги тәсирдиң (б сесиниң) себебинен екенин бираз тюркологлар тастыйықлайды.

Сөздиң ақыры [н] сесине тамамланып, оған [л] сесинен басланған қосымта қосылса, [н] сеси [л] ға айланып айтылады. Мысалы` жанлық-жаллық, санлық-санлық, күнликши-күлликши, ханлық-халлық, жәнлик-жәллик т.б.

Тил алды [н] сесине тамамланған сөзге кишкене тиллик - тил арты [к/к], [ғ/г] сеслеринен басланған қосымта қосылса, [н] сеси кишкене тиллик [ң] сесине айланып

айтылады. Мысалы` [жонқа]- [жоңқа], [мингес]- [миңгес], [сәнге]- [сәңге], [тонға]- [тоңға], [қонған]- [қоңған] ҳәм т.б. Бул сөзлерде [н] сақланып жазылады. Сондай-ақ [мәңги], [маңғыт], [ўөңге], [гүңгүрт] ҳәм т.б. сөзлердеги [ң] сесиниң жумсалыўы да кейинли тәсирдиң нәтийжесинде болса керек~ [жаңқа], [маңқа], [мөңкө], [ўөңкойғ] сыяқлы сөзлерде қатара қабатласып келген еки даўыссыз сес даўыстың қатнасына қарай үнлеспеген менен олар жасалыў орны жағынан үнлеседи.

Бир тосқынлықлы [с], [з] сеслерине тамамланған сөзге еки тосқынлықлы [ш] сесинен басланған қосымта қосылса, [с], [з] сеслери [ш] сесине айланып айтылады. Мысалы` [басшы]- [башшы], [қосшы]- [қошшы], [исшең]- [ишшең], [қусшу]- [қушшу], [изшең]- [ишшең] ҳәм т.б. Бул мысалларда [з] сеси [ш] ға айланыпта айтылыў арқалы жасалыў орны жағынан үнлесиў менен бирге даўыстың қатнасы жағынан да үнлесип тур` [з] үнлиси [ш] усап үнсизге айланады. Жазыўда с, з ҳәриплери сақланып жазылады. Қоспа сөздиң ямаса сөз дизбегиниң қурылысындағы соңғы сөздиң басында [к/к], [ғ/г] фонемалары келсе, алдыңғы сөздиң ақырында келген [н] сеси [ң] сесине айланады~ соңғы сөздиң басында [б] сеси келсе, алдыңғы сөздиң ақырындағы [н] сеси [м] сесине айланады~ соңғы сөздиң басында [ж] сеси келсе, алдыңғы сөздиң ақырындағы келген [с] сеси [ш] сесине, [з] сеси [ж] сесине айланады~ соңғы сөздиң басында [ш] сеси келсе, алдыңғы сөздиң ақырында келген [з] сеси [ш] сесине айланып айтылады. Бирақ ҳәзирги қарақалпақ тилиниң жазыўында булар есапқа алынбайды.

qw - лекция

Сөз қурылысындағы айырым сеслик қубылыслар

Редукция қубылысы

Айырым фонетикалық жағдайларда сеслердиң артикуляциялық жақтан әдеттегисинен қысқа ҳәм ҳәлсиреп айтылыўы редукция[1] қубылысы делинеди. Қарақалпақ тилинде көбирек созымлылығы бойынша редукцияға ушырайды.

Редукция тийкарынан даўыслыларға тән қубылыс. Даўыссыз сеслерде созымлылығы жағынан барлық фонетикалық жағдайларда бир қыйлы бола бермейди. Олар гейпара фонетикалық жағдайларда ҳәдден тыс қысқа айтылыўы мүмкин.

Бирдей фонетикалық жағдайларда ҳәр қыйлы сеслердиң орташа созымлылығы теңдей болмайды. Мәселен, ашық даўыслы сөзлер бирдей фонетикалық жағдайларда қысық даўыслылардан бир қанша созымлы болады. Сондай-ақ ашық даўыслыларды өз ара, қысық даўыслыларды өз ара салыстырғанда, олардың да теңдей созымлылыққа ийе емеслигин көриўге болады.

Даўыслы сеслер пәтсиз буўынларда келгенде көбирек редукцияға ушырайды. Даўыссызлардың редукцияға ушыраўына яғный созымлылығының қысқарыўына қоңсылас даўыссыз сеслер, буўынның сыпаты, даўыслы сестиң сөздиң қайсы жеринде (басында, ортасында, ақырында) ушырасыўы тәсир етеди. !сиресе, қысық даўыслылар болған ы, и, у, ү сеслери созымлылығы жағынан қысқа айтылыўы ҳәм ҳәр қыйлы фонетикалық жағдайлардың себебинен көбирек редукцияға ушыраўына ең қолайлы жағдай олардың пәтсиз буўында келиўи болады. Мысалы' тын-тыныш, қыс-қыслаў, бир-бири, түн-түнек сыяқлы жубайлас сөзлердиң алдыңғы бир буўынлысындағы пәтли даўыслының созымлылығы менен салыстырғанда соңғы еки буўынлы сөзиниң биринши буўынындағы пәтсиз даўыссыз әдеўир қысқарып редукцияға ушырайды.

Даўыслы сеслердиң редукцияға ушыраўына қоңсылас сеслердиң сыпаты да (үнсиз, жабысыңқы болып келиўи) себепши болады. Мысалы, үнли жабысыңқы з, ж сеслериниң алдында даўыслылар созымлы айтылса, ал үнсиз жабысыңқы п, т, к, қ сеслериниң алдында қысқарып, редукцияға ушырайды. Салыстырыңыз` қыз-қыт, сыз-сық, диз-дик, буз-бук, дүз-дүк, жүз-жүк т.б. Даўыслылардың редукцияға ушыраўына олардың сөз ортасында келиўи,

[1] **Редукция** - латынша редустио - }зысзарты7} деген мıни а4латады.

қамаў буўында келиўи де себепши болады. Мысалы` ис-тис-тиси, из-биз-бизи, ық-тық-тықты сөзлериниң ишинде тис, биз, тық сөзлериндеги даўыссызлар сөздиң басындағы ҳәм ақырындағысына салыстырғанда қысқа айтылады~ еки буўынлы сөзлердеги пәтсиз даўыслы бәринен де қысқа айтылады~ ал соңындағы пәтли даўыслы созымлы айтылады.

Даўыслылардың редукцияға ушыраўына сөздеги сеслердиң санының көбейиўи, буўын санының көбейиўи, қоңсылас буўындағы жумсалатуғын даўыслының ашық даўыслы сес болыўы ҳәм т.б. фонетикалық жағдайлар да себепши болады.

Сондай-ақ сеслердиң редукцияға ушыраўына сөйлеў тезлиги де тәсир етеди. Қаншелли жылдам сөйленсе, сеслер соншелли қысқа айтылып, көбирек редукцияға ушырайды. Сеслерди қысқартыўшы бир неше факт бирликте келсе, сеслер көбирек редукцияға ушыраўы мүмкин. Мысалы` питкер, қутқар, күтсин сыяқлы сөзлерде биринши буўындағы даўыслы сеслердиң редукцияға ушыраўына бир неше факт себепши болып тур. Атап айтқанда, биринши буўынның пәтсиз болыўы, даўыслының қамаў буўында келиўи, жабысыңқы үнсиз даўыссызлардың қоршаўында турыўы себепши болады.

Элизия қубылысы

Айырым фонетикалық жағдайларда сеслердиң түсип қалыў қубылысы элизия делинеди[1] . Сеслердиң түсип қалыўы редукция қубылысы менен де байланыслы болады. Редукцияға ушыраған сеслер ўақыттың өтиўи менен түсип қалыўы мүмкин. Даўыслы сеслер қандай фонетикалық жағдайда редукцияға ушыраған болса, тийкарынан сондай фонетикалық жағдайларда элизияға ушыраўы мүмкин. Даўыслы сеслер элизияға ушырағандағыдай фонетикалық жағдайда болыў менен бирге (пәтсиз буўында келиў, жабысыңқы үнсизлердиң аралығында келиўи т.б.) оған қосымша фонетикалық жағдайлар да тәсир етеди. Мысалы, түбир сөзге даўыслыдан басланған қосымта қосылғанда, түбирдиң ақырындағы жабық буўындағы соңғы даўысыз сес жаңадан қосылған аффикске қарай өтеди де, түбирдеги буўын ашық буўынға айланады. Халық, аўыз, мурын, қарын, кеўил, қәйин усаған атлық сөзлерге даўыслы сестен басланатуғын тартым жалғаўы жалғанса, түбирдиң соңғы буўынындағы пәтли даўыслылар енди ашық буўында пәтсиз жағдайда қалады. Нәтийжеде халқы, аўзы, мурны, қарны, кеўли қәйним болып, ортаңғы буўындағы даўыслы сес түсип қалады.

Бирақ усы типтеги барлық сөзлерде пәтли буўынның алдындағы пәтсиз буўындағы даўыслы сеслер мудамы түсип қала бермейди. Керисинше, қулыны, жулыны, қаўыны, келини, ьбилими усаған көпшилик атлық сөзлерде ортаңғы даўыссыз сеслер әўелги мысаллардағы сыяқлы фонетикалық жағдайда турғанына қарамастан ҳеш түсип қалмай айтылады ҳәм жазыўда олар сақланып жазылады.

Айырым сестиң, сеслер дизбегиниң түсип қалыў қубылысы қарапайым сөйлеў тилинде жийи ушырасады. !дебий тилде жумсалатуғын балалар, қарыйдар, алған, келген, салған, алыпты, салыпты, келипти, қалыпты усаған сөзлер қарапайым сөйлеў тилинде баллар, қардар, аған, саған, кеген, апты, сапты, кепти, қапты түринде айтыла береди. Айырым сөз дизбеклериниң дәслепки сыңарының соңғы сеси сөйлеў тилинде түсирилип, олар пүтин бир сөз түринде айтылады. Мысалы` қарат, сарат, баралады, келалады, алтай, екқоллап, усйер, ойақ, согүни т.б. !дебий тилде олар сөз дизбеги түринде айтылады ҳәм жазыўда формалары толық сақланып, қара ат, сары ат, бара алады, келе алады, алты ай, еки қоллап, усы жерде, ол жақ, бул жақ, сол күни түринде жазылады.

Бул, ол, сол алмасықларына ийелик, барыс, табыс сепликлериниң жалғаўлары қосылғанда соңындағы л сесиниң түсирилип, буның, соның, оның, буған, соған, оған, буны, соны, оны түринде айтылыўы ҳәм жазылыўы да элизиялық қубылыс болады.

Келтирилген мысаллардан көрингениндей-ақ элизия қубылысы даўыслыларға тән болып қалмастан, даўыссызларда да ушырасады екен.

Эпентеза қубылысы

[1] **Элизия** - латынша елисио - }т6сип 3алы7} деген м1ни билдиреди.

Сөздиң басында еки даўыссыздың аралығына даўыслылар үнлеслигине сәйкес қысық ы, и, у, ү сеслериниң биреўиниң қосылып айтылыўы эпентеза қубылысы делинеди. Мысалы, план, пленум, трамвай, трактор, кроват, группа, брус, клуб, бюджет сыяқлы сөзлер пылан, пыленум, тырамвай, тырактор, кыраат, гуруппа, бурус, кулуб, бюйджет түринде эпентезалық даўыслы менен айтылады. Бундай болып даўыслы сестиң қосылыўы сөз басында еки даўыссыздың қатарына дизбеклесип, қабатласып келиўин сапластырыўға бағларланады. Сөз басында бир неше даўыссыз сестиң қатара келиўи қарақалпақ тили ушын, улыўма түркий тиллер ушын тән жағдай емес. Сонлықтан орыс тил арқалы қарақалпақ тилине кирип келген сөзлердиң басында қатара келген даўыссыз сеслердиң аралығына эпентезалық даўыслылар қосылып айтылады. Бирақ бул жазыўда есапқа алынбайды.

Сондай-ақ сөздиң ақырындағы даўыссызлар дизбегиниң аралығында даўыслы сестиң қосылып айтылыўы да эпентезалық қубылыс делинеди. Мысалы, метр, литр, шифр, китл усаған орыс тили арқалы кирген сөзлер метир, литир, шийфир, кийтил түринде еки буўынлы болып айтылады. Ертеден қолланылып жүрген гүрш, бурш, ғулп, мүлк, терс сыяқлы түркиликли сөзлер гүриш, бурыш, ғулып, мүлик, терис түринде де айтылады ҳәм ҳәзирги имла қәделери бойынша олардағы даўыслылар сақланып жазылады. Қарақалпақ тилиниң түпкиликли сөзлериниң ҳәм араб, парсы тиллеринен кирген сөзлердиң ақырында сонорлар менен үнсиз даўыссызлар қатарласып келе береди. Мысалы` қант, жент, гилт, сарп, тарс, гүрс, жалт т.б. Бул сөзлердеги қатара келген даўыссызлардың арасына эпентезалық даўыслы сес қосылмайды**.**

Протеза қубылысы

Эпентеза қубылысы бойынша сөздиң ишинде қатара келген даўыссыз сеслердиң арасына даўыслы сес қосылып айтылатуғын болса, ал **протеза**[1] қубылысы бойынша сөздиң басында даўыссыз сестиң алдына даўыслы сес қосылып айтылады. Мысалы` рай, рас, рет, рең, рәҳәт, рәўшан т.б. сыяқлы сөзлер ырай, ырас, ирет, ирең, ирәҳәт, ыраўшан түринде алдыңғы буўынның жуўан-жиңишкелигине қарай жуўан ы ямаса жиңишке и даўыслысы қосылып айтылады~ роман, рота, руда, рухсат, рухланыў сыяқлы сөзлерден биринши буўынында еринлик сеслер келгенликтен сөздиң басына у сеси қосылып, уроман, урота т.б. түринде айтылады. Орыс тилинен ҳәм орыс тили арқалы басқа тиллерден кирген радио, ракета, реформа, т.б. көп ғана сөзлер ырадио, ыракета, ыреформа түринде сөз басында даўыслы сестиң қосылыўы арқалы айтылады. Солай етип жоқарыдағы мысаллардан көргенимиздей, р сесинен басланған сөзлер протезалық даўыслылардың қосылыўы арқалы айтылады.

Орыс тили арқалы кирип келген даўыссызлар дизбегинен басланатуғын стол, стакан, справка, шкаф, скелет, штраф сыяқлы сөзлерге де протезалық даўыслылар қосылып, устол, ыстакан, ышкаф, ысправка, искелет, ыштраф (ыштараф) түринде айтылады. Бирақ бул сыяқлы қатара дизбеклесип келген бир неше даўыссызлардың алдына (ҳәм ақырына) даўыслы сестиң қосылыўының себеби бир буўынның ишинде бир неше даўыссызлардың қабатласып, дизбеклесип келиўиниң қарақалпақ тили ушын тән жағдай емеслигинен болыўы керек. Даўыслы сеслердиң қосылыўы менен буўынның қурылысы өзгереди` справка сөзи ыс-пы-рав-ка, стол сөзи ус-тол түринде буўынға бөлинип айтылады~ қабатласып келген даўыссызлар бир буўынның қурамынан енди ҳәр түрли буўынның қурамына өтеди. Нәтийжеде буўынның қурамында бир неше даўыссыз сестиң қабатласып келиўине жол қойылмайды.

Эпитеза қубылысы

Сөздиң ақырына айырым сеслердиң қосылып айтылыўы **эпитеза**[1] қубылысы делинеди. Көпшилик жағдайда қабатласып келген еки даўыссызға тамамланған орыс тилинен кирген

---

[1] **Протеза** - грекше протесис - }5згертип 3ойы7}.

[1] **Эпитеза** - грекше епит8есис - }арттыры7, 3осып 3ойы7} м1нисин билдиреди.

сөзлердиң ақырына даўыслы сес қосылып айтылады. Мысалы` бланк, банк, киоск, танк, диск усаған сөзлер бланка, банка, киоска, танка, диска түринде ямаса бланки, танки, танки, диски түринде олардың соңына даўыслы сес қосылыўы арқалы айтылады. Сондай-ақ Омск, Минск, Курск сыяқлы сөзлердиң Омский, Курский, Минский түринде айтылыўы да эпитеза қубылысы болып саналады. Бундай эпитезалық қубылыслар орыс тилинен кирген сөзлерге тән болады.

Метатеза қубылысы

Сөздиң қурылысындағы гейпара сеслердиң орын алмасып айтылыўы тил билиминде метатеза[2] қубылысы делинеди. Қарақалпақ тилинде сеслердиң орын алмасыўы мына сыяқлы сөзлерде ушырасады` қыйланыў-қыйналыў, айланыў-айналыў, аўҳал-аҳўал, өкпе-өпке, сақпан-сапқан, қақпан-қапқан, кепкир-кекпир, түпкир-түкпир, себгир-сегбир т.б. Сондай-ақ тамға-таңба, жамғыр-жаңбыр сөзлериндеги сеслердиң алмасыўы да метатеза қубылысы болады. Жоқарыда келтирилген жубайлас сөзлердиң алдыңғылары тилимизде көбирек жумсалады. Сонлықтан олар әдебий тилде норма ретинде қабыл етилиўи керек. Ал соңғылары қарапайым сөйлеў тилинде жумсала бериўи мүмкин.

qe - лекция

Буўын ҳәм оның жасалыўы. Түркий тиллерде пәт мәселеси.

Сөйлеў ўақтында сөйлеў ағымы тәбийий түрде буўынларға бөлинип айтылады. Сөйлеў ағымын пайда етиўдиң дереги болған ҳаўа ағымы жүдә аз ўақытқа бөлиниўи нәтийжесинде буўынның жиги пайда болады. Сөйлеў ағзалары мускулларының сезиўи ҳәм еситиўи арқалы буўынлардың шегарасы еситилип турады. Солай етип буўын фонетикалық категория болып аўызеки сөйлеў арқалы жүзеге асады. Сөйлеў ўақтында сеслер биргелки айтылмайды. Даўыссыз сеслерди айтқанда сөйлеў ағзалары ортасында жабысыў ямаса жақынласыў пайда етилетуғынлығы, даўыслыларды айтқанда сөйлеў ағзаларының аралығы ашық ҳалда болатуғынлығы белгили. Ал сөйлеў болса, даўыслы ҳәм даўыссыз сеслердиң мақсетке муўапық избе-из дизбеклескен ағымынан турады. Сонлықтан сөйлеў ўақтында аўыз бослығында үнсиз жабысыў (ямаса жуўысыў) ашылыў мудамы қайталанып турады. Бундай қубылыслар буўынның жасалыўына себепши болады.

Сөйлеў ағзаларының жабысыў (ямаса жуўысыўы) ҳәм ашылыў қубылысы менен сөйлеў ағзалары мускулларының босаңласыў ҳәм олардың керилиў қубылысы, басқаша айтқанда сөйлеў ағзаларының тек белгили бөлиминиң көбирек күшли жумсалыўы ҳәм тутас барлық сөйлеў ағзаларының бирликте көбирек күш жумсаўы, өз ара тығыз байланыслы болады. Даўыслы сеслердиң артикуляциясы ўақтында аўыз бослығы анаў я мынаў дәрежеде кеңирек ашық болыўы менен бирге тутас сөйлеў ағзаларының мускуллары керилип, барлық сөйлеў ағзалары көбирек күш жумсайды. Ал даўыссыз сеслерди айтқанда сөйлеў ағзаларының бир бөлиминде ғана максималь жақынласыў (ямаса жабысыў) болады ҳәм дәл сол бөлимине көбирек күш түсип, көбирек энергия жумсалады да, қалған сөйлеў ағзаларының мускуллары босаң ҳалда турады. Көбирек күш жумсалып, мускуллардың керилиўи арқалы жасалатуғын сес (даўыслы сес) буўын қурайтуғын сес делинеди ҳәм ол буўынды шөлкемлестириўши, буўынның орайы болады. Ал аз күш жумсалатуғын, мускуллардың босаңласыўы арқалы жасалатуғын сес (даўыссыз сес) буўын қурай алмайтуғын сес делинеди ҳәм ол даўыслы сестиң жетегинде буўынның қурылысында келеди.

Буўынға бөлиў

Ҳәр бир буўын артикуляциялық жақтан үш басқыштан турады~ биринши күш жумсаўдың кем-кем өсип барыў басқышы~ екинши, күш жумсаўдың шыңы~ үшинши, күш жумсаўдың пәсеңлеп барыў басқышы. Даўыссыз сеслер буўынның орайы болған даўыслы сестиң алдында ямаса соңында келип, күштиң кем-кем өсиў ямаса пәсеңлеп барыў

[2] **Метатеза** - грекше метат8есис - }орын алмастыры7} дегенди а4латады.

басқышына туўра келеди. Егер буўын тек жалғыз даўыслы сестен ибарат болса, ол даўыслы сес үш басқышты да толық бастан кеширеди. Буны графикалық усыл арқалы толқын тәризли иймек сызық пенен көрсетиў мүмкин`

Буўынның шыңы (екинши басқыш) иймек сызықтың ең дөңис бөлиминде жайласады~ дөңистиң еки қапталында биринши ҳәм үшинши басқыш жайласады~ буўынлардың шегарасы төменги ойыста болады.

Мускуллардың босаңласыўы менен қайтадан керилип, қатая баслаўының аралығынан буўынның шегарасы өтеди. Буўынның шегарасында ҳаўа ағымы аз ўақытқа бөлинеди. Буўынның шегарасындағы даўыссыз сестиң алдыңғы ҳәм кейинги бөлимлери биргелки айтылмайды. Егер де буўын даўыссыз сестен басланса, яғный буўынның ишинде даўыссыздан кейин даўыслы келсе, онда ол даўыссыздың соңғы бөлими қатты айтылады. Егер де буўын даўыссызға тамамланса, онда ол даўыссыз сестиң алыңғы бөлими қатты айтылады. Бул әсиресе, жабысыңқы даўыссыз сеслердиң соңғы - жарылыўшы бөлиминиң айтылыўында анық көринеди. Мәселен, тас сөзиндеги т сесиниң соңғы жарылыўшы бөлими анық ҳәм күшли айтылады, ал ат сөзиндеги т сесиниң жарылыўшы бөлими жүдә өлпең айтылады ямаса гейде айтылмай да (жарылыў пайда етилмей) қалады. Сондай-ақ, тат, қақ сыяқлы сөзлердиң басындағы ҳәм ақырындағы биргелки фонемаларды салыстырсақ та бул қубылысты аңлаймыз. Солай етип буўынның ишиндеги даўыссыз сестиң даўыслыға жақын бөлими қаттырақ айтылады.

Сөзлерди буўынларға бөлиў паўза ҳәм пәт пенен тығыз байланыслы болады. Сөздиң соңында келетуғын даўыссыз сес паўзаның алдында келгенде бир буўынға (алдыңғы буўынға), сөйлеў ағымының ишинде - сөз дизбегиндеги сөзлердиң шегарасында келгенде екинши (соңғы) буўынға қараслы болады. Мысалы` ?ақыт өтиў менен жас та қартаяр. Бул гәпте жас сөзи баслаўыш болып, оннан кейин паўза исленеди. Ал ол-жас ағаш деген гәпте ол сөзи баслаўыш болып, оннан кейин паўза исленеди. Жас ағаш - анықлаўшы ҳәм анықланыўшылық қатнастағы сөз дизбеги болып, олардың арасында паўза исленбейди. Сонлықтан жас сөзиндеги пәт көмескиленеди ҳәм ол пүтинлигин жоғалтып, соңғысы с сеси келеси сөздиң биринши буўыны менен қосылып, жа-са-ғаш түринде айтылады.

Сөйлеў ўақтында сөзлердиң жеке-жеке сеслерге бөлиў тек лингвистикалық тийкарда ғана мүмкин болады. Бир-бирине өтлесип кеткенликтен сөйлеў ағымына артикуляциялық белгилер тийкарында сеслерди бөлип ала алмаймыз. Сөйлеў ағымы артикуляциялық жақтан дара-дара сеслерге емес, ал буўынларға бөлинеди. Сөйлеўдиң ең киши артикуляциялық бирлиги буўынлар болады. Сонлықтан сөзлер морфологиялық қурылысына қарай түбир ҳәм қосымталарға бөлинсе, фонетикалық қурылысына қарай олар буўынларға бөлинеди. Бирақ сөзлердиң буўынларға бөлиниўи менен морфемаларға бөлиниўи мудамы сәйкес келе бермейди. Мәселен, ат-лар, айт-ты, бас-ла сыяқлы сөзлерде буўынның шегарасы менен морфеманың шегарасы бир жерден өтип, сәйкес келип тур~ ал санас, келе, үйрете сөзлери морфологиялық жақтан сан-а, ке-ле, үй-ре-те болып буўынларға бөлинип морфеманың шегарасы менен буўынның шегарасы сәйкес келмейди.

Буўынның түрлери

Буўынның қурылысындағы даўыслы менен даўыссыз сеслердиң орналасыў тәртибине қарай қарақалпақ тилинде буўынлар ашық буўын, туйық буўын, қамаў буўын болып бөлинеди.

Тек бир даўыслыдан ибарат болған ямаса даўыссыз сестен басланып, даўыслыға тамамланатуғын буўын ашық буўын делинеди. Мысалы` а-та, а-на, ке-ле, же-ти, қа-ла-ға сөзлериндеги буўынлардың бәри ашық буўын. Солай етип ашық буўын тек бир фонемадан (даўыслыдан) турыўы да, еки фонемадан (даўыссыз бенен даўыслының дизбегинен) турыўы да мүмкин. Қарақалпақ тилинде тек ашық буўынның өзинен қуралған сөзлер жүдә аз гезлеседи. Мысалы` мә, де, же, а (таңлақ сөз) усаған аз сандағы сөзлер ашық буўыннан турады. Даўыссыз-даўыслыдан ибарат болған еки фонемалы буўынлар көп буўынлы сөзлердиң басында, ортасында ҳәм ақырында ушыраса береди. Мысалы` ха-лық, бас-ла-ған,

бас-шы. Даўыслының өзинен туратуғын бир фонемалы буўын сөздиң басында ғана ушырасады да, ал ондай буўын сөздиң ортасында ҳәм ақырында түпкиликли сөзлерде ушыраспайды. Орыс тили арқалы қарақалпақ тилине кирген ге-о-гра-фи-йа, зо-о-ло-ги-йа, ко-о-фе-ра-тив усаған санаўлы сөзлерде бир фонемалы (тек даўыслыдан туратуғын) буўын жазыўда сөздиң ортасында келеди. Бирақ олар көбинше аўызша ге-гра-фи-йа, за-ло-ги-йа, ка-фе-ра-тив түринде айтылады. Тек даўыслының өзинен туратуғын қосымталар (сондай-ақ даўыслыдан басланатуғын барлық қосымталар да) мудамы даўыссыз сеске питкен сөзге қосылады ҳәм қосылатуғын соңындағы даўыссыз сеси соңғы қосылған буўынға қарай өтип, даўыссыз-даўыслы түриндеги еки фонемалы буўынды пайда етеди. Мысалы` бар+а-ба+ра, кел+е-кел+ле.

Даўыслыдан басланып, бир ямаса қатара келген еки даўыссыз сеске тамамланған буўын туйық буўын делинеди. Мысалы` ай, ас, ақ, ат, ис, ут, уқ, ун, арт, ант, үрк сыяқлы сөзлер, ай-тыс, ақ-ла, арт-қы, ант-қа сөзлериниң биринши буўыны туйық буўыннан ибарат. Солай етип туйық буўын еки фонемалы ҳәм үш фонемалы болып келеди. :ш фонемалы туйық буўын шекленген ҳалда сийрек ушырасады. Қәде бойынша еки даўыссызға тамаланған үш фонемалы туйық буўынның соңғы даўыссыз сеси үнсиз, алдыңғысы сонор болып келеди. Қарақалпақ тилинде үст, аст усаған түбир сөзлердиң ақырында еки үнсиз даўыссыз сеслер қатара келеди. Бирақ ол сөзлер мудамы үсти, асты түринде қосымта қосылған ҳалда жумсалады.

Көп буўынлы сөзлерде туйық буўын тек сөздиң басында ушырасады. Ал сөз ортасында ҳәм ақырында туйық буўын жумсалмайды. Буның себеби қарақалпақ тилинде сөздиң ортасында ҳәм ақырындағы буўының басында даўыслы сес жумсалмайды. Қанаат, зүрәәт, саат сыяқлы сөзлерди есапқа алмағанда (олар да қанаҳат, зүрәҳәт, сағат түринде айтылады) түпкиликли сөзлердиң ортасында ҳәм ақырында еки даўыслы сес қатара келмегенликтен ондай позицияларда туйық буўын ушыраспайды. Орыс тили арқалы кирген география типиндеги сөзлерде еки даўыслы қатара келген менен де туйық буўын пайда етилмейди.

Қарақалпақ тилинде туйық буўыннан туратуғын қосымталар мудамы даўыссызға питкен сөзге қосылады ҳәм қосылған сөзиниң соңындағы даўыссыз сес соңғы қосылған буўынға өтип, даўыссыз-даўыслы-даўыссыз түриндеги қамаў буўынды пайда етеди. Мысалы` бар+ып-ба+рып, кел+ип-ке+лип т.б.

Даўыссыздан басланып, бир ямаса қатара еки даўыссыз сеске тамамланатуғын, солай етип, даўыслы сес даўыссызлардың қоршаўында келетуғын буўын қамаў буўын делинеди. Мысалы` бас, тас, тис, күн, қант, жент, төрт т.б. сөзлер қамаў буўыннан ибарат. Қамаў буўын көбинше үш фонемадан, шекленген жағдайда (ең соңғы даўыссызы үнсиз, оннан алдыңғысы сонор келиў шәрти менен) төрт фонемадан турады. Қамаў буўын жумсалыўы жағынан шекленбейди, яғный өз алдына сөз түринде де, көп буўынлы сөзлердиң басында, ортасында ҳәм ақырында да жумсала береди. Мысалы` жас, ба-лық, би-лим-ли т.б.

Жоқарыда ашық буўынның бир ҳәм еки фонемадан, туйық буўынның еки ҳәм үш фонемадан, қамаў буўынның үш ҳәм төрт фонемадан туратуғынлығын көрдик. Ашық, туйық ҳәм қамаў буўынларындағы фонемалардың санына қарай отырып, буўынларды төмендегише түрлерге бөлиў мүмкин`

q. Бир фонемалы ашық буўын-А, Мысалы` а таңлақ сөзи, а-ға, и-ни сөзлериниң биринши буўыны~

w. Еки фонемалы ашық буўын-БА. Мысалы` де, ба-ла, ке-ле~

e. Еки фонемалы туйық буўын-АБ. Мысалы` ат сөзи, ал-мас, үл-кен сөзлериниң биринши буўынлары~

r. :ш фонемалы туйық буўын-АББ. Мысалы` ант сөзи, айт-ты, үрк-ти сөзлериниң биринши буўынлары~

t. :ш фонемалы қамаў буўын-БАБ. Мысалы` тас, бас-пақ, қал-пақ~

y. Төрт фонемалы қамаў буўын-БАББ. Мысалы` қант сөзи, түрт-ки сөзиниң биринши буўыны.

Буўынның бундай түрлери тек қарақалпақ тилинде жумсалып ғана қоймастан, соның менен бирге олар түркий тиллердиң бәрине де ортақ сыпатқа ийе болады.

Жоқарыда көрсетилген буўынлардың түрлери жеке сөз ретинде де, көп буўынлы сөзлердиң қурылысында да жумсала береди. Н.А. Баскаковтың айтыўы бойынша түркий тиллерде түбир сөзлердиң ең ески түри БАБ типиндеги сөзлер болған. Ал басқа типтеги түбир сөзлер (мәселен, БА, АБ, А т.б.) БАБ типиндеги сөзлердиң түрли өзгерислерге ушыраўынан пайда болған.

Соңғы дәўирлерде орыс тилинен түркий тиллерге, соның ишинде қарақалпақ тилине де көплеп сөзлердиң келип кириўи менен буўынның қурылысына жаңалықлар енди. Түпкиликли сөзлерде ушыраспайтуғын, орыс тили арқалы кирген сөзлерде ғана жумсалатуғын буўынның мынадай түрлерин көриўге болады`

q. ББА түриндеги үш фонемалы буўын. Мысалы` ста-кан, бри-га-да сөзлериндеги биринши буўыны~

w. ББАБ түриндеги төрт фонемалы буўын` Мысалы` стол сөзи, трак-тор сөзиниң биринши буўыны~

e. БАББ түриндеги бес фонемалы буўын` Мысалы` пункт, текст сөзлери~

r. ББАББ түриндеги бес фонемалы буўын` Мысалы` фронт, спорт сөзлери~

t. БББАБ түриндеги бес фонемалы буўын` Мысалы` справ-ка сөзиниң биринши буўыны~

Орыс тилинен кирген сөзлердеги буўынлардың бул түрлериниң айтылыўы менен жазылыўы ортасында парқ бар. Бул парқ орыс тилинен кирген буўынлардың қурылысында бир неше даўыссыз сеслердиң қатара келиўи менен байланыслы. Қарақалпақ тилиниң түпкиликли сөзлеринде бир буўынның ишинде даўыссыз сеслердиң қатара келиўи шекленген~ буўынның ақырында еки даўыссыз сес (үнсиз-сонор) дизбеклесип келиўи мүмкин~ ал буўынның басында еки я бир неше даўыссыздың қатара келиўи, буўынның ақырында екиден артық даўыссыздың дизбеклесип қатара келиўи пүткиллей ушыраспайды.

Қарақалпақ тилинде сөзлик пәт мәселеси

Еки ямаса көп буўынлы сөзлердеги барлық буўынлар айтылыўы жағынан биргелки болмайды. Көп буўынлы сөзлердиң бир буўыны, әсиресе ондағы даўыслы сеси басқаларына салыстырғанда көтериңки айтылады. Буўынның бундай айрықша көтериңки айтылыўы пәт деп аталады. Пәт түскен буўын пәтли буўын делинеди де, пәт түспеген, өлпең айтылатуғын буўын пәтсиз буўын деп айтылады.

Пәтли буўын пәтсиз буўыннан күшли айтылыўы менен, жоқары тонға ийе болыўы менен ҳәм ондағы даўыслы сестиң көбирек созымлылыққа ийе болыўы менен айрылып турыўы мүмкин. Пәтли буўынның күшли айтылыўы, жоқары тонда болыўы ҳәм даўыслы сесиниң созымлы болыў фактлериниң бәри белгили дәрежеде биргеликте келиўи менен бирге олардың биреўи артықмашылыққа ийе болады. Сонлықтан да гейпара тиллерге көбинесе күшли (динамикалық) пәт, базыбир тиллерге музыкалық (тоникалық) пәт тән болады~ бир қанша тиллерде пәтли буўын созымлылық муғдары менен (квантитатив пәт) көзге түседи.

Түркий тиллерде сөзлик пәт ҳәм оның тәбияты менен орны жөнинде, атқратуғын хызмети ҳаққында көп жыллардан берли тюркологиялық әдебиятларда сөз етилип келмекте. Бирақ илимпазлар ортасында бул ҳаққында пикирлер оғада ҳәр қыйлы. Көпшилик изертлеўшилер түркий тиллерде пәт турақлы сыпатқа ийе болады ҳәм мудамы соңғы буўынға түседи десе, биреўлер керисинше пәт сөз қурылысындағы ҳәр түрли буўынларға түседи ҳәм ол фонологиялық хызмет атқарады дейди.

Ҳәттеки соңғы дәўирде түркий тиллерде сөзлик пәттиң улыўма жоқ екенлиги жөнинде, оның хызметин толық түрде сингармонизм атқаратуғынлығы ҳаққында пикирлер орын алып киятыр. Түркий тиллерде пәт жөнинде белгили тюрколог А.М.Шербак былай деп жазады` {Тюркологлардың пикирлери оғада қарама-қарсылықлы, ҳәттеки бир тилдиң өзинде көпшилик жағдайда пәт жөнинде тиккелей қарама-қарсы жуўмақлар шығарылады}.

Бундай пүткиллей қарама-қарсылықлы пикирлердиң болыўының да терең себеби бар. Биринширден, түркий тиллерде пәт фонологиялық хызмет атқармайды~ екиншиден, фонетикалық жақтан да пәтли буўын пәтсиз буўыннан шамалы ғана парқланады~ үшиншиден, акцентлик тиллердеги пәттиң атқаратуғын хызметин түркий тиллерде толық түрде сингармонизм атқарады. Мине, бул жағдайлардың бәри сингармонизмниң түркий тиллерде баслы суперсегментлик қубылыс екенин тастыйықлайды.

Қарақалпақ тилиндеги пәтли ҳәм пәтсиз буўынлардың айырмашылық дәрежесин орыс тилиндеги пәтли ҳәм пәтсиз буўынлардың айырмашылық дәрежеси менен салыстырсақ, қарақалпақ тилинде пәтли буўын пәтсиз буўыннан аз дәрежеде айрылатуғынын билемиз. Қарақалпақ тилинде (улыўма түркий тиллерде) пәт анық билдирилмейди ҳәм оның орайластырыўшылық қәсийети болмайды. Сөзде неше буўын болса, соншелли пәт бар сыяқлы көринеди. Буўынлардың биреўин басқаларынан көтериңкирек айтқанымыз бенен оның көбинше мәниге тәсири болмайды. Дурыс, қарақалпақ тилинде алма'-а'лма, шығарма'-шыға'рма', салма'-са'лма түриндеги жубайлас сөзлерде пәттиң өзгериўи мәниниң өзгериўине де себепши болғандай көринеди. Бирақ та {Сен китапты алма'} ҳәм {А'лма писти} деген гәплердеги алма сөзиндеги пәтти өзгертип айтқанымыз бенен мәниге оншелли тәсир етпейди. Пәтти надурыс айтқан менен яғный а'лма-фейил мәнисинде, алма-атлық мәнисинде айтылғаны менен ол сөз мәни шығармайтуғын әпиўайы сеслер дизбегине айланып кетпейди, тек әдебий нормадан шетлеўшилик байқалады. Ал орыс тилинде пәт анық билдириледи ҳәм оның орайластырыўшылық қәсийети күшли болады. Пәттиң өзгериўи менен сөздиң мәниси (за'мок-замо'к), сөздиң формасы (тра'вы-травы') өзгереди ямаса сөз мәни билдирмейтуғын әпиўайы сеслер дизбегине айланады (кипи'т-ки'пит).

Сөздеги пәттиң орнына қарай тиллер еки топарға бөлинеди` еркин пәтли тиллер ҳәм турақлы пәтли тиллер. Еркин пәтли тиллер қатарына орыс тили киреди. Орыс тилинде пәт сөзлердиң басындағы, ортасындағы ҳәм ақырындағы буўынларға түсе береди. Ал түркий тиллерде, соның ишинде қарақалпақ тилинде пәт мудамы дерлик сөздиң ақырғы буўынына түскендей көринеди. Соның менен бирге қарақалпақ тилинде пәт жылжымалы болады. Түбирге қосымталардың қосылып барыўы менен тийкарғы пәт соңғы буўынларға қарай жылысып отырады. Мысалы` бала', балала'р, балалары', балаларымы'з, балаларымызға'.

:ш ҳәм оннан да көп буўынлы сөзлердиң ақырында тийкарғы пәт пенен бирге айырым буўынларда көмекши, екинши дәрежели пәт те бар сыяқлы сезиледи. Мәселен, ба'лала'р, и'ниме' т.б. сөзлердеги барлық буўынлар биргелки айтылмайтуғынын байқаймыз. Тийкарғы пәт соңғы буўынға, ал биринши буўынға көмекши пәт түсетуғынлығын ортаңғы буўынға салыстыра отырып аңлаўға болады. Себеби ортаңғы буўын өлпең айтылады. Бес-алты ҳәм оннан да көп буўынлы сөзлерде көмекши пәттиң саны бирден де көбирек сыяқлы көринеди. Бирақ көп буўынлы сөзлердеги көмекши пәтли буўынларды пәтсиз буўынлардан айырыў жүдә қыйын. Мысалы, балаларымызды', айтқанымызды' деген сөзлерде тийкарғы пәт соңғы буўынға түсетуғынлығы белгили. Ал көмекши пәт ла (е-буўындағы) ҳәм қа буўынларына түседи десек, олардың басқа пәтсиз буўынлардан парқы анық билинбейди. Соның менен бирге биринши буўында да (ба, айт), соңғы буўынның алдыңғы буўынында да (мыз) көмекши пәт бар сыяқлы көринеди. Субъектив бақлаў арқалы көмекши пәт жөнинде анық шешимге келе қойыў қыйын. Бул ҳаққында эксперименталь-фонетикалық изертлеўлер нәтийжесинде ғана анық жуўмақ шығарыў мүмкин.

Орыс тили арқалы кирген сөзлерге қарақалпақ тилиниң қосымталары қосылғанда, әўелги түбирдеги пәт сақланады. Қарақалпақ тилиниң нызамына бағынған ҳалда пәт сондай-ақ сөздиң соңғы буўынына да түседи. Мысалы` ра'дио-ра'диола'р, тра'ктор-тра'кторла'р, телефо'н-телефо'нла'р. Бул сөзлерге лар қосымтасы қосылыў менен оған пәт түседи. Сондай-ақ түбирдеги пәт те сақланады.

Тилимизде жумсалатуғын көп буўынлы сөзлердиң соңғы буўынына пәт түседи. Бирақ бул нызамға бағынбайтуғын яғный сөздиң соңғы буўынына пәт түспей, алдыңғы буўынлары пәтли айтылатуғын түбир сөзлер де, дөренди сөзлер де ушырасады. Сондай-ақ гейпара қоспа сөзлердиң соңғы сыңарына пәт түспей, алдыңғы сыңары пәтли айтылатуғын жағдайлар да

ушырасады. Алдыңғы буўыны пәтли айтылатуғын түбир сөзлердиң шығысы көбинше араб, парсы тиллеринен қарақалпақ тилине кирген сөзлер болады. Мысалы` ле'кин, әлбе'тте (ямаса ә'лбетте), ба'зы, я'ғный, ҳә'мме т.б. Сондай-ақ орыс тилинен ҳәм орыс тили арқалы басқа тиллерден кирген сөзлер грамматикалық формаларды қабыл етпеген ҳалда жумсалғанда орыс тилиндегиси түринде алдыңғы ҳәм ортаңғы буўынларына пәт түсирилип айтыла береди. Мысалы` о'пера, о'бласт, эне'ргия, газе'та, диктату'ра, революю'ция, комму'на т.б.

!детте пәт соңғы буўынға түсетуғын, бирақ айрықша бир интонация менен айтылғанда пәт енди соңғы буўынға емес, ал алдыңғы буўынға түсетуғын түпкиликли сөзлер де ушырасады. Мысалы` санақ санлар-е'ки, а'лты, же'ти, се'гиз, то'ғыз, е'лли, а'лпыс, же'тпис, се'ксен, то'қсан~ сораў алмасықлары-қа'йсы, қа'нша, қа'ндай~ буйрық мейиллер-о'тыр. то'қта, та'сла т.б. түринде айтылыўы мүмкин. !детте пәт ол сөзлердиң соңғы буўынына (еки', қайсы',оты'р) түседи. Пәттиң дәслепки буўынға түсиўи ол сөзлердиң белгили бир жағдайда жумсалыўына байланыслы айрықша интонация менен айтылыўынан болып отыр.

Гейпара қоспа сөзлердиң дәслепки сыңарына пәт түседи де, соңғысы пәтсиз айтылады. Мысалы` алмасық сөзлер-әлле'ким, әлле' не, ҳе'ш ким, ҳе'ш нәрсе, ҳә'р ким, ҳә'р бир, ҳә'р нәрсе, ҳә'р қандай т.б. Сондай-ақ айрықша интонация менен айтылатуғын қоспа санақ санлардың биринши сыңары пәтли, екиншиси пәтсиз айтылыўы мүмкин. Мысалы` о'н бир, о'н еки, о'н үш, о'н төрт, о'н тоғыз т.б. Ал олар әдеттеги жағдайда басқаша интонация менен он бир', он ек'и, он үш, он төрт, он тоғыз' түринде айтылады. Жуп сөзлердиң гейпараларының алдыңғы сыңарына (күнне'н-күнге, жылда'н-жылға, үлке'н-үлкен, айта'-айта) гейпараларының соңғы сыңарына (айма-а'й, қолма-қо'л, бес-алты', жети-сегиз', он-он бе'с) пәт түсиўи мүмкин.

Қарақалпақ тили агглютинативлик (жалғамалы) тиллер қатарына киретуғынлығы белгили. Себеби қарақалпақ тилинде бир неше қосымталар биринен соң бири түбирге тиркесип жалғана береди. Пәт түбирге қосылған қосымталардың ең соңғысына түседи. Соның менен бирге сөздиң ақырында келген барлық қосымталар өзлерине пәтти қабыл ала бермейди. Қарақалпақ тилинде пәт түспейтуғын аффикслер де ушырасады. Олар көбинше омонимлик аффикслер болып, бир мәниде жумсалғанда пәтти қабыл етип, пәтли айтылса, екинши мәниде жумсалғанда пәт түспейди.

Пәт түспейтуғын ҳәм пәт түсетуғын омонимлик аффикслер мыналар` Бетлик жалғаўларына пәт түспейди. Мысалы` бала'ман, баласа'ң, бала'мыз, бала'сыз, бири'мен, бири'сең, бири'миз, бири'сиз, бара'ман, бара'саң, бара'сыз, бара'мыз, бара'ды т.б.

Бул жерде қосымша ескертетуғын жағдай-фейилдиң өткен, келер, ҳәм ҳәзирги мәҳәл формалары бетленгенде биргелки болып, үш бетте де пәт соңғы буўынға, яғный бетлик жалғаўларына түспейди. Мысалы`

I. бараты'рман, бараты'рмыз

II. бараты'рсаң, бараты'рсыз

III. бараты'р

Предикативлик фейилдиң өткен мәҳәл формасы бетленгенде пәт соңғы буўынға түседи. Мысалы`

Iб. барды'м ,сақлады'м, барды'қ, сақлады'қ

IIб. барды'ң ,сақлады'ң, бардыңы'з, сақладыңы'з

IIIб. барды', сақлады'

Ал предикативлик емес, келбетлик фейиллер өткен мәҳәл формасында бетленгенде фейилдиң ҳәзирги мәҳәли сыяқлы болып, биринши ҳәм екинши беттеги бетлик жалғаўларына пәт түспейди. Мысалы`

Iб. барға'нман ,келге'нмен, барға'нбыз ,келге'нбиз

IIб. барға'нсаң , келге'нсең, барға'нсыз, келге'нсиз

IIIб. барға'н ,келге'н

Мыз/миз аффикси бетлик жалғаўы емес, ал тартым жалғаўы хызметинде жумсалғанда ол өзине пәт қабыл етеди. Салыстырыңыз` биз бала'мыз-бизлердиң баламы'з~ биз би'римиз-бизлердиң бирими'з~ сыз/сиз аффикси бетлик жалғаўы емес, келбетлик сөз жасаўшы суффикс хызметинде жумсалса, ол өзине пәт қабыл етеди` сиз бала'сыз-баласы'з (үй), сиз ада'мсыз-адамсы'з (үй). Сондай-ақ ыңыз/иңиз аффикси тартым жалғаўы хызметинде жумсалса, оның соңғы буўынына пәт түседи (сизиң қалыңы'з, сизиң тилиңи'з, сизиң териңи'з, сизиң барыңы'з), ал буйрық мейилдиң бетлик жалғаўы хызметинде жумсалғанда ол аффикске пәт түспейди. Пәт түбирге түседи (сиз қа'лыңыз, сиз ти'лиңиз, сиз те'риңиз, сиз ба'рыңыз). Бирақ бул айырмашылықты контекстсиз аңғарыў жүдә қыйын. Айрықша интонация менен айтылғанда буйрық мейил мәнисинде ол аффикслердиң биринши буўынына (қалы'ңыз, тили'ңиз, тери'ңиз, бары'ңыз түринде) пәт түсиўи мүмкин. Тартым жалғаўы хызметинде жумсалса, ңыз/ңиз формасына пәт түседи (сизиң қалыңы'з, сизиң төлеңи'з), ал бетлик жалғаўы хызметинде жумсалса, оған пәт түспейди (сиз қала'ңыз, сиз төле'ңиз).

w. Фейилдиң болымсызлық аффикси хызметинде жумсалғанда ма/ме, ба/бе, па/пе формаларына пәт түспейди. Мысалы` ба'спа, ке'спе, басла'ма, те'рме, көрги'збе ҳәм т.б. Ал олар атаўыш сөзлер жасаўшы аффикс хызметинде жумсалса, өзлерине пәт қабыл етеди` баспа', кеспе', баслама', терме', көргизбе', езбе', гезбе'.

е. Фейилдиң аффикси хызметинде жумсалса, шы/ши формаларына пәт түспейди. Мысалы` ба'сшы, қо'сшы, ти'лши т.б. Ал шы/ши сөз жасаўшы аффикс хызметинде жумсалса, оларға пәт түседи. Мысалы` басшы', қосшы', тилши' т.б.

Жоқарыдағы аффикслер омонимлик мәниде жумсалып, олардың бирине пәт түссе, екиншисине пәт түспейтуғынлығын көрдик. Буның себеби омонимлик аффикслердиң грамматикалық-фонетикалық жақтан дифференциялаў зәрүрлигине байланыслы болса керек.

Гейпара аффикслерге ҳәм көмекши сөзлерге пәт түспейди. Мысалы` келбетликтиң дай/дей, тай/тей аффикслерине (бала'дай, а'ттай, ү'йдей, қу'рттай), рәўиштиң ша/ше аффикслерине (адамла'рша, сизи'ңше) пәт түспейди. Бирақ ша/ше аффикслерине пәттиң түспеўи турақлы емес` орысша', қарақалпақша' т.б. усаған сөзлерде ол формаларға пәт түсип те айтылады. Ма/ме, ба/бе, па/пе, ше сораў жанапайларына, да/де, та/те, ғой, ғана, шекем, шейин, дейин, сайын тиркеўишлерине пәт түспейди. Мысалы` бара' ма, келе' ме, се'н ше, аспанда' да, жерде' де, ме'н ғой, се'н ғана, соға'н шекем, барға'н сайын ҳәм т.б. Солай етип көмекши сөзлер өзлериниң алдындағы тийкарғы пәтли сөзлерге акцентуациялық жақтан ғәрезли болып келеди.

qr - лекция

Орфоэпия

!дебий тил ҳәм оның тараўлары қәлиплескен және ҳәммеге ортақ қабыл етилген қәделерине ийе болады. !дебий тилдиң грамматика тараўында да, лексикасында да, сондай-ақ аўызша сөйлеўде де белгили бир нормаларға, қағыйдаларға тийкарланыўшылықты көремиз. Бул нормалардың бузылыўы, бул қағыйдалардан шетлеў - әдебий тилде сөйлеўден шетлеў деген сөз. Тилдиң сөзлик фондын қурайтуғын сөзлер, тилдиң грамматикалық қурылысы сол тилде сөйлеўши халық ушын ортақ болатуғыны сыяқлы, олардан сол тилде сөйлеўшилер теңдей пайдаланады. Тил сеслеринен пайдаланғанда ҳәр қыйлылыққа, нормадан шетлеўге жол қойыўға болмайды.

!дебий тилде дурыс сөйлеў нормаларының жыйнағы фонетиканың орфоэпия[1] тараўында изертленеди. !дебий тилдиң орфоэпиясы жеке сеслер ҳәм сес дизбеклериниң

[1] **Орфоэпия**-грекше орт8ос-{дурыс}, епос-{с5йле7} деген с5злерден келип шыз3ан.

дурыс айтылыўын үйрениў менен бирге сөзлер ҳәм сөз дизбеклериниң дурыс айтылыўын да изертлейди.

Ҳәр бир сес өзиниң артикуляциялық айрықшалығына ийе болатуғыны мәлим. Соның менен бирге бир сестиң жеке турғандағысы менен басқа сеслер дизбегинде, сөз ишинде жумсалғандағысы ортасында артикуляциялық жақтан айырмашылығы бар. Белгили бир сес сөзлерде жумсалғанда ҳәр түрли тәсирлердиң себебинен фонетикалық жағдайларға байланыслы мәлим дәрежеде өзгешеликлери менен айтылады.

Пүткил адамзаттың сөйлеў ағзаларының қурылысы анатомиялық, физиологиялық жақтан биргелки болады. Бирақ барлық тиллерде сөйлеў ағзаларының ҳәммесиниң атқаратуғын хызмети бирдей бола бермеўи мүмкин.

Бираз тиллерде сес пайда етиў ушын сөйлеў ағзасы актив қатнасса, басқа тиллерде ол сөйлеў ағзасы пассив қатнасыўы мүмкин. Демек, физиологиялық жақтан сөйлеў ағзалары ҳәммеде бирдей ал олардан пайдаланыў белгили бир тилдиң нызамлылығына, дәстүрине байланыслы болады. Ҳәр бир тилдиң өзине тән артикуляциялық базасы болады. Бирақ сөйлеўши сөйлеў ағзаларынан мақсетке муўапық пайдаланса, узақ көнлигиўлердиң нәтийжесинде қайсы тилдиң сеслик системасындағы сеслерди болса да, дурыс айта алады. Мәселен, қарақалпақ тилиндеги қ, ғ, ң сеслерин айтыў орыс тилиниң артикуляциялық базасы ушын қыйын. Себеби бул түрдеги кишкене тиллик даўыссыз сеслер орыс тилинде ушыраспайды. Бул сеслердиң артикуляциясын түсиндириў, қалай айтылатуғынын көрсетиў нәтийжесинде қ, ғ, ң сеслерин орыслардың да дурыс айта алыўы мүмкин. Керисинше, қарақалпақ тилинде бурыннан жумсалмайтуғын орыс тилинен келип кирген в (в), с (ч), с (ц) сеслерин дурыс айтыўға көнлигиўлер нәтийжесинде ерисиў мүмкин.

Сөз қурылысындағы сеслер ямаса сөз бенен сөздиң арасындағы иргелес сеслер бир-бири менен өз ара ийкемлесип, үнлесип айтылады. Сөйлеўде сеслердиң үнлеслигин сақлап, дурыс айтыў ушын тилдиң сеслик системасын, сеслердиң өз-ара тәсир еиў нызамларын толық билиў керек. Сингармонизм, ассимиляция қубылысларын, сеслерде болатуғын түрли өзгерислерди, тилдиң пәтлик нормасын ҳәр тәреплеме терең үйрениў орфоэпиялық қубылыслардың сырын билиў дегенди аңлатады. Сондай-ақ тил стильлери, тилдиң диалектлик өзгешеликлери ҳәм олардың әдебий тилге қатнасы мәселелери де орфоэпия ушын үлкен әҳмийетке ийе болады. Бизиң аўызша сөйлеўимиз бенен жазыўымыз ортасында сәйкеслик бола бермеўи мүмкин. Биз сөзлерди мудамы дәл жазғанымыздай етип айта бермеймиз. Бундай етиўдиң зәрүрлиги де жоқ. Жазыў өзиниң қәделерине ийе болғаны сыяқлы сөйлеў де өз нызамларына ийе болады. Дурыс, айтылыўы менен жазылыўы сәйкес келетуғын сөзлер көплеп ушырасады. Бирақ мудамы олай бола бермейди. Мәселен, азанғы, түнги, жанбады, сөнбеди, басшы, сезсе сыяқлы сөзлер усылай жазылғаны менен олар азаңғы, түңги, жамбады, сөмбеди, башшы, сессе болып айтылады ҳәм орфоэпиялық жақтан бул дурыс деп саналады. Бул сөзлер жазылыўда жазыў қәделери бойынша түбирлери толық сақланып жазылады. Аўызша сөйлеўде азанғы, түнги сөзлериниң азаңғы, түңги болып, олардағы тил алды н сесиниң кишкене тиллик ң сесине айланып айтылыўына қоңсылас кишкене тиллик ғ ямаса тил арты г сесиниң артикуляциясы себепши болып отыр. Жасалыў орны жағынан соңындағы даўыссызлар (г,ғ) алдына келген н даўыссызын өзлерине усатып тур. Жанбады, сөнбеди деген сөзлердиң жамбады, сөмбеди болып айтылып, олардағы тил алды н сесиниң еринлик м сесине айланып айтылыўына қоңсылас болып келген еринлик б сесиниң артикуляциясы себепши болады. Бул сөзлерде де қоңсылас даўыссыз сеслер жасалыў орынлары жағынан азлы-көпли усаслыққа ийе болып тур. Ал басшы, сезсе сөзлери башшы, сессе болып айтылып, соңындағы ш ҳәм с алдында келген с ҳәм з сеслерин дәл өзлериндей сеслерге айландырады.

Күлки, түлки, қулын, жулын, бөлим, бөлек, бөрек т.б. түринде жазылатуғын сөзлер орфоэпиялық нормалар тийкарында күлкү, түлкү, қулун, жулун, бөлүм, бөлөк, бөрөк болып даўыслылардың ерин үнлеслиги бойынша айтылады.

Қоңсылас сеслердиң тәсири нәтийжесинде белгили бир сес өзиниң гейпара айырмашылықлары менен айтылыўы мүмкин. Мысалы` тас, тес, тус, түс сөзлериндеги т, с

даўыссыз сеслери қоңсылас болып келген даўыслылардың тәсири нәтийжесинде бирде жуўан (тас), бирде жиңишке (тес), бирде жуўан ҳәм еринлик (тус), бирде жиңишке ҳәм еринлик (түс) болып айтылып, ол айрықшалықлары жазыў арқалы белгиленбейди.

Айырым диалектлик өзгешеликлерге байланыслы күннер, сеннер, жаннық болып, л сесиниң орнына н алмасып айтылыўы әдебий тилде есапқа алынбай, орфоэпиялық қәделер тийкарында олар күннер, сеннер, жаннық болып айтылады.

Солай етип, ҳәр бир тилдиң дурыс сөйлеў нормасы болады. !дебий тилде сөзлерди дурыс ҳәм саўатлы жазыў қаншелли әҳмийетке ийе болса, оларды аўызша дурыс айтыў да сондай әҳмийетли.

Адамның дурыс сөйлеў мәдениятының қәлиплесиўине көплеген факторлар тәсир етеди. Соның ишинде мектеплерде, оқыў орынларында оқытыўдың, жыйналысларда лекторлардың шығып сөйлеўиниң, радио еситтириўдиң, телевидениеден шығып сөйлеўдиң ҳәм театрдың роли айрықша әҳмийетке ийе болады. Солардан дурыс пайдаланыў орфоэпиялық қәделери қәлиплестиреди ҳәм беккемлейди.

Айырым даўыслы сеслердиң айтылыўы

Даўыслы сеслер қоңсылас даўыссыз сеслердиң тәсири нәтийжесинде белгили дәрежеде өзгерислери менен айтылады. Мысалы` қағаз-канал, қамал-канал, қақ-шаш, қар-яр, аға-айа жубайлас сөзлериниң алдыңғыларындағы (қағаз, қамал, қақ, қар, аға) даўыслы а фонемасы қоңсылас кишкене тиллик қ, ғ даўыссызларының тәсири нәтийжесинде терең тил арты реңкинде айтылады. Ал, соңғы сөзлерде а фонемасы (канал, камал, шаш, яр, айа) тил ортақ реңкинде айтылады. !лбетте, бул жерде жиңишке а фонемасына айланып кетпеген ҳалдағы а фонемасының реңкин түсинемиз. Қоңсылас сеслердиң бундай тәсири тек ғана а сесине емес, сондай-ақ тил арты басқа даўыслыларына да (о, у, ы) тийисли болады.

Жуўан а фонемасының жиңишкерек реңкинде айтылыўына қоңсылас буўындағы даўыслының жиңишке болып келиўи үлкен тәсир етеди. Мысалы` рахмет, мақсет, илаж, инта, бийдай, дәрҳал, мәрдикар, жулўа тағы басқа сөзлерде а өзиниң әдеттеги қәлпинен жиңишкерек болып айтылады. Орыс тилинен кирген сөзлерди а даўыслы қоңсылас келген даўыссызлардың жиңишке болыўына ямаса қоңсылас буўынның жиңишке болыўына байланыслы жиңишке а сеси сыяқлы болып айтылады. Мысалы` альбом (әлбом), асфальт (әсфалт), артлея (әллейа), газета (гәзета), кабинет (кәбинет), лагерь (ләгер), пакет (пәкет). Сондай-ақ орыс тилинде пәтсиз буўында о ҳәриби менен жазылып жүрген сес қарақалпақ тилинде ә сеси сыяқлы болып айтылады. Мысалы` колхоз-кәлхоз, концерт-кәнсерт, конгресс-кәнгрес, конференция-кәнфересийе. Орыс тилинен кирген сөзлер орыс тилиниң орфоэпия ҳәм имла қәделерине бағынған ҳалда айтылады ҳәм жазылады.

Даўыслы е, о, ө сеслери сөзлердиң ҳәр түрли жағдайларында жумсалыўы жағынан шекленген болады.

Даўыслы е фонемасы орыс тилинен ҳәм орыс тили арқалы басқа тиллерден кирген сөзлерде түпкиликли сөзлердегиге қарағанда ашығырақ реңкте айтылады. Орыс тилинен кирген сөзлерде пәтли буўынларда ғана о сеси айтылады. Ал пәтсиз буўынларда о ҳәриби жазылған менен олар бирде а түринде (каператип-кооператив), бирде а түринде (кәлхоз), бирде ы түринде (редактыр) айтылады. Даўыслы ө сеси негизинен түпкиликли сөзлердиң биринши буўынында жумсалады. Бирақ үнлеслик нызамы бойынша биринши буўында ү ямаса ө еринлик даўыслылардың бириниң келиўи нәтийжесинде екинши буўындағы е сеси ө сесине айланып айтылады. Соның есабынан еринлик ө сесине айланып айтылады. Соның есабынан еринлик ө сеси екинши буўында да жумсалады. Мысалы` бөле, гөне, шөрек, төле айтылыўы бөлө, гөнө, шөрөк, төлө т.б.

Ҳәр қыйлы фонетикалық жағдайларға байланыслы барлық даўыслы сеслердиң созымлылығы өзгериске ушырап отырады. Бул өзгерис, әсиресе, қысық даўыслылар болған ы, и, у, ү сеслеринде күшлирек болады. Олар редукцияға ушыраған реңклери менен редукцияға ушырмаған реңклери ортасында айырмашылықты анық сезиўге болады. Мысалы` жыл, жырақ, биз, дизим, жул, жүр сөзлеринде даўыслылар өзлериниң тәбийий

ҡалына, тийкарғы реңкине жүдә жаҡын айтылса, қысқарт, кисен, қутқар, күткен сыяқлы сөзлерде ы, и, у, ү даўыслылары күшли редукцияға ушырап жүдә қысқа айтылады. Даўыслы сеслердиң үнлеслик нызамы бойынша биринши буўында о ямаса ө еринлик даўыслыларының биреўи келсе, екинши буўындағы ы сеси у сесине айланып, биринши буўында ө ямаса ү сеслериниң биреўи келсе, екинши буўындағы и сеси ү сесине айланып айтылады. Даўыслылардың булай айтылыўы орфоэпиялық қәдеге сәйкес болып табылады.

Айырым даўыссыз сеслердиң айтылыўы

Даўыслы сеслерге қарағанда да даўыссыз сеслер қоңсылас сеслердиң тәсирине көбирек ушырайды. Даўыссыз сеслер қоңсылас келген даўыслылардың ыңғайына қарай бирде жуўан, бирде жиңишке, бирде жуўан ҳәм еринлик, бирде жиңишке ҳәм еринлик болып айтылады. Мысалы` тас-тес, тор-төр, тыс-тис, тус-түс сөзлерин салыстырыңыз. Бул мысалларда даўыссызлардың ҳәр түрли реңклеринде айтылыўы фонетикалық жағдайларға (қоңсылас даўыслылардың жуўан, жиңишке ямаса еринлик болыўына) байланыслы болып отыр. Сонлықтан да даўыссызлардың жуўан, жиңишкелиги ямаса еринлик болыўы қарақалпақ тилинде фонетикалық хызмет атқамайды, ал олар тек бир фонеманың ҳәр түрли реңклери болып саналады. Орыс тилинде даўыссызлардың жуўан я жиңишкелиги фонетикалық жағдайға байланыслы болмайды ҳәм ол өзгешелик (даўыссызлардың жуўан я жиңишкелиги) сөзлердиң мәнисин өзгертиўге себепши болып, фонематикалық хызмет атқарады. Солай етип орыс тилинде даўыссыздың жуўан ҳәм жиңишке болып айтылыўы ҳәр түрли фонемаларды пайда етеди. Мысалы` брат-брат', вес-вес' сөзлериниң ақырындағы м ҳәм с сеслериниң бирде жуўан (брат, вес сөзлеринде), бирде жиңишке (брат', вес' сөзлеринде) айтылыўына себепши боларлықтай ҳеш қандай фонетикалық жағдай жоқ. Даўыслылардың жуўан я жиңишкелиги фонетикалық жағдайлардан ғәрезсиз болып, ол орыс тилиниң дәстүрине байланыслы болады.

Даўыссыз сеслердиң дурыс айтылыў қәдеси жөнинде сөз болғанда олардың үнлеслик нызамы да сөзсиз есапқа алыныўы керек. (бул жөнинде tw-te-tr параграфларда айтылғанлықтан, бул жерде арнаўлы тоқтамаймыз). Сондай-ақ даўыссыз сеслер сөзлердиң қайсы позициясында (басында, ортасында, ақырында) келиўине қарай өзлериниң өзгешеликлери менен айтылыўы мүмкин. Мәселен, айырым даўыссыз сеслер өзлериниң жабысыңқы болыўына қарамастан сөздиң ортасында, әсиресе еки даўыслының арасында келгенде жуўасыңқы түрде айтылады. Мысалы` апа, таба, кепек, себеп, ақыл, сақал т.б. сөзлерде п, б, қ фонемаларының тийкарғы реңклери жабысыңқы болыўына қарамастан, олар жуўысыңқы түрде айтылады.

Даўыссыз сеслердиң ишинде в, ф, с (ч) тс сеслериниң айтылыўы айырықша итибарға ылайық. Олар сырттан кирген сөзлерде жумсалады` в, с, ц орыс тилинен кирген сөзлеге, ф сеси орыс тилинен ҳәм араб-парсы тиллеринен кирген сөзлерде ушырасады. Ол сеслер ҳәзирги қарақалпақ әдебий сөйлеў тилинде орыс тилиниң орфоэпиялық қәдесине жаҡын түрде айтылады. Орыс тилиндегидей етип айтыў қарақалпақ тилиниң орфоэпиясы ушын қәде етип қабыллаған. Бирақ имла қәделеринен шетлеўшилик, солай етип в, ф, тс сеслерин сәйкес б, п, с, ш түринде айтыў елеге шекем қарақалпақ тилинде сөйлеўши халықтың әдеўир бөлегинде ушырасады. Мысалы` вагон, фартук, цек сыяқлы сөзлерди багон, партук, ямаса партөк, сех, түринде айтады. Сөздиң ақырында үнли в сесиниң орнына ф сесиниң айтылыўы орфоэпиялық қәдеге сәйкес келеди деп саналады. Мысалы` коллектив-коллектип, актив-актип, Иванов-Иваноп. Сөзлердиң ақырында үнлилердиң орнына үнсиз даўыссызлардың алмасып айтылыўы орыс тили ушын да тән. Қарақалпақ тилинде бундай сөзлерге қосымтаның үнсиз даўыссызлардан басланған вариантлары жалғанады` коллективке, коллективге (емес), активтиң, активдиң (емес), Ивановқа, Ивановға (емес).

qt - лекция
Жазыў ҳәм имла
Жазыў ҳәм оның әҳмийети

Биз өзимиздиң ой-пикиримизди аўызша сөйлеў арқалы ямаса жазыў арқалы басқаларға билдиремиз ҳәм басқалардың ой-пикирин тыңлаўымыз арқалы ямаса оқыўымыз арқалы билемиз. Аўызша сөйлеў де, жазыў да әлбетте, тиллик қураллар арқалы иске асады. Булардың екеўи арқалы да ой-пикир жүзеге шығады. Бирақ аўызша сөйлеў менен жазба сөйлеўди бирдей деп есаплаўға болмайды. Аўызша сөйлеўде сөйлеў ағзалары, еситиў ағзалары қатнасады ҳәм сөйлеў сол пайытта иске асады. Сондай-ақ аўызша сөйлеўде сөйлеўшиниң ҳәм тыңлаўшының қатнасыўы зәрүр. Жазба сөйлеўде қағазға ямаса қәлеген материалға түсирилген, көриўимиз арқалы қайта тикленетуғын (оқылатуғын) таңбалар қатнасады.

Аўызша сөйлеўдиң де, жазба сөйлеўдиң де өзлерине тән артықмашылықлары бар. Аўызша сөйлеўде адам өз пикирин тыңлаўшыға жеткериўде ең алды менен тиллик қураллардан пайдаланатуғынлығы сөзсиз. Аўызша сөйлеўде сөйлеўши ҳәр қыйлы интонациялық қубылыслар жәрдеминде ой-пикирди тағы да анығырақ жеткериў мүмкиншилигине ийе болады. Соның менен бирге паралингвистикалық қубылыслардың да (қосымша түри қыймал, ҳәрекетлер-қолды силтеў, басты шайқаў ҳәм т.б.) сөйлеў ўақтында ой-пикирди тыңлаўшыға анығырақ жеткериўге көмеги тийиўи мүмкин.

Ең әҳмийетли ҳәм артықмаш тәрепи - жазба сөйлеў ўақыт ҳәм кеңислик жағынан шекленбейди. Жазыў узақ дәўирлер даўамына сақланады ҳәм қандай алыслыққа жеткерип берилсе де, оны оқый бериў мүмкин. Радиода, телефонда сөйлегенде, магнит пленкаларын, пластинкаларды қойғанда аўызша сөйлеў қәдеси сақланады. Радио, телефон, магнит пленкаларына, пластинкаларға жазыў ислери аўызша ҳәм жазба сөйлеўди белгили дәрежеде жақынластырады. Бирақ олар да аўызша сөйлеўдиң ўақыт ҳәм кеңислик жағынан шеклениўшилигин толық сапластыра алмайды.

Аўызша сөйлеўде билдире алмайтуғын айырым қубылысларды жазыў арқалы анық билдириў мүмкин. Мысалы` асқар, азат, полат, балғалы, есим т.б. сөзлер меншиклик атлық мәнисинде жумсалғанда Асқар, Азат, Полат, Балғалы, Есим түринде бас ҳәрип пенен жазылады~ ат аўыз, ала буға, ала сат, ала қан, көк саў, ақ шам т.б. сөз дизбеклери бир пүтин сөз мәнисинде жумсалғанда қосылып жазылады. Халық абад, қоңыр ат, бағда гүл, дос берген т.б. сөз дизбеклери меншиклик атлық мәнисинде жумсалғанда Халқабад, Қоңырат, Бағдагүл, Досберген түринде бас ҳәрип пенен қосылып жазылады. Демек, аўызша сөйлеўде бир қыйлы болады да, олардың айырмашылығы жазыўда анық бериледи.

Жазыўда ҳәр тәреплеме ойлаў, толықтырыў, дүзетиў ҳәм дәл керекли сөзлерди таңлаў арқалы ой-пикирди оқыўшыға анығырақ жеткериў мүмкиншилиги болады. Сондай-ақ жазыўдан пайдаланғанда материалдың керекли жерин таўып алып, оған айырықша дыққат қойып оқыў мүмкин.

Жазыўсыз илим ҳаққында ҳәтте ойлаў да мүмкин емес. Адамзаттың алдыңғы ой-пикирлери, билими әўладтан-әўладқа әсирлер даўамын да жазыў арқалы өтип келеди. Солай етип илимниң раўажланыўы, жетилисиўи оның тарийхы менен, жазыў менен тығыз байланыслы. Ҳәзирги дәўирде жазыўдың оғада кең тараўы, баспа ислериниң көрилмеген дәрежеде раўажланыўы жазыўдың оғада үлкен әҳмийетке ийе екенин толық тастыйықлайды.

Жазыўдың тарийхынан мағлыўмат

Бизиң ҳәзирги жазыўымыз сеслердиң шәртли таңбасы болған ҳәриплерден ибарат. Тил сеслери оғада көп түрли. Бирақ жазыўда тил сеслериниң ҳәммесин шәртли таңба менен белигилеў мүмкин емес ҳәм оның зәрүрлиги де жоқ. Бәринен бурын мәни айырыўға себепши болатуғын сеслер болған фонемалар өз таңбаларына ийе болса, соның өзи жазыў арқалы ой-пикирди билдириўге жеткиликли болады. Солай етип жазыўда сөйлеў тилиниң барлық тәреплери емес, ал оның ой-пикирди билдириўге қатнасатуғын тәреплери көрсетиледи. Ҳәзирги графикамызда[1] аз сандағы шәртли таңбалар (ҳәриплер) арқалы ой-пикиримизди

[1] **Графика** - грекше грапhо - {жазы7} деген м1ни билдиреди.Ъ

жазба түрде толық баянлай аламыз. !лбетте ҳәзиргидей жетилискен сеслик жазыўды адамлар бирден билмеген. Жазыўдың тарийхы оғада ерте ўақытлардан басланады.

!ййемги заманлардан баслап-ақ адамлар өз ой-пикирлерин әўладларына қалдырыўға ямаса белгили бир алыслыққа жеткериўге ҳәрекет еткен. Ең әййемги графикалық жазыў *пиктография*[2] деп аталады. Жазыўдың бул түри бойынша белгили бир ўақыя соған байланыслы болған сүўретлер арқалы билдирилди. Пиктография жазыўының айырым элементлери ҳәзирги дәўирде де жумсалады. Мәселен, жайға (ямаса дәрўазаға) бас кийимниң ямаса аяқ кийимниң сүўретиниң илдирилип қойылыўы бас кийим ямаса аяқ кийим тигетуғын фабрика мәнисин ямаса дүкән мәнисин, қулласы кийимниң сол түрлерине байланыслы болған кәрхана екенин аңлатады.

Ең дәслеп сүўретлер билдиретуғын түсиниклерине жақын болған. ?ақыттың өтиўи менен кейин ол сүўретлер әпиўайыласа келе, шәртли мәниде жумсалатуғын болған ҳәм кем-кем түсиниклердиң символына айланған. Графикалық жазыўдың бундай түри *идеография*[3] жазыўы делинеди.

Идеография жазыўын *иероглиф* жазыўы деп те атайды. Жазыўдың бул түри бойынша сөз фонетикалық ҳәм грамматикалық жақтан тастыйықланған өзиниң формаларына ийе болмай-ақ белгили бир мәнисти билдиреди. Идеография жазыўының айырым элементлери ҳәзирги жазыўымызда да ушырасады. Санларды билдиретуғын шәртли белгилер (q, w, e, r ҳәм т.б.) үндеў (Ё), сораў (?) белгилери буған айқын мысал бола алады.

Бар сүўретлерден пайдаланатуғын пиктография жазыўы да, шәртли белгилерден символ ретинде пайдаланатуғын идеография жазыўы да тилдиң материяллық тәрепин - сеслик тәрепин аңлатпайды. Жазыўдың бул түрлери арқалы ой-пикирди толық билдириў қыйын ҳәм олар оғада көп сандағы шәртли таңбаларды билиўди талап ететуғын еди.

Жазыўдың раўажланыўының келеси басқышы буўын жазыўы болады. Сөздиң сеслик тәрепине кеўил аўдарыла басланды. Жазыўдың бул түри бойынша сөз буўынларға бөлинип, ҳәр бир буўын өзиниң шәртли таңбасына ийе болады. Ҳәзирги дәўирде буўын жазыўы қытай иероглиф жазыўы негизинде қәлиплескен япон тилинде жумсалады.

Бизиң ҳәзирги жазыўымыз ең жетилискен жазыў болып, бул сеслик жазыў деп аталады. Сеслик жазыў бизиң эрамыздан бурынғы VII-VI әсирлерде әййемги грек тилинде қәлиплескен. Грек әлипбеси тийкарында латын әлипбеси дүзилген. Сондай-ақ грек әлипбеси әййемги церковлық славян азбукасының жумсала баслаўына да себепши болған. Х әсирдиң Русьта христианлықтың рәсмий қабыл етилиўи менен жүдә ке ен жайған әўелги азбука тийкарында ҳәм латын әлипбесиниң тәсири менен Петр I тусында qu0i-жылы орыс әлипбеси қайта дүзилди ҳәм ол айырым өзгерислери менен ҳәзир де қолланады.

Сеслик жазыў бойынша ҳәр бир сеслик типтиң (фонеманың) өз шәртли таңбаларына ийе болыўы сөзлерди фонетикалық жақтан тастыйықлаған бир пүтин көриниске келтирип турады. Тилде сеслер оғада көп екенлиги белгили. Бирақ жазыўда барлық сеслерди шәртли таңбалар менен белгилениў зәрүрлиги жоқ. Фонетикалық транскрипциясын бererde ғана сеслердиң фонетикалық жағдайларға байланыслы болған өзгешеликлерин қосымша шәртли таңбалар менен белгилеў мүмкин. Сонлықтан да фонетикалық транскриция менен әдеттеги жазыўдағы әлипбениң айырмашылығы болады. !деттеги жазыўда сөзлердиң мәнисин ҳәм формасын өзгертиўге себепши болатуғын сеслердиң типин шәртли таңбалар менен белгилеўдиң өзи жеткиликли болады. Түрли фонетикалық жағдайлардың себебинен сеслерде болатуғын айырым өзгерислер (фонеманың реңклери) жазыўда сәўлелене бермейди.

Жазыў

Жазыўда жумсалатуғын барлық ҳәриплер, иркилис белгилери, басқа да жазыўдағы жумсалатуғын шәртли таңбалар (қаўыс, қосыў, алыў, көбейтиў, бөлиў, болады белгилери

---

[2] **Пиктография -** латынша пиктус - {с67рет} 81м грекше грапhо -{жазы7} с5зленирен з1липлескен.

[3] **Идеография** - грекше идеа - {т6синик}, грапhо - Ъ{жазы7} с5зленирен з1липлескенЪ.

т.б.) жазыўдың қуралы болады. Барлық шәртли таңбалар ҳәм олардың тилдеги сеслерге қатнасы, өз ара сәйкесленип келиўи жазыў бөлиминде сөз етиледи. Қандай сеслердиң қай ҳәрип пенен таңбаланатуғынлығы ямаса қандай ҳәриптиң қай сеслерди билдиретуғынлығы жазыўда қаралады.

Ҳәзирги бизиң жазвыўымыз сеслик жазыў болып, ҳәр бир сеслик тип өзиниң шәртли белгиси, символы графикалық таңбаларына ийе болады. !липбе тилдиң раўажланыўының белгили басқышында дүзиледи. Тилдеги сеслер болса өзгеристе, раўажланыўда болады. Тилде түрли себеплер нәтийжесинде жаңа сеслердиң пайда болыўы мүмкин. Тилге жаңадан келип кирген сеске әлипбеге де жаңадан шәртли таңба алыў керек болады.

Басқа тилдиң жазыў системасы қабыл етилгенде, қабыл етилген жазыў системасы менен қабыл етип алыўшы тилдиң сеслик қурамы ортасында көп ғана сәйкесликлердиң болмаўы тәбийий нәрсе. Басқа тилдиң жазыў системасы қабыл етилгенде қабыл етиўши тилдиң өзине тән өзгешелигине байланыслы болған гейпара сеслерди билдириў ушын жаңадан қосымша шәртли таңбалар алыў керек ямаса әлипбеде бар болған ҳәриплерге қосымша белги қосыў арқалы қабыл алған жазыўдағы кемисликлерди сапластырыўы керек. Сонда ғана тилдиң сеслик қурамы жаңадан қабыл етилген жазыў арқалы толық сәўлелениўи мүмкин. Қарақалпақ тилиниң орыс жазыўын қабыл етиўи буған айқын мысал бола алады. Мәселен` орыс жазыўында жоқ, ә, ү ҳәриплериниң қосымша алыныўы қарақалпақ тилиндеги сәйкес сондай (ә, ү) өзине тән сеслердиң болыўына байланыслы` орыс жазыўындағы қ, г, у, х, н, о ҳәриплерине қосымша белгилерди қосыў арқалы орыс тилинде жоқ, бирақ қарақалпақ тилинде жумсалатуғын сеслер (қ, ғ, ў, ҳ, ң, ө) аңлатылады. Солай етип орыс жазыўы тийкарында қарақалпақ тилиниң айырықша жазыў системасы дүзилген еди.

Ҳәр бир тилдиң өзиниң жазыў қәделери болып, бул қәделер бойынша жазыўда тилдиң ҳәзирги сеслик тәрепи ғана есапқа алынады. Жазыў қәделери бойынша жазыўдағы тарийхый, этимологиялық, морфологиялық принциплер есапқа алынбайды. Сонлықтан да тек жазыў қәделерин билген менен, әлипбени билген менен сөзлерди имласы жағынан дурыс жазыў мүмкин емес. Жазылыўы (графикасы) жағынан ғарға, ғалы, салы болып жазылыўы да, ғарға, ғалы, шамал, шалы болып жазылыўы да дурыс болып саналады. Ал имласы (орфографиялық) жағынан олардың биреўиниң (әўелгисиниң) алыныўы тийис.

Сондай-ақ латын жазыўы тийкарындағы жаңа қарақалпақ әлипбеси дүзилгенде де қарақалпақ тилиниң айрықшалықларына байланыслы болған қосымша таңбаларды қабыл етиўге туўра келеди. Мәселен, қарақалпақ тилиндеги айырым жиңишке даўыслыларды аңлататуғын арнаўлы таңбалар болмағанлықтан ол ушын әлипбесиндеги сәйкес ҳәриплерге (а, о, у) қосымша белигилери қойылып, бул жетиспеўшилик толықтырылады. Солай етип жуўан даўыслыларды аңлатыў ушын алынған а, о, у ҳәриплерине қосымша белги қойыў арқалы жиңишке даўыслылар - ә, ө, ү аңлатылады. Ал қарақалпақ тилиндеги қысық, езиўлик, жиңишке даўыслыны аңлатыў ушын әлипбесиндеги и ҳәриби қабыл етилген болса, ол даўыслының жубайын аңлатыў ушын латын әлипбесинде болмаса да, ы таңбасы алынды. Солай етип қарақалпақ тилиндеги жуўан ҳәм жиңишке жубайлас даўыслыларды қосымша таңбалар айырып туратуғын болды` а-ә, о-ө, у-ү, ы-и. Бул теориялық жақтан да оғада дурыс шешим еди. Сондай-ақ жазылыўы жағынан Халқабад, педагок болып, айтылыўы бойынша жазылғаны да дурыс. Бирақ имла қәделери бойынша педагог, халқабад болып жазылыўы керек. Айтылыўы менен жазылыўы сәйкес келмесе де, соңғысы дурыс деп есапланыўы тийис.

Солай етип жазыў (графикалық) қәделери менен биргеликте имла қәделери де болады екен. Имла графикалық жазыўға тән болған жазыўдың бир түрли нызамлы түрде қабыл етип алады ҳәм оны имла қәделерине сәйкес дурыс деп есапланады. Демек, имла жазыўда графикалық қуралларды жолға салып, нызамлы ҳалға келтирип, тастыйықлап отырады.

!липбе

Жазыўда жумсалатуғын барлық ҳәрипдлердиң қабыл етилген белгили бир тәртип избе-из жайластырылыўы әлипбе деп аталады. !липбе сөзи әлип, бе деген араб ҳәриплериниң атынан келип шыққан. Алфавит сөзи грек ҳәриплериниң атынан пайда болған. Грекше а-

альфа, в-вита деп аталған. Усыннан алфавит сөзи қәлиплескен орысша азбука сөзи де сондай жол менен қәлиплескен` ески словянша а - аз, б - буки деп аталып, азбука сөзи келип шыққан.

!липбедеги ҳәриплердиң белгили тәртип бойынша избе-из жайласыўы шәртли түрде қабыл етиледи. Бул избе-изликтиң турақлы түрде мудамы сақланыўы әмелий жақтан үлкен әҳмийетке ийе болады. !сиресе, сөзликлер дүзгенде ямаса қандай да бир дизимлер жазғанда ҳәриплердиң әлипбедеги орын тәртибин қатаң сақланып жазылса, олардан пайдаланыў аңсат болады. !липбедеги ҳәриплер қол жазба ҳәм баспа түринде, бас ҳәрип ҳәм киши ҳәрип түрине ийе болады.

Қарақалпақ тили жазыўының тарийхында араб, латын ҳәм орыс графикасы тийкарында дүзилген әлипбени ушыратамыз. Дәслеп реформаластырылған араб әлипбеси тийкарында қарақалпақ жазыўы қабыл етилди. qowr-жылдан баслап {Мийнеткеш қарақалпақ} атлы областьлық газета усы араб әлипбеси тийкарында шыға баслады. Ал qowt-жылы баслаўыш билим бериў ушын қарақалпақ тилинде сабақлықлар шығарылды. Араб әлипбеси qowr-wi жыллары қолланылды. Бул әлипбениң көп кемшиликлери болды. Қарақалпақ тилиниң өзиншелик өзгешеликлерин билдиретуғын гейпара сеслер (мәселен ә, ө, ү) арнаўлы ҳәриплер менен аңлатылмады~ бир сестиң сөз басында, ортасында ҳәм ақырында келгенде араб әлипбесиниң қәделери тийкарында ҳәр түрли таңба менен аңлатылыўы жазыўға үйрениўди қыйынластырды. Араб әлипбесиниң жумсалыўы узақ даўам етпеди. qowi-жылы латын әлипбеси тийкарында жаңа қарақалпақ әлипбеси дүзилди ҳәм қабыл етилди. Бул латынластырылған қарақалпақ әлипбесинде о даўыслы ҳәм we даўыссыз сеслерди билдиретуғын ew ҳәрип болды` а, б, с, с, д, е, ә, ф, г, х, х, и, б, ж, к, л, м, н, ң, о, ө, п, қ, қ, р, с, т, у, в, й, з, с. Қабыл етилген латын әлипбесинде дәслепки оқыў - қураллары жазылып, олар баспадан шықты.[1]

Латынластырылған қарақалпақ әлипбесин жетилистириў бойынша бир қанша жумыслар исленди. qoew-жылы имла конференциясы өткерилип, Г.Алпаров, К.Убайдуллаев, К.Айымбетовлар тәрепинен дүзилген жаңа имла қәделери тастыйқланды.[2] Латынластырылған әлипбениң жаңа вариантында eq ҳәрип болды. Бурынғы әлипбеде жумсалып келген с ҳәриби алып тасланды. Жаңа қабыл етилген имла қәделери бойынша даўыслы ҳәм даўыссызларды жазыўда мынадай өзгешеликлер болды` г, и езиўлик, қысық даўыслылар сөздиң ҳәмме жеринде у, й еринлик даўыслылар узунлыьқ, бйгйнги түриндеги сөзлердиң биринши ҳәм екинши буўынларында жумсалатуғын болды~ ө, о даўыслылары сөздиң тек биринши буўынында ғана жазылады~ сингармонизм нәтийжесинде ө соңғы буўында ушырасса да, жазыўда ол есапқа алынбай, сөзлер түбирлери сақланып жазылатуғын болды.

Қарақалпақ тилиниң жазыўы мәселеси qoei-жылы өткерилген имла конференциясында қаралды ҳәм әлипбениң жаңа варианты қабыл етилди. !липбениң бул жаңа вариантында ew ҳәрип болып соның он бири даўыслыларды, жигирма бири даўыссызларды билдирди. Еринлик, сонор, жуўысыңқы даўыссызды аңлатыў ушын в, тил ортасы, сонор, жуўысыңқы даўысты аңлатыў ушын и қабыл алынды. У ҳәриби ў сесин аңлатыў менен бирге суў, оқыў сыяқлы сөзлердеги уў, иў дизбегин билдириў ушын да жумсалады. Солай етип суў, оқыў сөзлери су, оқу түринде жазылды. Еринлик даўыслылар түпкиликли сөзлерде тек биринши буўында жумсалатуғын болды. Ал соңғы буўынларда ерин үнлеслиги бойынша еринлик даўыслы сес айтылған менен езиўлик даўыслы жазылатуғын болды. Мысалы` қулын, түлки, өгиз, отын т.б. Қысық даўыслылар биринши буўында блим, ктап сыяқлы сөзлерде түсирилип, олар жазылмайтуғын болды.

Латын жазыўы өз ўақтында үлкен әҳмийетке ийе болды. Ол түркий халықларды жақынластырды. Жазыўға байланыслы қыйыншылықлар биргеликте шешилди.

---

[1] №.!7езов 81м б.. {№ара3алпа3 1липбеси}, Т5ртк6л, qowo~ №. Ералиев {№ат тан}, Т5ртк6л, qowo~ #. Айымбетов, №. Ералиев {Егеделер са7аты}. Т5ртк6л, qowo.

[2] Г.Алпаров. К.Убайдуллаев №.Айымбетов {№ара3алпа3 тилини4 имласы}. Т5ртк6л, qoee.

Қырқыншы жылларға келе бурынғы аўқам қурамындағы түркий халықлар орыс әлипбесин қабыл етип ала баслады. qor0-жылы орыс жазыўы тийкарында жаңа қарақалпақ әлипбеси қабыл алынды. Жаңа әлипбеде et ҳәрип болды. Қарақалпақ тилиндеги о даўыслы фонеманы билдириў ушын у ҳәрип - а, е, о, у, ы, и ~ wt даўыссызды билдириў ушын wr ҳәрип - б, в, г, д, ж, з, й, к, л, м, н, п, р, с, т, ф, х, ц, ч, ш, щ, қ, ғ, ҳ жумсалады ~ ю, я ҳәриплери йуў (йү) йа қосарлыларын аңлатты~ э ҳәриби орыс тилинен кирген сөзлерде жумсалды ~ сеслерди билдирмейтуғын айырыў (ъ), жиңишкертиў (ь) белгилери қабыл алынды. Орыс тилинде жоқ, қарақалпақ тилиниң өзиншелик өзгешеликлерине байланыслы болған үш сеске қосымша шәртли таңбалар қабыл етилди (қ, ғ, ҳ). Ал, ў, ң, ә, ө, ү сеслери ушын қосымша ҳәриплер әўел баста қабыл етилмеди. Олар бар ҳәриплердиң жәрдеми менен билдирилди` ң сеси н ҳәм г ҳәриплериниң дизбеги менен (нг), ў сеси у ҳәриби арқалы, ал ә, ө, ү сеслери сәйкес а, о, у ҳәриплери ҳәм жиңишкертиў белгисиниң жәрдеми менен (маҳаль, оть, созь, кунь) аңлатылды.

qor0-жылы орыс жазыў тийкарындағы қабыл етилген әлипбе qoy0-жылға шекем өзгериссиз жумсалды. Усы дәўирдеги жазыў тәжирийбеси әлипбеде ҳәм имлада үлкен кемшиликлер бар екенин көрсетти. !липбеге өзгерислер киргизиў зәрүр болды. Солай етип әдеўир өзгерислер енгизилген орыс жазыўы тийкарындағы әлипбениң жаңа варианты qotu-жылы тастыйқланды ҳәм qoy0-жылдың басынан баслап турмыста қолланыла баслады. Дәслепки әлипбедеги et ҳәрипке қосымша қарақалпақ тилиндеги өзиншелик өзгешеликлерин билдиретуғын ә, ө, ү, ң, ў ҳәриплери ҳәм орыс тилинен кирген сөзлерде жумсалатуғын л ҳәриби қабыл етилди. Солай етип әлипбениң қурамындағы ҳәриплердиң саны rq ге жеткерилди. Олар әлипбеде төмендегише орынластырылады` Аа, !ә, Бб, Вв, Гг, ғғ, Дд, Ее, Жж, Зз, Ии, Йй, Кк, Ққ, Лл, Мм, Нн, ;ң, Оо, %ө, Пп, Рр, Сс, Тт, Уу, :ү, ?ў, Фф, Хх, Ҳҳ, Цц, Чч, Шш, ъ, Ыы, ь, Ээ, Юю, Яя. Булардың ишиндеги сегизи (ә, ө, ү, ў, ғ, қ, ң, ҳ) қарақалпақ тилиниң өзине тән сеслерин билдириў мақсетинде орыс әлипбесиндеги ҳәриплерге қосымша қабыл етилген. Ал қалған ҳәриплер орыс тилиндеги сыяқлы мәниде жумсалған.

qooe-жылы латын жазыўына тийкарланған жаңа өзбек әлипбесиниң қабыл етилиўи, басқа да түркий тиллес республикалардың латынластырылған жаңа әлипбеге өтиў, солай етип дүнья жүзлик стандартларға жақынласыўға умтылыў ҳәрекетлери Қарақалпақстанда да латын жазыўы тийкарындағы жаңа әлипбеге өтиўге себепши болды. qoor-жылы wy-февральда Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң сессиясында қәнигелер тәрепинен ислеп шығылған eq ҳәриптен ибарат жаңа қарақалпақ әлипбеси қабыл етилди. Бирақ әлипбени еле де жетилистириў кереклиги ҳәм оны техникалық қураллардан пайдаланыўға ийкемлестириўдиң зәрүрлиги сезилди. Солай етип айырым ҳәриплердиң формасын өзгертиў ҳәм бир ҳәрипти жаңадан киргизиўге туўра келеди. Нәтийжеде гейпара өзгерислер киргизилген ew ҳәриптен қуралған латын жазыўы тийкарындағы жаңа қарақалпақ әлипбеси qoot-жылдың wo-декабринде Қарақалпақстан Жоқарғы Кеңесиниң бесинши сессиясында қабыл етилди. !ўел eq ҳәрип усыныс етилгенде еки даўыссыз сести (в ҳәм ў) аңлатыў ўазыйпасы бир таңбаға (в ға) жүкленген еди. Солай етип орыс тилинен кирген сөзлерде (вагон, аванс) жумсалатуғын, қарақалпақ тилинде айрықша фонема екнлиги еле гүманлы сести аңлатыў ушын айрықша ҳәрипти (в ны) қабыл етип, ал өз алдына айрықша фонема екенине ҳеш гүманланыўға болмайтуғын ў сеси ушын айрықша таңба қабыл етпестен, ол ўазыйпаны қосымша етип в ҳәрибине жүклеўдиң өзи надурыс еди. Латын әлипбесиниң түп нусқасында еринлик-тислик, жуўысыңқы үнли даўыссыз сести аңлататуғын в ҳәриби, қос еринлик, жуўысыңқы, сонор даўыссыз сести аңлататуғын ў ҳәриби бола тура, қарақалпақ тилинде ондай еки түрли даўыссыз сеслерди (в, ў) аңлатыў ушын бир таңбаны қабыл етип алыўдың өзи әмелий жақтан да, теориялық жақтан да дурыслылыққа сәйкес келмейтуғын еди.

Жаңадан қабыл етилген ҳәзирги қарақалпақ тилиниң ҳәрекеттеги әлипбесинде даўыслы сеслерди билдириў ушын о ҳәрип а, ә, о, ө, у, ү, ы, и, е даўыссыз сеслерин билдириў ушын we ҳәрип б, д, ф, г, ғ, ҳ, х, ж, к, қ, л, м, н, ң, п, р, с, т, в, ў, й, з, ш қабыл етилди. Көринип турғанындай - ақ, r0-жылларға шекем қолланылған бурынғы ески

латынластырылған әлипбе де, ҳәзирги жаңа әлипбе де, ew ҳәрип болғанлығын аңлаймыз. Бирақ ески ҳәм жаңа латынластырылған қарақалпақ әлипбелери сан жағынан бирдей болған менен олар үлкен айырмашылықларға ийе. Атап айтқанда, даўыслылар бойынша` бурынғы әлипбеде ә, ө, ы, у ҳәриплери қолланылса, ҳәзирги әлипбеде оларға ә, ө, ы, үҳәриплери сәйкес келеди. (Басқа даўыслылар - а, о, у, е, и екеўинде де бирдей)~ даўыссызлар бойынша бурынғы әлипбеде қ, н, г ҳәриплери қолланылса, ҳәзирги әлипбеде оларға ғ, ң, ш, ц ҳәриплери туўры келеди. Бурынғы әлипбеде ж ҳәриби ҳәзирги әлипбедеги еки таңбаға (ж ҳәм й) сәйкес келеди~ әлипбедеги в ҳәриби ҳәзирги әлипбедеги в ҳәм ў таңбаларына сәйкес келеди. Сондай - ақ бурынғы әлипбедеги у даўыслы ҳәриби монофтонгты (у) ҳәм дифтонгты (уў, үў) аңлатады ҳәм т.б. **Имла**

Сөзлердиң дурыс жазыўда олардың айтылыўы ҳәм еситилиўи есапқа алынып қоймастан, соның менен бирге басқа да айырым жағдайлар көзде тутылады. Атап айтқанда айырым еслердиң графикалық қәделер тийкарында айтылыўындай болып жазыла бермеўи тилдиң тарийхына, жазыўдың этимологиялық, морфологиялық, традициялық пиринциплерине, яғный имла қәделерине байланыслы болады. Имла илимий әдебиятларда орфография[1] деп айтылады. Орфография сөзлердеги даўыслы ҳәм даўыссыз сеслердиң, түбир ҳәм қосымталардың, көмекши ҳәм қоспа сөзлердиң бир қыйлы дурыс жазылыўы ҳаққындағы, өткерме ҳәм бас ҳәриплердиң дурыс қолланылыўы туўралы қағыйдалардың жыйнағы. Жазыўда белгили бир имла қағыйдаларына тийкарланғанда ғана ҳәмме бир қыйлы саўатлы жазыўға ерисиўи мүмкин. Имла қағыйдаларын қатаң сақлаў тилдиң фонетикалық, лексикалық, грамматикалық қәделерин сақлаў менен барабар. Сеслер дурыс айтылмаса, сөзлер дурыс таңланып жумсалмаса, грамматикалық формалардан орынлы пайдаланылмаса, ол тилге түсиниў қыйын болғанлығы сыяқлы саўатсыз жазылған хатты оқыў ҳәм түсиниў қыйын.

Имла қағыйдаларын дүзгенде фонетикалық морфологиялық (этимологиялық), тарийхый (традициялық) принциплерине тийкарланады. Фонетикалық принцип ҳәзирги қарақалпақ тилиниң имласында үлкен әҳмийетке ийе. %йткени оғада көп сөзлер қалай айтылса, солай жазылады. Сөзлердеги сеслердиң өзлерине тийисли болған графикалық таңбалары менен аңлатылыўы фонетикалық принцип тийкарында болады. Мысалы` бала, ата, тарақ, сана ҳәм т.б. сөзлердеги ҳәриплер олардың айтылыўы менен сәйкес келеди.

Барлық сөзлердеги айтылыўы менен жазылыўы сәйкес келе бермейди. Мысалы` жоңқа, түңги, жамбады, исембеди, башшы, жассын т.б. түринде айтылғаны менен жоңқа, түңги, жанбады, исенбеди, башшы, жазсын, болып бул сөзлердиң түбирлери толық сақланып жазылады. Клуп, актип, педагог, Иваноп, Асқароп түринде айтылыўына қарамастан, олар клуб, актив, педагог, Иванов болып жазылады~ диалектлик өзгешеликлерине байланыслы сеннен, селлер, күннер, күллер т.б. болып айтылыўына қарамастан олар сенлер, күнлер болып жазылады~ қарағой, алагел, саралат, баралмайды түринде айтылатуғын сөз дизбеклери жазыўда қара қой, ала кел, сары ат, бара алмайды болып, ҳәр бир сөздиң өзиниң әдеттеги пүтинлиги сақланып жазылады. Бундай болып айтылыўына қарап емес, ал сөздиң түбириниң ҳәм қосымтаның әдеттеги пүтинлиги сақлай отырып жазылыўы морфологиялық принцип тийкарында болады. Морфологиялық принципти әдебиятларда этимологиялық принцип деп те атайды.

Қарақалпақ тилинде теңдей, қатара жумсалатуғынлығын самал-шамал, салы-шалы, сағал-шағал, айлан-айнал, жыйнал-жыйлан, қыйнал-қылан түриндеги сөзлер ушырасады. Жазыўда олардың дәслепкилерин (самал, салы, сағал, айлан, жыйнал, қыйнал) қолланыў дәстүрге айланып кеткен. Сөзлердиң бундай болып жазылыўы тарийхый (традициялық) прнципке тийкарланады. Жоқарыдағы мысаллардың айырымларынан морфологиялық принципти де аңлаў мүмкин. Мысалы` жыйналыс сөзиниң түбири жый, оннан жыйын, жыйна, жыйнал, жыйналыс морфемалары жасалады~ қыйналыў сөзи туўралы да усындай

[1] **Орфография** - грекше *opmhoc* {дурыс} , графhо- жазаман деген с5злерден з1липлескен.

деў мүмкин. Солай етип жыйын сөзинен жыйна, қыйын сөзинен қыйна жасалады~ а - фейил жасаўшы суффикс болады.

Демек қарақалпақ тилинде жыйла, қыйла деп айтылмайды екен, жазыўда да олай (жыйналыс, қыйналыў) болмаўы керек.

Формасы бир қыйлы болған гейпара омоним сөзлер жазыўда қосымша шәртли белги менен белигилениўи мүмкин. Мәселен` алма' (атлық) - а'лма (фейил), салма' (атлық), са'лма (фейил), атла'с (материал), а'тлас (географиялық атлас) ҳәм т.б.. Бул сөзлер сөйлеўде даўыслылардың пәтли я пәтсиз айтылыўы менен парқланса, жазылыўда олар даўыслының үстине пәт белгисин қойыў арқалы айрылады. Жазыўдағы бундай принцип *дифференция* принципи делинеди. Қарақалпақ тилиниң имласында фонетикалық ҳәм морфологиялық принциплерге тийкарлана отырып көпшилик жазыў қәделери дүзилген. Сонлықтан да жазыўдағы морфологиялық, әсиресе, фонетикалық принцип баслы принциплер болып саналады.

Айырым ҳәриплердиң жазылыўы

Сөздиң барлық еситилген жеринде а ҳәриби жазыла береди. Мысалы` тас, ана, шана, булақ, қадаған, автобус, машина ҳәм т.б. орыс тилинен кирген албом, алпинист, апелсин, атеизм, багажник, т.б. сөзлерде қоңсылас сеслердиң ямаса қоңсылас буўынның тәсири менен а сеси ә сесине жақын айтылады. Бирақ жазыўда бул елестирилмей, а ҳәриби менен жазылады.

Жумсалыўы жағынан ә, о, ө, у, ү ҳәриплери бираз шекленген болады. ! ҳәриби көбинше биринши буўында, айырым сөзлерде екенши буўында жазылады. Мысалы` әке, кән, сән, тәртип, кәпир, жәһән, шәһар, күтә ҳәм т.б. О ҳәриби түпкиликли сөзлердиң биринши буўында ушырасады ҳәм сөзлердиң басында келгенде ол еки сестиң дизбегин (ўо) билдириў ушын жумсалады. Мысалы` ол, от, орақ, отын, қонақ, жолдас ҳәм т.б. Ал орыс тилинен кирген сөзлердиң басында, ортасында, ақырында биринши ҳәм соңғы буўынларында шекленбеген ҳалда жумсала береди. Мысалы` область, опера, колхоз, ордер, кино. Ондай сөзлерде пәтсиз буўында келгенде а сеси сыяқлы болып айтылған менен о ҳәриби сақланып жазылады.

У ҳәриби бир буўынлы сөзлерде ямаса көп буўынлы сөзлердиң биринши буўынында ушырасады. Мысалы, ул, бул, қулын, жулын, уста т.б. Ал клуб, куба, курант сыяқлы орыс тили арқалы кирген сөзлерде буўын таңламастан ҳәм әдеттегисинен созымлы болып, қысық даўыслы сести аңлатыў ушын у ҳәриби жумсалады. %, ү ҳәриплери тек түпкиликли сөзлерде ғана ушырасады. Олар бир буўынлы сөзлерде ямаса көп буўынлы сөзлердиң биринши буўынында жазылады. Мысалы` көз, төз, күн, түн, көлик, төле, көркем, күлки, т.б. % ҳәриби сөз басында келгенде еки сестиң дизбегин (ўө) аңлатылады.

Биринши буўында еринлик даўыслылар келгенде екинши буўындағы езиўлик ы, и, е сеслери сәйкес еринлик у, ү, ө сеслерине айланып айтылған менен жазыўда еслестирилмей, ы, и, е ҳәриплери арқалы жазылады. Мысалы` қолу-қолы, қулу-қулы, күлку-күлки, төлө-төле, т.б.

Ы, и ҳәриплери ылақ, тынық, қысы, таныс, илим, тил, из, киси т.б. сөзлердиң басында, ортасында, ақырында жумсала береди. Ал орыс тили арқалы кирген сөзлерде, ы, и ҳәриплери әдеттегисинен де қысық ҳәм созымлы айтылатуғын сеслерди билдириў ушын жумсалады. Мысалы` тил, тсыган, бригада, лирика, т.б. Тартым жалғаўы жалғанғанда халық, парық, аўыз, арын, көрик, бөрик, ерин, мурын, қаўын усаған гейпара сөзлерден ы, и сеслери түсирилип айтылғанлықтан жазыўда ол есапқа алынып, халқы, парқы, аўзы ҳәм т.б. түринде жазылады.

Е ҳәриби сөздиң барлық жеринде (басында, ортасында, ақырында) ушыраса береди` сөздиң басында ҳәм сөз ортасында айырым буўынның басында келгенде еки сестиң дизбегин (йе) аңлатады. Мысалы` жазылыўы - ел, еки, елес, поезд, обект, разезд, айтылыўы - йел, йеки, йелес, поезд, обйект, разйезд. Сондай-ақ бул е ҳәриби епос, екскурсийа усаған сырттан

кирген сөзлердиң ҳәм ей, ех сыяқлы түркиликли сөзлердиң басында жалғыз е сесин билдириў ушын жумсалады.

Орыс жазыўында, е, о ҳәриплерин тысқары қосарлы сеслерди аңлатыў ушын я, ю, л таңбалары да жумсалатуғын еди. Ҳәзирги латынласқан әлипбеде қосарлы сеслер айрықша ҳәриплер менен билдирилмейди, ал еситилиўине қарай я, йә, йу, йү, йо түринде еки таңба менен белгиленеди. Мысалы` йа, яки, Юра, Юусип, йош ҳәм т.б.

Орыс ҳәм латынластырылған жазыўда (й) й ҳәм ў даўыссыз фонемаларының ҳәм олардың қысық даўыслылар менен қабатласыўынан пайда болған дифтонглардың жазылыўында қыйыншылықлар болып келеди. Й (й) ҳәриби латын ҳәм орыс әлипбесинде сөздиң басында тек е ҳәрибиниң алдында жазылмайды. Мысалы` ел, (ел), етик (етик), ес (ес), Егор (Егор) ҳәм т.б. Ал басқа даўыслылардың алдында латынласқан жазыўда ол жазыла береди. Мысалы` яр, яқшы, япырмай, яшик, йәки, йош, йод, йуррй, Юүсип ҳәм т.б. ? ҳәриби сөздиң басында о ҳәм ө ҳәриплериниң алдында жазылмайды. Мысалы` ол, от, ор, отын ҳәм т.б. Ал басқа даўыслылардың алдында ушырасқан жерде жазыла береди. Мысалы` ўатан, ўәде, ўәкил, ўаз, ўақыт ҳәм т.б.

Ҳәзирги ҳәрекеттеги қарақалпақ тилиниң имла қағыйдаларында {уў, үў} қосарлылары суў, пуў, суўат, сүрет, жуўап, суўын, т.б. сөзлериниң биринши буўынында жазылады да, қалған буўынларда ыў, иў қосарлылары жазылады` саўыў, жуўыў, сүйиў, жүзиў, оқыў, жаўыў, суўыў т.б. Гейде биригип жазылатуғын Ултуўған, күншуўақ, улышуў-қумқуўыт ҳәм мағлшыўмат, байыўлы, айыў, Айубай, улума т.б. сыяқлы атаўыш сөзлерде {екинши буўында да қолланылады} деп көрсетилген.

Бирақ бизиң анықлаўларымыз ҳәм дәлиллеўлеримиз бойынша еринлик даўыссыз ў сесиниң алдында қысық езиўлик даўыслылар (ы, и, е) пүткиллей умсалмайды, ал олардың орынында мудамы сәйкес еринлик даўыслылар (у, үө) жумсалады. Имла қағыйдаларының жыйнағында бул жағдай жарым жартылай ғана есапқа алынған. Бизиңше, имла қағыйдалар жыйнағында көрсетилгениндей тек мағлыўмат, улыўма сыяқлы сөзлер ғана емес, ал суўыў, уўыў, үйиў, көсеў ҳәм т.б. сыяқлы сөзлердеги ў сеси менен қоңсылас келген қысық даўыслылардың еринлик түринде (у, үө) жазылғаны әмелий жақтан да, теориялық жақтан да дурыс болар еди. Сонда қәтесиз ҳәмменің бир қыйлы жазыўын да тәмийнлеген болар едик, қарақалпақ тилиниң тийкарғы ҳәм баслы сеслик нызамы болған сингармонизмниң сақланыўын да тәмийинлер едик.

Сингармонизм нызамы бойынша биринши буўындағы қысық езиўлик ы, и, е сеслери сәйкес у, үө еринлик даўыслыларына айланып кетеди. Бирақ бул ҳәзирги имла қағыйдаларында есапқа алынбайды. Мысалы, айтылыўы` күйө, түйө, сүўөн, күйоў, түўөл, куйу, суйук, күйүк ҳәм т.б. жазылыўы` күйе, түйе, сүўен, күйеў, түўел, куйы, суйық, күйик, ҳәм т.б.

Даўыссыз ҳәриплер - б, д, г, ғ сөздиң ақырында сәйкес п, т, к, қ болып айтылған менен ол жазыўда есапқа алынбайды. Мысалы` клуп, штап, Волгоград, педагок, шад, әўлад, бақ болып айтылса да, клуб, штаб, Волгоград, педагогог, шад, әўлад, бағ - түринде жазылады. Ал олар сөздиң басында, ортасында еситилген жеринде жазыла береди.

Тек орыс тилинен кирген сөзлерде ғана ушырасатуғын даўыссыз сес ушын в ҳәриби қабыл етилген. Бул ҳәрип түпкиликли сөзлерде ушыраспайды. Мысалы` вагон, ванна, автобус, витамин ҳәм т.б. Бирақ бул таңба аңлататуғын еринлик-тислик даўыссыз в сеси көпшилик тәрепинен түпкиликли сөзлерде жумсалатуғын қос еринлик б түринде айтылады. Усындай жағдайларды есапқа алып, жаңа әлипбеге өтиў дәўиринде басқа тиллердиң тәжирийбелерин де итибарға ала отырып, сырттан кирген сөзлер ушын жалғыз бир ҳәрип таңбасын (в) қабыл етпей-ақ, оның хызметин түпкиликли сөзлерде жумсалатуғын қарақалпақ тилиниң фонемалық қурамында бурыннан бар қос еринлик даўыссыз сести аңлататуғын б ҳәрибине жүклеў мүмкин еди. Жаңа латынласқан қарақалпақ әлипбесинде ш таңбасы түпкиликли сөзлерде жумсалатуғын ш сесин аңлатыў менен (шаш, шана) бирге ол сырттан кирген шорс, шйотка, шехов, шех, шек сыяқлы сөзлерде де жумсалады. Солай етип бурынғы кириллицадағы ш, щ, ч таңбаларының үшеўиниң хызметин бир қосарлы таңба-ш атқарады.

Бул қарақалпақ тилиниң аўызша ҳәм жазба нызамлылықларының сақланыўы ушын хызмет етип тур. Усындай етип б таңбасына да бурынғы кириллицадағы б ҳәм в ҳәриплериниң екеўиниң хызметин жүклеў мүмкин еди. qor0-жылы кириллицаға өткен дәўирдиң өзинде орыс тилинен кирген сөзлерде қолланыў ушын қарақалпақ әлипбесине в, ц, ч, щ таңбаларының қабыл етип алыныўының өзи қәте еди. Бундай қарақалпақ тили ушын жат ҳәриплердиң алыныўы арқалы тилимиздиң сеслик нызамларының бузылыўына жол қойылған еди. Бул қәтелик жаңа латынласқан қарақалпақ әлипбесине өтиўде жартылай ғана дүзетилди` бурынғы кирилл әлипбесиндегидей ц, ч, щ ҳәриплерине сәйкес келетуғын айрықша таңбалар алынбады, ал кириллицадағы в таңбасына сәйкес келетуғын в ҳәриби қабыл етилди.

Мазмуны

q-лекция. Фонетиканың изертлеў обекти, басқа
илимлер менен байланысы, тараўлары, методлары..... w
w-лекция. Тил сеслерин изертлеўдиң үш аспекти`
артикуляциялық, акустикалық, лингвистикалық аспектлер..... q0
e-лекция. Даўыслы ҳәм даўыссыз фонемалар олардың айырмасы..... we
r-лекция. Дифтонглар. ..... ei
t-лекция. Даўыслылардың артикуляциялық ҳәм
акустикалық сыпатламасы.....ry
y-лекция. Даўыссыз сеслердиң жасалыўы. Фонемалық қурамы..... yq
u-лекция. Даўыссызлардың классификациясы..... it
i-лекция. Сеслердеги фонетикалық өзгерислер..... o0
o-лекция. Буўын қурылысындағы сингармонизм..... or
q0-лекция. Даўыслылар сингармонизми..... q0w
qq-лекция. Даўыссызлар сингармонизми..... qqe
qw-лекция. Сөз қурылысындағы айырым сеслик қубылыслар..... qww
qe-лекция. Буўын ҳәм оның жасалыўы. Түркий тиллерде пәт
мәселеси..... qwu
qr-лекция. Орфоэпия..... qeo
qt-лекция. Жазыў ҳәм имла. Жазыў ҳәм оның әҳмийети..... qrt